



**EQUIPPING CHURCH LEADERS  
• EAST AFRICA •**

# **GUSIGURA BIBILIYA**

**Vyashizwe ababona na**

**Jonathan M. Menn**

**B.A., University of Wisconsin-Madison, 1974  
J.D., Kornell Law School, 1977  
M.Div., Trinity Evangelical Divinity School, 2007**

**Equipping Church Leaders East Africa, Inc.  
714 S. Summit St., Appleton, WI 54914  
+1-920-2846841 (mobile and WhatsApp)  
[jonathanmenn@yahoo.com](mailto:jonathanmenn@yahoo.com)  
[www.eclea.net](http://www.eclea.net)**

Vyasubiwemwo muri nzero 2008, vyongera bisubirwamwo muri Rusama 2013; bikosorwa muri Mukakaro 2014; vyongera bisubirwamwo muri Ntwarante 2015; bisubirwamwo muri Nyakanga 2015; vyongera bisubirwamwo muri Nyakanga 2016; bikosorwa muri Ntwarante 2017

Kudondora no gusigura amahame y'ukugene twotahura tugasigura Bibiliya vy'ukuri kandi tutihenze. Hongewemwo ibi bikurikira: kamere ka Bibiliya, ingene twosigura Bibiliya, kudondora uburyo bunyuranye bugize inyandiko zo muri Bibiliya, amahame yo gusigura no kubaga igisomwa, hamwe no gushimikira ku gushira mu ngiro igisomwa ca Bibiliya uyu musi. Uburorero bw'amahame yo gusobanura no gushira mu bikorwa mu ngiro twaravyongeyemwo mu buryo bwagutse.

**IBIRIMWO**

<b>I. Bibiliya na nkenerwa yo Kuyisigura.....</b>	<b>3</b>
A. Bibiliya Yera ni uguhishura kudasanzwe kw'Imana ku bantu .....	3
B. Uko umuntu afata Bibiliya ni na ko afata Kristo .....	3
C. Hari ibintu vyinshi bisaba amahame kugira ngo abantu batahure neza kandi basigure neza Bibiliya.....	3
<b>II. Indangurakintu, Ibisabwa, n'inyanduruko z'ugusigura Bibiliya.....</b>	<b>4</b>
A. Uko vyubatswe n'insiguro.....	4
B. Isano riri hagati y'ukugene amajambo yubatse n'insiguro mu gusigura Bibiliya.....	4
C. "Gukura mu rurimi rumwe ushira mu rundi" binyuranye no "gusobanura urudome ku rundi".....	5
D. Gusigura igisomwa no kubaga igisomwa.....	6
E. Intumbero y'ugutahura Bibiliya ni ukwemera ububasha bwayo no gukora ico ivuga.....	6
<b>III. Amahame rusangi yo Gusigura igisomwa ngenderwako kugira ngo dutahure Bibiliya.....</b>	<b>6</b>
A. Bibiliya ubwayo ni ububasha bwa nyuma ku vyerekeye ukwizera n'ubugingo.....	6
B. Bibiliya irisobanura ubwayo.....	7
C. Ico yafatiyeko ni urupfunguruzo mu gusigura no gutahura igisomwa ico ari co cose ca Bibiliya.....	9
D. Kudondora uko ikintu kimeze binyuranye no gutanga amategeko y'ukugene ibintu bigenzwa.....	13
E. Ayo mahame yo hejuru yerekana akamaro ko kumenya neza Ivyanditswe.....	15
<b>IV. Ubwoko bw'inyandiko za Bibiliya .....</b>	<b>15</b>
A. Kubara inkuru.....	16
B. Imvugo ndyoheramatwi.....	18
C. Inyandiko, imvugo z'ubwitonzi, z'ubwenge.....	19
D. Ubuhanuzi n'iyahishuwe.....	20
E. Imigani n'imvugo ngereranyo.....	30
F. Ivyete.....	32
<b>V. Amahame yo kwimba no kubaga igisomwa ca Bibiliya.....</b>	<b>33</b>
A. Ivyo dukwiye kubanza kwiyumvirako imbere yuko dutangura kwimba mu mizi no kubaga igisomwa.....	33
B. Ukubaga nyakuri igisomwa ca Bibiliya hamwe no kugitahura bifatiye, vyubakiye ku bintu bitatu— kwihiweza; gutanga insiguro y'ivyo wihweje; hamwe no kubishira mu ngiro, mu bikorwa.....	33
C. Tahura icatumye umwanditsi yandika, hariko haraba iki .....	34
D. Vuga mu ncamake ico gitabu, agace, hamwe n'igisomwa.....	37
E. Soma mu buryo bw'uko umengo hari ikintu ubuze ushaka kumenya muri ico gice.....	37
F. Raba neza ido n'ido ry'ivyariko biraba hamwe n'imico kama.....	38
G. Raba neza urudome ku rundi rw'ico gisomwa.....	38
H. Raba neza ido n'ido ry'indongoramvugo.....	41
<b>VI. Insiguro y'Amajambo n'Imvugo Ngereranyo.....</b>	<b>44</b>
A. Sigura amajambo bivanye n'igihe cavyo hamwe icatumye umwanditsi yandika ivyo.....	44
B. Sigura amajambo ufatiye ku mvugo ifobetse yayo majambo canke ku mvugo ngereranyoyayo.....	45
<b>VII. Ugushira mu ngiro inyigisho zivuye mu gisomwa.....</b>	<b>50</b>
A. Ugushira mu ngiro inyigisho zivuye mu gisomwa co muri Bibiliya bivana n'ukugene umuntu yatahuye ico gisomwa co muri Bibiliya.....	50
B. Gushira mu ngiro gushingiye ku ntumbero yo gusa no kumera nka Kristo.....	51
C. Ugushira mu ngiro kwiza gushingiye ku gutahura neza no gusigura Bibiliya neza.....	51
D. Ugushira mu ngiro kubi kuvana n'ugutahura kubi hamwe n'ugusigura nabi ijambo.....	51
E. Ivyo Bibiliya ishira imbere y'ibindi, inyigisho, n'uburorero.....	52
F. Ivyagezwe vya Bibiliya, amabwirizwa n'amategeko, n'ivyihanikirijwe.....	54
G. Hariho "ubudasa budasanzwe" hagati y'ivyo Bibiliya ivugako n'ivyo ducamwo, kuko Bibiliya itavuga ku bintu vyose mu buryo butomoye .....	57
H. Hariho "ukudasa kw'imico" hagati y'imico ya Bibiliya—muri ivyo harimwo ivyagezwe, amategeko, amabwirizwa n'ivyihanikirijwe bifatiye kuri iyo mico—n'imico itandukanye hamwe n'ivyo ducamwo, twisangamwo, tubamwo, yuu musi.....	58

<b>I. Ibuntu bidufasha kumenya ibisomwa</b> <i>nya Bibiliya bivuga ku mico kama, canke bigarukira kuri iyo mico kama, canke na ho birengeye iyo mico kama bigakorershwa hose .....</i>	61
<b>J. Intambuko zitanu twokoresha mu gutorera umuti ingorane zitewe n'ibibazo vy'imico kama igihe ivyagezwe, amabwirizwa n'amategeko <i>nya Bibiliya ashobora gukoreshwa nk'uko yakoreshwa kera mu bihe vy'ubu .....</i></b>	66
<b>K. Gukoresha ugusobanura “umuhari w'ugucungura/ impwemu y'ugucungura”</b> <i>gutezurira abamerewe nabi igihe amategeko ya Bibiliya, ivyagezwe n'ivyihanikirijwe bidashobora gusubirizwa n'ibindi kubera yuko atari vyo Imana yari ishingiyeko ku bantu bose no mu mico kama yose .....</i>	69
<b>AHO TWAVYABUYE.....</b>	74
<b>UMWANDITSI.....</b>	76
<b>IVYONGEWEKO A:</b> Gregory Koukl, “Ntuzokwigere usoma umurongo umwe gusa wa Bibiliya”.....	77
<b>IVYONGEWEKO B:</b> KWIGA BIBILIYA UKORESHEJE IBIBAZO KUGIRA NGO USHOBORE KUVUGA UBUTUMWA UKORESHEJE BIBILIYA .....	81
<b>IVYONGEWEKO C:</b> J. Daniel Hays, “Gukoresha ivyagezwe vy'Isezerano rya Kera uyu musi”.....	83
<b>IVYONGEWEKO D:</b> T. Wayne, Dye, “Umuco kama, n'ijwi ryo mu mutima: ibitabanduka nya Bibiliya n'uguhindagurika kw'umuco kama”.....	92
<b>IVYONGEWEKO E:</b> Imba cane uvumbure amahame yo gusigura ibisomwa nya Bibiliya: amahame ngenderwako .....	104

## **GUSIGURA BIBILIYA**

### **I. Bibiliya na nkenerwa yo Kuyisigura**

#### **A. Bibiliya Yera ni uguhishura kudasanzwe kw'Imana ku bantu**

1. Abanditsi b'Ivyanditswe bashinga intahe, bagaragaza ko Bibiliya ari uguhishura kudasanzwe kw'Imana bavuzeko kandi banditse (raba uburorero, **Kuv 17:14; 20:1; 24:4, 7; 34:27; Neh 9:13-14; Yer 1:4, 9; Luka 3:2-4; 1 Kor 7:10; 11:23; 1 Tes 2:2-9; 2 Tim 3:16-17; 2 Pet 1:20-21; 3:14-16**).
2. Ihuriro Mpuzamakungu Ricungera Ukudahuba kwa Bibiliya mu vyo “ryavugije i Chicago” (1978), gupfunyapfunya ico ari co Bibiliya, muri ubu buryo bukurikira:

“1. Imana, ari yo ubwayo Ukuri kandi ivuga ukuri kwonyene, ni yo yahumetse Ivyanditswe Vyera kugira ngo yihishurire ubwayo isi yari yarazimiye ibicishije muri Yesu Kristo nk’umuremyi n’Umwami, Umucunguzi n’Umucamanza. Ivyanditswe Vyera ni icabona c’Imana Ubwayo. . . .

2. Ivyanditswe Vyera, Ijambo ry’Imana Ubwayo, vyanditswe n’abantu bateguwe kandi barongowe, bacungerewe na Mpwemu Wayo, vyavuye mw’Ijuru kandi ni ntasubirwamwo, ntabeshuzwa mu bintu vyose bivugako: bikwiye kwizerwa, nk’itegeko ry’Imana, mu vyo vyemeza vyose: bikwiye kwumvirwa, nk’itegeko ry’Imana, mu bisabwa vyose n’ivyo Vyanditswe Vyera; bigafatwa nka nkama, nk’ivy’Imana yasezeranye, mu vyo yasezeranye vyose. . . .

4. Ko vyatanzwe vyose n’Imana kandi bigahumekwa na Yo, Ivyanditswe ntibigira gasembwa canke amakosa mu vyo vyigisha vyose, no mu vyo ivuga ku vyerekeye ibikorwa vy’Imana mw’irema, mu vyerekeye ibibaho mw’isi haba muri kahise canke k’ubu, kandi mu nkomoko yayo musi y’ukuboko kw’Imana, nk’uko kandi yemeza, ishingira intahe ubuntu bw’Imana bwo gucungura no gukiza mu bingingo bw’abantu umuntu ku giti ciwe.”

#### **B. Uko umuntu afata Bibiliya ni na ko afata Kristo**

Kutizera Bibiliya kuvyara kutizera Kristo. Kudatahura neza Bibiliya kuvyara, kuvamwo kudatahura neza Kristo.

1. Kristo ubwiwe yarizera Ivyanditswe vyose (Yoh 10:35). Yarizera ivyabaye mw’Isezerano rya Kera vyose, abavugwa muri Bibiliya ko babayeho vy’ukuri atari imigani (**Mat 12:39-41; 19:4-5; 24:37; 24:37-39; Luka 10:12; Yoh 3:14**). Yarizera ibitangaza vyo mw’Isezerano rya Kera (**Mat 12:39-40; Luka 4:25-27; Yoh 6:49**). Yigishije yuko ubuhanuzi bwose bwo mw’Isezerano rya Kera bwavuye ku Mana (**Mat 24:15; Luka 24:25-27, 44-45; Yoh 5: 39**).
2. Yesu yavuze ko Bibiliya ifise ububasha (Mat 4:1-11; Luka 4:1-13; Yoh 17:17). Yaremeje ko Bibiliya yahumetswe n’Imana ibihishurira abantu mu majambo no mu mavuga (**Mat 5:17-19; 22:31-32; 43- 45; Luka 16:17**). Yemeje yuko Imana yavugira mu bantu, yavuga icishije mu bantu (**Mat 22:43; 24:15**); kandi yaratandukanije Bibiliya n’imigenzo y’abantu (**Mat 15:6; Yoh 5:46-47**).
3. Yavuze yuko ibintu vyose yavuze, vyari ijambo ry’Imana (Yoh 8:28-29; 12:44-50). Yavuze yuko Bibiliya itegerezwa kuzoshitswa muri we ubwiwe (**Mat 5:17; 26:56; Luka 4:21; 22:37**).
4. Yaranebaguye ukugene abantu badashobora gutahura Bibiliya (Mat 22:29; Luka 24:25; Yoh 3:10).

#### **C. Hari ibintu vyinshi bisaba amahame kugira ngo abantu batahure neza kandi basigure neza Bibiliya**

Bibiliya ni Imana yihishurira abantu, kandi yanditswe kugira ngo tuyisome kandi tuyitahure. Yamara, hariho ibitura vyinshi duktiriye amahame agororotse, atahuritse kugira ngo adufashe gutahura neza no gusigura neza ivyo Bibiliya itubarira, idushikiriza. Ivyo bintu birimwo, bigizwe n’ ibi bikurikira:

1. Bibiliya ni indaro y’ukuri kw’Imana ku bwenge bw’abantu. Iman itagira aho ihereza mu kuvugana n’abantu bo bafise aho bagarukira. Yahisemwo gukoresha abantu, abanditsi bashika mirongo ine banditse mu kiringo c’imyaka iri hagati ya 1300-1500 (nko kuva ku myaka 1400-1200 Imbere y’Ivuka rya Yesu – gushika nko ku myaka 70 canke 95 Inyuma y’Ivuka rya Yesu). Mu kwhishurira abantu, Imana yakoreshsheje idimi, n’imvugo y’abantu. Ni co gituma, dukwiye gutahura ingene indimi zubatse n’ingene zikora.
2. Icaha c’umuntu, harimwo n’ububasha bw’icaha kiba mu bizera, carasutse umwiza conona ubwenge bw’abantu hamwe n’ugutahura kwabo (raba **Ita 5:1-3; Zab 51:5; Yoh 8:31-34; Rom 3:9-18; 6:6, 20-21; 7:14-25; Ef 2:1-3; Tito 3:3; 2 Pet 2:18-19**).
3. Hariho agatambuko mu mico kama hagati y’abantu n’ivyabaye bivugwa, vyanditswe muri Bibiliya hamwe n’imico kama myinshi inyuranye mw’isi y’uyu musi. Hariho imico kama myinshi, uburyo bwinshi bwo kubona ibintu no gukora ibintu, amategeko aganga abantu menshi anyuranye uko abantu baba mu bihugu binyuranye, imikorere y’amadini imisi mikuru inyuranye, hamwe n’ibindi bintu

dukunda kubona imisi yose, kandi vyatahurwa neza n'abantu Bibiliya yandikiwe igithe yandikwa. Yamara, biratandukanye cane kandi ntibitahurwa cane n'abantu b'uyu musi.

4. Hariho agatambuko ku vyabaye hagati y'abantu n'ivyabaye bivugwa muri Bibiliya hamwe n'abantu b'ubu uyu musi. Ivyabaye muri kahise vyanditswe, vyavuzwe muri Bibiliya, ukugene ikibano cari gitu nganijwe, ingene abantu bari bipenze, intambara, ivyerekeye uburonzo ari yo politike, hamwe n'ivyari bijanye n'ubutunzi vyaratahurwa neza n'abantu Bibiliya yandikiwe. Yamara, biratandukanye, ntibitahurwa co kimwe n'abo uyu musi n'uko abo vyari vyandikiwe ubwa mbere babitahura.

5. Hariho agatambuko k'aho ivyo vyandikiwe hagati y'ibibanza, ahantu n'ivyabaye vyo muri Bibiliya n'abantu benshi babisoma, basoma Bibiliya uyu musi. Gushobora kugendera ahantu ibivugwa muri Bibiliya vyabereye vyayoshobora kudufasha gutahura ibivugwa muri Bibiliya. Yamara, ibisagara vyinshi canke ibibanza vyinshi bivugwa muri Bibiliya bimwe ntibikibaho, canke ngo bibe bimeze uko vyari bimeze ico gihe Bibiliya yandikwa canke igithe ivyo bivugwa muri Bibiliya vyandikwa, vyaba.

6. Hariho intambuko y'ururimi, imvugo hagati ya Bibiliya na twebwe uyu musi. Isezerano rya Kera ubwa mbere ryari ryanditswe mu rurimi rw'Igiheburayo (ibindi bimwe na vyo vyari vyanditswe mu Kiaramayike); Isezerano Rishasha na ryo ryari ryanditswe mu rurimi rw'Ikigiriki (ibindi na vyo vyari mu Kiaramayike). Izo ndimi zagiye zirahindagurika uko ibinjana vyagiye bibisirikanya. Harimwo rero amajambo, imigani, imvugo zifobetse, hamwe n'utundi tuntu tutagira uko dusobanurwa, canke tubangabanganye mu ndimi zimwe zimwe canke no mu rurimi rw'Ikingereza c'uyu musi.

7. Hariho agatambuko hagati y'ukugene abanditsi banditse Bibiliya bandika n'ukugene abanditsi b'uyu musi bandika. Abanditsi ba Bibiliya bakoresheje inyandiko canke uburyo bwinshi bonyuranye, co kimwe n'imvugo zinyuranye, imigani, imvugo, ibitiko, vyari bisanzwe bizwi mu mico kama y'abo ubwa mbere Bibiliya yari yandikiwe. Bimwe muri ivyo vy'ukugene iyo nyandiko yatahurwa muri icvo gihe, si ko bicandikwa uyu musi kandi sinako bikivugwa uyu musi.

## **II. Indangurakintu, Ibisabwa, n'inyanduruko z'ugusigura Bibiliya**

### **A. Uko vyubatswe n'insiguro**

1. Uburyo ururimi rwubatse (iryu zina rizwi "ibiboneka ku maso") rufatiye ku ndimburo (ukugene amajambo yubatswe, amungane, urufatangane rw'amajambo) hamwe n'urukurikirane rw'amajambo (ingene amajambo akurikirana mu mungane).

2. Urwego rw'insobanuro y'ururimi (bizwi kandi kw'izina ry"insiguro zitari zimwe izina rishobora kuronka" canke "kwinjira mu rurimi rw'imbere") ni bwo butumwa inyandiko ishaka gushikiriza. Insiguro ya Bibiliya ni ukurobanura insiguro y'ico Bibiliya ivuga. Yamara kandi iyo nsiguro iba ikomotse mu kugene ivyo bintu vyubatse.

### **B. Isano riri hagati y'ukugene amajambo yubatse n'insiguro mu gusigura Bibiliya**

Mu gutora ico igice canke igisomwa ico ari co cose ca Bibiliya gisigura, dutegerezwa kubanza kwiyumvira ku bintu bitatu:

1. Umwanditsi. Kugira ngo dutahure neza Bibiliya—canke ikindi kintu cose canditswe canke igitabu—ikibazo ca mbere dutegerezwa kubanza kubaza ni iki: "Mbega *umwanditsi* yashatse gushikiriza iki, yagomye kuvuga iki igithe yandika iki gisomwa?" Geisler avuga kuri iki ciyumviro gertya: "Ico igisomwa gisigura ughabwa n'umwanditsi Waco kandi ntigitegerezwa guhindurwa n'umusomyi, n'uweriko arasoma ivyo uwo mwanditsi yanditse. Ibi ntibisigura yuko ukundi guhishurwa kuri ico ciyumviro nyene kudashobora gufasha umuntu kugira ngo atahure kurushiriza yamara ico bisigura ni uko insiguro yatanzwe mu gisomwa idahindurwa n'uko hongeweko ukundi guhishurwa kw'ukuri. Insiguro irarangutse neza kandi kubera yuko hariho aho ukuri kugarukira bijanye n'insiguro umwanditsi yashatse guha ivyo yanditse mu rurimi yanditsemwo n'igihe yandika ivyo yanditse hamwe n'imico kama yanditsemwo. Insiguro itangwa na nyene kwandika, yamara ivumburwa na nyene gusoma." (Ihuriro Mpuzamakungu Ricungera Ukudahuba kwa Bibiliya ICBI 1982: ingino ya. VII)

2. Abo vyandikiwe, vyagenewe ubwa mbere. "Imana ntiyavugyiye mu kirere yamara yavuganye n'abantu kanaka mu kiringo kanaka no mu bihe kanaka. Ivyo bashikirije mu nyandiko babishikirije mu ndimi zabo bwite, bakoresheje imvugo yakoreshwu ico gihe, yari izwi ico gihe kandi yandikwa muri ico gihe ikemerwa n'abasomyi bose." (Wolvaardt 2005: 19) Kubera ibitabu bigize Bibiliya vyari vyandikiwe ubwa mbere abantu kanaka, mu bihe kanaka barimwo, dutegerezwa kwibaza iki kibazo: "Ico gisomwa casigura iki ku bakirungikiwe ubwa mbere, ku bacandikiwe ubwa mbere, ku bo cari kigenewe ubwa mbere?"

3. Igisomwa ubwaco. Tubanje tukareka umwanditsi n'abasoma ivyo umwanditsi yanditse, hariho

“urundi ruhara rukomeye ico gisomwa ubwaco gifise kugira ngo co ubwaco cishirireho insiguro ubwaco” (Ryken 2002: 116). Impamvu ni uko, “Tudafise uyu musi abo banditse Bibiliya kugira ngo tubabaze badusigurire ico bashatse gushikiriza canke kuvuga ku gisomwa kanaka. Vyongeye ntidufise n’abo ico gisomwa cari kigenewe, candikiwe ubwa mbere kugira ngo na bo n’imburiburi batubarire ico batahuye ku gisomwa kanaka. Kubera ico rero dutegerezwa kwihatira kwemera igitomwa tuba dushizwe imbere nk’uko coba gifise insiguro nk’iyo nyene kucandika yagihaye kandi nk’insiguro iyo nyene gusoma yahaye ico gisomwa, yatahuye muri ico gisomwa.” (Wolvaardt 2005: 47) Ni co gituma, “abasesangura ivyanditswe baragabishije ku vyerekeye abasomyi bayoba bavyishakiye, ikosa bakora bavyishakiye mu kuvuga yuko umwanditsi yashatse kuvuga no gushikiriza ikintu kanaka kandi mu vy’ukuri atari co yanditse” (Caird 1980: 61).

#### 4. Impfunyapfunyo.

- a. Insiguro yatanzwe, yashikirijwe mu gisomwa cose ca Bibiliya ni imwe, itomoye, kandi yashinzwe na nyene kwandika ico gisomwa.
- b. Ugucungera no gusuzuma insiguro y’igisomwa ico ari co cose ni ukuronderera muri ico gisomwa nyene ufatiye ku bihe ico gisomwa canditswemwo n’ibihe abo candikiwe barimwo.
- c. *Insiguro y’igisomwa ico ari co cose ca Bibiliya ivana kandi yubakiye ku kugene ico gisomwa cubatse, kimeze.*

### C. “*Gukura mu rurimi rumwe ushira mu rundi*” binyuranye no “*gusobanura urudome ku rundi*”

Kubera turondera ubwa mbere insiguro y’igisomwa, Bibiliya tuba turiko turakoresha (aha nibaze ko ari Bibiliya yahinduwe mu rurimi turiko turakoresha ivuye mu rurimi yanditswemwo ubwa mbere na mbere) ni ingirakamaro cane. Hariho iviyumviro bibiri bikomeye ku vyerekeye uguhindurwa kwa Bibiliya mu zindi ndimi: (1) “Ugusobanura urudome ku rundi” nk’uko tubibona vyakozwe muri izi Bibiliya z’ Ikingereza NASB, ESV, NKJV, na RSV; hamwe n’ (2) “Ugusobanura urudome ku rundi” nk’uko tubibona muri Bibiliya z’Ikingereza nk’izi NIV, NRSV, Good News Bible, New Living Translation, and Contemporary English Version.

#### 1. Iviyumviro vyerekeye uguhindurwa kwa Bibiliya mu zindi ndimi (Ryken 2002: 85-91).

- a. “*Ugusobanura urudome ku rundi*” ifatira ku rwego rw’ ukugene *amajambo yubatse* igisomwa ca Bibiliya kiba kiriko kiratosobanurwa. Ica mbere kirabwa *ni ingene ururimi rusigurwa* (mu yandi majambo, guhitamwo ku vyerekeye amajambo ayahe yo mu [Kingereza] canke mu [Kirundi] avuga, asigura neza birushirije ayo majambo mu rurimi rw’Igiheburayo n’ururimi rw’Ikigiriki yo mu gisomwa ca Bibiliya yanditswe mwo ubwa mbere na mbere).
- b. “*Ugusobanura amajambo ashusha, asa n’ayasigura ibantu bimwe*” na kwo nyene gukoresha ukugene urwo rurimi rwubatswe yamara kwo kwisunga cane “*iciyumviro*” canke urugero rw’*insiguro*. Gukoresha cane *ugusigura iviyumviro* vy’ico gisomwa (mu yandi majambo *gusigura ukumenyesha Imana* kw’insiguro y’igisomwa canditswe bwa mbere). Ingaruka, inkwirikiza yo gukoresha amajambo n’urutonde rw’amajambo hamwe n’amungane canke amajambo afatirwa hamwe kugira ngo ashobore kugira insiguro yamara adatondetswe mu buryo atondetswe mu ndimi z’Igiheburayo n’Ikigiriki, n’ubwo umuntu ashobora kubona aho amajambo amwe yasubirijwe ayandi. Ahubwo, amajambo ashusha mu gusigura inyigisho zo kumenyesha Imana yagizwe n’abanditsi bayagirira umusomyi, naho umusomyi atazoshobora kubona aho ivyo vyabaye, ni ukuvuga ko umwanditsi hari ico yahinduye vyerekeye urukurikirane rw’amajambo n’iviyumviro. NIV na NRSV (izi ni Bibiliya zanditswe mu rurimi rw’Ikingereza zo “zagumanye akanovera k’ururimi rwa mbere Bibiliya yanditswemwo” (ni ukuvuga, vyegeranye cane n’ugusigura ijambo ku rindi) kurusha uko Bibiliya y’i Yerusalem canke iyindi Bibiliya yitwa Good News Bible, mu Kirundi twoyita Ubutumwa Bwiza bwa Bibiliya).
- c. *Gusubiramwo mu yandi majambo, gusigura mu yandi majambo.* Ku mperuka yo gukoresha amajambo ashusha, asa, (ni ukuvuga turetse gusigura ijambo ku rindi) ni co twita gusubiramwo mu yandi majambo, nkuko tubiona muri Bibiliya y’Ikingereza yitiriwe the Living Bible, mu Kirundi twoyita Bibiliya Ifise Ubuzima. Ukvugya mu yandi majambo “*kwasiguwe mu buryo bw’amajambo ashusha yamara rimwe na rimwe yoyo arinjira mu buryo budasanzwe mu guhuza imico kama inyuranye n’ukugereranya ivyabaye muri kahise hagati yacu n’ibihe vyu Bibiliya*” (Wolvaardt 2005: 54). Ni co gituma, “*umusomyi aronka mu buryo kanaka insiguro yo kumenyesha Imana vyamutse ku musobanuzi (kandi bitegerezwa kwakirwa uko nyene)*” (Ico gitabu nyene). Kugereranya Bibiliya nyinshi zanditswe mu buryo bunyuranye birashobora kudufasha kuduha ubwenge, no gutahura neza insiguro y’igisomwa ca Bibiliya, yamara

dutegerezwa kwiyubara, kandi tukagereranya n'izindi Bibiliya zasobanuwe hakoreshejwe uburyo bwo gusobanura ijambo ku rindi iyo izo bibiliya dushobora kuzishikira no kuzironka.

2. Ingoran zishobora gushika dukoresheje uguabanura amajambo ashusha. Ugukoresha uguabanura amajambo ashusha guhagaze cane cane ku “gusomeka” kw’ivyasiguwe, kw’ivyasobanuwe ku musomyi w’iki gihe ku gisomwa ico ari co cose umwanditsi yanditse. Ni co gituma, bahindura igisomwa ca mbere mu buryo bw’uko ata n’umwe yoshobora kwihanganira ivyo hamwe bikozwe ku mareresi canke ikindi gisomwa gitwenza. Kenshi na kenshi barakuramwo amajambo akomeye menshi yo kumenyesha Imana, amajambo ya tewoloji yakoreshejwe n’abanditsi ba mbere. Ni co gituma, uguigura Bibiliya neza bishobora kugorana cane—cane cane mugutahura udutandukaniro duto duto, n’impinyanyuro n’utuntu tunyegejwe mu gisomwa, tukaraba ibintu nyamukuru gusa bifatiye ku majambo kanaka, amungane, n’ivyiyumviro hanyuma tukakigereranya n’ibindi bisomwa binyuranye—igihe umuntu akoresheje amajambo ashusha aho gukoresha insiguro y’ijambo ku rindi. Gusigura, gusobanura Bibiliya neza bivana n’ico umwanditsi wa mbere vy’ukuri yashatse kuvuga, gushikiriza (mu yandi majambo, “insiguro y’ururimi”), aho kwisunga ivyo ab’ubu bibaza ko abanditsi ba mbere bashatse gushikiriza (i.e., “insiguro y’iciyumviro”) (Ryken 2002: 117, 147).

#### D. *Gusigura igisomwa no kubaga igisomwa*

1. Gusigura igisomwa bisigura, vyerekana amahame abantu bakoresha kugira ngo batahure ico ikintu kanaka gisigura, n’ico gishaka kuvuga ku bugingo bwacu.
2. Kubaga igisomwa guca gukoresha ayo mahame mu kwiga neza witonze ivyo Bibiliya yigisha kugira ngo utebe ushike ku nsobanuro ya mbere umwanditsi yashatse gushikiriza.
3. Gusigura igisomwa no Kubaga igisomwa bifitaniye imigenderanire imeze gurtya: “[Gusigura igisomwa] birafitaniye isano risa na kubaga igisomwa nka kurya kw’igitabu kirimwo amategeko agenga umukino kanaka. . . . Amategeko si rwo rukino, kandi urukino nta kamaro rufise iyo rutarinmo amategeko. Gusigura igisomwa ubwayo si ukuyibaga, yamara ukwo kuyibaga ni ugukoresha ukuyimba mu mizi” (Ramm 1970: 11).
4. Gusigura igisomwa no kubaga igisomwa “bihindura” uburyo umwanditsi yakoresheje. “Igihe dusobanura igisomwa, duhera, dutangurira ku majambo hanyuma amungane ari imbere yacu hanyuma tugahereza ku gutahura ico bisigura. Ni nk’uko dufata inzira inyuranye n’iyo umwanditsi yakoresheje igihe yandika ico gisomwa. Umwanditsi yahereye ku ciyumviro agomba gushikiriza (insiguro) hanyuma abishira mu nyandiko, ni ukuvuga mu majambo, mu mungane, mu bice hanyuma arabishira hamwe vyose kugira ngo ico yashatse gushikiriza cumvikane.” (Wolvaardt 2005: 46)

#### E. *Intumbero y’ugutahura Bibiliya ni ukwemera ububasha bwayo no gukora ico ivuga*

1. Intumbero nyakuri y’ugutahura no gusigura Bibiliya ni ugukwirikiza no gushira mu bikorwa ico ivuga. Kwemera gushira mu ngiro ico Bibiliya ivuga no kwumvira inyigisho zayo vyose ni intumbero y’ugutahura kandi ni ibisabwa nkenerwa kugira ngo dutahure neza (raba **Zab 111:10; 119:98-100; Mat 7:24-27; Luka 6:46-49; Yoh 7:16-17; Rom 2:13; 1 Kor 13:2; 1 Tim 1:5; Heb 4:12-13; Jas 1:22-25**).
2. Mbere naho Bibiliya yari yandikiwe ubwa mbere abantu kanaka mu bihe kanaka, yanditswe kugira ngo ibe ubutumwa bwo gukoreshwu ku bantu bose mu bihe vyose (raba **Gus 31:9-13; Neh 8:1-8; Yoh 17:20; Rom 15:4**). Ni co gituma, Osborne avuga ko gusigura Bibiliya bimeze “nk’ikintu cizinze” mu kuzinguruka kigahera “ku gisomwa kija ku vyo yafatiyeko, kigahera ku nsiguro ya mbere umwanditsi yagihaye kikaja mu biriho ubu, canke insiguro vyohabwa ubu mw’ishengero ry’uyu musi” (Osborne 1991: 6). Mbere naho igisomwa ico ari co cose gifise *insiguro* canke *insobanuro*, kirashobora *gushirwa mu ngiro* mu buryo bonyuranye (raba ICBI 1982: Art. VII). Tumaze gusigura igisomwa, tugatahura insiguro yaco ni nkenerwa rero ko twibaza iki kibazo, “None iki gisomwa kinyerekeye gute, kinyerekeye kw’iki?” kumbure ikibirengeye, twategerezwa kwibaza iki kibazo, “Iki gisomwa kivuga iki kinyuranije n’ivyo nahora nkora canke ngenderamwo?”

### III. Amahame rusangi yo Gusigura igisomwa ngenderwako kugira ngo dutahure Bibiliya

Aya mahame akurikira ya hermeneutics yama igihe cose akoreshwa ige umuntu ariko arasoma asigura agace ari ari ko kose ka Bibiliya. Amahame munani ya kwimba mu mizi igisomwa apfunyapfunyirijwe mu **IVYONGEWEKO E: Imba cane uvumbure amahame yo gusigura ibisomwa nya Bibiliya: amahame ngenderwako**.

#### A. *Bibiliya ubwayo ni ububasha bwa nyuma ku vyerekeye ukwizera n’ubugingo*

Kubera Bibiliya ari ijambo ry’Imana, ni bwo bubasha bwa nyuma. Ishengero nk’urunani, imigenzo

y'ishengero, kahise k'ishengero, abasomyi, abanyabwenge babimogoreye, ivyo umuntu acamwo bikamwigisha, hamwe n'ivyiyumviro, ubwenge vyose ni ngirakamaro kandi bitegerezwa kwiyumvirwako kandi no gukurikizwa, kwubahaha. Yamara, Bibiliya ifise ububasha burengeye ubw'ivyo vyose tuvuze. Nimba umuntu, iviyumviro yyiwe, ivyo yaciemwo bikagira ico bimwigisha, ibigo canke imigenzo bifise ububasha burengeye ubwa Bibiliya, aho umuntu aba yishize hejuru y'Imana. Ni co gituma amategeko meza yerekeye Hermeneutics na Exegesis ari ngirakamaro cane—kubera yuko ugusigura neza ijambo ry'Imana ari kwo gutuma dutahura neza ico Imana itubarira.

## B. Bibiliya irisobanura ubwayo

Bibiliya ni urunani ruhishura inkuru y'ugucungura biciye mu kwizera Kristo (raba **Luka 24:27, 44-47; Yoh 5:39**). Naho biri uko, uguhishura kw'Imana *kugenda kuriyugurura, kwongerekana buke buke*—mu yandi majambo, kugenda kuraboneka buke buke muri Bibiliya yose. Hariho amahame atari make avana n'ibi bikurikira.

### 1. Ivyanditswe ntibizokwigera bihushanya n'Ivyanditswe.

a. *Bibiliya igize urunani rw'intamwenwa.* Ni co gituma, ibisomwa bibiri bisara gusa n'ibivuguruzanya, uzosanga bitavuguruzanya, igithe umuntu avyitegerezwa neza, avyihweje neza. Igitomwa kimwe kirashobora guhindura ikindi canke kucunganira, yamara ntikizokwigera kikivuguruza, kinyuranya na co.

b. *Rimwe na rimwe ibantu nyakuri bibiri canke birenga birigishwa neza muri Bibiliya, yamara ugasanga ni nk'uko vyoba binyuranije.* Nk'uburonero, ukuba hejuru ya vyose kw'Imana n'uruhara rw'umuntu biragoye gushirwa hamwe, no kwumvikanishwa, yamara Bibiliya ivyigisha vyose mu buryo bufobotse. Mu bantu nk'ivyo, mwibuke ko Bibiliya ari ihuriro ry'ukuri kw'ijuru ku bantu bafise aho bagarukiriza, abantu bafise ubwenge bufise aho bugarukira. “Igihe ibantu vy'ukuri bibiri canke birenze vyigishijwe mu buryo bufobotse mw'Ijambo bisa n'ibinyuranije, mwibuke ko ubwenge bwanyu bufise aho bugarukira. Ntimufate inyigisho ngo muzishire mu bidatahurika ngo muvuge ko Imana itagomveye ko mubitahura kuko mudashoboye kuvyinjiza mu bwenge bwanyu kuko bufise aho bugarukira! Reke Imana ivuge ivyo ivuga mutagerageje kuyikosora canke kuyisigurira. Mwibuke ko ari Imana—namwe mukaba abantu. Icoroshe ni ugucisha bugufi imitima yanyu mu kwizera hanyuma mukumvira, mukizera ico Imana ivuga, mbere naho mwoba mutabitahura canke mudashobora kuvyumva muri ico gihe.” (Arthur 1994: 62)

### 2. Vyose intambuko ya kahise ko gucungura igeze n’“ivy'Imana yagabiye vyose” (**Ivyak 20:27**) bitegerezwa gufatirwa hamwe kugira ngo dutahure neza igice ico ari co cose canke igitomwa ico ari co cose. Bibiliya ni imwe igize urunani ikavuga inkuru guhera ku ntango kugeza kw'iherezo. Yamara, ukuri kuvugwa muri iyo Bibiliya ntighishurwa kimwe na kimwe, yamara kuguma guhishurwa buke buke mu kiringo c'igihe kirekire. Isezerano rya Kera ni integuro y'ubutumwa bwiza; **Ubutumwa bwiza** ni ukugaragaza ubutumwa bwiza; **Ivyakozwe n'Intumwa** ni ugukwiragizwa kw'ubutumwa bwiza; **Ivyete** ni insiguro y'ubutumwa bwiza; **Ivyahishuriwe Yohana** ni indunduro canke ukuzoba mu butumwa bwiza. Insiguro yuzuye y'igisomwa canke igice ico ari co cose ca Bibiliya irashobora kudasobanurika neza kiretse Bibiliya yose n'intambuko ya kahise k'ugucungurwa bibanje gufatirwa hamwe. “Gusoma Bibiliya dufatiye ku carabiweko nk'ijambo ry'Imana hategerezwa kuba harimwo Bibiliya yose nk'icarabiweko ku gice ico ari co cose” (Johnson 2007: 156).

### 3. Isezerano Risha (IR) risigura Isezerano rya Kera (IK). Bivugwa yuko “isezerano risha ari isezerano rya kera ryari rihihijwe; isezerano rya Kera na ryo ari Isezerano risha ryahishuwe.” “Ukuza kw'Umwami wacu kwarahinduye cane ukugene twahora dutahura Isezerano rya Kera. Intumwa zatahuye ijambo ry'Imana mu muco w'igikorwa ca Yesu, ubutumwa no gushirwa hejuru kwiwe. Ugutahura kwa kera kw'amajambo ya Mose n'Abavugishwa n'Imana kwarahindutse cane bafatiye ku kuza kw'Umwami wacu.” (VanGemeren 1990: 83) Yesu n'abanditsi b'IR bose babona IK nk'igitabu kivuga kuri Yesu. Ni we muntu agifatanirije hamwe, atuma kiba igitabu kimwe (**Luka 24:25-27, 44-45; Yoh 5:39-40, 46; Ivyak 3:18, 24; Ivyak 10:43; Ivyak 26:22-23; 2 Kor 1:20; 1 Pet 1:10-12; Heb 1:1-3**). Gutahura Isezerano rya Kera bidufasha gutahura ivyo Yesu yiyugako. Isirayeli yo mw'IK, ivyagezwe, imisi mikuru n'iyindi migirwa vyari “ibigereranyo,” “ivyijiji,” canke “uburonero” bw'ukuri kw'ivyaba mw'Isezerano rya Kera (**1 Kor 10:1-6; Col 2:16-17; Heb 8:1-10:22**). Ivyagezwe vyo mw'Isezerano rya Kera, imisi mikuru hamwe n'iyindi migirwa vyashikijwe vyuzurizwa, bikurwaho muri Kristo (**Mat 5:17; 2 Kor 3:12-16; Gal 3:23-4:7**). Hariho ibandanya n'ukutabandanya hagati y'IK n'IR. IR ryubakira ku vyiyumviro vy'IK, rimwe na rimwe mu buryo butangaje. Ni co gituma, “dukwiye imisi yose gusoma ivyanditswe vyo mw'Isezerano rya Kera dukoresheje rugagamizi canke amarori

y'ivyanditswe vyo mw'Isezerano Risha" (Lehrer 2006: 177). Mu burorero bw'ibi harimwo ibi bikurikira:

- a. *Ivyagezwe vyerekeye ivyo kurya. Lew 11:1-23* harabuza Abisirayeli kurya inyama z'ibikoko vy''uburyo bwinshi. Muri Mariko 7:19, Ivyak 10:9-15, Kol 2:16-17, no muri 1 Tim 4:1-5 ivyo vyari vyarabujijwe vyose ntibikiriho uyu musi (hariho yamara itandukaniro ritoya canke inyama izo ari zo zivugwa ku vyaterekerejwe canke vyashikaniwe ibigirwamana muri 2 Kor 8).
- b. *Insobanuro yuzuye kandi y'ukuri kw'amasezerano yo mw'Isezerano rya Kera, ubuhanuzi hamwe n'ibindi bibonekera neza ducishije mu muco w'inyigisho z'IR.* "Isezerano Risha" ryatangajwe na Yeremiya muri Yer 31:31-34, aho uriravye neza riboneka ko ryakoreshwa ku bwami bwa Isirayeli n'ubwa Yuda, bironka ugushitswa kwuzuye muri Kristo no mu bakwirikira Yesu, mu bakristo (raba Luka 22:20; 1 Kor 11:25; 2 Kor 3:6; Heb 8:6-9:15). Muri ubwo buryo nyene, ku musi wa Pentekote, mu Ivyak 2:29-36, Petero yaravyerekanye neza yuko ukuzuka kwa Yesu Kristo kwari ugushitswa kw'ivyavuzwe muri 2 Samweli 7 (mu yandi majambo "Isezerano rya Dawidi") igihe Imana yarahira Dawidi ko izokwicarika uwuzokomoka mu ruvyaro rwiwe ku ntebe yiwe.

4. Ibice canke ibisomwa bisobanuritse neza vyategerezwa gusigura ibidasobanuritse neza.

- a. *Ibisomwa bimwe bimwe bishobora kuba bidasiguritse neza bigasaba ibindi bice canke ibisimwa vyo kubishiramwo umuco.* Muri Isa 7:14 ijambo ry'Igiheburayo ryahinduwe "inkumi" rirashobora kandi kuvuga canke gusobanurwa "umugore akiri muto." Yamara, igihe Matayo yasubiramwo uwu murongo mu Kigiriki akawukoresha ku kuvuka kwa Yesu (Mat 1:23), ijambo ry'Ikigiriki yakoresheje rifise insiguro imwe gusa, "inkumi."
- b. *Ibisomwa bimwe bimwe biratahurika ukibisomye, ariko ntibiba vyikwije; ibindi bisomwa birakenewe kugira ngo dutahure neza ico bivuga.* Nk'uburorero, Mat 21:22 havuga ngo "ivyo muzosaba vyose musenze, mwizeye, muzobihabwa." Bamwe barakoresheje uwu murongo kugira ngo bashigikire ko inyigisho ivuga yuko "ukivuze hanyuma ukagisaba"—mu yandi majambo, abizera barashobora kuronka ivyo basavye vyose mu buryo bw'ibantu bifadika, kandi ko igituma batabihabwa ari uko batagira ukwizera. Yamara, ibindi bice birongera umuco kuri iryo jambo hamwe n'ugutahura uguventa kwacu. Yakobo avuga ati, "Murasaba ntimumhabwe, kuko musaba nabi, kugira ngo muvyononere mubibahimbara" (Yak 4:3). 1 Yoh 5:14-15 hatubarira yuko uguventa gufise ico kuvyara kuba gufatiye "ku vy'Imana igomba" (atari ubugombe bwacu bwite). Ikindi, Imana yaranse gutanga ivyo intumwa Paulo yasavye (2 Kor 12:7-9) hamwe n'ivyo'Umwami Yesu Kristo ubwiwe yasavye (Luka 22:41-42)—yamara muri abo bose "nta n'umwe atari afise ukwizera."
- c. *IGICE KIDASOBANURITSE NI IGICE INSIGURO YACO IDASIGURITSE NEZA CANKE IDATAHURIKA VYOROSHE.* Ibice bidasobanuritse usanga ari amungane canke imvugo zidakunze guhuta ziraboneka—mu yandi majambo, ayo majambo canke amungane ashobora kuboneka rimwe gusa, kandi ugasanga nta do n'ido umwanditsi wa Bibiliya yabivuzeko kugira ngo ashikirize neza ico yashatse kuvuga. Kubera rero insiguro idasobanuritse ntidukwiye kurema insiguro canke inyigisho zifatiye kuri ivyo bintu bidasobanuritse nk'ivyo.

(1) Mu bihe nk'ivyo dutegerezwa gufatira ku bintu bibiri:

- (A) *kurondera ibisomwa bisobanuritse neza bishira umuco kuri ivyo vyariko biravugwako ufatiye "ku co yafatiyeko kinini" muri ivyo bindi bivyurwa muri ico gitabu, mw'isezerano, canke muri Bibiliya yose.* Gerageza kugereranya ico gice kidasobanuritse neza n'ibindi bice bivuga kuri ico kinttu nyene ariko bisobanuritsemneza. Ibice bisobanuritse birashobora n'imiburiburi kutubarira ivyo ibice bidasobanuritse *bodashobora* gusigura.
- (B) *Rabira ku kugene "ashikiriza iciyumviro" hamwe n'intumbero y'ivyo "yafatiyeko ako kanya nyene."* Ico yafatiyeko aho ivyo yavuze bidasobanuritse neza na co nyene kirashobora kwerekana mu buryo kanaka ico gishobora gusigura n'ico kidashobora gusigura.

(2) Ibice bidasobanuritse birashobora kuguma bidasobanuritse. Mu kugumiza mu mutwe ibindi vyose bisigaye vyo mu vyanditswe, ivyo bintu *bisiguritse neza*, kandi ko ivyanditswe bitigera bihinyuzanya canke bivuguruzanya, turashobora n'imiburiburi kuvuga ico igisomwa, igice kidasobanuritse *kidashobora* gusigura. Turashobora kandi kuvuga kumbure ico igisomwa kidasiguritse neza canke n'imiburiburi ico ico gisomwa gisigura kumbure.

(3) Nk'uburorero, igice kidasobanuritse ni nka 1 Kor 15:29 kivuga ku bantu

*“babatizwa mu gishingo c’abapfuye.”* Nta handi hantu na hamwe havuga haba ku “mubatizo” canke “kubapfuye” bakora ikintu nk’ico. Ikintu gishobora kuturongora neza mu bihe nk’ivyo ni *ico yafatiyeko* mu kuvuga ivyo yavuze yashikirije. Ivyo Paulo yavuze *si itegeko, icagezwe* (mu yandi majambo, ntariko arategeka canke ahimiriza abantu ngo babatizwe mu gishingo c’incuti canke abagenzi bapfuyehe). Ico yafatiyeko kuri **1 Kor 15** ni uko Paulo ariko arahaririza abantu bavuga ko atakuzuka kw’abapfuye (**1 Kor 15:12**). Nubwo ukugene n’insiguro “y’ukubatizwa mu gishingo c’abapfuye” bidasobanuritse neza, birimwo igipfungu ububasha bw’ico yashaka kuvuga buraboneka, burarashe: “Nimba ata kuzuka, nimbi abapfuye batazuka, none bimaze uwo mugenzo wo kubatizwa mu gishingo c’abapfuye umaze iki? Mbega abagira uwo mugenzo, ababatizwa mu gishingo c’abapfuye ntibaboneka nk’abasazi, nk’ibijuu nimba atakuzuka kuriho? . . . Insiguro nyamukuru ni ukuvuguruzanya hagati y’ivyo bizera n’ivyo bakora. Bizera yuko ata kuzuka kubaho; yamara ivyo bakora bikerekana yuko hariho ukuzuka.” (Kaiser, et al. 1996: 617)

### C. *Ico yafatiyeko ni urupfunguruzo mu gisigura no gutahura igisomwa ico ari co cose ca Bibiliya*

*Ico nyene kuvuga yafatiyeko ni ikintu gikomeye cane kugira ngo umuntu atahure kandi asigure igisomwa ico ari co cose co mu vyanditswe.* Ico yafatiyeko gisigura “kirya kijanye n’ivyo yavuze, n’ico gisomwa.” Mu bisanzwe hariho *ibifatirwako bibiri* bifise ingaruka ku gisomwa ico ari co cose: *ico yashikirije dufatiye ku majambo yakoresheje* hamwe *n’ivyariko biraba* (*mu mico kama*). Ivyo yashikirije bishobora kwigirwa muri Bibiliya yonyene. Ivyariko biraba na vyo bisaba ko umuntu yifashisha inkuru aronka zitanditswe muri Bibiliya.

#### 1. Ico nyene kuvuga yafatiyeko ni ikintu gikomeye cane kugira ngo umuntu atahure kandi asigure igisomwa ico ari co cose co mu vyanditswe.

a. *Ibifatirwako mu majambo yanditswe ni “amajambo, amungane, ibice bigize urunani rw’iciyumviro, canke ibice bizima bizungurutse ico gisomwa kandi bifatiye kuri ico gisomwa”* (Doriani 1996: 31). Igishikirizwa mu majambo yanditswe cerekana ingene igice kigize urunani mu nsiguro y’ikintu canke utundi duce bihurije ku bindi bice vyinshi vy’Ivyanditswe. Biduha umuco mwinshi mu nsiguro, mbere naho ata kintu na kimwe twoba tuzi ku mwanditsi no ku bo yandikiye ubwa mbere.

b. *Ivyo twita ibice vya Bibiliya hamwe n’imirongo ntivyari biri muri Bibiliya ubwa mbere ikicandikwa.* Ukugene ibice dufise ubu bimeze vyagiye kuboneka mu myaka y’1200; imirongo yo mw’IK yagiye kuboneka mu myaka y’1400; imirongo yo mw’IR nayo yagiye kujaho mu mwaka wa 1551 (Metzger and Coogan 1993: 105-07). Kubera ibice n’imirongo vyashizweho ubwa mbere kugira ngo abantu bashoborwe kubona aho bageze, “*ntibijanye imisi yose n’ukugene iciyumviro cashikirijwe mu gisomwa*” (Ico gitabu nyene: 105). Imirongo iradukanga tukibaza yuko umurongo uwo ari wo wose “uri ukwa wonyene, wikkije” mu nsiguro ariko si ko biri.

c. *“Ibice kigize iciyumviro” muri Bibiliya ni imirongo iri hamwe myinshi igize iciyumviro gikwiye si imirongo.* “Urupfunguruzo rudushikana ku nsiguro y’umurongo uwo ari wo wose ruva muri ico gice c’igisomwa, ntiruva mw’ijambo rimwe ry’ico gisomwa” (Koukl 2001: n.p.). Igituma bimeze gurtyo ni uko “ico nyene kwandika yafatiyeko mu kwandika iyo mirongo bigiha insiguro itomoye mbere rimwe na rimwe yisangije. . . . Ivyo bikora gurtyo kubera amategeko ngenderwako y’ukuganira, y’ukuyaga: insiguro igehe cose iva hejuru ija hasi, ikava ku vyiyumviro binini binini ija ku vyiyumviro bito bito, si mu buryo bunyuranye n’ubu duhejeje kwerekana” (Ico gitabu nyene). Ikindi, “igice nyamukuru cubakiye ku kintu kanaka, canke ku ciyumviro kanaka. Nubwo ico ciyumviro kiba kigizwe n’utundi twiyumviro twinshi dutandukanye, utwo twiyumviro dutegerezwa guhuriza hamwe kugira ngo dushikirize ca ciyumviro nyamukuru” (Wolvaardt 2005: 99). Amajambo ni ibikoresho gusa umwanditsi akoresha mu gushikiriza icipfuzo gikuru agomba gushikiriza hamwe n’iciyumviro nyamukuru kiri mu mutwe wiwe agomba gushikiriza. Ijambo “ntiryigera rikoreshwa ubwa ryonyene yamara rishirwa mu yandi kugira ngo ayo majambo yose agire amungane (kiretsi mu majambo amwe amwe yikwije canke avanye no kubiakikije kugira ngo ayasigure, ayahe insiguro yayo)” (Ico gitabu nyene: 48)

d. *Naho amajambo amwe amwe n’imirongo imwe imwe afise akamaro cane, kugira ngo umuntu asigure neza Bibiliya, ingendo nyamukuru kwoba guhera ku vyiyumviro nyamukuruugatera uja ku bindi vyiyumviro bitobito vyenena ku ciyumviro nyamukuru.* Amajambo ategerezwa

gutahurika dufatiye ku co umwanditsi yafatiyeko muri iyo mirongo mu kwandika, imirongo nay o itegerezwa gusigurwa biciye mu muco w'ibice bikuru bikuru bigize ico ciyumiyo, ibice binini binini na vyo bigasigurwa babanje gufatire ku bindi bice bibikikuje, kandi ivyo vyose na vyo bikwiye gutahurwa dufatiye ku kintu nyamukuru umwanditsi aba ashaka gushikiriza muri ivyo bice, ivyo bice bikurikirana, eka mbere no muri ico gitabu cose. Ibi ni ngirakamaro cane kugeza yaho Koukl abivuga gurtya: “itegeko ngenderwako” ni, “*ntukigere usoma gusa umurongo umwe wa Bibiliya*. Ahubwo, soma igice cose n’imiburiburi. Gerageza imisi yose kuraba ico umwanditsi yafatiyeko mu kwandika. Raba ingene iviyumviro bikurikirana, vyisuka. Hanyuma ubone guhagarara ku murongo. . . . Ni icirwa nyamukuru ngenderwako nize mu buzima bwanje bwose . . . kandi ni co kintu [kimwe] conyene noshobora kukwigisha” (Koukl 2001: n.p.; iki cirwa carongeweko n’**IVYONGEWEKO A**).

e. *Ico yafatiyeko mu kwandika ni nk’ingazi y’ivyiyumviro.* “Ibisomwa vyo muri Bibiliya bigenda bifise ikintu kimwe kimwe vyigisha intambuko ku yindi, mu buryo buri ku rutonde, uko iciyumiyo kimwe kimwe gishikana ku kindi kigikurikira. Ni nkuko bitoshoboka kwurira ingazi ngo umuntu asimbe ave ku giti ca mbere kigize iyo ngazi asimbire kukigira ndwi, hanyuma ngo asubire ku giti kigira gatatu kigize iyo ngazi, hanyuma akongera agasimbira ku giti ca munani kigize iyo ngazi, ni nako bimeze ku gusimbagurika muri Bibiliya, utabanje kuraba neza ibigize iyo “ngazi” y’ivyiyumviro n’ivyagiye biraba” (Doriani 1996: 32).

f. *Ico umwanditsi yafatiyeko kimeze nk’ikiziba.* Umuntu ategerezwa kubanza kwiyumvira ku co umwanditsi yafatiyeko “gikuru” (mu yandi majambo, igice, igitabu, isezerano ico gisomwa kibonekamwo, hamwe “n’agace gatoya” canke “k’ico gihe nyene” umwanditsi yanditsemwo (mu yandi majambo, amungane n’ibice bikikuje ico gisomwa gifatiweko) ige ariko ararondera intumbero n’insiguro y’igisomwa. “Igihe umuntu atereye akabuye mu kiziba, haca habaho utuntu ku mazi tugenda tuva aho ako ka buye kaguye. Aho ako kabuye kaguye hameze nk’ico gisomwa uba uriko uriga, kandi utwo tuntu dukomoka aho ibiye ryaguye duhagarariye ibisigaye kuri ico gitabu cose. Uko utwo tuntu tugira umuzingi twegerereye aho ibiye ryaguye (ico gisomwa cawe), ni nako tugira ingaruka nini kuri ico gisomwa cawe.” (Doriani 1996: 33)

g. *Ni vyiza cane gusoma igitabu cose guhera ku ntango gushika ku gusozerwa kwaco imbere yuko utangura kwiga igice kanaka co muri ico gitabu.* “Kubera yuko umwanditsi ashikiriza iciyumiyo ciwe cose mu gitabu kimwe, ukumanyagura igitomwa kanaka kwacu kw’ico gitabu gutegereza kuba gufatiye ku catumye umwanditsi yandika ico gitabu” (Wolvaardt 2005: 90). Mu guisoma igitabu cose uca uronka “ishusho nyamukuru” y’ibivugwa muri ico gitabu.” Kurikirana ukugene iviyumviro vy’uwo mwanditsi bigenda vyisuka, bikurikirana guhera kun tango gushika kw’iherezo ry’ico gitabu. Gerageza kwirengagiza ibice bigize ico gitabu n’ukugene imirongo itandukanijwe. Cane cane mu bitabu bito bito, mutegerezwa gusoma ico gitabu cose guhera ku ntango gushika kw’iherezo, mbere vyiza mu kiringo kimwe. Mbere gusoma ico gitabo cose incuro irengeye imwe ni vyiza cane, bigira ingaruka nziza cane, bigira akamaro kanini cane. Uca utangura kubona iviyumviro nyamukuru ngenderwako hamwe n’ibiraje ishinga uwo mwanditsi. Uca utangura kubona ingene ibice bikurikirana, vyubakira kimwe ku kindi. Mu nca make, uca utangura kubona icatumye yandika n’ivyariko biraba ige yandika ivyo uriko urasoma, ico gice uriko uriga.

h. *Mu buryo bwharijwe, umurongo uwo ari wo wose ugaragaza akamaro ko gusobanura ucishije mu muco w’icatumye umwanditsi yandika.* Rimwe na rimwe insiguro y’umurongo iribonekeza, yamara ahandi nahoh ico umwanditsi yafatiyeko mu kwandika kiratanga ibantu viyhishije vyerekana insiguro y’ukuri nyayo. Ubu ni uburorero bubiri:

(1) Kenshi na kenshi abagenzi b’abakristo, canke umupasitori agomba guhezagira umuntu, yishimikiza, yabura Ita 31:49 nk’amajambo y’ukwitaho n’ubugenzi—“Uhoraho yame ahagaze hagati ya twe nawe tumaze gutandukana.” Yamara, icatumye uwo mwanditsi yandika ayo majambo vyerekana yuko ivyo vyavuzwe na Labani abibwira Yakobo. Ikintu nyamukuru umwanditsi yafatiyeko mu kwandika **Itanguriro ibice nya 29-31** vyerekana uburiganya Labani yagiriye Yakobo, n’ukugene batari bacizeranye. Ico yafatiyeko ayo kanya kuri **31:22-55** vyerekana yuko ivyo yavuze vyavuzwe nk’ingaruka y’imishamirano n’ukutumvikana, n’ukutizerana. Ahubwo mbere ico Labani ariko aravuga, arashikiriza ni, “Imana igumize ijisho ryayo kuri wewe igukubite, ikwice ni warenga uyu murongo canke niwagirira nabi abakobwa banje.” Ni muri ubwo buryo, ico umwanditsi yafatiyeko kigaragaza yuko ivyo Labani yavuze bifise hagufi insiguro *ihushanije* n’ukugene kenshi na kenshi bikorehwa (ige

bidafatiye ku catumye umwanditsi yandika ivyo).

(2) Muri Luka 17:5 abigishwa babwiye Umwami bati, “Twongere ukwizera!”

Tubirabiye hagufi, ico cari ikintu ciza basavye. Yamara, ivyo barimwo vyerekana ikintu kintu canke iyindi shusho inyuranye. Kuri 17:3-4 (ivyo barimwo imbereyah) Yesu yari ahejeje kubabwira ko bakwiye guharirana incuro ndwi ku musi. Dufatiye kuri ivyo, “Twongere ukwizera” bishobora gusigura ngo “turagomba kugergeza kukwumvira no kukwubaha, turakwinginze rero udufashe uduhe ukundi kwizera kurengeye ukwo twari dufise.” Inyishu ya Yesu kuri 17:6-10 (ivyaciye bikurikira ako kanya nyene) vyerekana yuko bariko bariyagiriza inyifato yabo bagize ubwa kabiri. Ivyo yavuze ku vyerekeye akabuto ka sinapi (17:6) vyerekana yuko baza bafise ukwizera guhagije, gukwiye. Umugani yaciye ku vyerekeye umushumba (17:7-10) werekana yuko igikorwa co guharira no kubabarira uwagucumuyeko canke mwene data atari ikintu gitangaje, atari ikintu kidasanzwe—si igikorwa gisaba ukwizera kudasanzwe, ahubwo ni igkorwa c’umushumba gusa. Ni co gituma, *dufatiye kuri ibi* “ukwo gutaka ngo, ‘twongere ukwizera,’ aho gushigikirwa, ni ukwikura mu kabarerwa no kwigovyora ku kutumvira. . . Nubwo ibisomwa bimwe bimwe bidusaba gusenga ngo twongerwe ukwizera, Luka 17:5 ho si ko havuga. Ahubwo, haratugabisha ngo ntitunyegeze ukutumvira kwacu inyuma y’amajambo aboneka nk’ay’ impwemu, nk’ayagororotse.” (Doriani 1996: 34)

i. *Ivyabuwe mw’Isezerano rya Kera canke ibivugwa mw’Isezerano Risha.* “Hariho n’imiburiburi ivyabuwe 257 hamwe n’ibirenga 1,100 vyavuzwe vyo mw’Isezerano rya Kera mw’Isezerano Risha (dufatiye kuri Nestle-Aland mu gisomwa c’Ikigiriki)” (Osborne 1991: 277). Ivyafatiweko, [mu yandi majambo aho biboneka neza atagukikiriza, canke babanje gukikiriza] “bishobora kuba vyaragize ingaruka zikomeye kubera yuko umwanditsi yiymvira yuko abo yariko arandikira bari bazi ivyo ariko aravuga” (Ico gitabu nyene: 135). Ugusubiramwo amajambo nk’ayo no kuvuga nk’ivyo gutegerezwa kuronderwa no gusuzumwa. Gusubiramwo amajambo nkayo canke kuvuga gurtyo, *kenshi na kenshi, yamara si igihe cose, bibanza gufatira ku vyariko biraba vyo mw’IK vyinyegeje inyuma yo gusubiramwo ayo majambo canke ico kintu cavuzwe ubwaco.* Ivyariko biraba mw’Isezerano rya Kera bishobora kugira ico vyongeyeko canke ibindi bintu vy’ubutunzi kugira ngo bisobanurike neza mw’Isezerano Risha. Mu gusuzuma ivyavuzwe mw’Isezerano rya Kera canke icafatiweko mw’Isezerano Risha, kandi nimba ivyariko biraba mw’Isezerano rya Kera vyinyegeje inyuma y’ukwaburwa canke icafatiweko mw’ikoreshwa, “dutegerezwa kurondera kumenya (dufatiye ku migenderanire y’ivyariko biraba biri hagati y’Isezerano rya Kera n’Isezerano Risha) vyose bifise ico bisigura ariko cashimikiweko cane mu vyariko biraba mw’Isezerano Risha kandi n’ukugene umwanditsi w’Isezerano Risha yatahuye ico gisomwa co mw’Isezerano rya Kera” (Ico gitabu nyene: 136).

## 2. Ivyariko biraba (imico kama yariho).

a. *Kahise (canke imico kama) y’ivyariko biraba ni “umuco, imigenzo, invugo, ivyizerwa, na kahise k’umwanditsi hamwe n’abantu yariko arabwira canke yandikira ubwa mbere”* (Doriani 1996: 31). Ivyariko biraba canke ivyariho ico gihe biduha ukugene igice c’igisomwa ca Bibiliya cari kimeze ico gihe. Kaduha kumenya inkuru y’ivyariko biraba bishobora kuduha insiguro n’insobanuro y’amajamboamungane, imico, imigenzo, imiziro, abantu, ahantu, hamwe n’ivyaraho, ivyo umwanditsi wa Bibiliya yafatiyeko mu kwandika.

b. *Uko tumenya cane ivyerekeye ivy’igihe ico gisomwa ca Bibiliya candikiwemwo, ni ko dutahura cane Bibiliya ubwayo.* Ubuzima, n’ibihe abantu barimwo hamwe n’imico, imigenzo ya Bibiliya birashobora kuduha inkuru nyinshi zikomeye zidufasha gutahura insiguro y’ivyavuzwe muri Bibiliya. Kahise n’ivyari bizungurutse ivyavuzwe si kenshi na kenshi bikunda kuvugwa muri Bibiliya canke bibazna gusobanurwa muri Bibiliya, kubera yuko imigenzo n’imico hamwe n’imiziro, eka mbere n’ivyariko biraba muri ico gihe vyari bizwi neza n’abanditsi ba Bibiliya hamwe n’abo vyandikiwe ubwa mbere. Ni co gituma, ivyo dukura inyuma ya Bibiliya ubwayo, nk’ibitabu bivuga kuri Bibiliya, amakarata, utuzinduzi twa Bibiliya, ibitabu bivuga ido n’ido ry’ikintu ico ari co cose, hamwe n’ibindi bitabu twofatirako, umuntu arashobora kubirondereramwo ivyo vyose.

c. *Rondera kumenya ivyariko biraba ufatiye kuri Bibiliya ubwayo nyene.* Igihe dusoma dushaka gutahura, hariho utuntu nko mu mavuga akoreshwa muri Bibiliya ashobora gutuma twibaza ivyariko biraba muri ico gihe mu mico kama, mu miziro eka n’ukuntu abantu bavuga. Ivyo bishobora gutuma tugira inyota yo gushakashaka no kurondera gutahura cane no kwiga cane. vyongeye, Bibiliya ubwayo irashobora kudushiriramwo umuco ku vyariko biraba ico gihe, ku

vyariho ico gihe.

d. *Kahise k'ivyariko biraba ico gihe karashobora kwinjira cane canke mbere kagahindura ukugene dutahura igisomwa*. Ubu burorero bukurikira bwerekana ingene ukumenya ivyariko biraba bidufasha gutahura:

(1) Kumenya ingene abo muri Palesitina bambara impuzu hamwe n'imico yabo bidufasha gutahura ibice bimwe bimwe vy'ibisomwa kanaka. Impuzu zari zizimvye cane, kandi abantu bensi bari bafise uduhuza duke cane. Ni co gituma, igihe Yesu yavuga ati “*Umuntu ni yagomba kukuburanya ngw akunyage ipfundo, umuhelibere n'umutamana*” (**Mat 5:40**), yariko arasaba ikimazi kidasanzwe kigoye gushitsa, no kwihanganira. Mbere n'impuzu zakoreshejwe, zashaje, zambawe kera zari zifise ikimazi, agaciro. Abicanyi, canke abanyonga abantu nibo baca batwara impuzu z'abo banyonze nk’ “inyugu” zivanye n'igikorwa bakora. (raba **Mat 27:35**; uwo murongo hamwe n'izindi nkuru dukura mu bindi bitabu na vyo bitubarira yuko Yesu yabambwe yambaye ubusa, ari amenya, ari gusa, mbere ko ata n'agahuzu ko musi yari yambaye, n'ubwo bamwerekana yambaye agakareso ku musaraba). Icongeyeko, mu mugani w'umwana w'icangazi (**Luka 15:11-32**), “mu kuzinga impuzu akiruka, se yategerezwa kwerekana uduhuza two musi ivyo na vyo bikaba vyari biteye isoni. Yamara ivyo vyari bito cane kuko ivyari bimuraje ishinga kwari ukubona umwana wiwe kurusha ukwitwararika ko babona ko yikuye impuzu. Igihe se yamuha imvune iruta izindi, bakamwambika impeta ku rutoke, n'inkweto mu birenge, abavyumvise ubwa mbere, abandikiwe ubwa mbere, canke ababisoma ubwa mbere baciye bamenya yuko yongeye kwinjira mu muryango ukundi gusha.” (Doriani 1996: 46)

(2) Kumenya kahise ka Isirayeli n'Abaroma bituma dutahura cane ibisomwa bimwe bimwe. Igihe Yesu yinjira i Yerusalemu ari ku nyana y'indogoba (**Yoh 11:13-15**), abantu bamusanganije amashami y'ibigazi, kandi Yesu yagendeye ku ndogoba, ntiiyinjiye i Yerusalemu ari kw'ifarasi. Amashami y'ibigazi cari ikimenyetso c'igihugu ca Isirayeli. Mbere amashami y'ibigazi yari yanashizwe ku bingorongoro, amahera yashizweho n'abagumutse b'Abayuda bagomba kwikurako ubutegetsi bw'Abaroma mu mwaka wa 66-70 inyuma y'Ivuka rya Yesu no mu myaka ya 132-35. Ni co gituma, igihe Yesu yinjira i Yerusalemu, abantu kuzungagiza amashami y'ibigazi, ibisandasanda “bishobora kuba vyerekana ko hari ivyizigiro ku gihugu ko Mesiya umucunguzi yari ashitse, yari aje ngo bamubone” (Carson 1991: 432). Yamara, Yesu “ntiiyinjiye I Yerusalemu ari kw'ifarasi y'intambara . . . ivyo vyari gukwegera abanyepolitiki bensi mu mugumuko bishimikije igugu ry'abantu, yamara yahisemwo kwiyerakana nk'umwami aje mu mahoro, kuko ni umwami w'amahoro, ‘iyioroheje kandi agendera ku nyana y'indogoba’” (Ico gitabu nyene: 433). Iyi nkuru ya kahise yerekana kandi itandukaniro riri hagati y'ukuza kwa Yesu kwa mbere n'ukuzoza kwiwe kwa kabiri. Bibiliya ikoresha imvugo y'ibimenyetso mu kuvuga yuko igiye Yesu azogaruka azoza atari ku nyana y'indogoba yamara ko azoza ari kw'ifarasi yera, azananye n'ingabo ziwe ziri “*ku masarasi yera*,” “*guca imanza no kurwana*” (**Ivyah 19:11-14**). Muri Roma ya Kera, mw'isi ya kera y'Abaroma, abasirikari bakomeye, abagenero mu ntambara zikomeye rimwe na rimwe baragira urugendo rw””intsinzi” aho binjira i Roma bari mu mukogote ukwegwa n'ifarasi zine zera, bari kumwe n'ingabo zanesheje intambara babagendera inyuma (Ramsay 1875: 1163-67).

(3) Kumenya indondabihugu ya kera bidufasha gukosora amakosa ku bisomwa bimwe bimwe. Mu **Ivyah 3:15-16** Yesu yavuze kw'Ishengero ry'i Lawodikiya ko “*ridakonje kandi ntiribile*,” yongera avuga ati “*ko uri akazuyazi . . . ngira ndakudahwe*.” “Ishusho y'Abilawodikiya ko ‘batari bakanye canke ngo bashuhe’ yamara bakaba bari ‘akazuyazi’ muri kahise vyatahurwa ko ari imvugo ngereranyo yuko bari babuze ugukomera mu mpwemu kandi ko bari bishikaniye inusu, igice Kristo. Ingorane imwe y'ukwiyumvira nk'uko ni uko Yesu yipfuza ko ko bopfuma ‘bakanya, canke bagashuha’ bisigura ko vyose ari gukanya canke ugushuha vyose ari vyiza. Uko abakera babona ibintu canke basigura ivyo, babonye ko “gukonja, gukanya” ari bibi, iciyumviro uko biboneka ni uko Yesu ashaka ko abasomyi bagira umwete (“bashuha”) bakamukirimbirkiracanke na ho bakabivamwo (‘bagakonja, bagakanya’), yamara ntibabe hagati na hagati y'ibarabara. Yamara ntivyumvikana ko Kristo Yesu yokwemeza ko abantu bamuvako (naho raba 2 Pet. 2:21). Insiguro nshasha ya vuba

ifata iyo mvugo ngereranyo mu bundi buryo. Ikigereranyo c'amazi gushuha, gukanya hamwe n'akazuyazi kiboneka nk'uko cari ikintu abantu b'i Lawodikiya bari bisangije hamwe n'intara yari ihakikuje mu kinjana ca mbere. Amashuha y'i Hierapolis yaravura abantu kandi amazi akanye y'i Kolosayi yari meza, aryoshe kunywa, amara inyota kandi yatanga ubuzima. Yamara hariho ivyerekana ko abo I Lawodikiya bashobora gushikira amazi ashushe gusa yari abishe kandi agatera iseseme, ugusesemwa. Mbere, Lawodikiya hari habaye igisagara kubera aho cari kiri hari heza ku rucuruza, rudandazwa, yamara hari kure y'amazi meza. Igihe ico gisagara cashaka gukwega amazi meza mu miringoti, caronka amazi amazi atari meza, ataryoshe y'akazuyazi atuma uwuyanyoye yonadahwa. 'ingaruka z'ukugene bigenza, bifata kuri Kristo zari zimeze nk'uko ayo mazi yabo yari ameze'—Kristo na we yumva, yipfuza 'kubadahwa, kubacira kuko batamirika.' (Beale 1999: 303)

#### **D. Kudondora uko ikintu kimeze binyuranye no gutanga amategeko y'ukugene ibintu bigenzwa**

*Kudondora uko ikintu kimeze* ni uburorero canke amajambo avugwa yegeranya ivyerekerye n'umuntu, ikintu, canke ivyabaye, ivyashitse. *Gutanga amategeko y'ukugene ikintu bitegerezwa kugenzwa* ni itegeko ("icihanikirijwe") kitubarira ico dukwiye gukora n'ingene dukwiye kugikora, n'ukugene dukwiye kubaho. Uburorero bwa Bibiliya kenshi na kenshi *ntibukora* nk'ivyihanikirijwe, nk'amategeko kiretsse bishigikiwe n'itegeko. Gutandukanya hagati y'ukudondora ingene ikintu kimeze no gutanga itegeko ry'ukugene ikintu gikorwa ni ngirakamaro cane igihe hageze *gushira mu ngiro*.

1. Ubwoko bw'amajambo. Ivyanditswe vyose biba biri mu buryo *busanzwe bwo kwandika canke mu mvugo ndyoheramatwi*. Igihe umwanditsi amaze guhitamwo iforama ashiramwo ivyo agomba gushikiriza, aca ategerezwa gupanga ingene ahikiriza ivyo agomba kwandika afatiye ku ntumbero afise mu mutwe wiwe agomba gushikako. Ibi bizomushikana ku kurobanura ubwoko bune bukomeye bw'amajambo (ijambo ni amajambo yagutse y'uguhanahana iviyiumviro ku kintu kanaka): inkuru; ukugene ibintu bigenda; kugaragaza; hamwe no guhanura, kwindinga (hariho aho bihurira bikinjiranamwo mu majambo anyuranye canke ubwoko bunyuranye muri Bibiliya, kubw'ivyo nta na hamwe usanga hakoreshejwe iforama ry"ubwoko bumwe gusa"). Ubu bwoko bw'amajambo bufatiye ku ruvange rw'ibintu bibiri bigize ayo majambo: *Urukurikirane* (ibiba bigenda bikurakuranwa mu bihe bitandukanye) no *gutanga amategeko y'ukugene ibintu bitegerezwa kugenzwa* (amajambo mu buryo bugaragara yerekana ukugene ibintu bitegerezwa kugenzwa canke gukorwa) (raba Wolvaardt 2005: 87-88):

	<b>Kutadondora</b>	<b>Gutanga amategeko y'ukugene ibintu bitegerezwa kugenzwa no gukorwa</b>
<b>Iforama ry'ukugene ibintu bibisirkana:</b>	<i>Kubara inkuru</i>	<i>Kugaragaza</i>
<b>Kudakurikiza iforama ry'ibisirkana ry'ibihe:</b>	<i>Kugaragaza</i>	<i>Ukwinginga</i>

2. Uburorero bune bw'urufatiro bw'ukugene inkuru zubatswe ni ubu bukurikira:

a. Kubara *inkuru*—Igitabu ca **Rusi**. Kiviguga ingene ibintu, ibihe vyagiye birakurikirana kimwe gihereza ikindi (kivuga ingene inkuru imwe yahereza iyindi mu buggingo bwa Nawomi n'ubwa Rusi), yamara ntivuga ko natwe ariko dutegerezwa kubigenza (nubwo harimwo ubutumwa, icigwa kuri twebwe, ico gitabu ntigitanga amategeko mu buryo bugaragara ku wusoma ico gitabu). Inkuru kenshi na kenshi zivuga kuri kahise, zikavuga ku bantu bazwi babayeho, ivyo bakoze, aho baba, aho bari bari, hamwe n'ibintu.

b. *Gutanga amategeko y'ukugene ibintu bitegerezwa kugenzw*—**Guh 8:5-14**. Imana yabariye Mose ingene ategerezwa kurobanura Abalewi. Amubarira ingene ategerezwa kuzobigenza no kuzobikora (Kubera Imana yariko irabarira Mose mu buryo budafoetse ivyo ategerezwa gukora), kandi akerekana n'ingene kimwe kihavuye hazokurikira ikindi (kubera intambuko ya mbere iheza ihereza iyikurikira). Ingene ibintu bigenda kenshi na kenshi intambuko ya mbere ihereza iya kabiri mu kgene ibintu bitegerezwa gukurikirana mu gushika canke mu gukora ikintu.

c. *Kugaragaza*—**Kol 1:1-2:5**. Mbere naho hariho urutonde *rwumvikana* mu vyo Paulo ariko aravuga (mu yandi majambo, ariko arubaka inyigisho akayubakira ku yindi nyigisho yaje imbere y'iyo), ivyo avuga ntibukurikirana canke ngo bize kimwe inyuma y'ikindi (ukugene bikurikirana mu myanya) urutonde (ni co gituma, bidategerezwa kuza kimwe inyuma y'ikindi, si ngombwa ngo habeho ikiza imbere y'ikindi). Ikirenzeko, muri iki gice c'iki gitabu Paulo

ntariko aratanga amategeko afobotse yerekeye ibikwiye gukorwa canke ingene abantu bakwiye kubaho (ni co gituma atari amategeko). Kugaragaza mu vy'ukuri bijanye no gusigura iciyumiyo, inyigisho, uko ibantu bimeze, canke imvo zishigikira iciyumiyo.

d. *Guhanura, kwinginga—Kol 2:6-4:6.* Muri iki gice c'igitabu Paulo yerekana neza ingingo ngenderwako z'ukugene Abakristo b'i Kolosayi bategerezwa kwigenza (kubw'ivyo, yerekana ingene ibantu bitegerezwa kumera, kugenda, canke kugenzwa), yamara si mu buryo kimwe kivuyeho gihereza ikindi (mu yandi majambo, ivyo avuga ntibitegerezwa gukurikirana mu buryo kanaka aho kimwe giheze gihereza ikindi, canke ko hari igikwiye kuza imbere y'ikindi). Guhanura ni uguhanahana iviyumiyo mu buryo burashe mu gukurikiza amahame ty'ivyo impwemu n'ukugene abantu bakwiye kwigenza no kwifata mu buryo bwemerwa n'ikibano baba barimwo.

3. Ikosa rimwe rikunda kuboneka ni uguhindura ukugene Bibiliya ivuga ingene ibantu vyagenze bakabikuramwo amabwirizwa, amategeko, canke kuvuga yuko uburorero ko muri Bibiliya canke ibikorwa bitegerezwa kuba ari rwo rugezo canke ikintu twofatirako kw'ishengero ry'uyu musi. Iryo kosa kenshi na kenshi ribaho igihe umuntu afashe uburorero ko muri Bibiliya, hanyuma agaca agakoresha kuri kimwe canke vyinshi muri ibi bikurikira:

- a. *Bimunanira gufatira “ku bwoko bw’imvugo” y’ico gisomwa* (raba aho hejuru).
- b. *Bimunanira kubona ikintu nyamukuru c’ico gisomwa ahoako karorero kaboneka, canke naho agakura ako karorero mu vyari bigakikuje, akiyobagiza icatumye ako karorero gatangwa n’aho katangiwe.* Nk’uburorero, abantu benshi batanga impamvu nyinshi zumvikana—bita “gushira ubwoya bw’intama ku mbuga”—kugira ngo bamennye ubugombe bw’Imana. Ivyo babifatira ku **Abac 6:36-40.** Yamara, Bibiliya ntigiera idutegeka canke itubarira gushira ubwoya bw’intama ku mbuga canke ngo dushireho invo zazu canke amategeko Imana itegerezwa kugenderako kugira ngo dushobore gukora mu buryo kanaka canke kugira ngo tumenye ubugombe bwiwe. Icongeyeko, icariko kiravugwa muri **Abacamanza 6** ntikwari “ukumenya ubugombe bw’Imana.” Ahubwo, muri **Abac 6:1-24** Imana yari yiyeretse mu buryo bugaragara Gidiyon, iramubarira ico akwiye gukora, hanyuma imubarira iti “nta nkeka nzoba ndi kumwe nawe.” Ni co gituma, ubwoya bw’inka bwa Gidiyon bwerekanye ahubwo *ukutizera kwiwe n’ukutumvira.*
- c. *Gusobanura, gutoranya uburorero bumwe bumwe gusa canke ibantu bimwe bimwe muri ubwo burorero, yamara bakirengagiza ubundi burorero canke ibantu bimwe bimwe vy’uburorero binyuranye n’ivyitwa “ukuri kw’isi yose” canke umurongo wo gukorerako.*

(1) *Mu gukura ivyirwa mu burorero bwabaye mu kubara inkuru za Bibiliya, dutegerezwa kurondera uko ibantu vyubatswe, atari uburorero butoratowe hirya no hino.* Nk’uburorero, imirwi imwe ivuga yuko “kwuzura Mpwemu” bisigura yuko umuntu ategerezwa kuvuga mu ndimi zitamenyekana. Imirwi nk’iyo ifatira ku vyabaye mu **Ivyak 2:3-11.** Yamara, imirwi nk’iyo irahushagirika mu gufatira ku kimenyetso kimwe cabaye gusa cerekana Mpwemu (indimi), yamara bakiyobagiza ibindi bimenyetso vyabaye. *Ntibashimikira ku bindi bimenyetso vyabayeho ico gihe—ighinda kivuye mw’ijuru “haza ighinda kivuye mw’ijuru giturumbuka, nk’uguhuhuta kw’umuyaga w’inkomezi, hababonekera ibirimy vyigabanije, nk’”ivy’umuriro’ bibajak’umwe umwe; ko “indimi” zari zizwi zavugwa n’abantu ico gihe—bitegerezwa kuboneka n’uyu musi.* Icongeyeko, imirwi nk’iyo yirengagiza ubundi burorero bw’abantu buzuye Mpwemu aho ata hantu havugwa yuko kuvuga mu ndimi ari vyo vyabaye, ari ingaruka (raba **Ivyak 4:31; 8:17; 9:17-19.**)

(2) *Dutegerezwa vyongeye kugereranya uburorero n’izindi nyigisho kuri ico ciyumiyo kivugwa.* Mu guhindura uburorero k’ “indimi” mu kuri kw’isi yose canke gutegeka, abandi benshi kandi *barirengagiza inyigisho za Paulo* ku ngabire za Mpwemu no kwuzura Mpwemu. *Abizera bose barafise ikiberekana ko Mpwemu (1 Kor 12:7—“umuntu wese ahabwa ikimwerekanako Mpwemu kugira ngo bigire ikimazi”).* Dufatiye kuri **1 Kor 12:7-11, 28-30,** Mpwemu ni we ahitamwo ingabire canke ikimenyetso iha umuntu. Nta n’umwe afise ingabire zose canke ibimenyetso vyose. Si abantu bose bafise ingabire *kanaka canke ikimwerekanako Mpwemu.* Mbere, **1 Kor 12:30** harerekana neza yuko *atari uwo ari we wese avuga mu ndimi.* Ikindi, muri **Ef 5:18-21** Paulo ahanura abizera ko “*buzura Mpwemu.*” Aca yerekana ibimenyetso bine vyerekana ukwuzura Mpwemu, yamara nta na kimwe muri ivyo kirimwo kuvuga mu ndimi.

d. *Birananiro gutandukanya hagati y’ivyakorwa mu mico kama n’ibiri ukuri ku bantu bose*

*canke ibihe vyose*. Ihangiro ryacu nk’abizera ni “*gushushanywa n’ishusho y’Umwana wayo [Yesu]*” (**Rom 8:29**). Yamara, mbere n’uburorero ka Yesu ntigasigura yuko ibantu vyose bigize ubuzima bwiwe ari co“twokwirikiza, twogenderako” (mu yandi majambo, ico twofatirako kitagira amafutu) ku ngeso n’inyifato zacu zose.

(1) Bimwe mu bigize ubugingo bwa Yesu vyaja bikoreshwa no mu mico kama y’ico gihe. Yesu yaba muri Palesitina, yagendera ku ndogoba, yambara ikanzu itagira umubariro, kandi yavuga ururimi rw’Ikiaramayike; ari co twokwita Ikiaramu yamara, ntituri musi y’itegeko rya Bibiliya gukora ivyo bintu. Ku rundi ruhande, Yesu ntiyigeze anyonga imodoka, ntiyigeze yandika igitabu, ntiyigeze arya Pizza canke ngo akoreshe imashini nyabwonko; yamara, ntitubuzwa gukoresha ivyo bintu. Ivyo vyose tuvuze ni ibantu bijanye n’imico.

(2) Bimwe mu bigize ubuzima bwa Yesu ntivyavana n’imico kama yariho ico gihe. Yesu ntiyigeze arongora, n’ubwo abantu benshi bari mu muco nk’ubo yabamwo barongoye. Ni co gituma, imirwi imwe uyu musi isaba yuko abizera bashaka gukurikira Yesu vy’ukuri bategerezwa kutarongora. Yamara, guhindura ivyo *bivugwa* ku buzima bwa Yesu bigahinduka *ivyagezwe, itegeko* ku bizera b’uyu musi ntibikomoka muri Bibiliya, siko Bibiliya ivyigisha, ibivuga. Nta tegeko na rimwe ryo muri Bibiliya ribuza kurongora, canke kurongorwa. Yesu ashigikira Ukwubaka, ukurongora n’ukurongorwa (**Mat 19:1-9**). **1 Kor 7** haremeza kandi hashigikira ukwubaka, ukurongora n’ukurongorwa. **1 Tim 4:3** vyongeye havuga yuko kubuza ubukwe, ukwubakana ari inyigisho z’ivyaduka, inyigisho z’ibinyoma, inyigisho ziciye ukundi, “*inyigishoz’abadaymoni*”

#### **E. Ayo mahame yo hejuru yerekana akamaro ko kumenya neza Ivyanditswe**

Dushobora gukora ibantu vyinshi kugira ngo tugire ubwenge bwo gutahure cane Bibiliya, muri ivyo harimwo:

1. Gusoma no kwuza, kwiyumvira cane ku vyanditswe kenshi, no kwandika ico umuntu yakuye mu vyo yasomye.
2. Guca ku masonga Isezerano rya Kera n’Isezerano Risha kugira ngo umuntu amenye ingene kahise ko muri Bibiliya n’uguishura vyagenze.
3. Gutahura abantu bakurubakuru bavugwamwo, aho vyabereye, n’uruhara bagize mu nteguro y’agakiza canke ugucungura kw’Imana.
4. Gutahura ibiringo bigize ivyabaye bikuru muri Bibiliya, hanyuma utahure imigenderanire iri hagati y’ivyo vyabaye muri uwo mugambi w’Imana wo gucungura.
5. Gutahura ibiringo bigize ibitabu bitandukanye vyo muri Bibiliya—mu yandi majambo, ivyanditswe ivyo ari vyo, vyanditswe ryari kandi vyanditswe na nde.
6. Dushireho ibicapu vyacu, diagrams, gushira ahabona ivyanditswe mu nca make, aho dushobora kubisanga hirya no hino, hamwe n’ico tubivugako.
7. Dushireho aho twabuye ivyo tuvuga n’ivyo twasomye vyo muri Bibiliya, harimwo n’ibishobora kudufasha kurondereramwo ivyo dukeneye nk’utuzinduzi twa Bibiliya, ibitabo vyiza bisigura ivya Bibiliya, n’ibindi bitari bike bishobora kudufasha kwiga.

#### **IV. Ubwoko bw’inyandiko za Bibiliya**

Insiguro itegerezwa kujana n’ubwoko bw’igisomwa hamwe n’ubwoko bw’ico gice. “Ubwoko” ni uburyo/ubuhinga igitabu canditswemwo, canke inyandiko, buzwi babanje kuraba ibigenga iyo nyandiko (ubuhinga, ijwi, uburyo bakoresha ururimi, ibirimwo, ibigize ico gisomwa, n’ibindi.). Bibiliya igizwe n’ubwoko bwinshi bw’ivyanditswe (uburorero, kahise, imvugo ndyoheramatwi, imigani, ubuhanuzi, inkuru, ivyete [amakete], inyandiko z’ubwenge, z’ubwitonzi, inkomoko, igisekuruza, imvugo y’ivy’iherezo). Ibitabu bigize Bibiliya vyerekana ahanini ubu bwoko bukurikira: **Itanguriro-Esiteri, n’ivyakozwe n’Intumwa** ni ibitabu bidonda, bibara inkuru ya kahise; **Zaburi n’Indirimbo ya Salomo** ni imvugo ndyoheramatwi; **Yobu, Imigani, n’Umusiguzi** ni inyandiko z’ubwitonzi, z’ubwenge; **Yesaya-Malachi** ni ubuhanuzi; **ubutumwa bwiza** ni inkuru zibara, zivuga ivya Yesu; **Abaroma-Yuda** ni ivyete; **Ivyahishuriwe Yohana** ni uruvangatirane rw’ubwoko: icete, ubuhanuzi, hamwe n’ibivuga ivy’iherezo.

Nubwo igitabu gishobora kuba ahanini kigizwe n’ubwoko bumwe, ibitabu bitari bike bigizwe n’uruvange rw’ubwoko (canke “inforo”) muri ivyo bitabu, uburorero, inkuru zivuga ku bitangaza, amajambo ashikirizwa, ibiganiro, imigani, ibitabu bivuga amategeko, ibisokuruza, urutonde rw’ingeso nziza n’urutonde rw’inenje, imigani. Ubwoko ni ngirakamaro kubera yuko butuma hari ico umuntu aba yiteze gukuramwo canke

gusangamwo. Gushika yaho ubwoko bwerekana ingene ico gisomwa gikora. Ni kubera yuko amasezerano kanaka agenga ubwoko agerageza kuja hejuru canke kudondora ubwoko bunyuranye. Ni co gituma, ivyo abantu bumvikanyeko bigenga ubwoko canke amategeko akoreshwa ku bwoko bumwe ashobora kudakoreshwa na gato ku bundi bwoko bw'igisomwa.

Ikindi, abanditsi bose ndetse abandika ibintu bitabaho, ivyeze, imvugo ndyoheramatwi, kandi n'ubundi bwoko bwose ndetse kumbure ibitabu vy'ubuhinga vyigisha ibintu kanaka, bakoresha ubuhinga butandukanye mu nyandiko (mu yandi majambo, uburyo abanditsi barema insiguro, ibishobisho, inyifato n'ibindi, bakoresheje ururimi, imvugo). Ubwo buhinga burimwo gusubiramwo, impfunyapfunyo, "ingeso nziza zitsinda ikibi," igarukagaruka ry'amajwi, kuvuga utadudurirako, icijiji, n'ubundi buhinga bwinshi nk'ubwo. Kumenya ubwo buhinga bukoreshwu mu nyandiko burashobora gutuma umuntu atahura neza, akayobora Bibiliya. Ubwoko bwose bw'inyandiko burafise amategeko bugenderako, abugenga. Gusigura imvugo ndyoheramatwi nk'aho umengo ni amategeko canke ivyagezwe birashobora gushikana ku makosa akomeye mu vy'inyigisho, na dogitrine. Abanditsi ba Bibiliya kandi barakoresha kenshi imvugo zinyuranye. Ni co gituma, umuntu ategerezwa kumenya uburyo n'ubwoko bunyuranye bw'inyandiko zigize Bibiliya, hanyuma bakamenya uburyo basoma n'ingene basobanura ivyo vyanditswe. Abo bita aba ICBI babivuga gurtua mu nama yabereye I "Chicago ku vyerekeye ugutegura insiguro ya Bibiliya" (1982: n.p.):

1. "TUREMEZA yuko kumenya ubwoko bw'igisomwa, ingene ibice vyinshi vy'Ivyanditswe vyanditswe n'ubuhinga vyanditswemwo ari ngirakamaro kugira ngo dushobore kubaga igisomwa, kandi kubw'ivyo, turaha agaciro ugutora inenge ubwoko bw'igisomwa nk'igisata kimwe mu vyigwa vyinshi bigize ukwiga Bibiliya" (Art. XIII). Geisler avuga kuri iki kigabane ati: "ukumenya ubu bwoko bw'ivanditswe umuntu aba ariko arasigura, arasobanura ni ugutahura kwiza kw'ukuri kw'ico gisomwa. Ukumenya neza ubwoko bw'igisomwa bituma umuntu agitahura neza. Umugani nk'uburonero, ntutegerezwa gusobanurwa nk'ivyabaye, kandi ntushobora gusobanurwa nk'uko wosobanura inkuru irashe. Igisomwa cose kigizwe n'ubwoko bwaco, kandi umusobanuzi ategerezwa kumenya neza ubwoko bw'igisomwa nk'uko kiri uko agerageza kubisigura. Umuntu atamenye ubwoko bw'igisomwa, umusiguzi ashobora kwhenda kuri ico gisomwa. Nk'uburonero, igehe umuvugishwa n'Imana avuga ko "ibiti bikoma amashi" (Yes. 55:12), umuntu ashobora kwiyumvira ko ari ukwizeria ibintazi kiretse amenye ko iki ari imvugo ndyoheramatwi canke imvugo isanzwe."
2. "TUREMEZA ko bikenewe gusigura Bibiliya dufatiye ku majambo agize ico gisomwa canke mu buryo bw'amajambo asanzwe. Insiguro ifatiye ku majambo gusa ni mu buryo bw'indongoramvugo na kahise, ni ukuvuga, insiguro umwandtsi yahaye ivyo yanditse. Insiguro dufatiye ku majambo gusa yishimikiza uburyo bunyuranye n'ukugene ico gisomwa canditswe dusanga muri ico gisomwa" (Art. XV). Geisler avuga kuri iki kigabane gurtua: "Insiguro ifatiye ku majambo y'Ivyanditswe iremezwa cane hano. Kugira ngo ubimenye, Ijambo ry'Ikingereza uko ikintu canditswe cumvikana harimwo ingorane z'agahengekerezo. Ni co gituma amajambo mu bisanzwe n'indongoramvugo kahise akoreshwa mu gusigura ivyo ari vyo. Insiguro y'amajambo ikoreshwa kandi mu buryo bwo kudondora ingene ikintu kimeze mu buryo bw'indongoramvugo na kahise. Ibi bisigura yuko insiguro y'ukuri ari imwe ivumbura insobanuro y'igisomwa biciye mu buryo bw'indongoramvugo canditswemwo, muri kahise kaco, mu mico kama candikiwemwo. . . . Ibi ntibitegerezwa gutahurwa ko ari ukwanka urutonde canke imvugo y'ikigereranyo canke ubundi bwoko bw'igisomwa canditswemwo harimwo ubwoko bw'amajambo."

Ubwoko bukuru n'ububwungiriza:

#### A. Kubara Inkuru

Kubara inkuru (rimwe na rimwe vyitwa "kuvuga ivyabaye") ni inkuru: ivyabaye ku bantu n'ibantu mu gihe kanaka n'ahantu kanaka. Ni ugusubiramwo ivyabaye gufise itanguriro n'iherezo. Harimwo ivyo bintu vyose nyene kubivuga, canke nyene kuvyandika ahitamwo ivyo abona ko ari ngirakamaro kuvuga canke kwandika kugira ngo ashikane ubutumwa agomba ko abantu bumva bamanya, ariko arashikiriza. Inkuru yerekana igikorwa c'Imana muri kahise. Inkuru ishira ababona icari mu vyiyumviro (mu yandi majambo, iviyumviro vyo kumenyesha Imana, dogitrine, hamwe n'ivyo abantu bashikiriza) bakabishira ababona kandi bikagaragara—bidufasha "kubona" ukuri gukoreshwa mu buryo bw'uko ukuvuga ukuri kwonyene kutagaragaza. Kubara inkuru kuriho muri Bibiliya kubera intumbero kanaka, gushikiriza ubutumwa, mbere naho ukubara inkuru ubwakwo kuterekana uko ibantu bitegerezwa kugenda.

1. Muri Bibiliya, inkuru zose zifatiye ku kugene abantu babona ibantu vya kahise bafatiye ku kurema n'ukugira neza kw'Imana. Nta kintu na kimwe gipfa "kuba, gushika" gusa muri Bibiliya. Igihe cose usoma inkuru yo muri Bibiliya utegerezwa kwiyumvira ku Mana (kubera yuko inkuru za Bibiliya zivuga, zerekeje ku Mana). Mbere, kahise kanditswe mw'Isezerano rya Kera (hamwe no mu **butumwa**

**bwiza n' Ivyakozwe n'Intumwa**) birashobora kwitwa neza “ivyavuzwe, ivyashikirijwe canke kumenyesha Imana kwavuzwe muri kahise.” Igituma ni uko, Bibiliya yama ishikiriza ukuru kwerekeje ku Mana nkuko biba bifatiye ku kuri no ku kahise k'ibantu vyabaye. Ni co gituma, Imana ubwayo ari yo inkuru za Bibiliya zenenako. Inkuru zifasha “kwerekana” dogitrine za Bibiliya n'amategeko.

2. Ivyo Bibiliya ivuga, yanditse ni ukuri kuzwi muri kahise, yamara kahise ko muri Bibiliya ntikavugwa kose kubera impamu zo kumenyesha Imana. Nk'uburorero, imyaka 335 iri hagati y'urupfu rwa Yakobo n'ukuvuka kwa Mose nta kintu na kimwe ivugwamwo, ahandi na ho imyaka 40 yo mu bugararwa yerekeye ibitabu vyo guhera ku **Kuvayo – Gusubira mu Vyagezwe** (ibice 125). Igishobora kuba gifise akamaro ku bashakashatsi ba kahise gishobora kuba kidafitiye akamaro abanditsi ba Bibiliya, co kimwe no mu buryo bunyuranye, *igifitiye akamaro abanditsi ba Bibiliya gishobora kuba kidafitiye akamaro abashakashatsi*.

3. Igisekuropa mu bihugu vy'ubuseruko vyo mu kizinga c'Abarabu, harimwo mugabo bitagarukiye kuri Bibiliya, bikora ku guha ububasha ibivugwa, ububasha, n'ubushobozi, kandi vyongeye bikora mu kwigisha canke gutanga amategeko y'ukugene ibantu bitegerezwa kugenda. Ibisekuropa vya kera vyerekana ibantu bibiri: *Ukwinjira cane mu mizi* (bagarukira ku bisekuropa bigira gatanu canke cumi); kandi *n'ibantu bitemba bwa mazi* (bishobora guhindagurika aho ayandi mazina ashobora kwinjizwamwo—ibisekuropa bikunda gukuramwo amazina bishitse hagati muri kahise k'igisekuropa). Ni co gituma, igisekuropa muri **Rusi 4:18-22** kigarukira ku runganwe rugira cumi. Igisekuropa co muri Rusi gishaka kwerekana Bowasi mu kumushira mu kibanza ciza kigira indwi, kandi kigafasha guha uburenganzira ivyo Dawidi avuga ku ngoma ya Isirayeli

4. Ibantu bikuru bigize kubara inkuru za Bibiliya ni ibi:

- a. *Icegeranyo* (ivyanditswe mu nca make);
- b. *Inkuru z'ivyavuzwe* (icegeranyo cane cane cerekeye ivyo umuntu yavuze muri kahise, ikintu nyamukuruni ijambo ryavuzwe); hamwe
- c. *N'ibokino* (inkuru ndende kandi zigoye). Mu bikino harimwo: (1) abantu; (2) ahantu ivyo biberia, igihe vyabereyemwo n'ikibano biberamwo; (3) amatati; (4) akaga n'igihe akaga gashitse kw'isonga; (5) gutorera umuti amatati; hamwe (6) no gukurikirana igikorwa canke kuvuga ingene bizogenda. Raba neza ibi bikurikira mu bikino vya Bibiliya:

(1) Ido n'ido mu nkuru za Bibiliya zikunda kuba nke. Ni co gituma, ibivugwa, ivyatanzwe usanga bifise akamaro kanini (ibigaragaza ivyashitsweko nyamukuru bitewe n'amajambo n'ibikorwa).

(2) Mu bikino, mu nkuru zivugwa muri Bibiliya, abantu nibo ibantu bihagazeko. Hariho abantu b'uburyo butatu: *abo vyose bihagazeko, vyenenako* (abantu nyamukuru badahara bakenewe cane kugira ngo igikino gikinwe); abahanganye n'abo bantu nyamukuru (abantu nyamukuru bahangana n'abo ba mbere canke ibantu birwanya abo ba mbere); hamwe n'abo birwako (abantu berekana umuntu wa mbere ari muri ico gikino mu gutanga canke mu kwifata mu buryo bunyuranye n'uwo muntu vyose vyenenako canke rimwe na rimwe abangabanganywe n'uwo ivyo vyose vyenenako mu gikino). Nk'uburorero, muri **1 Samweli 25** Dawidi ni we vyose bihagazeko, Nabali ni uwo bahanganye na Dawidi, Abigayili na we abangabanganywe na Dawidi. Muri **2 Samweli 11-12** Dawidi ni we vyenenako, umukinyi wa mbere muri ivyo bivugwa, Uriya na we ni uwaguye mu mporero; naho Barisheba ari ngirakamaro muri iyo nkuru uruhara rwiwe ni ruto. Mw' **Itanguriro 38** Yuda ni we vyose vyenenako Tamari na we yaguye mu mporero; abandi bose babifisemwo uruhara ruto canke bafasha mu biriko biravugwa.

(3) Kuganira ni ngirakamaro cane, kandi bishobora kugaragaza ico umwanditsi yashatse gushikako, canke gushimikirako. Ikintu nyamukuru c'umwanditsi yashatse gushikako kenshi na kenshi kibonekera mu gihe c'akaga n'igihe co kugitorera umuti. Mu gikorwa kiriko kirarondera umuti w'ikibazo, umukinyi, canke nyene kubara inkuruarashobora kandi guha insiguro ikintu canaye.

(4) Ukugene ikigomba gushikwako cubatswe. Inkuru zikunda kwubakirwa ku bintu bitatu nyamukuru (naho bishobora kuvangavangana):

(A) *Integuro- kuyishira mu bikorwa*—integuro irategurwa kandi iyo nkuru yerekaningene bigenda n'ingene bishirwa mu ngiro. Nk'uburorero, mu **Ivyakozwe n'Intumwa 1:1-8** Yesu yabwiye abigishwa biwe ko bakwiye kuba ivyabona guhera i Yerusalem gushika ku mpera y'isi; ibindi bice vyose bisigaye vy'ico gitabu vyerekana ingene ivyo Yesu yabategetse, yababwiye vyakurikiranye, vyakozwe.

(B) *Ibanga-insiguro*—ikibazo kirabazwa, hanyuma kikishurwa. Akarorera ni igisokozo ca Samusoni cagiye gusobanurwa mu nyuma (**Abac 14:12-18**).

(C) *Ingorane-kuyitorera umuti, inyishu*—Ikibazo, ingorane kirashirwa ababona, kandi inkuru yerekana ingene ico kibazo catorewe umuti, caronse inyishu. Uku ni ko ahanini inkuru zubatse mu bisanzwe. Uburarero ni nk'ubwoba n'imihigo Dawidi yagiriye Nabali n'ingene Abigayili yatoreye umuti ico kibazo, iyo ngorane (**1 Samweli 25**), hamwe n'inkuru ivuga ku kugene ikimuga cagenda kirasegerereza cakize (**Ivyak 3:1-10**).

5. Nk'uko igice, ikigabane ari co kigize agace ko gusuzuma ingene inkuru yanditswe n'ubuhinga yanditswemwo, mu nkuru, agace gakinwa hanyuma bakugara ni ko abantu bihweza bakabona kumenya ingene iyo nkuru imeze. Uduce dukinwa ni nk'umunyororo ugizwe n'ibantu bifitaniye isano, vyakorewe ahantu hamwe, vyabereye igihe kimwe, kandi bigizwe n'abantu bakuru bakuru bamwe. Akaruhuko muri ivyo bigenda biraba, ikibanza, abakinyi, canke umwanya kenshi na kenshi vyerekana itanguriro ry'ikindi kintu gisha kigomba gukurikira. Aho bidasa n'ibi duhejeje kuvuga ni igihe muri urwo rukino canke inkuru harimwo urugendo, aho ahantu ivyo bibera haguma hahindagurika, mugabo ivyo ntibisobanura ko ari ikindi kintu gisha gishitse. Ivyo biringo bishobora kugereranywa n'ughindagura ingene ibantu biboneka mu rukino, ku rutonde kwo kumboneshakure, canke mw'ireresi.

6. Mu nkuru nyinshi ukibirabira kure zirashobora kuba izisobanye ufatiye ku nsobanuro zazo, kandi ico zigomba gushikako kirashobora kudasigurika neza. Inkuru zose zashizwe muri Bibiliya kugira ngo zishikirize ikintu canke zitange ubutumwa kanaka. Gutandukanya hagati y'ikiriko *kiradondwa* (uburarero, igihe umukinyi, umuntu abeshe) mu buryo bunyuranye ikintu gitanzwe nk'itegeko ni ngirakamaro mu guhindura no gukosora ugutahura inkuru. Isubiramwo ni ngirakamaro kenshi kugira ngo umuntu abone ikintu nyamukuru umuntu yashatse gushimikirako canke gushikako. Dutegerezwa kwibuka kudatera amadidane canke ukuzazanirwa n'ubutumwa bwavuzwe, inkuru yavuzwe mu gutanga impfunyapfunyo y'ijo nkuru ubwayo. Ubutumwa ni ico iyo nkuru yipfuza canke ishaka kwigisha umusomyi, uwuyisoma canke uwuyumva.

7. Mu nkuru zimwe zimwe umwanditsi canke uwuyivuga arashiraho amajambo yo gusigura ibantu. Igihe *uwubara inkuru, uwuvuga inkuru* asigura ibantu, aba igihe cose yizigiwe, kandi afise ikintu kinini ashikiriza ku vyerekeye iyo agomba gushika canke ku ntumbero y'ijo nkuru. Uburarero bw'ivyo naho uwubara inkuru agomba kurongorera ababisoma tubibona muri ibi bice bikurikira **Ita 39:2; Abac 17:6; 18:1; 19:1; 21:25; Ivyak 6:7; 9:31; 12:24; 16:5; 19:20**.

## B. *Invugo ndyoheramatwi*

Invugo ndyoheramatwi tuyisanga muri Bibiliya yose. Ibitabu bikuru bikuru vyanditswe mu buryo ndyoheramatwi ni **Zaburi n' Indirimbo ya Salomo**. Invugo ndyoheramatwi ni ubwoko bw'ukwandika bwo gushira ababona, no kwerekana ibishika, ibishobisho. Invugo ndyoheramatwi si ururimi rutuma abantu bihweza ivyabaye, yamara ni ururimi n'invugo ituma haba ukwiyumvira. Nk'uko Ryken abivuga, “ihame rya mbere ry'invugo ndyoheramatwi ni ubwa mbere ishusho. . . . Abahinga b'ijo mvugo ndyoheramatwi bavuga ururimi rugizwe n'ibigereranyo, amashusho kubera yuko bashaka ko ababisoma *bunva ibirimwo, ibigize, ubutumwa* buri mu vyo bashikirije nk'ishusho no gushira mu ngyiro, atari iciyumiyo gusa” (Ryken 2002: 247). Invugo ndyoheramatwi idufasha “kwumva” ukuri kw’Imana kandi tukakubonesha “amaso y’imitima,” yacu mu buryo ugusoma dogitrine n’ibindi bintu kudashikiriza, canke mu buryo tutobitahura dukoresheje ubundi buryo bwo kwandika. Kugira ngo rero umuntu ashikirize ivyo agomba gushikiriza muri ubu buryo, invugo ndyoheramatwi irasa ku ntego. Umwanya, ahantu, ikibanza, ibishobisho birashobora guhinduka mu kanya isase. Invugo ndyoheramatwi irangwa n’ugukoresha invugo ngereranyo. Invugo ndyoheramatwi ntigaragaza gusa ibishobisho canke ibishika, canke ukwiyumvira ibitaho—invugo ndyoheramatwi irimwo inyigisho zikomeye, yamara twovuga yuko umuntu adakwiye “kuyubakirako cane” (si co kimwe, nk'uburarero, ivyete). Invugo ndyoheramatwi ihagarariye karya gace kari hagati na hagati y’ijambo ryiyumviriwe cane n’uwamogoreye kuvuga amajambo n’ingaruka z’iryo jambo rivuzwe mu buhinga bukomeye, kandi ni kimwe mu nzira Bibiliya ivuga ku bigize ubugingo bwacun’ukubaho kwacu—umutima wacu, ubwenge bwacu (kumenya), ibishika canke ibishobisho vyacu (uko twiyumva), hamwe n’ubushake, ubugombe bwacu (ugukora).

1. Icese, co kimwe n’ikigabane, kigarukira ku nsiguro yaco. Cerekeranye n’iciyumiyo nyamukuru ngenderwako. “Invugo ndyoheramatwi yo muri Bibiliya ntifpa gutorwa gutyo ku gihamana, si imirongo ipfa gushirwa hamwe, yamara ifise insiguro nziza yuzuye yubatse mu buryo kanaka” (Wolvaardt 2005: 153).

2. Nkuko agace ngenderwako k’urufatiro mu kwhiweza inyandiko zisanzwe ari imirongo igize igice gifise insiguro yikwije, igice ngenderwako kigize ikigabane twofatirako mu gusigura invugo

ndyoheramatwi ni urukurikirane rw'imirongo kanaka. Iyo mirongo kanaka igize insiguro ikwiye yuzuye ni imirongo igize agace ko mu cese. Nk'uburorero, muri **Zaburi 1** imirongo ya 1-3 igize agace kamwe; imirongo 4-5 akandi gace; kandi umurongo wa 6 ni agace ka nyuma.

3. Ikintu ca mbere cerekana imvugo ndyoheramatwi mu rurimi rw'Igiheburayo ni ukubangabanganwa. Uburyo iyi mvugo ibonekamwo ni amungane magufi agizwe n'uduce tubiri [A na B, vyitwa "imirongo ibiri"], irungane rya kabiri rikaba risa mu buryo kanaka n'irya mbere (rimwe na rimwe imvugo ndyoheramatwi y'Igiheburayo ikoresha umurongo umwe ["umurongo umwe"], canke imirongo itatu ibangabanganye ["imirongo itatu"]). Ubwoko bukuru bw'ukubangabangana bugizwe n'ibi bikurikira:

- a. *Ibantu bivuga kimwe* (mu yandi majambo, imirongo A na B irasa cane, canke igasa mu vyo ishikiriza)—A: *Uhoraho ni igitandara canje, n'ubuhungiro bwanje, n'umurokozi wanje*, B: N'Imana yanje, n'igitandara canje gikomeye, ni we nzohungirako (**Zab 18:2**).
- b. *Ibantu bivuga ibinyuranye n'ivyari bihejeje kuvugwa* (mu yandi majambo, umurongo wa kabiri uvuga ibinyuranye n'ivyo uwa mbere wavuze)—A: *Kuk'Uhoraho azi inzira y'abagororotsi*, B: *Arikw inzira y'abanyavyaha ijana mu mahonero* (**Zab 1:6**).
- c. *Impfunyapfunyo* (umurongo wa kabiri wongerereza iciyumviro cavuzwe mu wa mbere)—A: *Kuk'Uhoraho ari Imana ihambaye*, B: *N'Umwami ahambaye asumba ibigirwamana vyose* (**Zab 95:3**).
- d. *Biteye amadidane* (mu yandi majambo, umurongo umwe ushikiriza ukuri uwundi na wo amadidane canke ikigereranyo)—A: *Hahirwa ugira neza, akagurana abandi, agakora ibikorwa viwe uburyo butunganye*; B: *kukw atazokwigera anyiganyizwa* (**Zab 112:5**).

4. Ibangabanganwa ni imvugo ahanini igize Zaburi zo mu Giheburayo, imigani, gucura intimba, Imihezagiro, imivumo, amasengesho, mbere n'ivyagezwe vyinshi hamwe n'amajambo. Ni co gituma bitiziziye ibitabu "vy'abavugishwa n'Imana gusa, canke ibitabu bivuga ku "buhanuzi" gusa. Raba uburorero, **Yes 64:8**—A: *Ariko noneho, Uhoraho, uri Data wa twese*, B: *tur'ibumba, nave uri umubumvyi wacu*, C: twese turi igikorwa c'intoke zawe (raba neza bigizwe n'uduce dutatu).

5. Kubera yuko ibangabanganwa ari ikigize imvugo y'Igiheburayo, turayisanga kandi no mw'Isezerano Risha. Raba, uburorero, **Mat 7:17**—A: *Nukw igit iiza cose cama ivyiza*; B: *kandi igit kibi ntigishobora kwama ivyiza*. **Mat 11:30**—A: *Kukw ingata yanje itababaza*, B: *n'umutwaro wanje uhwahutse*.

6. Zaburi si ukwegeraniriza hamwe amazaburi yabonetse ku gihamana:

- a. *Zaburi zatunganijwe mu "bitabo"bitanu: Igitabu ca I—Zaburi 1-41; Igitabu ca II—Zaburi 42-72; Igitabu ca III—Zaburi 73-89; Igitabu ca IV—Psalms 90-106; Igitabu ca V—Zaburi 107-150.* Igice cose kimenyekanira ku majambo makeya akibanziriza (Ishimwe k'Uhoraho, ku Mana) ni ryo ryugara igitabu kimwe kimwe uko ari bitanu.
- b. *Ayo mazaburi yashizwe hamwe bafatiye ku kintu nyamukuru ashikiriza, canke ku bwoko bw'ayo mazaburi, harimwo mbere amazaburi y'ugucura intimba:* (uburorero, **Zaburi 3-7; 9; 12-13; 17; 22; 25-28; 31; 38-40; 42-44; 51; 54-58; 60; 69-71; 79-80; 90; 94; 120; 130; 137; 139; 142); Gukenguruka (uburorero, **Zaburi 18; 30; 32-34; 40; 65-67; 75; 92; 103; 107; 116; 118; 124; 129; 135-136; 138); Gutazira Imana (uburorero, **Zaburi 8; 19, 66; 100; 103-104; 113; 117; 146-150); Ubwenge (uburorero, **Zaburi 1; 36-37; 49; 73; 119; 127-128; 133); Ubwami (uburorero., **Zaburi 72; 89; 93; 95-100); gutaka (uburorero, **Zaburi 7; 12; 35; 40; 52; 55; 57-59; 69-70; 83; 109; 137; 140); zivuga ivya Mesiya (uburorero, **Zaburi 2; 22; 69; 110).**************

### C. Inyandiko, imvugo z'ubwitonzi, z'ubwenge

1. "Inyandiko z'ubwitonzi, z'ubwenge" zo muri Bibiliya (**Yobu, Imigani, Umusiguzi**) zivuga ku kuri kw'ibiba mu buzima turimwo, yamara zikaraba ku buzima, ku bugingo mu buryo bunyuranye n'ubw'ukugene "ubwenge bw'imico yacu" bubibona. Ubwenge bwo mu mico butangurana n'ububasha—uburenganzira, ukwidgemvya, ibiti, ivyubahiro, inyungu zivanye n'ico umuntu ari co. Ubwenge bwa Bibiliya butangurana n'Imana—gutumbereza amaso no kwizigira Imana nk'uko ari yo itanga inzira ija mu bugingo. Ubwenge bwa Bibiliya bwiyumviriwe kugira ngo buduhe ubwenge burengeye ivyiyumviro twahora twiyumvira mu mico yacu mu buzima bwacu: hariho uburyo bugaragara butwinjiza mu mvugo z'ubwitonzi mu nyandiko z'ubwenge, yamara ubwo buryo bugaragara bwubakiye ku kubona ubugingo bwacu mu migenderanire n'Imana n'uko kandi bukomoka ku Mana. Inyandiko canke ibitabu vy'ubwenge, ubwitonzi birengeye imico y'ighugu kimwe (binashobora kutugora gushira mu ngiro ighihe imico yacu yatugize inyagano). Bitegerezwa kuba imfashanyo yo guhindura no guhingura ubugingo bwacu. Mu vyanditswe vy'ubwenge dutegerezwa ubwa mbere gutunganya ubugingo bwacu, imishaha yacu, si ubwenge bwacu dukwiriye kubanza gutunganya. Ivyanditswe vy'ubwitonzi, vy'ubwenge vyerekana ivyo abantu bacamwo hamwe n'ibishobisho

vy'abantu kenshi na kenshi uhoreye ku kugene "umuntu wa mbere" yavyifashemwo, abibona. Mw'Isezerano rya Kera n'Isezerano Risha, inyigisho imisi yose zimatanje, zishirwa hamwe n'ugukura mu bwenge. Inyandiko canke ibitabu bivuga ku bwenge canke ubwitonzi bidufasha gukura mu kwishikanira Imana, mu ngeso hamwe no mu kibano.

2. **Imigani** ni "inyandiko z'ubwenge" mu bwoko bw'imvugo ndyoheramatwi. Imigani ni imvugo y'ubwenge, ibintu bivuzwe mu bwenge yerekana ibintu muri *rusangi* ari ivy'ukuri mu buzima. Si amasezerano, si ubuhanuzi, si ikintu wotangako ingwati, canke amategeko. Hariho ikosa abantu benshi bakora mu gusigura—*kubera yuko batabanza kuraba ubwoko bw'igisomwa ubwo ari bwo*—ni ukubona imigani nk'amasezerano simusiga y'Imana ku bizera b'uyu musi. Nk'uburorero, **Imig 22:6** havuga hati, "*Toza umwana indero akwiye kwamana, azorinda asaza atarayivamwo.*" Ivyo vyiza canke iyo ngaruka irakunda gushika, kandi abavyeyi bategerezwa gutoza indero nziza abana babo mu nzira y' Imana. Yamara, kenshi na kenshi ibihe vyinshi abantu bahereza ku kugarariza nubwo baba baratojwe "inderon'z'ukugene bakwiye kwigenza" Ikibabaje, **Imig 22:6** ntishashiraho itegeko yuko bizotegerezwa kuba uko bivuzwe, kugenda uko bivuzwe (ni umugani gusa). Myinshi mu migani ikoresha uburyo bumwe canke ubundi buryo bw'ukubangabangana. ivyongeyeko, ntibipfa gutorwa canke kuvugwa mu buryo bwa gihurudutsi kandi ntipfa gupangwa, yamara ishirwa hamwe hafatiwe ku kintu kanaka, canke ku bintu bifitiyiye isano haba mu majambo canke mu majwi. Kumenya ibiriko biravugwako, imigwi n'ukugene iyo migani ipanzwe, aho kuyirabisha amaso nk'uko yoba idafise ico ihuriyeko, birashobora kudufasha kuiyaha agaciro ikwiriye, kandi no kuyitahura.

#### D. *Ubuhanuzi n'ivyahishuwe*

Ubuhanuzi burashobora kuba igice kinini kigoye kurusha ibindi vyose gusigura muri Bibiliya. Impamvu zibiri zituma bigora gusigura ubuhanuzi ni ukudashobora gukoresha amahame y'ugusigura Bibiliya tuja twarashize ahabona muri ibi twakoze aha hejuru, kandi no kudatahura ubwoko bw'ubwo buhanuzi ubwabwo.

1. Ibifatirwako, ivyariho igihe ubwo buhanuzi bwavugwa na kamere k'abahanuzi bo muri Bibiliya.

a. *Isirayeli yabayeho mu ikikujwe n'abapagani.* Amadini yose y'abapagani agerageza *kubesha no guhenda abantu.* Ni uburyo bw'abantu bwo gusigura isi, kwironderera ikibanza muri iyo si, kandi no kubaho bafise intumbero. *Ubupfumu, kuraguza* ni ukugerageza kumenya ingene kazozka kazoba kameze; *maji* ni ukugerageza kurondera ukurengera abandi mu gukurikiza imigirwa n'ivyihankirizwe vyatongerewe. Mu buryo bunyuranye n'ubwadini y'amahanga, Imana yahaye Isirayeli *uguhishurwa kwayo*, hanyuma ishiraho *isezerano* hagati yayo na bo. Dufatiye kuri ibi, Imana yashizeho Abavugishwa n'Imana biciye muri Mose. Biciye mu guhishura kw'Imana, Isirayeli yategerezwa kubaho mu *buryo bunyuranye n'imico kama yagenga* abandi bantu.

b. *Akamere k'abavugishwa n'Imana bo mw'IK.* Umuvugishwa n'Imana, umuhanuzi yategerezwa kuba: umuntu w'Imana; Ijwi n'icabona c'Imana; umushumba w'Imana; kandi yishikaniye Imana. Yategerezwa kuba ijwi ry'Imana, mu buryo bunyuranye n'ukw'abantu bumva ijwi ry'abandi bantu. Muri ubwo buryo nyene, yakora nk'uwerekana ibitagenda neza mu muco kama wabo, mu buryo bunyuranye n'uko abandi bantu bigenza mu vy'intwaro.

c. *Kahise k'ico gihe barimwo, ivyariho ico gihe/imico yariho.*

(1) Abavugishwa n'Imana bakoresha ijambo ry'Imana mu bihe vy'ingorane mu buryo bw'imigenderanire y'isezerano hagati y'Imana n'abantu bayo. Igikorwa nyamukuru c'abavugishwa n'Imana bo mw'Isezerano rya Kera *ntikwari* ukubura kazozka. Ahubwo, abavugishwa n'Imana bose bari bafise ubutumwa n'igikorwa kiri ubwoko bubiri: (A) Baburira abantu b'Imana ku ngaruka zo kutumvira inzira z'Imana bakoresheje *imburi z'ibihano*; na (B) Bahamagarira abantu kugaruka ku bwizigirwa bakoresheje *amajambo, imburu z'ivyizigiro n'agakiza.* (VanGemeren 1990: 78-79) Ni co gituma, ubuhanuzi bwa Bibiliya bwo mw'IK bwari bufise akamaro muri kahise ka kiriya gihe kubu no muri kazozka.

(2) Abavugishwa n'Imana bose bo mw'IK bari barajwe ishinga n'ukw'abantu bahindura ingeso. Ubutumwa bwabo bwari, "ni mwakora gurtya, nta nkeka ibihano bizoza; ni mwakurikira Imana, Uhoro, hazoza imigisha." Bimeze birtyo, vyinshi mu buhanuzi bwo mw'Isezerano rya Kera "bwari bufise ico buhekeyeko" ku kwihana kw'abantu no guhindura ingeso mbere naho ubuhanuzi bwaboneka ko ataco buhekeyeko (Raba Yona 3).

(3) Mu buryo bwa kahise umuntu arashobora kubona ukwimuka mu gushimikira ku buhanuzi inyuma yuko Isirayeli yambukanywe i Babuloni. Imbere yuko bajanwa ari

inyagano, abavugishwa n'Imana bashimikira ku kutagondwa izosi n'ubugarariji bw'Abisirayeli. Inyuma y'ukwambukanwa ari inyagano, ugushimika kwimukiye ku ruhara rw'abantu b'Imana mu gutegura ukuzoshingwa, ukuzoza kw'ubwami bw'Imana. (VanGemeren 1990: 213-14)

d. *Ukugene babishikiriza*. Abavugishwa n'Imana (Abahanuzi) ahanini bari imvuzio zikoresha kuvuga; ubuvugishwa bwaca mu nyandiko bwari ubugira kabiri, ntibwari ubwa mbere canke ntibwafata ikibanza ca mbere. Ibitabu vyerekeranye n'ubuhanuzi, n'ubuvugishwa bw'Imana birimwo, bigizwe n'ivyegeranijwe vyinshi vy'amajambo yavuzwe atashikirijwe mu buryo bw'uko yagiye arakurikirana mu bihe, canke mu rutonde yashikirijwemwo. Imvugo ngereranyo kenshi na kenshi bakoresha yari ifatiye kw'ishusho n'ibigereranyo vyari biriho mu muco wabo bwite, bari bazi.

2. Bashimikira ku Mana, ntibashimikira ku vyariko biraba. Ubutumwa bw'ubuhanuzi bugizwe cane n'“*ukuvuga ivyerekeranye*” n'ijambo ry'Imana, kurusha kuvuga ibijanye na *kazoza* bitaraba. Intumbero y'ubutumwa bw'ubuhanuzi canke bw'abavugishwa n'Imana ni Imana. Ni co gituma, *ugushitswa* kw'ukuvugishwa kuryamye mu Mana, ntikuri mu vyabaye. Kubera rero ugushitswa kwibereye mu Mana, Imana iridegemvya mu gushitsa ijambo ryayo, *uko biri kose n'igihe cose* aho ibigombeye. Imana ntishushanywa n'ivyo twitega nk'abana b'abantu. Nk'uburorero, abavugishwa n'Imana ntibigeze bavuga ku vyerekeye Imana izoza yambaye umubiri, yamara ahubwo bavuze kuri Dawidi canke uruvyaro rwiwe (uburorero, **Yes 11:1; Yer 30:9; Ezk 37:24**). Naho biri uko, Imana yariziriye yambaye umubiri, kandi ubwami bw'Imana bwagaragariye mu muntu Yesu Kristo mu buryo abavugishwa n'Imana bo mw'Isezerano rya Kera batashobora kwiyumvira (raba **Mariko 1:15; Luka 17:21; Mat 16:19** [raba kandi **Yes 22:22**]). “Ababifata urudome ku rundi bo mu gihe ca Yesu nibo babona ko bigoye kwizera ko ugushitswa kw'ivyo bari biteze kubonnekera muri Yesu. Abo barondera ukubohorwa guciye mu ntambara no mu vya politike kwa Mesia, ibinyuranye n'uko Dawidi yabikoze, barananiwe kubona ko Yesu yarafise vyinshi, si bike, birengeye ivya Dawidi vyo kubashikiriza. Abo bamwagirije mu gihe yariko arasamba imbere ya Pilato ntibashobora kurengera ugutahura mu buryo bw'urudome ku rundi ivyo yavuze ko mu misi itatu azokwongera kwubaka, no guhagarika Urusengero rwari rwabaye umusaka (Matayo 26:61; gereranya na Yohana 2:18-22).” (Travis 1982: 139) ntituzi ingene amasezerano y'Imana azoshitswa mu buryo bugaragara muri kazoza. “Niyo twemeza yuko ubuhanuzi bwa kera bushobora gushitswa mu buryo tutabwitezze canke mu nzira tutabwitezemwo, vyerekana yuko tudashobora gukoresha ubuhanuzi nk'ido n'ido ry'ukugene bizogenda muri kazoza. Turashobora kubona ibangabanganwa mu buryo busanzwe hagati y'ibihe umuvugishwa n'Imana yarimwo n'ivyo turimwo, yamara; dutegerezwa gusigaza ikibanza c'ibitandukanye tutarabona.” (Green 1984: 105)

3. Ugushimika guhagaze ku kugene ibantu vyubatse no ku bintu nyamukuru. “Ubuvugishwa canke ukwerekwa ivyerekeranye n'ibihe vy'ihereo mu bisanzwe bifatanye n'ibantu bikurubikuru hamwe n'amajambo y'urufatiro kurusha ku guhagarara ku kugene ibantu bizogenda bikurikirana kimwe ku kindi (nk'uburorero raba, Dan 7:8-27; 8:9-26; Ivyah 16-19)” (Oropeza 1994: 195n.10). Kubera ko ubutumwa bwabo bwari bukubiye mu bintu bibiri (igihano n'agakiza), mbere naho abavugishwa n'Imana bavuze ku vyago kanaka bizwi, hariho ibantu bisa abo bavugishwa n'Imana bose basangiye, bahurizako. Ivyo na vyo ni nk'ibi: Isezerano ry'Imana n'abantu bayo; ko Imana igerereye mu bantu; Imana nk'Umwami; Mesia w'Imana; Umusi w'Uhoraho; ubwami bw'Imana; Mpwemu w'Uhoraho. Abanditsi b'Isezerano Risha babonye ivyanditswe n'abahanuzi, abavugishwa n'Imana bo mw'Isezerano rya Kera ubwa mbere nk'ibantu vyashikijwe mw'Isezerano Risha. Ni co gituma, nk'uko Rakeli yarize igihe yajanwa ari inyagano, yambukanwa ajanywe Babuloni mu kinyago( ivyo tubibona tubisoma muri **Yer 31:15**), ni ko na Rakeli yonje ye kurira igihe Herode yica abana (ivyariko biraba muri **Mat 2:18** aho Matayo yabura, asubiramwo ubuhanuzi bwa Yeremiya). Dukeneye kuraba ivyo bintu bikurubikuru n'ukugene ibantu vyubatswe. Muri vyo, ni ho dutangura kubona umutima w'Imana.

4. “Ibihoboka” mu buhanuzi. Nk'imburi y'ugucirwakw iteka n'imburi y'agakiza, ubuhanuzi bufise intumbero y'ukugarukana abantu ku ngeso nziza no ku nyifato nziza. Ingaruka z'ivyo ni izi: “Ico Bibiliya ivuga canke ibona ku buhanuzi ni imburi canke ivyo ubuhanuzi bavuga ko bizoba si itegeko ngo bizobe, si itegeko ngo bizoshike uko nyene vyavuzwe. Ahubwo imburi y'akaga n'ivyago bizoba ni ukuvunira akagohe abantu kugira ngo bafate ingingo canke babuze ko ako kaga kazobatwara agatwe, baking ako kaga n'iz ngorane baja baburiwe. Muri ubwo buryo nyene imburi canke ukwemererwa imigisha ni ugutera intege abantu, ni uguhumuriza abantu, kugira ngo bashobore kwihangana mu vyo baba bariko baracamwo.” (Ford 1979: 99n.72) Imana ntiguma ihagaze ahantu hamwe, si inkomezi z'ikintu. Ahubwo, dukoresheje imvugo y'abantu, Imana ikorera ku vyo abantu bahisemwo ku kugene bigenza ku mategeko n'ivyo yashinze, vyashizwe ahabona n'Abavugishwa bayo. Ivyo tubibonera

nk'uburorero, mu kugene Imana yahinduye "umugambi wayo" igihe Mose yatakambira ubwoko bwa Isirayeli inyuma yuko Imana yari imaramaje kubarandura bose (Kuv 32:9-14), hamwe no mu kutarandura Ninewe igihe Ab'I Ninewe bari bamaze kwihana bakambara amagunira (Yona 3:1-10). J. Barton Payne ashira hamwe kamere k'ukudahinduka kw'Imana n'ukugene abantu bifata ku vyo yashinze muri ubu buryo bukurikira: "Si uko ivyo Imana yashinze, ivyagezwe n'ivyo yihanikiriye canke kamere kayobihindagurika; ariko ni kubera ukudahinduka kw'akamere kayo k'Imana gakeneye ugushira mu ngiro kw'ibintu vyinshi binyuranye dufatiye ku guhinduka nk'ukwo kugaragazwa n'abantu bahindagurika. Ubuhanuzi mu buryo budasanzwe bwashizweho n'Imana kugira ngo bugire ico buhindura ku ngeso z'abantu no ku nyifato zabo kugira ngo Imana ibagondoze bahindukire babe mu murongo w'ivyo ijuru rishaka, ryipfuza, mu murongo w'ukwera kw'Imana. Hamwe rero abantu borondera kwemera ivyo Imana ibemerera n'ivyo yabategekaniriye vyera bigororotse . . . uguhinduka guca kutaba ugushoboka gusa ahubwo kuba ngombwa, nta kuntu kutokunda." (Payne 1980: 62)

Imana yamenyesheje iryo hame muri **Yer 18:6-11; 26:12-13; Ezek 18:1-32; 33:10-20**. Rimwe na rimwe ukugene ubuhanuzi bwubabatswe kuravugwa neza atagucisha iruhande: Uburorero, **Yer 38:17-18; 42:7-17; Ivyak 27:21-44; Rom 11:17-24**. Rimwe na rimwe ubuhanuzi buba ata gisabwe ukiburaba, yamara ukugene Imana imeze n'ukugene abantu bavyitabira, bitanga ukugene ubwo buhanuzi buzoshika n'ubwo bitaba vyavuzwe: uburorero, **Kuv 32:9-14; Yes 38:1-5; Yona 3:1-4:2; Mat 19:27-28** (isezerano yesu yagiraniye n'Abigishwa cumi na babiri ko bazocira imanza amoko cumi n'abiri ya Isirayeli yashizemwo na *Yuda*). Abasoma uyu musi bafata "ko ari ivyanditswe, ko vyatategerezwa gushika kenshi na kenshi babona ko iyo mvugo yerekeranye n'Abisirayeli ko mu misi yabo bo bayitahura ntibayihe insiguro nk'io tuyiha uyu musi" (Ford 1979: 75). Yamara, abantu bo muri Bibiliya ntibigeze bafata ivyo Imana yavuze nk'uko ata kundi bitegerezwa kugenda uko nyene nk'uko boba ata ruhara babifisemwo, canke ataco bobikorako. Ukugene bifata hamwe n'ivyo bakora ku buhanuzi baba babariwe kurashobora kwigizayo ivyo vyahanuwe canke kubinaryutsa (**2 Aba 22:14-20; Hab 2:2-3; 2 Pet 3:8-12**). Muri **1 Sam 23:10-14** Dawidi yarakinze ivyo Imana yari yamuhihuriye mu gufata ingingo y'ubwenge, no mu gukora mu bwenge, no mu kwiyubara. Mu **Vyakozwe n'Intumwa 21:10-14** "Incuti, abagenzi b'abakristo ba Paulo ntibafashe ubuhanuzi [bwa Agabo] nk'uko kwoba ata kundi butegerezwa kuzoshika. Ahubwo babufashe nk'ukugabishwa aho ivyo vyago bishobora kwirindwa." (Ford 1979: 99n.72)

5. Ubuhanuzi bwubakira ku bwavuzwe imbere yabwo. Amasezerano y'Imana arakura kandi agashikirizwa aciye mu kanwa k'abavugishwa n'Imana babuhindagura biciye mu kugene babutangaza, babushikiriza mu buryo bw'imburu, ibihano n'agakiza. Ibi bikurikira ni uburorero bubiri bwerekana ingene ubuhanuzi bwagiye burakurikirana mw'Isezerano rya Kera ubwaryo:

a. *Isezerano ry'Ighugu mw'Isezerano Imana yasezeraniye Aburahamu (raba Ita 12:1-3)*. Ibintu vyose bigize Isezerano Imana yagiraniye na Aburahamu ("Isezerano rya Aburahamu") vyagiye biratunganywa bigororwa uko ibihe vyagenda bikurikirana. Ku vyerekeye isezerano ry'"ighugu", ighugu ubwa mbere nticari caratomowe (**Ita 12:1**). Ubwa mbere cari catomotse kuringanira, bifatiwe k'uko Aburahamu yabibona, yabitegera (**Ita 13:14-15**), hanyuma ico gihugu kivugwa hakoreshejwe imbibe (**Ita 15:18-21; 17:8**), kandi ubwa nyuma ico gihugu kivugwamwo imvugo yumvikana yuko "uruvyaro rwawe ruzokwegukira amarembo y'abansi [mu mvugo yumvikana 'biwe'] babo" (**Ita 22:17**). Isezerano rya Kera rivuga yuko ighugu c'isezerano ryashikijwe mu buryo bugaragara n'imiburiburi incuro zibiri (mu gihe ca Yosuwa [**Yes 21:43-45**] hamwe mu gihe c'intwaro ya y'umwami Salomo [**1 Abam 4:20-21**]). Yamara, kubera ukutagondwa izosi n'ukutumvira kwa Isirayeli, baravanywe muri ico gihugu, ari na co gituma iryo sezerano ritigeze rishtswa mu gihe c'Isezerano rya Kera. Ico gihugu cagumye citeganywe igishika, kandi ukugisubizwamwo kwari kwasezeranywe igihe bari inyagano (raba **Ezek 20:1-44**). Iryo sezerano ryongeye gushitswa agace mu buryo bugaragara inyuma yuko bavuye mu kinyago.

b. *Isezerano rya Dawidi (2 Sam 7:12-16)*. Yeremiya yibutsa, avuga amasezerano Natani yagiraniye na Dawidi ku vyerekeye Umwami azokomoka kuri Dawidi n'ubuherezi bukomoka ku balewi, kugira ngo yemeze abajanywe ari inyagano ko Imana izobagarukana mu gihugu cabo (**Yer 33:19-22**). Yeremiya kandi yubakira ku buhanuzi bwavuzwe na Yesaya ko igishitsi kigororotse kizokomoka mu muryango wa Dawidi kandi yongerako yuko abaherezi batazokwigera Babura umuntu wo kuzotanga ibimazi imbere y'Uhoraho (**Yer 33:14-18**; cf. **Yes 11:1**).

6. Imvugo y'ubuhanuzi. Abavugishwa n'Imana bo mw'IK bavuga bakoresheje imvugo yari isanzwe

iriho, kandi bakoresha amajambo bari basanzwe bamenyereye kandi yari afise ico asigura kubabumviriza. Abavugishwa n'Imana bo mw'Isezerano rya Kera bavuga ku bwami bwa Mesiya buhoraho bakoresheje imvugo kandi bafatiye ku vyari bisanzwe bizwi bishimikije ivyarik biraba muri Isirayeli. E. F. Kevan yabivuze neza ati “Mu vyo bavuga vyose kuvyerekeye Ubwami bw’Imana, mbere n’igihe baba bariko baravuga ku kuri kw’ivy’Impwemu n’ivy’ubwiza bwabwo, amajambo abavugishwa n’Imana bakoresha ni amajambo igihe cose yerekeye ubwami bw’Imana mu buryo bari bazi mu gihe barimwo, mu gihe cabo” (Kevan 1954: 24). Ni co gituma, bakoresha imvugo ngereranyo y’ingoro hamwe na Siyon kandi bavuga ku bwami bakoresheje umwami aboneka azokomoka mu muryango wa Dawidi, yicaye ku ntebe y’ubwami ku kirimba i Yerusalem. Ibi rimwe na rimwe vyitwa “imvugo y’ubuhanuzi” (Irons, “Imvugo y’ubuhanuzi,” audio mp3).

Mbere no mw’IR, igihe Imana yahishura ugushitswa kw’ubuhanuzi bwo mw’IK kandi n’igihe abanditsi bo mw’IR bavuga ku kuzoshitswa nyakuri kw’integuro y’Imana, bakoresha imvugo abantu b’ico gihe batahura. Nk’uko Steve Lehrer abivuga, “Igihe Imna yakoresha Abavugishwa n’Imana kugira ngo basigure ugushitswa mu vy’impwemu kw’integuro y’Imana mw’Isezerano Risha, Imana yahisemwo gukoresha imvugo y’ibigereranyo n’ivyijiji. Yariko iravuga, isigura Isezerano Risha ikoreshheje imvugo yo mw’Isezerano rya Kera. Yerekeza ku ntumbero y’ivy’imwemu y’integuro y’Imana mu buryo bugaragara kandi bwumvikana bw’uko ibigereranyo bigaragara n’ivyijiji yakoresha vyagira ico bivuze, bisiguye ku bantu b’ico gihe.” (Lehrer 2006: 85) Mu burorero bw’ivyo harimwo: Yesu agereranya umubiri wiwe n”urusengero” (**Yoh 2:18–22**); Ishengero ryose rifatiwe hamwe rwitwa “urusengero” canke “ihema” mu ba **1 Kor 3:9, 16–17; 2 Kor 6:16–7:1; Ef 2:21; 1 Pet 2:5; Ivyah 3:12; Ivyah 13:6**; Paulo akoresha imvugo yo mw’Isezerano rya Kera y’ibimazi vyoshejwe kugira ngo avuge ku mahera yahawe yo gufasha, gushigikira igikorwa yakora (**Flo 4:18**; raba **Kuv 29:18**); mu Vyahishuriwe Yohana abarongozi b’amahanga yo mu misi y’iherezo bavugwa ko ari “abami” (uburorero, **Ivyah 16:14; 19:18**); kandi ko abazana ivyo vyago bagereranywa n’ifarasi, abayigenderako bafise ibirwanishwa via kera n’ibikoresho vy’ingwano via kera (uburorero, **Ivyah 6:2, 4, 5, 8; 9:7, 9, 17**).

7. Ugushitswa atari ukwo mu buryo bugaragara. Kubera intumbero z’Imana ziyerekanira mu gukorana n’ivyo abantu bahitamwo hamwe n’ibiba biriko biraba, ubuhanuzi si ibihe vyose buboneka, bushika mu “buryo bugaragara.” Intambuko hen Travis atanga uburorero k’ivyo: “Yeremiya na Yesaya bahanuye, bavugishwa yuko Babuloni hazokomvomvorwa n’Ubwami bw’Abamedi (Yeremiya 2:11, 28; Yesaya 13:17), na Yesaya avuga mu buryo bugaragara ugukomvomvorwa kwa Babuloni n’ukugene abantu baho bazokwicwa ata kigongwe (Yesaya 13:14-22). Yamara mu vy’ukuri Babuloni haneshejwe n’ubwami bw’Ubuperesi, bari banesheje Abamedi imbere yuko bafata, batsinda, banesha Babuloni. Kandi Babuloni yishikanye batabanje kurwana. Ico gisagara nticasanganguwe, kandi cabandanije kubaho, kibamwo abantu. Ni co gituma, ubuhanuzi bw’isangangurwa rya Babuloni tbwashitse igice, Atari mu buryo bwari bwavuzwe. Muri ubwo buryo nyene, Yesaya 10:28-34 havuga ku kugene Abashuri bazotera, avuga mu buryo bugararagara nk’uko yoba ariko arabibona ingene bizogenda, akavuga ingene ingabo za Ashuri zizoza zivuye ruguru zigashika n’epfo zifata igisagara ku kindi bahereye mu misozi bagaca i Hayi, Geba, Gibeya, Anatoti hamwe ni Nobu gushika ku musozi Siyon ubwawo. Mbere, igihe Senekaribu yaza azananye ingabo zije gutera yazananye inkengera y’ikiyaga gushika yegereye i Yerusalem aciye mu buraruko.” (Travis 1982: 28, 137-38)

8. Ibihebihinduka n’ukugene bushika. Ubuhanuzi bwari bufatiye ku bintu kanaka vyo muri kahise, canke vyariko biraba; ni co gituma, ibihebihindutse vyagira ingaruka ku kugene ubwo buhanuzi bwashitswa. Harabayeho ibihebihinduka mu bihugu kandi mu kanya gato bihindura imibereho y’abantu guhera igihe ubwo buhanuzibwo mw’Isezerano rya Kera bwari bwarahanuwe. Igifise akamaro kuruta, ukuza kwa Yesu Kristo kwahinduye “ivyo biyumvira ku Mana” mu buryo bwinshi. Ibi bisigura yuko, naho hari ibantu vyinshi bisa n’ivyo n’amahame menshi yaciye mu bavugishwa n’Imana, Imana yo ntiyigeze ihinduka, ntidushobora kwitega ko hari ubuhanuzi bwo mw’Isezerano rya Kera butashikijwe ko buzotegerezwa gushitswa nk’uko abantu bavyitega uko nyene (mbere n’abavugishwa n’Imana ubwabo) babona ko bizogenda. Travis asigura avuga ati: “Kubera ubuhanuzi buba bufatiye ku kintu kanaka kiba kiriko kiraba, kiba kiriho, bukoresha imvugo ijanye n’ibiriko biraba. Aburahamu yasezeraniwe Ighigu. Impunzi, abajanywe ari inyagano bavanywe muri Yerusalem hacitse umusaka basezeraniwe Urusengero rusha (Ezekiyeli 40-48). . . . Kandi ni kubera ubuhanuzi buba buriko buravuga ku kintu kanaka kandi ico kintu kimaze gushika, (nk’uburorero, ugutahuka kw’impunzi, ugusubira mu gihugu kavukire inyuma y’ikinyago), ntidushobora guca dukoresha ubwo buhanuzi ido n’ido ku bindi bintu, ku kindi kintu kizoba muri kazosa (nk’uburorero, ibihugu via Asiya vyo mu buseruko). Yamara turashobora kwerekana ukubangabanganwa mu buryo busanzwe, nk’uko Isezerano Risha ribigenza,

hagati y'ico kintu umuvugishwa n'Imana yariko aravugako na Isirayeli yo muri iki gihe,' Ishengero. . . . Kubera yuko uburyo ubuhanuzi bushikirizwa bsisunga ibiba biriko biraba, ntidukwiye gutangazwa n'uko bishitse gatoyi ariko atari mu buryo vyari vyitezwe. Dufate akanya gatoyi twerekane ingene vyogorana ko ubuhanuzi bumwe bumwe twovuga ko bwashitse mu buryo bwari bwitezwe. Nk'uburorero, hariho ubuhanuzi bwo muri Yesaya bw'igihe Ashuri, Egiputa na Isirayeli bizobana vyumvikana ata wandyawangura kandi bikazoba umugisha kw'isi yose (Yesaya 19:19-25). Uyu musi Ashuri ntihakibaho nk'ihanga, kandi abantu bensi baba muri Egiputa nta co basha basana mu vyerekeye amoko, urukoba n'abantu baba muri Egiputa mu misi y'ubuhanuzi bwavuzwe muri Yesaya. Ubuhanuzi nk'ubwo ntivyroshe ko bushika nk'uko abantu bari bavyitez, urudome ku rudome, ata gihindutse uko vyanditswe, n'ubwo bishobora kuba ikigereranyo c'amahoro hagati y'Abayahudi n'abanyamahanga bishoboka kubera Kristo (raba Ef 2:11-22), canke imigenderanire myiza twokwiyumvira hagati y'abantu bose b'amahanga yose mu bwami bw'Imana." (Travis 1982: 136, 138)

**9. Ingaruka zikomeye z'ubuhanuzi bwo mw'Isezerano Risha canke Isezerano rya Kera.** Insiguro yuzuye y'igisomwa ico ari co cose canke ubuhanuzi irashobora kuba iyidasobanuritse neza kiretsse Bibiliya yose n'urugero rwo gucungura rwa kahise bifatiwe hamwe. Dennis Johnson aravuga ibi neza: "Gusoma Bibiliya ufatiye ku vyariko biraba n'ibizungurutse ivyariko biraba canke ivyariko biravugwa nk'ijambo ry'Imana hategerezwa kuba harimwo canke hafatira ku vyariko biraba ku gisomwa ico ari co cose kandi dufatiye no ku co Bibiliya ivuga mu buryo rusangi" (Johnson 2007: 156). Isezerano Risha rirafise ingaruka zikomeye ku buhanuzi bwo mw'Isezerano rya Kera. Mu bisanzwe, umuntu arashobora kuvuga yuko Isezerano Risha rihingura ubuhanuzi bwo mw'Isezerano rya Kera kandi ko Isezerano Risha ari ryo risigura neza ubuhanuzi bwo mw'Isezerano rya Kera. Ubuhanuzi ni ikintu gikomeye aho [Isezerano] rya Kera ryari *rihishijwe*, kandi ivya Kera ari Ibisha *bihishuwe*." Ni co gituma, "atari vyiza gukoresha Isezerano rya Kera nk'aho Isezerano Risha ryoba ritarandikwa" (Walker 1996: 313).

a. *Ivyahishuwe bibandanya, bishikwako gato gato.* Graeme Goldsworthy avuga ku kintu gikomeye cerekeye ugutahura Bibiliya, "ntibishoboka ko dufatiye kw'Isezerano rya Kera ryonyene ubwaryo dutahura ibikorwa vy'Imana vyose atakidusovye hamwe n'amasezerasno avugwa mw'Isezerano rya kera." (Goldsworthy 1991: 54) Igituma ni uko IK ryonene ubwaryo ridashobora gushikiriza insiguro yuzuye kubera yuko Imanaya irazatsurira abantu gato gato ibahishurira uko ibantu vyagenda biraba, mu yandi majambo, ukuri kwa Bibiliya ntikwahishuriwe rimwe, yamara kwagiye kurahishurwa buke buke, ikintu ku kindi, uko ibihe vyagiye birakurikirana.<sup>1</sup> Ni co gituma, Isezerano rya Kera ryari integuro y'ubutumwa bwiza, inkuru nziza, ubutumwa bwiza na bwo ni ukugaragaza inkuru nziza; ivyakozwe n'intumwa ni ugukwiragiza ubutumwa bwiza; Ivyete ni uguisigura ubutumwa Bwiza; Ivyahishuriwe Yohana ni ukuzoshitswa nyakuri kw'ubutumwa. Yesu n'abanditsi b'IR barabitahura. Babona Isezerano rya Kera ryose nk'igitabo kimwe kivuga kuri Yesu. Ni we Isezerano rya Kera ryenenako, rihagazeko, rishingiyeko, rivugako, kandi ni na we arishize hamwe<sup>2</sup> kandi ni "uguhishurwa kwa nyuma kandi kwuzuye kwerekeye ivyari vyarasezeranywe." (Goldsworthy 1991: 64).

Kubera yuko Bibiliya yenena ku nkuru ya Yesu Kristo, uwo na we akaba yahishuwe mw'R gusa, abanditsi bo mw'IR muri rusangi rifatira kw'Isezerano rya Kera mu buryo "bw'ivyijiji" (Ramm, 1970: 260-69; Goldsworthy, 1991: 67-69). Isezerano Risha ryerekana yuko Isirayeli yo mw'Isezerano rya Kera nk'ighugu, nk'ihanga hamwe n'amategeko canke ibwirizwa nshingiro ryagenga iryo hanga, imigirwa hamwe n'inzego hamwe n'ubuhanuzi bwo mw'Isezerano rya Kera buryerekeye vyari "ishusho," "ibigereranyo," "ivyijiji," "kopi," canke "uburorero" bw'ivy'ukuri kw'Isezerano Risha vyujuje kandi bikagaragarira muri Kristo hamwe n'ishengero ryiwe.<sup>3</sup> Willem Van Gemeren avuga ati, "Ukuza kw'Umwami wacu kwahinduye vyinshi mu gutahura Isezerano rya Kera. Intumwa zaratahuye ijambo ry'Imana bafatiye ku muco w'igikorwa ca Yesu, ubutumwa yatanga, hamwe n'ugushirwa hejuru kwiwe. Ugutahura kwa kera kw'amajambo ya Mose hamwe n'abavugishwa n'Imana vyatategerejwe guhinduka no guhingurwa dufatiye ku kuza kw'Umwami wacu." (Van Gemeren, 1990: 83)

Edward Young adondora ingene ihingurwa ry'insiguro y'ukuza kwa Kristo dufatiye ku kugene twotahura ubuhanuzi bwo mw'IK: "Ubuhanuzi bwahawwe abavugishwa n'Imana bwari bufise ikintu kanaka buhishije, bungegeje. Buvugwa ko zari indoto, n'ivyo beretswe canke

<sup>1</sup> "Uguhishurwa kugenda kuruguruka buke buke bisigura yuko uguhishura kw'Imana kutaziriye rimwe mu ntango, kwagiye kuruguruka buke buke mu biringo kugeza umuco wuzuye w'ukuri uhishutse muri Kristo Yesu" (Goldsworthy 1991: 64).

<sup>2</sup> Luka 24:25-27, 44-45; Yoh 5:39-40, 46; Ivyak 3:18, 24; 10:43; 26:22-23; 2 Kor 1:20; 1 Pet 1:10-12; Heb 1:1-3.

<sup>3</sup> Raba Mat 5:17; 1 Kor 10:1-6; 2 Kor 3:12-16; Gal 3:23-4:7, 21-31; Kol 2:16-17; Heb 1:1-2; 8:1-10:22.

vyongeye ibantu bisobanye, imvugo zifobetse. . . . Kubera yuko uguhishurwa kwahawe abavugishwa n'Imana kutari gufobotse nk'ukwahawe Mose, mbere, kubera harimwo ibantu bidatahuritse, dutegerezwa kubanza kwiyumvira kuri ivyo bintu igihe cose turiko turasigura amajambo y'ubuvugishwa, y'ubuhanuzi. Dutegerezwa rero kubanza guheba itegeko ry'amafuti ridafatiye ku vyanditswe ryo kuvuga ukuntu vyagenze, vyashikijwe ido n'ido, urudome ku rundi nkuko vyari vyarahanuwe bishobotse.' Ururimi rw'ubuhanuzi rwhahereye kuri Mose kandi ni co gituma rwari ikigereranyo, icijiji. Ni mu muco w'ugushitswa mw'Isezerano Risha ubwo buhanuzi bushobora gusigurwa neza." (Young 1952: 54, 215n.21) Nkuko Steve Lehrer abivuga, dutegerezwa "imisi yose gusoma Ivyanditswe vy" Isezerano rya Kera twisunze, turabiye mu vyanditswe vy'Isezerano Risha" (Lehrer 2006: 177). Ingene IR rishitsa "ibigereranyo" vy'IK hamwe n'amasezerano ntibiboneka neza, ntibihuta biragaragara. Goldsworthy avuga ati, "Ntivyaboneka neza, ntivyagaragara yuko Yesu yashikije amasezerano yo mw'Isezerano rya Kera. Abo bayahudi, Bayuda bari barindiriye ugushitswa kwo mu buryo bw'ukugene vyari vyarasezeranywe mw'Isezerano rya Kera vyarabagoye kumenya ko Yesu yaje kubishitsa." (Goldsworthy 1991: 65–66)

b. *Ukugene ubuhanuzi bushitswa*. Kubera yuko hariho uguhingurwa kw'ukuza kwa kwa Kristo no kwinjira Isezerano Risha, *ukugene* ubuhanuzi bwo mw' IK bushika, canke bushitswa mu gihe co mw'Isezerano Risha nta nkekko ko bunyuranye n'*ukugene* bwashikijwe mw'Isezerano rya Kera igihe ubwa mbere bwavugwa, bwahanurirwa abantu canke bwashikirizwa abantu. Isezerano Risha ryubakira ku vyiyumviro vyo mw'Isezerano rya Kera kenshi mu buryo butangaje. Ibi bifrise ico bivuze canke ingaruka ku buryo bushikirizwa hamwe n'ibigize ugushitswa kw'ubwo ubwo buhanuzi bwo mw'Isezerano rya Kera. David Holwerda asigura avuga ati, "Igihe ubuhanuzi canke ivyo uwavugishwa n'Imana bibaye, inzego zari ibigereranyo canke ivyijiji vy'ivy'ukuri ntibiba bigikenewe. Biba vyimuwe n'ukuri vyari bihagarariye canke ivyo vyari vyaragereranijweko." (Holwerda 1984: 74–75) Goldsworthy yongerako ati, "Ibi bisigura yuko uburyo n'ibigize ugushitswa birengeye kure n'iyo ukugene n'ibigize ayo masezerano ubwayo . . . ugushitswa urudome ku rundi kurimwo ikosa ryo kudashaka kwumva ivyo Isezerano Risha rivuga ku gushitswa kw'ayo masezerano. Abo bashaka ko bishika urudome ku rundi bafatiye ku kugene ubwo buhanuzi bwavuzwe." (Goldsworthy 1991: 65, 67)

Nubwo abo vyabwirwa ba mbere bo mw'Isezerano rya Kera bashobora kuba baratahuye ubuhanuzi mu nzira imwe, aho IR mu nzira imwe canke iyindi rishobora gusigura mu buryo buboneka canke mu buryo bufobetse ubuhanuzi bwo mw'Isezersano rya Kera, si vyiza "kugerageza guhagarara hagati na hagati aho abasuzuma, abavuga, Isezerano Risha [barabira mu buhanuzi bw'Isezerano rya Kera] bavyemeza, yamara ugutahura [ubuhanuzi] bw'Isezerano rya Kera kuremerewe kuguma kudahindutse, kandi butababajwe" (Walker 1996: 313). E. F. Kevan avuga ati, "uburonero bw'ihindagurika ry'ubuhanuzi bushobora kubonekera mu kuba Umwami kwa Dawidi, Umushumba, ubwoko bwatoranijwe, Umusozi Siyon, gushiraho inzego z'Ubuherezi n'Ibimazi, hamwe n'ivyizigiro vya Mesiya. . . . Umwami wacu ubwiwe yarahinduye, arimura vyinshi mu vyo biyumvira mw'Isezerano rya kera nk' Isabato, kwonona Imigirwa, Urusengero, ukuba Umwami kwa Dawidi. Ivyo vyabaye kubera ukwo kwimirwa kw'ivyo vya nyuma kwatumye Abayuda bamwica." (Kevan 1954: 27)

c. *Isezerano Risha riha insiguro nsha ubuhanuzi bwo mw'Isezerano rya Kera*. Isezerano Risha rigaragaza yuko insiguro y'ukuri n'ugushitswa kw'ukuri kw'ubuhanuzi bwo mw'Isezerano rya Kera kurengeye ivyo "tubonesha amaso" vya Isirayeli ya Kera. Mbere, nk'uko George Eldon Ladd abivuga, "Isezerano rya Kera ntiryabona neza ingene muri kazoza ubuhanuzi bwaryo buzoshitswa. Ubwo buhanuzi bwashikijwe mu buryo butari bwitezwe n'Isezerano rya Kera ubwaryo kandi mu buryo n'Abayuda batari bavyiteze. Dufatiye ku kuza kwa mbere kwa Kristo, Isezerano rya Kera risigurwa n'Isezerano Risha." (Ladd 1977: 27, ugushimika gufatiye ku vyavuzwe ubwa mbere). Aho bamwe bashobora kuvuga yuko IR "rishiira muri mpwemu" vyinshi vyo mu buhanuzi bw'Isezerano rya Kera, ahubwo twovuga ko IR ritanga *insiguro nsha canke rikoresha ukundi gusha* ubuhanuzi bw'Isezerano rya Kera. Mw'Isezerano Risha, ugushitswa kw'ubuhanuzi kubonekera mu biboneka yamara mu buryo busha, mu buryo bw'impwemu. "Ighugu" casezeranywe mw'Isezerano Imana yasezeraniye Aburahamu hamwe n'ubuhanuzi bw'umwami n'ubuherezi bukomoka mu muryango wa Lewi mw'Isezerano rya Dawidi nkuko twavyerekanye aho hejuru, vyerekana ingene Isezerano Risha riha insiguro nsha ubuhanuzi bwo mw'Isezerano rya Kera:

(1) Isezerano ry'ighugu mw'Isezerano rya Aburahamu (Ita 12:1-3). IR riha insiguro

nsha Kanani iboneka yo mw'IK nk'ikigereranyo c'"igihugu" nyakuri: isi yose (**Rom 4:13**); igisagara co mw'ijuru, Yerusalem Nsha (**Heb 11:8-16; Ivyah 21-22**). Icongeyeko, agatimatima k'igihugu casezeranywe kari "ukuruhuka" kw'igihugu ca Isirayeli, kikaruhuka uguterwa n'abansi babo bose, kandi kikaronswa ivyo gikeneye vyose (raba **Gus 12:9-11; 25:19; Yos 1:23; Zab 95:10-11**). Ivyo na vyo nyene vyarahinguwe bisubirirwa n'agakiza k'abizera canke ukuruhuka muri mpwemu (**Heb 3:12-4:11**). Ni co gituma, muri **Rom 10:1-10** Paulo yabura akavuga ibiri mu **Gus 30:12-14**, aho dufatiye ku vyariko biraba mw'Isezerano rya Kera vyavugwa ku kwumvira Ivyagezwe vya Mose hamwe n'amasezerano y'Imana ko izogarukana Abisirayeli mu gihugu cabu ni bahindukira bakihana. Paulo aha insiguro nsha ayo masezerano ya Kera nk'uko amasezerano y'ukwizera Kristo azovyara, azozana agakiza.

(2) Isezerano rya Dawidi (2 Sam 7:12-16). Ubuhanuzi bwa Yeremiya bwerekeye umwami n'ubuherezi mw'Isezerano rya Dawidi (**Yer 33:19-22**) bishitswa muri Kristo Yesu. Mu buryo bunyuranye n'ivyo Yeremiya avuga, inganji ya Kristo ikomoka mw'ijuru nk'Umwami, ntikomoka ku ngoma yo mw'isi nk'umwami w'umunyepolitike canke umwami w'umusirikari (**Ivyak 2:22-36; Heb 1:3**). Ikindi congeyeko, ubuhanuzi bwa Yeremiya bw'umuherezi akomka mu Balewi ntibishobora guhura n'ukuri kwo mw'Isezerano Risha nimba umuntu ashaka kuraba mu buryo "bugaragara" bwo gushitswa kw'ubuhanuzi bwo mw'Isezerano rya Kera. Ikititura ni uko ubuherezi bwo mu muryango wa Lewi bwari "ikigereranyo, ishusho" canke "icijiji" cari cashizwe hampande, catoranjwe na Kristo mw'Isezerano Risha (raba **Heb 7**). Isezerano Risha ryerekana neza ko ari Kristo n'ishengero bigize ubuherezi bw'intahava, butazohangura (**Heb 4:14-15; 7:11-8:2; 1 Pet 2:5, 9**). Ni co gituma, "Igihe Yeremiya avuga ku kuzogarukanwa mu gihugu ca Isirayeli no mu gisagara c'i Yerusalem, ingoma itazohangura ku ntebe y'umwami Dawidi azorongora, aganza Isirayeli kandi akabakingira bakibera amahoro, hamwe n'abalewi batoharurika bakorera umwami mu gutanga ibimazi, ariko arakoresha ururimi canke imvugo y'ishusho canke ikigereranyo co kwerekana ugushitswa kw'Isezerano Risha ry'Imana, Isezerano ryiza rirengeye ibigereranyo vy'Isezerano rya kera" (Lehrer 2006: 91).

10. Imvugo y'ubuhanuzi n'ugushitswa kw'ubuhanuzi. Dutegerezwa kwiyubara mu mvugo dukoresha—kugira ngo ntitwitiranye "urudome ku rundi" hamwe n"ibiboneka." Garlington avyemeza neza yuko: "'urudome ku rundi' ari ijambo abantu bumvikanyeko. Tubona yuko ivyo B. Ramm yavuze ko bigaragaza insiguro y'urudome ku rundi' rw'igisomwa ari birya 'bizwi,' 'bikwiriye,' 'bigaragara,' kandi 'bisanzwe.'" (Ramm 1970: 119-23) Rimwe na rimwe rero, insiguro "y'urudome ku rundi" ni insiguro y'imvugo ngereranyo." (Garlington n.d.: n.p.n.27; raba kandi Poythress 1993: 48-52). Mu yandi majambo, uburyo bw"urudome ku rundi" bwo guha insiguro y'imvugo ndyoheramatwi ari ugukoresha imvugo "ndyoheramatwi" kandi buryo bwo guha insiguro ibigereranyo ari gukresha imvugo y"ibigereranyo"; uburyo bwo gusigura "urudome ku rundi" imvugo ngereranyo ubusigura mu buryo "ngereranyo."

a. *Abantu bensi b'iki gihe "babasiguzi b' ubuhanuzi" ntibatahura ingene Isezerano Risha rikoresha ubuhanuzi bwo mw'Isezerano rya Kera, kuko bafata canke biyumvira yuko ubuhanuzi bwo mw'Isezerano rya kera bwikwije, bushobora guhagararo ukwa bwonyene, kandi ko butegerezwa gushitswa "urudome ku rundi" mu buryo buboneka, mu gihugu ca Isirayeli c'uyu musi.* Ukogene babona ibantu nta ho gutaniye na kumwe kw'Abafarisayo bananirwa kumenya no kwakira Yesu nka Mesiya kuko ataje asa n'uko bavyiyumvira mu mitima yabo mu buryo "bugaragara", "bukorakoreka" (mu yandi majambo, umusirikari canke umutegetsi wo mu buryo bwa politike wa Isirayeli). Vyongeye bananirwa no gutahura *ukuri kw'ijambo ry'Imana* kwerekana yuko ivyavugwa mw'Isezerano rya kera vyari "*igititu c'ivyari birariye kuzoza ariko umutumba ubwawo ni uwa Kristo*" (**Kol 2:17**). Nk'uburorero, nubwo abantu bensi biyumvira yuko ivyo "urudome ku rundi" bishobora kuba ibikorwako gusa, kandi ko ibitari ido n'ido ari ibidashobora gukorwako, gifadika uwandikiye Abaheburayo mu ba **Heb 8:1-10:1** "atanga insiguro inyuranye: ahera nyakuri ni aho mw'ijuru, ihema ry'ikigereranyo ni iryo mw'isi" (Beale 2004: 295).

b. *Ingorane ku basiguzi nkabo ni uko biyumvira mu buryo butari bwo yuko "urudome ku rundi, "bisigura kimwe "uburyo bufadika, bwokorakorwako," kandi ko igihushane c' "urudome ku rundi" ari ivy'"impwemu."* Mu bisanzwe, igihushane c' "urudome ku rundi" ni imvugo "ngereranyo," yamara si "ivy'impwemu"; "ivy'impwemu" ni igihushane "c'ibifadika,

ivyokorakorwako” (raba Tegart 1999: n.p.).

(1) Insiguro y'amajambo imeze nk'uku gukurikira:

(A) *Urudome ku rundi*—insiguro isanzwe, irashe y'igisomwa; “*urudome ku rundi*” *rutuma habaho imvugo ifobetse*, yamara mu bihe nk’ivyo biba bifatiye “ku kuri kw’urudome ku rundi.”

(B) *Imvugo ngereranyo*—abagize ivyo biba biriko biravugwa, n’ibiriko biraba hamwe n’ibiriko birarangurwa si uko iba bitegerezwa gufatwa “*urudome ku rundi*” yamarabihagarariye ibindi bantu kandi bikerekeza ku yindi nsiguro.

(C) *Ibifadika, ibishobora gukorakorwa*—ibiboneka, ibigizwe n’ivyakozwe; “*ibifadika*” ntibitegerezwa kwitiranywa n’“*urudome ku rundi*,” kubera ibigereranyo, ukubanangabanganwa, n’imigani kenshi na kenshi biba bigizwe n’ibantu “*bifadika*”, kandi ukuri kw’impwemu “*urudome ku rundi*” birabaho yamara si mu buryo bufadika.

(D) *Ivy'impwemu*—ku bantu biboneka canke ivyyiyumviro, canke; “*ivy'impwemu*” ntibikwiye kwitiranywa “n’imvugo ngereranyo” n’ubwo imvugo ngereranyo ishobora kuba irimwo ibantu vy’ “*impwemu*”.

(2) Ayo majambo ane ashobora gushirwa hamwe muri ubu buryo bukurikira:

(A) *Urudome ku rundi hamwe n'ibifadika*—uburorero, Isi; umuntu apfa; ubwami muri **1 Sam 14:47**.

(B) *Urudome ku rundi hamwe n'ivy'impwemu*—uburorero, ijuru, Imana; abamarayika; ukuri; ukugororoka; urukundo; ubwami muri **Mariko 1:15** na **Luka 17:20-21**.

(C) *Ibifadika n'imvugo ngereranyo*—uburorero, Ingenzi mu gitabu ca John Bunyan *Ingenzi*; Hagari, Sara, umusozi Sinayi, na Yerusalem y’uyu musi uko bisigurwa muri **Gal 4:21-31**; urupfunguruzo, iminyororo, i kuzimu mu **Ivyah 20:1**.

(D) *Ivy'impwemu n'imvugo ngereranyo*—“Screwtape” muri C. S. Lewis: *Ivyete vya Screwtape*; “igisato c’amahero” muri **Yes 51:9; Rev 12:9; 20:2**.

11. Ivyo abavugishwa n’Imana berekwa hamwe n’imvugo ngereranyo. Ubuhanuzi bwinshi bwo muri Bibiliya mbere hamwe n’igice kinini c’igitabo cose c’Ivyahishuriwe Yohana, vyatanzwe mu buryo bw’ivyererekanywe, kandi mu buryo bw’imvugo ngereranyo. Ivyererekanywe hamwe n’imvugo ngereranyo *ntibimeze* nk’imvugo yakoreshejwe mu Vyete canke gushikiriza, kubara inkuru mu bitabu bitanu nya Mose, ibitabu bivuga kuri kahise vyo mw’Isezerano rya Kera, Ubutumwa Bwiza canke Ivyakozwe n’Intumwa. Abahanuzi canke abavugishwa n’Imana kenshi na kenshi bavugishwa mu buryo bw’ *ivyo beretswe, imigani, hamwe “n’imvugo zitumvikana, zifobetse”* (raba **Zab 78:2; Ezek 17:2; 20:49; 24:3; Hos 12:10; Mat 13:35**). Muri ubwo buryo nyene, igice kinini kigize ivyavuzwe mu **Ivyahishuriwe Yohana**, guhera ku **Ivyah 1:1** hakoresha *sēmainō* (“hakoresha imvugo ngereranyo, imvugo y’ibimenyetso”) hamwe na *deichnumi* (“kwerekana”), hamwe n’amajambo yaguma agaruka “Mbona” (canke ibindi bivuga gutryo nyene nka anyerekwa) bikoreshwu mu gushikiriza imvugo y’ivyererekanywe muri ico gitabu cose (raba **Ivyah 4:1; 12:1-3; 13:1-3; 14:1; 17:1-3**), vyerekana “imvugo isanzwe yo gushikiriza ibimenyetso, ibigereranyo,” binyuranye no gushikiriza inkuru zisanzwe (Beale 1999: 973; raba kandi ico gitabu nyene: 50-53).

a. *Insiguro y’ivyererekanywe “ntiyigaragaza.”* Ivyererekanywe n’ibimenyetso bimeze nk’ibicapu canke nk’amashusho. Imvugo y’ivyererekanywe hamwe n’ imvugo ngereranyo vyakoreshejwe mu buhanuzi bisaba yuko tubanza gusuzuma kandi tugatandukanya intambuko zine z’ukuganira canke gutumatumana ko amakuru: (1) *intambuko y’ukugene ururimi rwubatse* (ni ukuvuga ukwo gushikiriza ico gice, ukwo kwandika ico gisomwa, ico giceubwaco); (2) *urwego rw’ivyererekanywe* (mu yandi majambo, ivyo Yohana yabonye, yeretswe; ivyo “yaciymwo mu kwerekwa”); (3) *intambuko canke urwego rw’ivyatifiweko* (mu yandi majambo, ivyariko biraba muri kahise mu vyo ashikiriza vyinshi); hamwe (4) *urwego rw’ikigereranyo* (mu yandi majambo, guha insiguro ico kigereranyo yakoresheje ufatiye ku kintu ca kahise canke c’ivyariko biraba). (Poythress 1993: 41-42)

b. *Ivyo ni ngirakamaro canke mu gusigura no guha insiguro ivyanditswe.* Iciyumviro umuntu ashobora gusigura “*urudome ku rundi*” kiretse aho umuntu ategerezwa gukoresha imvugo ngereranyo acishije mu bantu bizwi vyariko biraba “ategerezwa gukoresha umutwe wavyo” dufatiye ku gusigura **Ivyahishuriwe Yohana** hamwe n’ubundi buhanuzi (cane cane ivyo mu gihe c’iherezo) kubera yuko, n’ubwo bimwe bitavugwa mu rurimi rw’ibigereranyo, “vyinshi

muri ico gitabu ni imvugo ifobetse, imvugo ngereranyo” (Beale 1999: 52).

c. *Uburorero k’ivyo tuvuze tukabona muri Ivyah 20:1-6.* Muri ico gice, gisomwa, Yohana: “akoresha amajambo ‘imyaka igihumbi,’ ‘ukuzuka,’n’ ‘ubugingo’ kubera yabonye, ku rwego rw’ivyo yeretswe, abantu bazutse bagahabwa ubugingo bwo kumara imyaka igihumbi. Kubera abantu yabonye, canke ivyo yabonye, hamwe n’ivyo yumvise akongera akabona kandi akongera akumva muri ivyo yeretswe, ntibitegerezwa gutahurwa *ubwa mbere* urudome ku rundi yamara bitegerezwa kurabwa nk’uko ari imvugo ngereranyo yashikirijwe ikabwirwa abantu, urwo na rwo ni uwego canke intambuko ifatiye *ku kimenyetso*’ivyerekanywe. Ko uku kwerekwa kwarimwo ibimenyetso n’ibigereranyo biribonekeza dufatiye no ku bintu bigaragara vy’amajambo nka ‘ikinyororo,’ ‘kuzimu,’ ‘igisato,’ ‘inzoka,’ ‘kwugaranwa,’ ‘kudomwako ikidodo,’ n ‘igikoko.’ Ni co gituma, amajambo ‘kuzuka’ n’ ‘ubugingo,’ nk’uburorero, ubwavyo ntibitanga insiguro y’uko ivyo yeretswe, ivyo biggereranyo canke ibimenyetso twobifata nk’uko ari (urudome ku rundi) bifatiwe ku vyariko biraba muri ico gihe bifise insiguro ifobetse canke ko ari imvugo idatahuritse. Umuntu ategerezwa kwimba agashika kure kugira ngo atore neza ico yashatse gushikiria no kuvuga hamwe n’abarik barabibwirwaku kintu nico ari co cose.” (Beale 1999: 973-74) Ivyo ni na vyo twovuga ku majambo nk’aya “imyaka 1000” muri ico gice, gisomwa. Kugira ngo twumire ku “gufata urudome ku rundi” ngo tuvuge imyaka 1000 bisaba yuko n’ahandi duca tugenza gutryo nyene ntitubigire kuri kimwe ngo ibindi tuyvirengagize ku “rupfunguruzo” hamwe “ikinyororo” vyari bifiswe n’umumarayika muri **Iyah 20:1** ko ari impfunguruzo ziboneka, zokorakorwa hamwe n’ikinyororo kandi ko “kuzimu” dusoma muri **Iyah 20:3** ari imanga nyene iboneka mw’isi canke kw’isi ifise urupfunguruzo rufadika, ruboneka rwokorakorwa, kandi ifise icugazo” (Waltke 1988: 273; Jackson 2001: n.p.). Mu bisanzwe, kuzimu si ahantu haboneka wokwereka umuntu uti ni harya, yamara “hahagarariye ikintu c’impwemu kibaho hagati mw’isi si hejuru yayo kandi si munsi yayo . . . kuzimu ni kimwe mu mvugo ngereranyo nyinshi zihagarariye ivy’impwemu aho satani n’abiwe bose bakorera.” (Beale 1999: 987) Ni co gituma, abasesangizi benshi, harimwo n’abavuga ivyerekeye kuzuka imbere y’imyaka igihumbi yitwa Ladd (Ladd 1972: 262) na Osborne (Osborne 2002: 701) bemera yuko “imyaka 1000” ari ikigereranyo canke imvugo. Osborne avuga atti, “ibitigiri vyigwije incuro cumi vyarakoreshwa cane mu nyandiko z’Abayuda mu buryo bw’ikigereranyo, kandi birashoboka ko ico gitigiri kidasigura igihumbi yamara gisigura igihe gikwiye, cuzuye” (Osborne 2002: 701).

12. Ico twohererezako mu kurongora abasigura ubuhanuzi. Dufatiye ku nsiguro y’ihinduka ryo mw’Isezerano rya Kera uja mw’Isezerano Risha ku vyerekeye ugusigura ubuhanuzi, twategerezwa gushira inguvu ku mahame y’ivy’impwemu canke iviyiyumviro afatiye ku “kugene” ubwo buhanuzi bumeze, aho gucerika umutwe ku bintu vyitwa “ibibura ibihe, ibiringo.” Ibi bikurikira ni ivyo twohanura abantu mu gusigura ibimenyetso bijanye n’ubuhanuzi (Green 1984: 74-79; Olopeza 1994: 181-83):

- a. *Guca bugufi mu gusigura ivyerekeye ibimenyetso, imvugo ngereranyo.* Dutegerezwa gufata ibijanye n’ubuhanuzi twicishije bugufi. Ibi ni ngirakamaro cane kubera yuko vyinshi mu mvugo y’ubuhanuzi kenshi na kenshi ari imvugo ifobetse, itarashe kandi ikaba ngereranyo. Mbere na Daniyeli ivyo yeretswe vyaramuzazaniye, ntiyabisobanukiwe neza (raba **Dan 8:27**). Ntibikwiriye rero kudutangaza yuko ubuhanuzi bwo muri Bibiliya bushobora kugorana gutahura, canke bushobora kutuzazanira.
- b. *Kumenya ko iviyiyumviro biza imbere y’ukuri.* Ubuhanuzi si inyigisho irashe, itumberere, inyuranye n’ivyo dusanga mu Vyete. Ugene ururimi canke imvugo y’ubuhanuzi imeze gutuma ubuhanuzi bukoreshwa mu bihe vyinshi binyuranye, mu bintu binyuranye biba biriko biraba, hamwe n’ukugene bishitswa bidashoka biboneka igihe ubwo buhanuzi bwavugwa, bwatangwa, bwashikirizwa abantu ubwa mbere. Ikindi ni uko umwihezo n’iviyiyumviro vy’ivyerekanywe bidafungurura canke bidasigura neza imvugo ngereranyo, imvugo y’ibimenyetso. Ahubwo, dutegerezwa “kwimenyereza kwiyumvira mu bicapu, mu mashusho, mu bishusha.”
- c. *Ronderera insiguro mu vyariko biraba.* Ibigereranyo vyo mu gitabu c’ **Iyahishuriwe Yohana** turanayisangaw’IK. Ivyo ni vyo biduha ivyariko biraba, yamara kandi duca dutegerezwa kwibaza ingene *Yohana* yakoresheje ivyo bimenyetso, ivyo biggereranyo?
- d. *Raba icari kiraje ishinga uwo muvugishwa n’Imana ku vyerekeye impanuro yatanga.* Nk’uburorero, mu **Iyah 2:10; 13:9-10;** hamwe **14:12** Yohana ahamagarira abasoma ivyo yanditse kwihangana no kutaranduka umutima.

- e. *Raba ibuntu bikuru bikuru*. Ido n'ido bifasha kwunganira iciyumviro nyamukuru umuhanuzi yariko arashikiriza, aravuga.
  - f. *Iyubare, uzibukire iyo mvugo ndenzarugero y'ubuhanuzi ikora ku bishika, ku bigumbagumba*. Abo bose bavuga ko bavumbuye insiguro canke ukuri “kunyegejwe” ku vyerekeye ibihe vy’iherezo, canke bavuga ko bavumbuye imvugo ya Bibiliya “ifobetse” kenshi na kenshi basanga barabeshe, barihenze.
  - g. *Ukwiriye kumenya yuko ubuhanuzi bwinshi bwo mw'Isezerano rya Kera hamwe n'ubuhanuzi bwo mw'Isezerano Risha buja bwarashitse*. “Ibiri musi ya 2% (kabiri kw’ijana) vyo mu buhanuzi bwo mw'Isezerano rya Kera ni vyo bivuga kuri Mesiya. Ibiri musi ya 5% (bitanu kw’ijana) ni vyo bivuga ku gihe c’ubu co mw'Isezerano Risha. Ibiri musi ya 1% (rimwe kw’ijana) ni vyo bivuga ku bintu bizoza, ku bihe bizoza. Abavugishwa n’Imana ni vyo *baravuze* ku vya kazoza. Yamara bavuga kuri kazoza k’impitakivi ya Isirayeli na Yuda hamwe n’ayandi mahanga yari abakikuje bavugishijweko, yamara ntibavugishijwe kuri kazoza *kacu*.” (Fee na Stuart 1982: 150).
13. Ibizoba mu gihe c’iherezo. Igihe Yuda yari mu kinyago i Babuloni n’inyuma yo kwambukanwa, harabonetse ubundi bwoko bw’ubuhanuzi bwise “ubw’igihe c’iherezo.”<sup>4</sup> Ubu bwoko bw’ubuhanuzi bavuga kuri kazoza bwarabaye bwinshi guhera mu mwaka wa 250 imbere y’Ivuka rya Yesu gushika mu mwaka wa 200 inyuma y’Ivuka rya Yesu mu nyandiko z’Abayuda n’abandi banditsi b’abakristo mu nyandiko rukristo. Ivyo tubisanga mu vyanditswe vyinshi bitari muri Bibiliya. Ivyanditswe bibura kazoza muri Bibiliya tubisanga cane cane mu bitabu vya **Daniyeli** na **Ivyahisuriwe Yohana (Yesaya, Ezekielyi na Zekariya)** na vyo nyene birimwo ibijana n’ibihe bizoza, ibihe vy’iherezo). Mu bintu bahurijeko harimwo kahise n’iherezo ry’ibihe, ivyago, intambara hagati ububasha bw’umwiza, gukurwaho kw’ibibi hamwe no kwinjira mu nteguro y’Imana n’ubwami bwayo.<sup>5</sup>
- a. *Ibizoba mu gihe c’iherezo n’ubuhanuzi*. Ibibura kazoza ni ubwoko bw’ubuhanuzi. Beale avuga yuko mu bibura kazoza canke imisi y’iherezo “harimwo ubwoko bw’inyandiko n’ibivugwa dusanga mu buhanuzi” (Beale 1999: 37). Ni co gituma, ivyo vyose bivuzwe aho hejuru vyerekeye ugutahura ubuhanuzi bikoreshwa ku bwoko bw’ubuhanuzi bavuga kuri kazoza canke ibihe vy’iherezo. Nkuko Joel Green abipfunyapfunya, itandukaniro nyamukuro hagati y’ubwoko bw’ubuhanuzi bavuga ku bihe vy’iherezo n’ubwoko bw’ubuhanuzi butavuga ku bihe vy’iherezo ryerekeye yuko ubwoko bw’ubuhanuzi bavuga ku bihe vy’iherezo bukoresha imvugo ifobetse, ngereranyo hamwe n’ibimenyetso kandi ko bushingiye cane kw’iherezo ry’ibihe, canke kuzokwinjira mu bihe bidashira: “mu gutandukanya ubwoko bw’ubuhanuzi bavuga kw’iherezo n’ubuhanuzi busanzwe, itandukaniro nyamukuru ni uburyo ubwo butumwa bushikirizwa. Ubuhanuzi buhera ‘ijambo ry’Uhoraho’ ritanga uguhishurirwa biciye mu vyo umuntu yeretswe canke biciye mu ndoto. Ibimenyetso, ibigereranyo, ibitigiri—tuja twabonye mu bisomwa vyerekeye ubuhanuzi—vyiyerekana cane biciye mu buryo bwo kubura kazoza.. Ibisomwa bivuga ku gihe c’iherezo rimwe na rimwe bisigura neza ubuhanuzi buba bwavuzwe imbere y’ubwo nk’uburorero Daniyeli avuga ku “mayinga 70” yari yaravuzweko na Yeremiya muri Daniyeli 9:2. Ikintu gikomeye kurusha ibindi nubwo biri uko ni uko hari itandukaniro mu bishimikirwako muri ico gisomwa. Abavugishwa n’Imana canke Abahanuzi bavuga ivyo Imana yariko irakora muri ico gihe n’ivyo izokora muri kazoza. Abavuga ivy’igihe c’iherezo bari biteganye igishika ko Imana izogira ico ikoze mu mpera, kw’iherezo, muri kazoza, inyuma ya vyose.” (Green 1984: 62)
  - b. *Ivy’ibihe vy’iherezo na Kahise*. Nubwo abavuga ivyo igihe c’iherezo bashimikira ku gihe c’iherezo, ivyo bagenda baracamwo muri ico gihe na vyo nyene ni ngirakamaro: “dufatiye ku bihe vy’iherezo ivyariko biraba ni vyo Imana yariko irakorerako kugira ngo ishikane umugambi wayo. Muri iyo nzira, hariho ukubandanya kuri hagati ‘y’ibirihio’ n’ ‘ibizoba hanyuma y’ivyo.” (Green 1984: 62) Abavuga ivyo ibihe vy’iherezo babona Imana ko itavugirwamwo, yigenga iri hejuru ya vyose kandi ari yo iganza ibihe n’ibindi nta kiba itacemereye. Ni yo ituma

<sup>4</sup> Ijambo “ivyahishuwe” rikoreshwa nk’ingereka n’izina. Abashakashatsi bamwe bavuga yuko “ivyahishuwe” vyerekana ibantu kanaka vyerekanyo n’ibihe vy’iherezo n’“ivyahishuwe” na vyo vyerekana ubwoko bw’imero y’ivyanditswe kanaka. Raba Carson na Moo 2005: 714. Arikho abanditsi bensi bakoresha “ivyahishuwe” kugira ngo berekane imero hamwe n’ubwoko bw’ivyahishuwe vy’ibihe vy’iherezo. Iryo jambo rizokoreshwa hano mu buryo bwiyaguye.

<sup>5</sup> Ikasete yafashwe y’ibihimba bitatu vy’ivyahishuwe na D. A. Carson ku vyerekanyo na kamere n’igikorwa c’ivyahishuwe, ashimikiye cane ku gitabu c’Ivyahishuriwe Yohana, yise “Kwigisha ivyahishuwe,” umuntu ashobora kwumviriza canke kuvoma no kwabura k’ ubuntu kuri ubu buhinga ngurukanabumenyi: [http://thegospelcoalition.org/index.php?resources/name-index/a/DA\\_Carson/topic/End+Times](http://thegospelcoalition.org/index.php?resources/name-index/a/DA_Carson/topic/End+Times).

kahise kagenda uko kagenze kandi gatuma gashika ku co yateguye, yategekanije. Mu gihe c'iherezo rya vyose, abizigirwa b'Imana bazokizwa, bazocungurwa kandi bazogororerwa. Ibi ni ukuri kudasanzwe mu bihe vy'iherezo ku bakristo nk'uko tubisoma mu Vyahishuriwe Yohana. Ulfgard avuga ati, "ikintu gikomeye gitandukanya kibitandukanya (Ivyahishuriwe Yohana) n'ukugene Abayuda babibona kandi bikaba ngirakamaro cane ku bagerageza gusuzuma no gusigura ivy'iherezo ni ivyo vyemeza yuko akarongo ka nyuma muri kahise kaja karabayeho. Inyuma yuko Imana ihisemwo kuzokiza abantu biciye mu gikorwa ca Kristo, kazoz k'isi kari mu maboko y'Imana no mu maboko y'Umwagazi." (Ulfgard 1989: 11) Ni co gituma, nubwo hari vyinshi vyanditswe ku vyerekeye iherezo ko rizobamwo intambara n'ukutumvikana kwinshi, mu maso yacu vyinshi bisa n'uko bikoresha imvugo idatahuritsa, ariko abo bose bavuze ku vyerekeye ivy'iherezo bagumanyi ivyizigiro.

#### **E. *Imigani n'invugo ngereranyo***

1. Imigani n'invugo ngereranyo bishobora kuboneka nk'ukubara inkuru canke guca imigani canke invugo ngereranyo—mu yandi majambo kubara inkuru canke inkuru aho abavugwamwo canke ibirimwo bihagarariye ikindi kintu cane cane kugira ngo bashikirize ikintu c'inyigisho kanaka canke ukuri kwo mu mpwemu. Rimwe na rimwe birashobora gutandukana, umugani urashobora kuba mugufi, ukagira ingene wubatse, utagoye gusobanura, kandi wigisha (wagenewe kwigisha no gutanga impanuro, canke gukurwamwo icirwa), kandi uba ufatiye ku kwigisha no gushirwa mu ngiro kwawo.
2. Umugani ukomeye wo mw'Isezerano rya Kera ni uwa Nathani umuvugishwa n'Imana yahanganye na Dawidi muri 2 Sam 12:1-10. Raba kandi **Abacamanza 9:1-21; 2 Abam 14:8-10; 2 Ngom 25:17-19.** Nubwo umugani ari imvugo canke ari inkuru *itabayé* ivugwa kugira ngo yerekane ikintu gifadika canke ukuri kwo mu mpwemu, Paulo akoresha inkuru ya Sara na Isaka ayinyuranije n'inkuru ya Hagari na Ishimayeli (raba **Ita 17:15-21; 18:9-15; 21:1-21**) nk'invugo ku bakristo b'abizera banyuranye n'Abayuda batizera (raba **Gal 4:21-31**).
3. Ikintu nyamukuru, ngenderwako gishira hamwe imigani ya Yesu ni ubwami bw'Imana, ubwo na bwo bukaba ari ubw'ubu nyene yamara bukazokwinjirwamwo, buukazononoswa muri kazoz. Ubwami ni "ububasha budasanzwe bw'Imana yihishurira abantu mu kurema ikibano c'abakorera Yesu mu bugingo bwabo bwose n'ibigize ubugingo bwabo vyose" (Blomberg 1990: 326). Ubwami burimwo uguhinduka ku gatwe k'umuntu hamwe no ku guhinfuka kw'abo mu kibano. Mu migani yiwe, "Yesu arafise ibantu bitatu nyamukuru ahagararako, canke bimuraje ishinga: ubuntu bw'Imana, ibisabwa kugira ngo umuntu acike umwigishwa wa Yesu n'akaga ko kutumvira" (Ico gitabu nyene).
4. Yesu yakoresheje imigani kugira ngo "atume abumviriza uwo mugani bahitamwo, bafata ingingo yaba mbi canke nziza" (Osborne 1991: 241). Inzira imwe yabikozemwo kwari uguhindura ivyo abantu bari biteze canke guhindura ivyo baba biyumvira mu migani yiwe: "Umusamariya yankwa, atari umuherezi canke Umulewi, ni we yapfutse ibisebe vy'uwagiriwe nabi n'abambuzi (Lk 10:30-37); mu bisanzwe Abasamariya nibo bari abambuzi ntibari abokijije abantu!); wa mwana w'icangazi ni we yagiriwe umusi mukuru (Lk 15:11-32); aboro n'ibimuga nibo bicaritswe mu musi mukuru uhambaye (Lk 14:15-24); umubwiriza mubi yahinduye ivyo abari baheraniye shebuja ni we yashimwe (Lk 16:1-13). Mu gukora gurtuo Yesu ashobora gutegeka, gutuma uwumwumviriza gusubira kwiyumvira no kuraba neza ico ari co ukuri kw'ubwami bw'Imana canke ibigize ubwami bw'Imana." (Osborne 1991: 243)
5. Yesu yakoresheje imigani kugira ngo ahishure kandi anyegeze, bivanye ahanini n'abo yaba ariko arabarira (raba **Mat 13:10-17; Mariko 4:10-13**).
  - a. *Yesu yahishuye abicishije:* (1) mu kugaragaza ikintu mu buryo budasubirwamwo, mu buryo umuntu wese azovyibuka, akabishira mu mutwe no mu bwenge; (2) mu gutuma abantu basubira kwiyumvira cane cane kuri abo insiguro itari isobanuritse neza muri ako kanya; (3) mu gushaka kwikwegerako abamwumviriza kugira ngo bemere ibantu kanaka vy'ivyizerwa canke kugira ngo bakore mu buryo kanaka.
  - b. *Imigani yarahisha ibantu kanaka iyo:* (1) abamwumviriza bananiwe gukuramwo inyigisho canke insiguro mu nkuru y'umugani umwe mu yo yariko araca; canke (2) nubwo boba batahuye insiguro, insobanuro, abamwumviriza ntibemere ico bahamagarirwa guhindura mu bugingo bwabo. Ni co gituma, muri **Mariko 12:12** abarongozi b'Abayuda baratahuye yuko Yesu yaciye umugani w'abarimi b'abagarariji kuri bo, yamara ntibari biteguye guhinduka no guhindura ukugene babaho n'ingene bagenza ibantu mbere ahubwo baciye bakaza umurego wo kumwica.
6. Yesu mu buryo bugaragara yasiguye imigani ibiri gusa mu migani yiwe yose, umugani werekeye ivu (Mat 13:1-23; Mariko 4:1-20), hamwe n'umugani w'urwamfu mu buro (**Mat 13:24-30, 36-43**).

Yamara, rimwe na rimwe Yesu yaherahereza umugani kuri aya majambo nk'aya tubona muri (**Mat 20:16; Luka 12:21**) canke ku kibazo (**Luka 7:42; 10:36**). Amajambo nk'ayo canke ibibazo nk'ivyo bituma twiyumvira ku ciyumviro nyamukuru yashatse gushikiriza muri uwo mugani .

7. Urupfunguruzo nyakuri rwo gusobanura no gusigura imigani ruri mu gutahura no kumenya abaciweko, abavuzwe muri uwo mugani, ibivuzwe muri uwo mugani, ibikorwa canke ibimenyetso bihagarariye abavuzweko muri uwo mugani.

a. *Urufatiro rwo gusigura imigani ni “ikintu nyamukuru ku muntu wese avuzwemwo muri uwo mugani.”* “Umugani wose utanga inyigisho nyamukuru ku muntu wese yavuzwe muri uwo mugani—rimwe na rimwe babiri canke batatu mu mugani umwe—kandi ivyo bintu, abo bantu bakuru bakuru bavugwa mu mugani nibo bagize ibivugwa muri uwo mugani kandi bahagarariye ikindi kintu canke abandi bantu, bigatuma uwo mugani uba imvugo ngereranyo. . . Vyongeye, ibigize umugani ndetse abo bantu bakuru bavugwa muri we canke ivyo bintu bikuru bivugwa muri won a vyo biba bifise canke bafise ivyo bafatiweko vy’ikigereranyo yamara bikagarukira ku kugira insiguro mu nsiguro nini igizwe na birya canke barya bantu bakuru bavugwa muri uwo mugani, kandi isiguro y’uwo mugani itegerezwa kuvana n’ivyo ababa muri Palesitina, Kanani mu kinjana ca mbere ari na co Yesu yabayemwo, yajemwo, bumva bagatahura.” (Blomberg 1990: 163)

b. *Abantu nyamukuru canke ibintu nyamukuru vyavuzwe muri iyo migani bihagarariye ibintu binyuranye bigize ubwami bw’Imana—mu bisanzwe bifise imigenderanire n’Imana canke bifatiye ku Mana, ku bantu b’Imana, no ku batari abantu b’Imana, Abanyavyaha.* Uburorero ni umugani w’umwana w’icangazi (**Luka 15:11-32**). Blomberg asigura uwo mugani uku gukurikira: “(1) nubwo ico cangazi cari gifise akaryo ko kwihana no kugaruka i muhira, ni co kimwe no ku banyavyaha, naho boba bakoze ivyaha bitagira uko bingana, barashobora kwatura ivyaha vyabo bakagaruka ku Mana n’imitima ijanaguritse. (2) Nkuko se yagize akigoro kadasanzwe ko kuja kumusanganira kugira ngo bongere buzure n’ico cangazi, ni ko n’Imana Data iharira ivyaha, iha abantu bose ikigongwe ku vyaha bakoze, nubwo batari bagikwiye, bakibereye iyo bemeye kucakira. (3) Nkuko umwana mukuru atategerezwa kubabazwa nuko murumunawe yagarutse, ariko yategerezwa kunezerezwa nuko yagarutse, ni ko nabo biyita ko ari bantu b’Imana bategerezwa kunezezwu n’uko Imana igiriye ubuntu n’imbabazi hamwe n’ikigongwe n’abo batari babikwiriye, babibereye.” (Blomberg 1990: 174)

c. *Inyigisho nyamukuru mu migani ya Yesu irimwo ibi bikurikira:*

(1) Inyigisho ku vyerekeye Imana. Imana irishira ikiganza, iri hejuru ya vyose. Ituma abantu bayo, abashumba canke abakozi bayo uko igomba, ibahitamwo uko igomba. Imana irihangana. Irihanganira cane gukuraho ikibi iyo n’iciza na co gica cononekariramwo. Igira ubuntu n’imbabazi n’ikigongwe cinshi kurusha uko tovyitega, twovyiyumvira. Ntihemba, ntigororera abantu kubera bayinezereje canke kubera babikwiye, kubera hari ico bakoze. Iraja no kurondera abazimiye, ikabakiza. Yahaye abantu bose igikorwa c’ububwiriza, kandi izobacira urubanza bivanye n’ukugene babaye abizigirwa.

(2) Inyigisho zerekeye abantu b’Imana. Abo bose bakwirikira, canke bagomba kuba abigishwa ba Kristo vy’ukuri bategerezwa kuba biteguriye kureka ivyo vyose bishobora guhagarara mu nzira bikababuza gukurikira Yesu n’umutima wabo wose. Baremeza ko batabereye kwakira ukugira neza kw’Imana. Bishikanira, bikitanga kubaho ubuzima bw’ububwiriza, bakumvira itegeko n’amabwirizwa y’Imana kandi bakerekana ko bababajwe n’abacinyizwa hamwe n’abababazwa. Basaba Imana ivyo bakenye bashize amanga mu gusenga. Ntibategerezwa guhekenyera umusaya ubuntu n’ukugira neza Imana igirira abandi bantu, kandi bategerezwa kumenya ko ukutumvira kwabo n’ukutizera kwabo bishobora kubashitsa ku kubura ivyiza n’imigisha Imana yabateguriye. Bitega yuko ubwami bw’Imana bucura, kandi ko abihangana gushika kw’iherezo bazohabwa impera y’ukuzobana n’Imana ibihe bidashira hamwe n’abizera bose.

(3) Inyigisho ku vyerekeye abatari abantu b’Imana. Kwemeza ko ukunda Imana canke ukunda Kristo ntibihagije; ubugingo bwerekana ivyamwa vy’ukwihana butegerezwa gukurikira. Ibiti, ibikorwa mu madini si vyo bisubirira ukwihana nyakuri n’ibikorwa vy’ubuntu. Uwu ni wo musi wo kwihana; kandi nta caha na kimwe canke ugusubira inyuma Imana inanirwa guharira umutima wihana. Ivyitwazo vyose vyotuma umuntu aguma inyuma y’ubwami nta co bimaze na gato. Hazoba umusi bitazoba bigishoboka

kwihana; abo bazoba baranse kwemera Imana bakayihakana bazocirwa urubanza rukomeye aho bazotandukana n'Imana hamwe n'ivyiza vyose ibihe bidashira. (Blomberg 1990: 293-96).

d. *Ubwoko bw'imgani ya Yesu*.

(1) Cumi n'umwe mu migani ya Yesu yerekana ibantu biri mu buryo butatu. Ifise abantu canke ibantu bitatu kandi irimwo ivyigwa nyamukuru bitatu umuntu yokwiga, yokuramwo, muri abo bantu batatu canke ivyo bantu bitatu, muri abo bantu batatu canke ivyo into bitatu harimwo umwe canke kimwe vyose vyenenako, hakabamwo n'ibindi bantu bibiri canke abantu babiri banyuranye n'ico ca mbere, ica mbere, gihagarariye canke kigereranywa n'Imana, abantu bayo; ivyo bindi bibiri na vyo canke abo bandi bantu babiri barwanya, banka Imana. Iyo migani ni iyi: *Umwana w'icangazi* (**Luka 15:11-32**); *Umugani w'intama yazimiye* (**Luka 15:4-7**); *Umugani w'ihera rizimiye* (**Luka 15:8-10**); *Umugani w'abariye umwenda babiri* (**Luka 7:41-43**); *Umugani w'abahungu babiri* (**Mat 21:28-32**); *Umugani w'abashumba b'abizigirwa n'abashumba batari abizigirwa* (**Luka 12:42-48; Mat 24:45-51**); *Umugani w'inkumi cumi* (**Mat 25:1-13**); *Umugani w'urwamfu mu buro* (**Mat 13:24-30, 36-43**); *Umugani w'urusenga* (**Mat 13:47-50**); *Umugani w'umutunzi na Lazaro* (**Luka 16:19-31**); hamwe n'*Umugani w'abana bicaye mu tuguriro* (**Mat 11:16-19; Luka 7:31-35**).

(2) Cumi mu migani ya Yesu yerekana iviyumviro bikomeye biri ubwoko butatu. Nubwo iyo migani isa n'iyongeyemwo abandi bantu canke ibindi bantu bigoye isobanura kurusha imwe 11 duhejeje kuvugako, nayo nyene yerekana iviyumviro bitatu nyamukuru bifatiye ku bantu canke ibantu bitatu nyamukuru canke abantu bari mu murwi umwe. Muri iyo migani harimwo: *Umugani w'Italanto* (**Mat 25:14-30**; raba kandi. **Luka 19:12-27**); *Umugani w'abakozi bo mu Ruzabibu* (**Mat 20:1-16**); *Umugani w'umubivyi yabivye imbuto mw'ivu ry'ubwoko butatu* (**Mat 13:1-23; Mariko 4:1-20**); *Umugani w'Umusamariya w'Imbabazi* (**Luka 10:25-37**); *Umugani w'abatumiriwe amazimano babi* (**Luka 14:15-24**; raba **Mat 22:1-14**); *Umugani w'umushumba atababarira* (**Mat 18:23-35**); *Umugani w'umubwiriza mubi* (**Luka 16:1-13**); hamwe n'*Umugani w'abariymi b'abagarariji* (**Mariko 12:1-12**).

(3) Cenda mu migani ya Yesu ifise iviyumviro bibiri nyamukuru igomba gushikiriza. Iyo migani ifise abantu babiri canke ibantu bibiri bikuru ivugako kandi yigisha ku bantu bibiri gusa. Iyo migani ntishingiye ku muntu n'umwe canke ikintu na kimwe canke na ho umuntu mukuru n'abamwenenako. Iyo migani ni iyi: *Umugani w'abafarisayo n'umutoza kori* (**Luka 18:9-14**); *Umugani w'abubatsi babiri* (**Mat 7:24-27; Luka 6:47-49**); *Umugani w'umugurano w'imburakimazi* (**Luka 17:7-10**); *Umugani w'imbuto zikurira mu kinyegero, ahataboneka* (**Mariko 4:26-29**); *Umugani w'umutunzi w'igipfu* (**Luka 12:16-21**); *Umugani w'umusukoni w'ingumba* (**Luka 13:6-9**); *Umucamanza agabitanya* (**Luka 18:1-8**); *Umuganiw'incuti yo mu gicugu* (**Luka 11:5-8**); hamwe n'*Umugani wa Nyenurugo n'Igisuma* (**Mat 24:43-44; Luka 12:39-40**).

(4) Itandatu mu migani ya Yesu ifise umuntu umwe ngenderwako kandi yigisha ikintu kimwe gusa. Iyo migani ni iyi: *Umugani w'ubutunzi (izahabu) bwanyegejwe mw'itongo* (**Mat 13:44**); *Umugani w'umudandaza arondera imaragarita nziza* (**Mat 13: 45-46**); *Umugani w'akabuto ka sinapi* (**Luka 13:18-19**); *Umugani w'umwambiro* (**Luka 13:20-21**); *Umugani w'umwubatsi w'umutara muremure* (**Luka 14:28-30**); hamwe n'*Umugani w'umwami aja mu ntambara* (**Luka 14: 31-32**).

## F. *Ivyete*

Ivyete ni inzandiko, ni amakete yandikiwe amashengero kanaka canke imirwi y'amashengero canke yandikiwe abantu kanaka bazwi. Ni ivyete birungikirwa abantu kandi vyanditswe kubera intumbero "kanaka" bisigura yuko yanditswe kubera ingorane kanaka kandi bigomba gutorera umuti ingorane kanaka, canke ibantu vyatewe n'ijo ngorane kanaka.

1. Ivyete vyo mu kinjana ca mbere vyama bitangurwa "n'amajambo abanziriza" yanditswe mu buryo ubu "Uwayanditse A, uwayarungikiwe B, intasho canke indamukanyo." Abanditsi ba Bibiliya kensi na kensi barongerako iyi ntasho canke indamukanyo. Ivyete vyanditswe ku bantu vyari biraje ishinga abantu kandi vyategerezwa gutahurwa na bene kubisoma canke kubisomerwa. Ko **Ivyah 1:4** hatangurwa n'ukugene ivyete vyandikwa, ni ikimenyamenya ko igitabu c'**Ivyahishuriwe Yohana** cari icete, kandi kikaba ubuhanuzi (**Ivyah 1:3; 22:18**). Ivyo bisigura yuko igitabu c'**Ivyahishuriwe Yohana**

kiterekeye gusa kazoza k“ibihe vy’iherezo,” imyaka ibihumbi n’ibihumbagiza vyo muri kazoza, yamara cerekeranye n’ighe turimwo na co nyene. Ikindi, ibigereranyo n’imvugo ngereranyo yaco yari yitezwe gutahurwa n’abantu babisoma canke babisomerwa bariho ico gihe co mu kinjana ca mbere (raba kandi **Ivyah 22:7**).

2. Ivyete ubwa mbere vyagenewe kwigisha. Ntibitwigisha gusa ivyo dukwiye kwizera, yamara bitwigisha n’igituma dukwiye kuvyzera, n’ingene dukwiye gushira mu ngiro ivyo twizera. Mu buryo bwinshi, Ivyete vyanditse mu buryo bw“urutonde”canke bifatiye ku vyiyumviro birashe, bitomoye, vyumvikana, mu buryo bwo gutahura Imana kurusha ubundi bwoko bw’Ivyanditswe. Yamara, ntibitondetse ku murongo gusa, birimwo n’ibindi bintu dusanga mu bundi bwoko bw’Ivyanditswe.

#### V. Amahame yo kwimba no kubaga igisomwa ca Bibiliya

Ayo mahame yo kubaga igisomwa ca Bibiliya no kucimba mu mizi arakoreshwa igehe cose umuntu agerageza gutahura no gusigura Bibiliya. Iki gice gitangura kudondora ubuhinga n’uburyo bwo gukoresha amahame y’ukugene bokoresha ayo mahame igehe babaga igisomwa no gusobanura igice ca Bibiliya kanaka.

#### A. Ivyo dukwiye kubanza kwiyumvirako imbere yuko dutangura kwimba mu mizi no kubaga igisomwa

1. Hera ku gusenga, kandi ugume mu nyifato y’ugusenga igehe cose ufata uriko urasoma, usesangura, wiga kandi urondera gutahura ico gisomwa. Wibuke 1 Kor 2:12-14: <sup>12</sup>Ariko tweho ntitwahawe impwemu y’iyi si ariko twahawem pmpwemu ava ku mana kugira ngo tumenyi ivyo Imana yatugabiye, <sup>13</sup>na vyo nyene turabivuga ariko ntitudubivuga mu majambo yigishwa n’ubwenge bw’abantu ariko tubivuga mu yigishwa na Mpwemu, tugereranya ivy’impwemu n’ivy’impwemu bindi. <sup>14</sup>Ariko umuntu afise umubiri n’ubwenge gusa ntiyemera ivya Mpwemu w’Imana kuko ari ubupfu kuri we kandi ntashobora kubimenya kuko vyitegerezwa mu buryo bw’impwemu.

2. Reka Bibiliya ikubarire ariko wewe ntuyitamike amajambo, ntuyibarire ivyo ugomba ko ikubarira. Ibi bisigura yuko utegerezwa kwirinda ivyiyumviro vyawe uja warubatse ku vyerekeye ico igisomwa “gitegerezwa gusigura”. Dutegerezwa kwirinda “kwumira ku vyo twari tuzi” kugira ngo bisigure ivyo tugomba ko bisigura. Dutegerezwa kwubaha ubwenge bw’abigisha bamogoreye kwigisha Bibiliya hamwe n’abasesanguzi basesanguye Bibiliya. Ivyo bavumbuye birashobora gufasha cane ugutahura kwacu. Yamara, Ijambo ry’Imana riracavugana natwe, mu bihe tuba turimwo, uyu musi. Ni co gituma, dutegerezwa kwumva ico Imana iriko iratubarira mbere naho (cane cane igehe) iryo jambo riba ririko riratubarira ivyo tutagomba kwumva, canke ibantu bitubabaza, bitugora gushira mu ngiro. “Iyo ‘tuzi’ ico igisomwa gitegerezwa kuvuga, tukemerera ivyo twari dusanzwe tuzi ko bitsinda, biganza ivyo twitegerezwa, none twokwiga dute ico ico gisomwa kivuga, *kitwigisha*? Nimba hariho inyigisho kanaka tugomba kwumirako, ntibiba bigishoboka ko dokusora amakosa ari mu vyo twamenyereye canke mu rutonde ruja rwarashinzwe tugenderamwo. Bica bigorana cane kwiga ikindi kintu gishasha. Nta nkekko ko ni twankira Bibiliya ko yivugira ubwayo, ivyo twigishijwe canke twemera bishobora guhinduka bikaba imigenzo irengeye ivyo Bibiliya ubwayo ivuga, tugaca tubishira hejuru cane y’ivyo Bibiliya ivuga.” (Doriani 1996: 17)

3. Wiyubare cane imico kama hamwe n’ imigenzo yawe igehe uriko urasoma igisomwa. Hejuru y’ivyo dusanzwe tuzi ku vyerekeye Imana, tugerageza gufata imico kama yacu hamwe n’imigenzo nk’uko ari ibisanzwe—turavyemera nk’uko ari“ukuri, ibigororotse” kandi ari “ibisanzwe.” Kenshi na kenshi tuba impumyi ku kugene imico kama yacu hamwe n’imigenzo bidutegeka kwiyumvira no kubona ibantu. Mu buryo bwinshi, Bibiliya yanditswe kugira ngo iduhane, iduhanure, itwereke ingene dukwiriye kwiyumvira n’ingene dukwiriye gukora. “Imigenzo ni akaga iyo (1) duciye twanka ico ari co cose gisa n’ikinyuranye n’ivyo iyo migenzo yacu yemera, (2) twihutiye gutanga iyindi nsiguro y’iviyumviro bisha kugira ngo bikunde bise n’imigenzo yacu, canke (3) tuba twarinjiye cane mu migenzo yacu kugeza yaho tutabona ibigenda nabi, ibitameze neza” (Doriani 1996: 25). Dukwiriye kureka Imana ikaduhindura ibicishije mw’Ijambo ryayo, aho “guhindura” ijambo ryayo kugira ngo rihuze n’imico yacu kama, imigenzo, ivyo twahora twiyumvira, n’ingene twahora tugenza ibantu.

#### B. Ukubaga nyakuri igisomwa ca Bibiliya hamwe no kugitahura bifatiye, vyubakiye ku bintu bitatu—kwihweza; gutanga insiguro y’ivyo wihweje; hamwe no kubishira mu ngiro, mu bikorwa

Ukwiwheza, gutanga insiguro, hamwe no gushira mu ngiro bifatwa nk’ibantu bitatu bigize ukubaga no kwimba mu mizi igisomwa ca Bibiliya. Umwiwhezo ni wo uza imbere yo gutanga canke kurondera insiguro hamwe no gushira mu ngiro. Yamara, mu buryo bwo gushira mu ngiro ivyo, izo ntambuko zitatuzirinjiranamwo cane.

1. Umwihwezo wishura iki ikibazo “Iki gisomwa kivuga iki?” umwiwhezo ni urufatiro utegerezwa

gushinga nimba ushaka gusigura neza kandi gashira mu ngiro ico Bibiliya ivuga. *Insiguro nyakuri no gushira mu ngiro nyakuri bivana n'uko umwihwezo nyakuri wagenze neza.*

2. Insiguro yishura iki kibazo “Iki gisomwa gisigura iki, kikubwiye iki?” Insiguro nyinshi uzosanga kenshi na kenshi ziboneka utarinda kuronderera kure kandi birizana iyo umuntu yihweje neza ico ico gisomwa kivuga, abanje kuraba *icatumye nyene kukivuga canke kucandika acandika*. Ntushobora gusigura ico igisomwa kivuga utabanje gutahura ubwa mbere ico ico gisomwa kivuga. Uko usigura igisomwa, utegerezwa kwisunga no kuraba neza yuko insiguro yawe ijanye n’ivyo wiheje.

3. Ugushira mu ngiro kwishura iki kibazo “Insiguro y’iki gisomwa imbwiye iki uyu musi, noyikorako iki uyu musi (co kimwe n’abandi)?” Ugushira mu ngiro “kubaho igihe uhanganye n’ukuri hanyuma ugahitamwo kwumvira ico ukwo kuri kwakubariye” (Arthur 1994: 11).

### C. Tahura icatumye umwanditsi yandika, hariko haraba iki

Nkuko twaja twabivuze hejuru, icatumye umwanditsi yandika ni ikintu gikomeye gituma umuntu atahura agasigura igisomwa ca Bibiliya. Icatumye umuntu yandika gisigura “ibijanye n’ivyo yanditse.” Mwibuke ko hariho *ubwoko bubiri bw’ibituma abantu bandika* bifise ingaruka ku gisomwa ico ari co cose: *urudome ku rundi rw’ivyo yanditse hamwe n’ivyariko biraba vyatumye yandika*. *Urudome ku rundi rw’ivyo yanditse* ni amajambo, amungane, urukurikirane *rw’imirongo* igize iciyumiyo kimwe, canke ibice bizungurutse kandi bifatiye kuri ico gisomwa. *Icatumye umuntu yandika, ivyariko biraba* bifatiye ku mico kama, imigenzo, imigirwa, ururimi, ivyizerwa, na kahise k’ubo mwanditsi hamwe n’abo yariko arandikira ubwa mbere. Igihe rero uba uriko urasoma, uzosanga urudome ku rundi *rw’ivyo yanditse* hamwe n’ivyariko biraba bivangavanganye.

1. Banza ugire iciyumiyo nyamukuru c’igitabu cose ico gisomwa cawe ugomba kwiga kirimwo, kibonekamwo. “Kubera yuko umwanditsi ashikiriza ubutumwa bwiwe bukwiye mu gitabo kuimwe, ukwimba mu mizi canke ukubaga igisomwa kanaka bitegerezwa kuba bifatiye ku vyariko biraba muri ico gitabu, aho ico gisomwa gituruka” (Wolvaardt 2005: 90). Kvirikirana ukugene umwanditsi yagenda arashikiriza iviyumiyo mu vyo yanditse umurongo ku wundi guhera ku ntango gushika ku mpera y’ico gitabu. Kugira iciyumiyo nyamukuru c’igitabu cose ni ikintu ciza cane. Kubanza uutahura igitabu cose bituma ukucimba mu mizi no kukibaga kugira ngo utahure ibikigize hamwe n’ibindi bice vyose biboneka muri ico gitabu bica vyoroha cane.

2. Kugira iciyumiyo nyamukuru, canke guca ku masonga ku gitabu harimwo ukumenya ivyariko biraba muri ico gihe hamwe n’ido n’ido n’urudome ku rundi rw’ivyo umwanditsi yanditse. Guca ku masonga kurimwo ivyariko biraba muri ico gihe, icatumye umwanditsi yandika (uburorero, umwanditsi yari nde; abandikiwe ubwa mbere bari ba nde; imigenderanire yari hagati y’umwanditsi n’abandikiwe yari iyihé; ico gitabu canditswe ryari; ni kubera iki ico gitabu canditswe; n’ibindi n’ibindi.), co kimwe n’ido n’ido, urudome ku rundi *rw’ivyanditswe*. Dufatiye ku rudome n’urundi *rw’ivyanditswe*, n’ukugene iviyumiyo vy’ico gitabu “bikurikirana, vyisuka” shira umutima cane ku bice n’urukvirikirane *rw’imirongo* ivuga ku ciyumiyo kimwe vyashikanye ku gisomwa ugomba gutahura canke ku gisomwa ushaka kwigishako, hamwe n’ibindi bice biza inyuma y’ico gice ugomba kuvugako, kwigishako canke ugomba gutahura.

3. Raba neza umenye ingene ico gitabu cubatse. Ibitabo vyinshi vya Bibiliya bigabuwe mu bice bikuru bikuru kenshi na kenshi usanga binyuranye n’ukugene ibice vyagabuwe. Usanga hariho uduce duto duto turi mu bice binini, canke dushizwe hamwe ari two tugira ibice binini nyamukuru. Uko uguma wiga igitabu ni ko uguma ubona ingene ico gitabu gikurikiranya iviyumiyo n’ukugene wokigabanganya mu bice bice, ukugene wokigabanganya ukurikije ido n’ido ry’ukugene canditswe. Kumenya ingene igitabu cubatse kikagabanganya mu duce duto bigufasha gutahura *ibintu nyamukuru* igitabu gishikiriza hamwe n’*icatumye candikwa*. Kumenya ibintu nyamukuru bigize igitabu n’intumbero nyamukuru y’igitabu canke icatumye umwanditsi yandika, n’ukugene umwanditsi abishikiriza muri iyo nyandiko ni igikorwa ca mbere c’umusiguzi.

a. *Ibitabu bishobora kugabanya mu duce duce bafatiye ku bintu vyinshi binyuranye.* Uduce duce dushobora kuba dufatiye ku bavugwa canke ku bivugwa, ku nyigisho, ku bantu bakuru bakuru bari muri ico gitabu, ku bintu bikuru bikuru vyabayaye muri ico gitabu, ku ntwaro z’abami ku biringo, ku bibanza, ku myaka, n’ibindi n’ibindi. Nk’uburorero, **Itanguriro 1-11** ryibanda ku bintu bikuru bikuru vyabayaye, yamara muri ivyo bice nyene bigabaniywemwo utundi duce duce twerekeye irema, igwa ry’umuntu mu caha, n’urubanza canke igihano c’Imana, umwuzure, n’umunara wa Babeli; **12-50** hibanda ku bwoko kanaka bw’abantu—Aburahamu n’abamukomokako, urubvyaro rwiwe—yamara muri ico gice nyene kigabanganijwemwo utundi duce tuvuga kuri Aburahamu n’isezerano Imana yagiraniye na we, Isaka, Yakobo, na Yosefu.

Vyinshi mu vyete nya Paulo bibanzirizwa n'ugushigikira inyigisho, hanyuma bigaheraherezwa no gushira mu ngiro izo nyigisho (uburorero, **Rom 1-11** ahanini ni inyigisho nyakuri; **12-16** ni uburyo bwo gushira mu ngiro ivyavuzwe ubwa mbere; **Gal 1-4** ni inyigisho ubwa mbere; **5-6** ni ugushira mu bikorwa, mu ngiro ivyavuzwe hejuru).

b. *Ukugene igitabu kimwe kimwe cubatswe vyerekana insiguro umwanditsi yagihaye.* Ni co gituma, igisomwa aho kiri ubwaco birashobora kuba bifise ico bisigura. Urashobora kubaza iki kibazo (nimba bitagaragara), “kubera iki iki gisomwa kiri ngaha, kubera iki kitashizwe ahanti?” hariho uburorero butatu bwerekana akamaro k’aho igisomwa kiri:

(1) Inkuru ya Yuda na Tamari mw’Itanguriro 38 bishobora kuba biboneka ko ata kibanza iyo nkuru yari ikwiriye ngaho kubera yuko Itanguriro 37-50 hashingiye cane kuri Yosefu. Yamara, iyo nkuru ko yanditswe ngaho muri ico gihe vyerekana ingeso zitandukanye zari hagati ya Yuda n’abamukomokako hamwe na Yosefu, yahunze ubusambanyi, ku nkuru yerekeranye n’umugore wa Potifari (**Ita 39:7-12**).

(2) Inkuru y’ukugira neza kwa Dawidi yagiriye neza Mefibosheti muri 2 Samweli 9 yongera ikaboneka muri **2 Samweli 6-10** herekana inganji ya Dawidi mu gihe igihugu cari kimeze neza cane mu vyerekeye ubutunzi, abantu bameze neza bagarutse ku Mana kandi no mu vy’igisirikari bihagaze neza. Ivyo Dawidi yakoreye Mefibosheti vyerekana ukwo kugira neza. UguSubira inyuma kw’ubwami gutangurira muri **2 Samweli 11**. Ukwo gusubira inyuma kugaragarira mu kugene Dawidi yihutiye gukura kuri Mefibosheti ivyiza yari yaramugiriye (**2 Sam 16:1-4; 19:24-30**).

(3) Inkuru y’umwana w’icangazi (Luka 15:11-32) nay o nyene ifise ububasha kubera aho iyo nkuru iri. **Luka 15** hari mu gice gikuru kigize ico gitabu (**Luka 9:51-19:28**) aho Yesu yariko aragenda yerekeza i Yerusalem. Tubona kenshi ko Yesu yahangana n’Abafarisayo, Abafarisayo baramuhangara. Muri **Luka 15:2** abafarisayo baridodomvy, baridoga ko Yesu yakira abanyavyaha kandi agasangira na bo. Ni co gituma Yesu yaciye abacira imigani itatu (intama yazimiye, ifaranga rizimiye, n’umwana w’icangazi), kandi iyo migani yose yari yerekeye ukwihura imyidogo n’imyidodombo y’Abafarisayo. Yose yavuga ku kugene Imana yitaho abazimiye. Umugani w’umwana w’icangazi ni wo usozera vyose, ni wo uri hejuru ya vyose. Uwo mugani utuma Abafarisayo ubwabo biyumbira. Umuhungu mukuru mu mugani ugira gatatu uvugwa, uhagarariye Abafarisayo. Yesu ariko arabihanikiriza abahanura “kwakira no kwemera abanyavyaha bishanye kugira ngo na bo banezeranwe n’abanyavyaha bishanye, binjiye mu bwami” (Doriani 1996: 36), kugira ngo ntibasigare hanze, ntibagume hanze ige abandi bakiriwe na Data.

4. Banza umenye intumbero y’umwanditsi n’ico yanditse gishira hamwe ico gitabo ciwe. Imbere yuko wizizira igice kanaka canke umurongo kanaka, ukwiriye kubanza gutahura ingene ico gice gihuwe n’intumbero hamwe n’umutwe w’ico gitabu cose hamwe n’agace k’ico gitabu aho ivyo ugomba usome, wige uvugeko bivuye. Wibuke: Ibizungurutse ivyo yavuze canke ivyariko biraba ni vyo vyerekana insiguro z’amajambo yakoresheje hamwe n’imirongo. Gerageze uvuge mu majambo make cane umutwe w’ico gitabu, agace, igisomwa usomye mu majambo yawe. *Ugutahurika kw’ivyo uvuga kuvana n’uko utahura iviyumviro vy’ibivugwa muri ico gisomwa.* Gushobora kuvuga neza umutwe w’ivyo ugomba kwigisha mu majambo yawe bizogufasha gutahura ivyo ugomba kwiga canke kwigisha. Kudashobora gutahura umutwe w’ivyo ugomba kwigisha canke kwiga vyerekana ko udatalura ivyo ari vyo kandi bisigura yuko ukeneye kwongera gusoma, kwiga, no kwiyumvira kuri ico gitabu, ico gice canke ico gisomwa. Mu gukora ivyo, gusenga, ibitabu bidondora icvyanditswe, hamwe n’ibindi bitabu birashobora gufasha cane. Hariho ibantu bitari bike bishobora kudufasha kubona neza intumbero canke ihangiro umwanditsi yari afise mu kwandika, umutwe w’igitabu canke ivyo yagomba gushikiriza muri ico gitabu, ico gice canke iyo mirongo igize ico gice:

a. *Amajambo asobanuritse yavuzwe n’umwanditsi agize intumbero, ihangiro canke umutwe w’ivyo agomba avugeko, igitabu, igice canke imirongo igize igice mu gushikiriza iciyumviro.*

(1) Kenshi na kenshi umwanditsi aravuga amajambo yerekana igituma yanditse ivyo yanditse. Amajambo nkayo ashobora kuba ari intangamarara iza mu ntango y’igitabu, canke ugusozena kuza mu mpera z’igitabu, canke iciyumviro hagati mu gitabu. Nk’uburorero, muri **Luka 1:1-4** Luka atubarira igituma yanditse ubwo butumwa bwiza; **Yuda 3** hatubarira icatumye Yuda yandika ico cete ciwe; **Yoh 20:30-31** hatanga impfunyapfunyo yerekana igituma Yohana yanditse ubutumwa bwiza bwiwe kandi na **1 Tim 3:15** na ho havuga igituma Paulo yandikiye Timoteyo.

(2) Rimwe na rimwe umwanditsi vyongeye arashobora gutanga insiguro y'agace gatoya hagati mu gitabu, canke agasigura ico uwundi muntu yavuze canke yashatse kuvuga. Nk'uburorero, muri **Yoh 2:21** Yohana atubarira neza ico Yesu yashatse kuvuga igithe yavuga muri **Yoh 2:19**, “*Musambure uru rusengero, nanje nzoruhagarika mu misi itatu.*” Muri **Mariko 7:19** Mariko avuga ingaruka y'inyigisho ya Yesu muri **Mariko 7:14-19** abantu batari gutahura iyo kidasobanurwa neza. Ku mpera ya **Yoh 4:9** Yohana yongerako ibintu biri mu tuzitizo kugira ngo asigurire abasoma ivyo yanditse (abo nab o nta nkeka bari abanyamahanga atari Abayuda [canke na ho bari kuba batahuye batarinze gusobanurirwa]) igituma Umusamariyakazi yabajije ikibazo nk'uko yakabajije.

b. *Ivyiyumviro bivugwako canke bipfunyapfunywa, ibisigaye biri mu gitabu, mu gice c'igitabu canke mu mirongo igize iciyumviro.* Rimwe na rimwe umwanditsi ashobora kudasobanura icatumye yandika igitabu, canke ntasigure ico ikintu kanaka gisobanura, gisigura. Yamara, ico gitabu kirashobora kuvuga amajambo ashimikirwako canke atanga incamake y'ibija vyavuzwe, canke ibihejeje kuvugwa. Rimwe na rimwe hariho amajambo ashobora guheraheza imirongo kanaka igize iciyumviro kandi agaca yimukira ku kindi ciyumviro. Kubw'ivo, rondera canke raba *imirongo y'urufatiro* isigura neza canke ifyunyapfunya iciyumviro c'umwanditsi. Nk'uburorero, **Ita 1:1** havuga hati, “*Ubwa mbere na mbere Imana yaremye ijuru n'isi.*” Ayo majambo ni intangamarara kandi apfunyapfunya, avuga mu nca make inkuru y'iremwa yo mw’ **Itanguriro 1-2. Abac 17:6** hamwe na **21:25** hose havuga ibi, “*Muri iyo misi Abisirayeli nta mwami bari bwagire: umuntu wese yakora ico yigombe.*” Amajambo nk'ayo avuga mu nca make ugusubira inyuma kwa Isirayeli inyuma y'urupfu rwa Yosuwa. Mu gihe c'abacamanza nta mwami aboneka yariho yamara ikibirengeye nta mwami wo mu vy'impwemu yariho yabarongora. Ni co gituma, nubwo ico gihugu cari citezwe ko kirongorwa n'Uhoraho nk'umwami waco (raba **Abac 8:23**), nticigeze cumvira Uhoraho. Ingaruka zavyo, ico gihugu nticabaye kikibandanya kurwanya abansi baco bo hanze (**Abac 1**) ahubwo baciye basubiranamwo, habaho intambara hagati mu bavukana (**Abac 20-21**). **Yakobo 1** na ho havuga mu mpfunyapfunyo iviyumviro nyamukuru bizovugwa muri ico gitabu cose. **Yak 1:26-27** hatanga impfunyapfunyo y'ico idini nyakuri risobanura, ivyo na vyo bikaba ari vyo bivugwa muri ico gitabu cose.

c. *Ivyiyumviro nyamukuru, abantubavugwamwo, amajambo n'amungane azokwerekana iviyumviro vy'ico gitabu, ibice bigize ico gitabu, hamwe n'ibisomwa bigize ico gitabu.* Gerageza kurondera ingene iviyumviro vy'umwanditsi vyisuka, bigenda bikurikirana. Wibaze iki kibazo “ibi vyiyumviro abishikiriza gute?” Mbere naho hatoba hariho amajambo asobanuritse neza yerekana igituma umwanditsi yaranditse canke yerekana ihangiro ry'umwanditsi, canke iciyumviro nyamukuru yari afise ashaka gushikiriza, hariho amajambo y'urufatiro hamwe n'amungane (kenshi na kenshi usanga asubirwamwo, avugwa kenshi) azokwerekana iviyumviro nyamukuru canke abantu nyamukuru vyerekana ico umwanditsi yashatse gushikiriza.

##### **5. Inyungu zo guca ku masonga igitabu kirimwo ivyo ugomba kuvugako, canke kwigako.**

- a. Ubona ubutumwa bw'igitabu cose, ata kantu na kamwe kavuyemwo.
- b. Uronka ugutahura intumbero yatumye umwanditsi yandika.
- c. ni ho ubona iviyumviro nyamukuru bigize ico gitabu.
- d. Uca ubona ingene ico gitabu gipanzé, cubatswe.
- e. Uca utahura ingene iciyumviro kimwe gifatiye canke cubakiye ku kindi mu gitabu cose.
- f. Uba ufise urufatiro rwiza rwo gusigura no gushira mu ngiro. (Arthur 1994: 26)

6. Gira iciyumviro nyamukuru ku gice canke igisomwa uriko urigako. “Ikintu gikomeye kurusha ibindi ku wugitangura kwiga ni ukugerageza gupfunyapfunya igice cose canke imirongo igize iciyumviro hamwe no gukuramwo iviyumviro nyamukuru mu gice ico ari co cose. Abantu kenshi na kenshi bitwararika ido n'ido ntibigere baca ku masonga. Aha dukeneye guca ku masonga, kandi umunyeshuri wese akwiye kugergeza kwandika amajambo atandatu canke munani apfunyapfunya igisomwa ico ari co cose. Igihe dusomye imirongo ifatiye hamwe mu kugira iciyumviro mu buryo bw'ido n'ido, impfunyapfunyo kenshi na kenshi usanga igizwe n'imirongo ibiri ya mbere muri ico gice aho kuronderera muri ico gice cose. Iryo kosa rirashobora kwonona no guhindura ivyo wogunduye muri ico cirwa cose.” (Osborne 1991: 23) Osborne yamara aratwibutsa yuko “iuku ari uguca ku masonga kwa mbere kandi ko bizosubirwamwo hamwe hageze kubaga ico gisomwa ngo bakuremwo ibintu vyose bigize ico gisomwabibaye ngombwa” (Ibid: 24-25).

7. Kumenya ingene iryungane ryubatswe canke ingene igice cubatse ni ngirakamaro co kimwe no kumenya ingene igitabu cose cubatse canke igice cubatse. Kenshi na kenshi ni ngirakamaro *gucapa canke gushiraho diagram* y'iryungane canke igitomwa, canke ugashiramwo *irangi rikwerekwa* ico ushatse kuvuga kugira ngo werekane imigenderanire iri hagati y'ibice bitandukanye bigize icro ryungane canke ico gisomwa kugira ngo umenye igitihindura ikindi muri ivyo bigize icro ryungane canke ico gice. Ivyo ni ngirakamaro cane canecane iyo uriko uriga ivyo Paulo yanditse, kuko kenshi na kenshi akoresha imirongo miremire n'amungane maremare. Uburorero butatu bwerekana ivyo:

- a. **Rom 5:12** *herekana insozero y'iciyumiyo (amajambo "None rero ko bimeze birtyo" ni yo avyerekana).* Uwo murongo kandi uhera *ku gice ca mbere c'ikigereranyo* (amajambo "nk'ukw icaha cazanywe mw' isi n'umuntu umwe") *herekana ko Paulo agomba kugereranya ico kintu n'ikindi kintu, akoresheje amajambo nka "ni ko" canke "ni nako"* [ayo nayo akuzuza "nk'uko"]. Yamara, Paulo ntaca ashoka atanga ico kigereranyo, ahubwo atangura asigura ingaruka z'icaha. Ntasubira ku ciyumiyo ciwe ca mbere n'ikigereranyo kugeza ashitse ku gice ca **5:18** ("None rero nk'uko gucirwa urubanza kwazanywe n'igicumurio kimwe").
- b. **Ef 2:11-22** *habanziriza umurongo w'iciyumiyo aho Paulo avuga ku vyo Kristo yakoze mu gukuraho itandukaniro canke amacakubiri yari hagati y'Abayuda n'Abanyamahanga kuri abo bari muri Kristo, akarema "umuntu umwe musha."* **2:11-12** hadondora ukugene Abanyamahanga bari bameze ubwa mbere. Amajambo "Ariko noneho," atangurira **2:13**, yerekana icro tandukaniro ry'abanyamahanga riri hagati ya kera n'iki gihe turimwo, biciye mu ngaruka, mu nyishu y'amaraso ya Yesu kristo. **2:14-22** vyose bihindura kandi bisigura **2:13—2:14-18** hasigura ivyo Kristo yakoze; **2:19-22** hasigura ivyo Kristo ariko arakora (**2:19** haca hongera hafatira aho ivyariko biravugwa kuri **2:13** vyabisize, vyahagarikirije).
- c. **Ef 3:1-19** *habandaniriza ku murongo w'iciyumiyo ca Paulo kuvyerekeye Abanyamahanga.* **3:1** hatangurira kuri aya majambo "Ni co gituma," bifatiye ku vyo yaja yavuze. Hanyuma **3:2-13** ni ikindi kintu kirekire *kidasa* n'ivyo yari ahejeje kuvuga na gatoya; Paulo ntasubira kuvuga kuri ca ciyumiyo yariko aravugako gushika ashitse kuri **3:14**.

#### **D. Vuga mu ncamake ico gitabu, agace, hamwe n'igisomwa**

1. Uburyo bwiza ngirakamaro butuma umntu atahura ingene iviyumviro vyanditse mu gitabu "bikurikirana", ivyanditswe mu gace kanaka canke ivyanditswe mu gisomwa kanaka ni kuvuga mu majambo make ico gitabu, ako gace, canke ico gisomwa ku rukaratasi. Kuvuga mu nca make bidufasha "kubona" ingene igitabu, agace canke igitomwa cubatswe. Kuvuga mu nca make bifasha kumenya neza iviyumviro vyacu hamwe no gutahura kuko bidutuma dushaka kubaga no kugomba kumenya ibigize igitabu, agace, canke igitomwa, kugira ngo ntitiwihende ku co umwanditsi yashatse gushikiriza n'ukugene ivyo yanditse bifatanirije hamwe. Kuvuga mu majambo makeya kandi vyongeye bifasha ugutahura kwacu kubera yuko mu kuvuga mu nca make dutegerezwa kubishira *mu majambo yacu tutarinze gusubiramwo* ivyo umwanditsi yanditse iviyumviro nyamukuru bigize ico gisomwa ca Bibiliya.

2. Bibiliya nyinshi zirafise imitwe y'amajambo yashizwemwo n'abazisohoye. Abasesanguzi bensi barerekana ingene bavuze mu nca make ivyo bitabu, uduce tugize ivyo bitabu hamwe n'ibisomwa biboneka muri ivyo bitabu. Ivyo birashobora gufasha. Yamara, nimba ushobora kuraba muri Bibiliya nyinshi, ku bavuga indimi nyinshi, canke ku bindi bitabu vyinshi bivuga kuri Bibiliya, uzosanga Bibiliya nyinshi uko zanditswe n'abazisohoye batandukanye co kimwe n'abagize ico bazivugako uzosanga bafise ingene bavuga incamake y'uduce tumwe tumwe tugize ico gitabu mu buryo butandukanye nubwo kiba ari igitabu kimwe. Ntutegerezwa gukurikiza ivyo abandi bavuze ariko gerageza na we ubage ico gice, uhangane na co kugeza ugize ico ugikuramwo.

3. Incamate irashobora kuba ntoya canke ikabamwo ido n'ido. Iki kikomeye ni ugukurikirana no kumenya ingene iviyumviro vy'umwanditsi bihenda bikurikirana. Amahame ngenderwako y'incamate ni aya:

- a. *Iciyumiyo nyamukuri c'igisomwa ni co kigize imitwe y'amajambo y'iyo ncamake.*
- b. *Uduce duto duto tugize incamate dushiramwo umuco, turasigura, dutanga uburorero, ibigereranyo, canke tukongeramwo ido n'ido ry'igice kinini cari gihejeje kuvugwako* (raba Arthur 1994: 119-28).

#### **E. Soma mu buryo bw'uko umengo hari ikintu ubuze ushaka kumenya muri ico gice**

Uko uba uriko urasoma igitomwa hamwe n'ivyariko biraba bikikuje ico gisomwa, raba neza kw'ido n'ido, urudome ku rundi rw'ico gisomwa hamwe na kahise k'ivyarikko biraba, ido n'ido ry'imico kama y'ico

gihe vy'ico gisomwa. "Andika ku gakarataси canke ahantu ido n'ido rishobora kuba ryashizweho kubera ikintu kanaka gishoka cibonekeza" (Doriani 1996: 18; raba **IVYONGEWEKO B: KWIGA BIBILIYA UKORESHEJE IBIBAZO KUGIRA NGO USHOBORE KUVUGA UBTUMWA UKORESHEJE BIBILIYA**). Baza ibibazo (bishobora kuba bifatiye kw'ido n'ido, urudome ku rundi kuri kahise, imico kama ibzungurutse ico gitabu canke ico gisomwa). Bizogufasha kugumiza ijisho kuri ico gisomwa no kugitahura:

1. Nde?—Uburorero, Ni nde yanditse ico gitabu canke ico gisomwa? Ni ba nde bakuru bakuru bavugwa muri ico gisomwa? Uwo mwanditsi ariko aravugana na nde, canke ariko arabarira nde? Uwo ariko aravugako ariko aramubarira nde?
2. Ibiki?—Uburorero, iki gisomwa ni ubwoko ki? Ni ibiki biriko biraba hano muri iki gisomwa? Ibantu bikuru bikuru ni ibihe? Imitwe mikurumikuru y'amajambo n'ivyiyumviro nyamukuru ni ibihe, hamwe n'ivyrwa ibihe dukura muri ico gisomwa? Umwanditsi ashimikira ku ki?
3. Ryari?—Uburorero, Ivyo vyanditswe ryari? Ico kintu canditsweko cashitse canke cabaye ryari? Kizoshika ryari?
4. Hehe?—Uburorero, Ivyo vyabereye he, vyakorewe he? Ibi vyavugiwe he? Ivyo bizobera, bizoba he?
5. Kubera iki?—Uburorero, ibi vyanditswe kubera iki? Kubera iki iki kintu kanaka cavuzwe? Kubera iki umwanditsi atahaye umwanya muremure iki kintu kanaka canke iyi nyigisho? Kubera iki abantu bategerezwa gukora mu buryo kanaka?
6. Gute?—Uburorero, Ikintu cabaye gute? Ukwo kuri kugaragazwa gute? Abantu bakwiye gukora iki?

#### F. Raba neza ido n'ido ry'ivariko biraba hamwe n'imico kama

1. Ivyariko biraba hamwe n'ido n'ido ry'imico kama mu gisomwa kanaka birashobora gufasha gushira umuco mu gisomwa, canke mu gusigura igisomwa. Ido n'ido ni ngirakamaro kandi ugasanga iyo nkuru ntioshobora kubaho harimwo iryo do n'ido muri iyo nkuru. Ido n'ido si vyo bikuru iyo ata kintu kinini vyongera muri iyo nkuru, muri ico gisomwa. Birashobora kudaca bitahurika ako kanya nyene ukugene kahise n'ido n'ido ry'imico kama bifise uruhara mu gusobanura igisomwa.
2. Nk'uburorero, muri Gal 2:11-13 Paulo avuga yuko muri Antiyokiya yagishije impari Petero imbonankubone kuko yari yanse gusangira n'abizera b'abanyamahanga, kandi ko na Barunaba yari yatwawe n'ubwo buhumvyi, ubwo buryarya. Ku ruhande rumwe, ntaco bitwaye aho ivyo vyabereye—icari gihambaye yari inyigisho rukristo n'ingene iyo nyigisho ishirwa mu ngiro kumwe aho ari ho hose. Ku rundi ruhande, iyo nkuru ifise akamaro cane igehe twibutse yuko abizera b'Abayuda bashitse ubwa mbere muri Antiyokiya kubera ihamwa. (**Ivyak 11:19**). Ikindi, ishengero ry'i Yerusalem ryatumye Barunaba i Antiyokiya igehe bumva inkuru yuko abanyamahanga batari bake bari bakiriye, bakishikanira Uhuraho, Umwami Yesu Kristo. Barunaba yarabinezerewe kandi aca akwega na Paulo barajana i Antiyokiya. Bose batera intege, bigisha abizera basha b'(abanyamahanga) bari ngaho i Antiyokiya (**Ivyak 11:22-26**). Abigishwa ba mbere biswe ubwa mbere "Abakristo" muri Antiyokiya (**Ivyak 11:26**). Abizera b'Abanyamahanga bo muri Antiyokiya nabo nyene bararungitse imfashanyo, intererano yo kugarukira no gufasha abizera b'Abayuda b'i Yudaya bari bashikiwe n'icago c'inzara, kigoyi (**Ivyak 11:27-30**). Ni co gituma, iryo do n'ido rya kahise k'ico kibanza vyabereyemwo aho Petero na Barunaba bakorokeye muri ubwo buhumvyi n'ubwo buryarya vyongera akandi kantu ku nsiguro. Vyerekana ingene vyari bibabaje kandi biteye isoni kudasangira na bene data b'abizera bagize umuryango umwe n'ubwo bamwe bari Abayuda abandi nabo bakaba Abanyamahanga.

#### G. Raba neza urudome ku rundi rw'ico gisomwa

*Ido n'ido canke urudome ku rundi rw'ibigize igisomwa ni ngirakamaro ku nsiguro y'igisomwa.* Ibi bikurikira birakoreshwa kugira ngo ugire iciyumiyo canke incamake y'igitabu cose hamwe n'ukwiga igisomwa kanaka ufatiye ku vyariko biraba ico gihe nyene.

1. Ivyumviro nyamukuru. Amajambo y'urufatiro n'amungane y'urufatiro ni ngirakamaro kugira ngo umuntu atahure imitwe nyamukuru y'amajambo canke iviyumviro biri muri ico gitabu ca bibiliya canke igisomwa kanaka ca Bibiliya. Yamara, amajambo y'urufatiro ni ngirakamaro kuko ari amajambo atwerekeza ku *vyiyumviro nyamukuru ngenderwako* canke ku *mitwe y'amajambo*. Dutegerezwa kwiyubara ntitwitiranye *iciyumiyo n'ijambo* canke *amajambo* Bibiliya ikoresha aysisigura. Ni co gituma, aho "kwiga amajambo" twategerezwa kwiyumvira "ku nsiguro y'ivyo twiga." "Insiguro kanaka ishobora gushikirizwa mu majambo anyuranye. Iyo "twize amajambo" mu buryo budasanzwe tutabanje kurobanura na gato dukurikije ayo majambo nyene muri Bibiliya yose, dushobora kwisanga turiko turashira hamwe impene n'intama nk'uko ari ibantu bimwe canke ibikoko vy'ibitungano bimwe! Icongeyeko, nta nkeka ko hari ibisomwa bimwe bimwe bizodusiga aho ibantu bisa biba biriko biravugwako yamara hakoreshejwe ayandi majambo anyuranye n'aya mbere." (Volvaardt 2005: 62)

a. *Ubu burorero bubiri bugaragaza akamaro ko gutandukanya iviyumviro atari amajambo gusa:*

- (1) Igihe tuba turiko turiga ku ciyumviro co “kuvuka ubwa kabiri,” ayo majambo tuyabona muri Bibiliya incuro zitatu gusa: Yoh 3:3, 7; na 1 Pet 1:23. Yamara, iciyumviro co kuvuka ubwa kabiri kw’uwizera kiboneka ahandi hantu henshi muri Bibiliya, yamara ico ciyumviro gikoresha amajambo atandukanye avuga ikintu kimwe, avuga iciyumviro kimwe. Ni co gituma, uwizera yitwa “icaremwe gisha” (2 Kor 5:17; Gal 6:15), ni “icaremwe gisha muri Kristo Yesu” (Ef 2:10), ni “ibiremwa vyayo, Imana” (1 Yoh 2:29; 3:9; 4:7; 5:1), ni “twakoranijwe na Kristo” (Rom 6:5), n’ibindi.
- (2) Muri ubwo buryo nyene, Bibiliya ikoresha amajambo anyuranye menshi kugira ngo ishikirize iciyumviro c’ “amahera, amafaranga”—uburorero, “ubutunzi,” “imaragarita,” “Mamo,” hamwe n’ “amahera.” 2 Kor 8-9 ni co gice kirekire kandi kivuga ido n’ido c’aho Paulo avuga ku gutanga amahera, yamara muri ico gice kirekire ntiyigera akoresha ijambu “amahera.”

b. *Gutandukanya hagati y’iciyumviro n’amajambo avuga ico ciyumviro bidufasha gutahura cane.* Nta jambo na rimwe ryonyene rishobora kuduha iciyumviro gikwiye; yamara amajambo yose ari hamwe ashobora kuduha iciyumviro gikwiye, gitomoye. Nk’uburorero, iyumvire ku ciyumviro c’“agakiza.” Bibiliya ikoresha amajambo menshi kugira ngo yerekana ico umusaraba wa Yesu Kristo wadukoreye, ayo majambo ashizwe hamwe ni yo aduha ico ciyumviro:

- (1) “Amaraso; umwagazi, ikimazi” ni imvugo y’ibimazi vyo mw’IK. Yerekana yuko twari abatsindwa, yamara ko ubu twahariwe.
  - (2) “Gusubiza hamwe; kwegerezwa, kugarukanwa hagufi” ni ururimi rw’imigenderanire y’umuntu n’uwundi. Ayo majambo yerekana ko twari twaratandukanye n’Imana, yamara ko ubu twagarukanywe mu migenderanire n’Imana.
  - (3) “Impongano” ni ururimi rwerekana ingene ico gikorwa ceranda cakorwa (mu yandi majambo, inzira ugusubiza hamwe kwashikwako).
  - (4) “Incungu, ugucungurwa” ni imvugo yo mu kaguriro, imvugo imenyerewe.
  - (5) “Gutsindanishirizwa” ni imvugo ikoreshwa muri sentare.
  - (6) “Intsinzi; kubohorwa; gucungura” ni imvugo yo mu ntambara, imvugo yaho bariko bararwana.
- Ayo majambo yerekana ko twari abaja yamara ko ubu twacunguwe, twidegemvyo.
- Iyo mvugo yerekana ko twari abatsindwa, twariko urubanza, yamara ko twahariwe, twagiriwe ikigongwe, ubu duharurwa ko turi abagororotsi.
- Yamara ko twacunguwe kandi ko muri Kristo twanesheje.

2. Amajambo y’urufatiro n’amungane y’urufatiro, amajambo afatiwe hamwe. Amajambo y’urufatiro n’amajambo afatiwe hamwe ni ayo majambo ari ngirakamaro ku gutahura insiguro y’igisomwa.hamwe ayo majambo yovanwaho, insiguro y’ico gisomwa nayo nyene yoca ivaho. “Ni ngirakamaro yuko wiwheza amajambo y’urufatiro n’amajambo afatiwe hamwe kuko yerekana ico umwanditsi yashatse gushikiriza, ubatumwa umwanditsi yashatse gushikiriza, ico yashatse gushimikirako, no gutsindagira n’ukugene azoshitsa intumbero yari afise, canke ihangiro yihaye” (Arthur 1994: 37). Mumenye neza ko igisomwa canke igice ubwaco kivuga ku ku majambo y’urufatiro n’amajambo afatiwa hamwe. Nk’uburorero, 2 Timoteyo 1 hashira ku rutonde ibi bintu bikwirikira ku vyerekeye amajambo nyamukuru y’ “Imana”:

a. Imana yagine Paulo intumwa kubw’ubugombe bwayo ( <b>umurongo 1</b> )	f. Imana ntitanga mpwemu y’ubujora ( <b>umurongo 7</b> )
b. Imana itanga ubuntu, imbabazi n’amahoro ( <b>umurongo 2</b> )	g. Iman itanga Mpwemu w’ububasha, urukundo no kwirinda ( <b>umurongo 7</b> )
c. Imana ni Data ( <b>umurongo 2</b> )	h. Iman itanga ububasha bwo kwihanganira amageragezwa ( <b>umurongo 8</b> )
d. Imana irashimirwa kandi irakorerwa ( <b>umurongo 3</b> )	i. Imana yaradukijije ( <b>umurongo 9</b> )
e. Imana itanga ingabire ( <b>umurongo 6</b> )	j. Imana yaraduhamagaye ( <b>umurongo 10</b> )

3. Gusubiramwo amajambo, amungane hamwe n’ivyiyumviro. Kenshi na kenshi, igihe ijambu, iryungane, canke iciyumviro bisubiwemwo, bikavugwa ubugira kabiri canke gatatu, biba bisubiwemwo kugira ngo bishimangire akamaro kavyo. Ni co gituma, icerekana ko ikintu gikomeye, ni uko ijambu, iryungane canke iciyumviro gisubiwemwo.

a. *ukwisubiriza kw’amajambo y’urufatiro canke amajambo afatiwe hamwe ashobora kuboneka mu gice kanaka canke mu gisomwa kanaka, agace kagize igisomwa c’igitabu, canke mu gitabu*

cose. Nk'uburorero, muri **1 Yohana** amajambo “urukundo,” “icaha,” “kuguma,” hamwe no “kumenya” ni amajambo agaruka kenshi muri ico gitabu cose, yamara “ubumwe” bisubirwamwo mu gice ca mbere gusa.

b. *Kuraba neza amajambo n'amajambo afatiwe hamwe aguma agaruka ni ngirakamaro mu kurobanura insiguro nyamukuru y'igisomwa canke igitabu.* “Uko ijambo rigaruka kenshi vyerekana neza ko iryō jambo rihagarariye iciyumviro. Uko iciyumviro kigaruka kenshi, vyerekana neza ko ico ciyumviro ari co cinyumviro nyamukuru kiboneka muri ico gitabu.” (Arthur 1994: 37)

c. *Uko iciyumviro canke amajambo asubirwamwo mu ntango no ku mpera y'igisomwa vyerekana ko umwanditsi yashatse gutsindagira ico yashatse gushikiriza.* Igihe umwanditsi avuze ikintu ku ntango y'igisomwa maze akongera akakivuga ku mpera y'ico gisomwa (canke ku gace kagize igisomwa canke ku gitabu), ni nko gushira “insozero ku gitabu” muri ico gisomwa kugira ngo yerekane akamaro k'ico ciyumviro. Nk'uburorero, Paulo atangura avuga muri **1 Timoteyo** ahanura Timoteyo “*kurwana intambara nziza*” (**1 Tim 1:18**), kandi agaheraheza ico gitabu yongera kumuha iyo mpanuro (**1 Tim 6:12**). Ukwo gutsindagira kurongera kukaboneka igihe umwanditsi yongeye agasubiramwo ico ciyumviro hagati mu gisomwa, mu gace kagize igitabu, canke mu gitabu. Muri **1 Tim 4:11-16** Paulo atanga urutonde rw'ibantu cumi nyamukuru vyerekana ukugene umurongozi w'ishengero ategerezwa gutoza indero no kumenyereza ubugingo bwiwe n'igikorwa yandikiwe. “Kwigisha” vyaravuzweko mu ntango (**1 Tim 4:11**), hagati (**1 Tim 4:13**), hamwe no ku mpera (**1 Tim 4:16**) kuri urwo rutonde.

d. *Ivyiyumviro bishobora gusubirwamwo kugira ngo vyerekane akamaro kavyo nubwo bitoba bivuzwe mu majambo amwe.*

(1) Igarukagaruka rishobora kuboneka mu gisomwa, mu gice, canke mu gace canke mu gitabu cose. Mu kuraba iryō garukagaruka, ugutahura kwacu Bibiliya kuzokwongerekana cane. Nk'uburorero, muri **2 Timoteyo** iciyumviro c’“ukubabazwa” kiguma kigaruka, nubwo bakoresha amajambo atari amwe mu gushikiriza ico ciyumviro—“umunyororo” (**1:16**); “imibabaro” (**2:3, 9**); hamwe no “guhamwa” (**3:11**).

(2) Igarukagaruka ry'ivyiyumviro nyamukuru rirashobora kudashoka riboneka ugisoma ubwa mbere ico gitabu. Nk'uburorero, mu **Ivyakozwe n'Intumwa** ibantu bibiri gusa ni vyo vyasubiwemwo incuro zitatu: (1) Ivyo Petero yerezwe ku bikoko bihumanye (**Ivyak 10:16; 11:10**); na (2) inkuru yo kwhiana kwa Paulo (**Ivyak 9:1-19; 22:1-13; 26:1-18**). Ivyo vyerekana igikorwa nyamukuru canke akamaro nyamukuru ivyo bantu vyagize ku kugene ishengero ryari rimeze, ryabandanje n'ukugene ryakuze.

e. *Ibantu bibiri bidasanzwe vy'igarukagaruka ni:* (1) *Ibangabanganwa ry'ibisomwa; hamwe na (2) ivyabuwe mw'Isezerano rya Kera bigashirwa mw'Isezerano Risha.*

(1) Ibisomwa bibangabanganye ni ibisomwa bitandukanye bivuga ikintu kimwe, bikavuga ibantu bimwe canke bigahanahana ivyiyumviro ku kintu kimwe. Nk'uburorero, **Mat 24:1-51**, **Mariko 13**, na **Luka 21:5-36** ni ahantu havuga ku kintu kimwe habangabanganye—Ivyo Yesu yavugiye ku musozi Elayono; **Luka 17:22-37** ni ayandi majambo ya Yesu kuri ico kintu nyene. Co kimwe na **Ef 6:5-8; Kol 3:22-25; 1 Tim 6:1-2; Tito 2:9-15**; na **1 Pet 2:18-25** aho hose havuga ku bikorwa vy'abashumba bakorera ba shebuja. Ibisomwa bibangabanganye bitegerezwa kurabwa, gufatirwako, kubera yuko igisomwa cose gitanga ido n'ido canke utuntu dutandukanye tutaboneka mu bindi bisomwa.

(2) Ivyabuwe mw'IK birakunda kuboneka kenshi mw'IR. Aho vyakomotse, vyabuwe mw'IK hategerezwa kurabwa kugira ngo hamenyekane icatumye ivyo bivugwa uko vyavuzwe, hamwe n'ivyariko buraba ico gihe. Kenshi na kenshi uko amajambo ashikirizwa mw'IR yabuwe mw'IK birashobora gutandukana. Ivyo bishoboka kubera abanditsi b'Isezerano Risha kenshi na kenshi bavuga ivyo babuye muri Septuagint (LXX) y'IK, iryō na ryo ryari insobanuro, insiguro y'ururimi rw'Ikigiriki rwasobanuwe rukuwe mu rurimi rw'Igiheburayo.

#### 4. Ukugene amajambo atondetse n'ibindi bigize imvugo y'ururimi ku gisomwa canke iryungane.

a. *Kenshi na kenshi ikintu kivuzwe ubwa mbere (nk'uburorero, mu rutonde rw'ibantu vyinshi) bikorwa kubera kiza ubwa mbere.* Nk'uburorero, muri **Gal 5:22-23** “ivyo Mpwemu yama” bitangurira k’ “Urukundo.” Mbere, icamwa ca Mpwemu ni mu *rudend*, si mu bwinshi (mu yandio majambo “Icamwa ca mpwemu canke ico mpwemu yama ni,” si “ivyo mpwemu yama mu bwinshi”). Ni co gituma, ivyo mpwemu yama bifatirwa hamwe. Umwe arashobora kubona

- ukugaragara kw'icamwa nk'uko gikomoka mu “rukundo” (raba **1 Kor 13**).  
b. *ivyavanywemwo canke ivyirengagijwe bishobora kuba ngirakamaro*. Nk'uburorero, muri **Rusi 1:14-18** Rusi yerekana ko azokwumira kuri Nawomi, maze ava mu gihugu ciwe n'abantu biwe kubwa Nawomi. Muri **Rusi 1:19-22** Nawomi na Rusi bava i Mowabu basubira i Betelehemu. Abagore barabazanya bati “*Mbega uyo yoba ari Nawomi?*” Yamara Nawomi arishura ati, “*Ntimube mukinyita Nawomi*, [mu yandi majambo, “uw'igikundiro”]; *ariko munyite Mara* [mu yandi majambo, “umururazi”], *kuko Rugira Vyose ivyo yangiriye vyambereye umururazi*. *Navuye ino ninahaye, uhoraho angarukanye iwacu ndi imbokoboko*.” Mu nyishu yiwe, Nawomi yariengagije Rusi. Umururazi canke umubabaro wiwe wo kubura no gupfisha umugabo wiwe n'abahungu biwe vyatumye iviyumviro vyiwe avyirabishako wenyene gusa. Ivyo vyago vyaramuhumitse amaso kugeza yaho yibagira ko Imana *itamugarukanye* “imbokoboko”, yamara Rusi ari kumwe na we.
- c. *Uburyo bubiri bumenyerewe bw'igarukagaruka ni ukubangabanganwa na Kiyasume*.
- (1) Ukubangabanganwa ni igihe iviyumviro bibiri canke birenga bisubirwamwo, bikavugwa muri ubu buryo: A-B-A-B, canke A-B-C-A-B-C. Muri **1 Kor 1:22-23** ugusubirwamwo “kw'abayuda” n’ “abanyamahanga” kurabangabanganye:
- A—Abayuda basaba ibimenyetso  
B—Abagiriki barondera ubwenge  
ariko tweho tubabarira ivya Kristo yabambwe,  
A—uyo ku Bayuda ni ikigwisha  
B—ku banyamahanga n'ubupfu
- (2) Chiasm ni igihe n'imiburiburi iviyumviro bibiri bigenda bigaruka mu buryo bunyuranye, mu yandi majambo, muri ubu buryo: A-B-B'-A', canke A-B-C-C'-B'-A'. Umurwi w'ibantu bine bivugwa muri **Kol 3:11** biri mu buryo bwaChiasm:
- A—Nta Mugiriki  
B—canke Umuypuda,  
B'—uwakebwe  
A'—canke uwutakebwe
- (3) Chiasm irashobora kubamwo ikintu co hagati na hagati ibindi vyose na vyo bigafatira kuri ico co hagati; ico kintu co hagati gishobora kuba ari co cashimikiweko. **Umus 11:3-12:2** ni uburorero:
- A—ibicu n'имвура  
B—Umuco n'izuba  
C—wame wibuka imisi y'umwiza  
D—ibizoza vyose ni ubusa  
E—Nezererwa ubusore bwawe  
F—Ariko wame ubizi yukw'Imana izogushira mu rubanza  
E'—Nezererwa ubusore bwawe  
D'—ubuto bwose ni nk'impwemu  
C'—iyumvire Imana imbere y'imisi y'imanza  
B'—Izuba n'umuco  
A'—Ibicu n'имвура
- (4) Ivyubatse gurtuo ntibigarukira kw'igarukagaruka ry'amajambo canke amajambo afatiye hamwe mi mirongo mikeya yamara hashobora kuba harimwo igarukagaruka ry'iviyumviro biri mu gitabu cose (raba Woolvaardt 2005: 222 [ivyabaye mu bugingo bwa Samusoni mu **Abac 14-16** biboneka ko bitondetse mu buryo bubangabanganye], 258-62 [Igitabu cose ca **Amosi** co kimwe uduce duto duto hamwe n'ibice vy'ico gitabu vyose bisa n'ibitunganijwe mu buryo bwa chiasm]).
- (5) Ukubangabanganwa na Chiasm birashobora gukoreshwa mu bintu bitari bike: (A) Bishiraho inkuru ya birya na bino hamwe kandi n'inkuru iryohera amatwi; (B) bidufasha kugumiza ijisho ku ciyumviro nyamukuru; (C) bidufasha gutanga insiguro nziza; (D)bishimangira iciyumviro kandi bidufasha gukurikirana iciyumviro bitabanje kugorana; (E) bidufasha kubona aho ibantu bifatanaye n'aho bitandukaniye.

## H. Raba neza ido n'ido ry'indongoramvugo

Kwimba mu mizi canke kubaga igisomwa vyerekeye ukurobanura ingene ivyo umuntu yavuze bifatanye

canke bifitaniye isano n'ibindi yavuze. Cane cane ido n'ido ngirakamaro ry'indongoramvugo ryerekeza ku nzira ishikana ku gutahura kwiza igitomwa kurimwo ibi bikurikira:

1. Sahwanya ni amajambo ashira hamwe iviyumviro canke ayandi majambo (sahwanya). “Sahwanya ni akajambo gatoya” gashira hamwe ibice bigize iryungane, canke gashira hamwe amungane n'ibice bigize iciyumiyo, ni urpfunguruzo canke ni urufatiro ku vyiyumviro vy'umwanditsi. Amajambo afatanya ayandi canke iviyumviro ashiraho *ivyariko biraba* igihe umwanditsi yandika aho ijambo kanaka ridasanzwe, amajambo agendera hamwe, canke imirongo iboneka. Ukwo gufatanya kutwereka ingene amungane, amajambo afatiwe hamwe, amungane hamwe n'iviyumviro bigize urunani, bijanye. Umwanditsi ashobora kuba ariko *arashira hamwe* ibantu bibiri canke birenga (uburorero, **1 Tim 3:1-7** hashiraho ibiranga, ibikenewe kugira ngo umuntu ashobore kuba umuzezwashengero; nubwo akajambo “na” ritakoreshejwe gushika kuri **3:7** kugira ngo bafatire hamwe vyinshi bisabwa kugira ngo umuntu ashobore kuba umuzezwashengero, *ivyo yariko aravugako*, *ivyariho*, *canke ibizungurutse ivyo yariko aravuga hamwe n'amajambo ubwayo* *ingene atondetse yerekana yuko* umuzezwashengero akwiye kuba afise *ivyo vyose* bisabwa ariko atari bimwe muri ivyo gusa). Ashobora kuba ariko *aratandukanya* ibantu (muri **1 Tim 3:3** “Atari umunoho wa vino cank’umusinzi, imborerwa” hanyuranye no kuba “umugwaneza, atitoraguza, atagira amahane”). Ashobora kuba ariko *aragereranya* ibantu (muri **1 Tim 3:4-5** kuba umuzezwashengero biggereranya no kuganza neza abo mu rugo rwawe bwite; muri **1 Tim 4:1-2** Paulo agerereranya uburyarya buzanwa no kwemera inyigisho mbi z’ibinyoma no kwotswa icapa mu mitima yabo). Ashobora kuba ariko *aratanga impamvu, igituma canke intumbero* ku kintu, canke *inyishu* y’ikintu kanaka (muri **1 Tim 3:6** Paulo yerekana igituma uwihanye musha adategerezwa, adakwiye kugirwa umuzezwashengero, n’ibishopora kuba iyo agizwe umuzezwashengero ariho acihana). Muri izo nzira zose, umwanditsi ashiraho kandi yerekana insiguro nyakuri y’ico gisomwa. Utujambo ngirakamaro dufataniriza amajambo hamwe ni nk’utudukurikira:

- a. *Sahwanya zerekana ko ibantu bishiwe hamwe canke ukubandanirizako*—uburorero, na; kandi; vyongeye; hanyuma.
- b. *Sahwanya zerekana ukunyuranya*—uburorero, yamara; nubwo, naho; n’ibindi vyinshi; nubwo biri uko; ariko; naho; hanyuma; atari uko.
- c. *Sahwanya zerekana ukugereranya*—uburorero, nyene; vyongeye; nka; nkuko; ni ko biri; muri ubwo buryo nyene; na; nka.
- d. *Sahwanya zerekana imigenderanire mu vyiyumviro*—uburorero, nk’uko . . . ni ko; kuko . . . ni ko; na vyo. . . ni ko.
- e. *Sahwanya zeerekana igituma canke intumbero*—uburorero, kubera; ni co gituma; kubera ivyo; kubera iyo ntumbero; kuva; ivyo; kugira ngo; kugira ngo ashike; shiti, canke.
- f. *Sahwanya zerekana inyishu, umwimbu, ivyashitsweko*—uburorero, kubera ivyo; nuko rero; ni co gituma, nk’ingaruka; kubw’ivyo; rero.
- g. *Sahwanya zerekana ukuntu ibantu bimeze*—uburorero, nimba; hamwe . . . rero.
- h. *Sahwanya dufatanya ibihe*—uburorero, ubu; gushika; igihe; imbere; inyuma; igihe; kuva; ico gihe.
- i. *Sahwanya zifatanya uturere*—uburorero, hehe; harya.
- j. *Utujambo tuza imbere y’ayandi majambo*—uburorero, ahantu (i; kuva; werekeye, utumbereye; kuva); aho ikintu kiri canke gihagaze (hejuru; munsi; hejuru; iruhande; mu; imbere; muri; hamwe; mu; muri; kuri; hampande); ikigize ikintu, umwanya, n’ibindi (imbere yuko; kubera yuko; ku vyerekeye; mu kintu cose; kubera yuko; inyuma yuko; kubera; nka; mw’izina rya; dufatiye; mu gihe).

2. Utundi twerekana ido n’ido ry’indongoramvugo. Ibibazo vyinshi bisiguza canke bishaka gutahuza ikintu birakoreshwa iyo turavye neza ku vyo umwanditsi ariko aravuga, hamwe n’*ingene* ariko arabivuga. Ivyo na vyo ahanini vyerekana n’indongoramvugo umwanditsi arakoresha. Ibantu nyamukuru umuntu yorabirako ni ibi:

- a. *Ubwoko bw’iryungane*. Iryungane rishobora kuba: (1) ico umuntu ashikirije (“iryungane rishikiriza iciyumiyo”—uburorero, “barakora cane.”); (2) ikibazo (“iryungane riri mu buryo bwo kubaza”—uburorero, “mbega barakora cane?”); (3) itegeko /ibibazo bibazwa umuntu (“mu buryo bwo gutanga amategeko”—uburorero, “kora cane, kora ningoga.”); canke (4) gatangaza (“amungane yerekana ugutangara”—uburorero, “eh’ingene bakora cane!”).
- b. *Ukugene iryungane ryubatswe*. Amungane agizwe: (1) Rukozi (kenshi na kenshi umuntu canke ikintu kiriko kirakora ikintu kanaka hamwe n’ibindi bintu vyose vyomekwa kuri rukozi); na (2) irivuga (irivuga hamwe n’ibindi vyose vyomekwa ku rivuga [uburorero, “karangura” k’irivuga]). Ni co gituma, mu ryungane “Yohana asoma igitabu,” “Yohana” ni rukozi, “asoma

igitabo”ni irivuga (“asoma” ni irivuga, “igitabu” [ni karangurya ka rukozi]).

(1) Amungane menshi aragoye cane turavye ukugene yubatswe kurusha iri “Yohana asomye igitabu”; arashobora kuba afise *iryungane rirenga rimwe*. *Iryungane rikuru* ni ryo ririmwo iciyumviro nyamukuru; kandi kenshi na kenshi riba rigizwe na rukozi, irivuga na karangura. Amungane *nyunganizi* agizwe n’irivuga kandi ryunganira iryungane nyamukuru. Amungane nyunganizi ashobora kwerekana ibantu nk’ibi: igituma, ukugereranya, ahantu, umwanya, intumbero, icavuyemwo, icamutsemwo, insiguro, indunduro. Amungane nyunganizi kenshi na kenshi yerekana n’amajambo nk’aya: hamwe, kubera, naho, nde, icahe, igehe, hehe, kubera iki, na gute.

(2) Wamajambo canke amungane ashiobora kandi guhindurwa n’ayandi majambo canke amajambo afatiwe hamwe (amajambo afatiwe hamwe ni amajambo akoresherezwa hamwe yamara atarimwo irivuga). Nk’uburorero, amazina arashobora guhindurwa, kudondorwa n’ingereka (“umuhungu muremure”—“umuhungu” ni ryo zina; “muremure” ni ingereka), kandi amavuga ashobora kudondorwa n’ intumbuzi (“gusenga ubudahumeka”—“gusenga” ni irivuga; “ubudahumeka” ni intumbuzi). Amungane adondora, amajambo afatiwe hamwe hamwe n’amajambo yirebang, ivyo vyose vyongerako ido n’ido ry’ indongoramvugo, indimburo zerekana ibiriko biraba n’ingene ibantu biriko biragenda, kandi n’insiguro irashe y’iryungane.

c. *Amajambo agize iryungane*. Ubwoko bw’amajambo ya mbere agize iryungane ni indongorazina na sahwanya (raba aho hejuru), amazina, insigarirazina, ingereka, amavuga, hamwe n’intumbuzi. Bimwe mu bantu bikomeye tworaba ku vyerekeye amajambo ni nk’ibi:

(1) Amazina—mu rudende canke mu bwinshi (**Gal 3:16** havuga yuko “uruvyaro” ruri mu rudende, atari mu bwinshi).

(2) Insigarirazina—uburorero, iki; ibi; bande; ivya nde; ico; kirya; jewe; wewe; twebwe; we; we (igitsinagore); twebwe; bo; iciwe; ivyacu; ivyawe; ivyabo. Insigarirazina ubwazo, canke biva ku nsigarirazina z’ubwoko bwinshi, bishbora kuba ari ngirakamaro. Nk’uburorero, muri **Luka 15:30** (umugani w’umwana w’icangazi) umuhungu mukuru ntiyita uwo mwana w’icangazi “*murumuna wanje*,” yamara ahubwo “*uwo mwana wawe*”; ivyo vyerekana ivyo yiayumvira mu mutwe, kandi aho ni ho umukenyuro w’uwo mugani uhagaze. Muri **Ef 2:11** Paulo akoresha “mwebwe” vyerekana Abanyamahanga, yamara ugukoresha kwiwe “yacu” kuri **2:14** hamwe na “turi” kuri **2:18** vyerekana yuko Abanyamahanga ubu baringaniye bangana n’Abizera b’Abayuda muri Kristo.

(3) Amavuga—imyanya (kahise; kubu; kazoza); imero mugira canke imero mugirwa. Kenshi na kenshi mugirwa yerekana “igikorwa n’ijuru, n’Imana,” mu yandi majambo, ni Imana ituma haba ikintu kanaka. Raba nk’uburorero **Kol 3:1**—“*None rero asangwa mwarazuranywe na Kristo*” (Imana ni yo ituzura; si twebwe twizura).

### 3. Imirwi ine y’insiguro (Wolvaardt 2005: 67-74).

a. *Iyo turavye ururimi tururabiye ku rwego rw’insiguro (mu yandi majambo, “urwego rw’”insiguro”), amajambo yose asigura kimwe muri ibi bikurikira, bivanye n’ico uriko uravugako, bivanye n’ibiriko biraba:*

(1) Ibantu. Ubu bwoko bwerekereye ibantu vyosecanke abantu bose (umuntu; indogoba; ibirika), harimwo n’ibantu bitaboneka (umumarayika; mpwemu), hamwe n’ibantu twiyumvira (igisato).

(2) Ibiza. Ubu bwoko burimwo ibikorwa vyose, ingene ibantu biba, ibigenda birashika (kurya; gutazira), harimwo n’intambuko zose, ivyo umuntu akora ashaka canke akora atanabanje kwiyumvira (kwiruka; kurwa), hamwe n’ibibera mu bwenge mu mutwe (kwiyumvira; kwumva).

(3) Imigenderanire. Ubu bwoko bugizwe amajambo yerekana ubucuti imigenderanire iri hagati y’amajambo y’ubwoko butandukanye. Imigenderanire yerekana n’utujambo tuza imbere canke dufatanya ibantu (mwene; i; inyuma), canke ugukoresha the use of a possessive suffix (y’—imbwa y’umuhungu) canke ugukoresha imvugo nk’iyi (imbwa ni iy’umuhungo).

(4) Gahabwa. Uwu murwi utanga igitigiri, ubwiza bw’ikintu, hamwe n’urwego ibantu bigezeko, ivyabay; imigenderanire, hamwe n’ibindi (uburorero, igisa n’urwatsi rubisi, vyiza, vyinshi—vyerekana ibantu canke imigenderanire; ningoga, gake kabaho, kabiri vyerekana ivyabay; ibantu; vyongeye, cane—bidondora izindi gahabwa).

- b. *Amajambo amwe canke y'urwego rumwe* (*mu yandi majambo, izina, irivuga, n'ibindi bishobora kuba biva mu nzego zitandukanye z'insiguro bivanye n'ivyo umwanditsi ashaka kuvuga aho ayo majambo akoreshwa* (uburorero, “imeza” bishobora gusigura *ikintu* kanaka—“yahisemwo gushira ikibazo ku meza”; *gahabwa*—“ku musozi hejuru hameze nko ku meza”; *canke ikintu*—“umuhungu yahanaguye imeza, canke yakuye ivyombo ku meza”).
- c. *Si ngombwa ko habaho 1:1 ugusa kw'amazina n'ibantu, amungane n'ivyabaye, ingereka n'intumbuzi hamwe na gahabwa.* Nk’uburorero, mu ba **Heb 13:1** “*ugukunda bene Data*” (MU kigiriki = *philadelphia*) ni *izina* (“*Reka urukundo rwa bene Data rubandanye, rugumeho*”—RSV; “*Reka urukundo rwa bene Data rubandanye*”—NASB), biriko birerekana *gahabwa* *k'imigenderanire* abizera bategerezwa kugiranira, *canke ikintu cabaye* (“*Mubandanye mukundana nka bene Data*”—NIV).<sup>6</sup>

## VI. Insiguro y’Amajambo n’Imvugo Ngereranyo

### A. *Sigura amajambo bivanye n’igihe cavyo hamwe icatumye umwanditsi yandika ivyo*

1. Icatumye umwanditsi yandika canke ivyariho ni vyo biha ijambo insiguro. Ijambo riri ukwa ryonyene rishobora kuba ritagira insiguro na ntaya ndetse iryo jambo gusa. Yamara, nk’itegeko, ijambo risigura insiguro imwe rudende mu bihe kanaka aho ryakoreshejwe” (Wolvaardt 2005: 63). Kubw’ivyo, *agace ngenderwako kagize insiguro si ijambo*, yamara ni iryungane, amungane agize iciyumviro ari nayo aha iryo jambo ivyariko biraba hamwe n’insiguro. Ni co gituma, “utegerezwa igehe cose kubaza iki kibazo: mbega iri jambo risigura iki mu vyo umwanditsi yashatse gushikiriza?” (Ico gitabu nyene) Nk’uburorero, hose **Rom 8:39** na **1 Yoh 5:3** hashiramwo aya majambo “*urukundo rw’Imana.*” Yamara, biraboneka yuko ivyo yariko aravuga bitwerekwa yuko harya mu ba **Rom 8:39** herekeranye n’urukundo Imana idukunda, ariko muri **1 Yoh 5:3** havuga ku rukundo dukunda Imana.

a. *Kwiyumvira yuko ijambo rimwe risigura ikintu kimwe igehe cose rikoreshewje muri Bibiliya tutabanje kuraba ico umwanditsi yariko arandika, birashobora kuzana ingorane zikomeye, amakosa akomeye.* Ivyo ni ukuri kubera amajambo menshi afise “insiguro nyinshi” (mi ukuvuga insiguro nyinshi zitandukanye). Ijambo rimwe rirashobora gukoreshwa mu buryo burenga bumwe mbere akoreshejwe n’umwanditsi wa Bibiliya umwe. Uburorero mu **Ivyak 27:20** “*gukira*” rifatiye ku gukira urupfu ruboneka; muri **Tito 3:5** iryo jambo nyene rikoreshwa ku gakiza k’ivy’impwemu. Muri **1 Tim 5:17** “*wubahe*” rifatiye ku guhemba, yamara kuri **1 Tim 6:1** hafatiye ku kwubaha.

b. *Ni co kimwe, amajambo atandukanye arashobora kugira insiguro zimwe canke imvugarimwe.* Muri **Mat 20:21** no muri **Mariko 10:37** amajambo “*ubwami*” n’ “*ubwiza*” afise insiguro imwe. Muri **Mat 12:28** na **Luka 11:20** “*Mpwemu w’Imana*” ni kimwe n’ “*urutoke rw’Imana*” (kandi hose hafatiye kuri Mpwemu Yera). Ivyo na vyo ni uburorero bw’ukugene *ibisomwa bibangabanganye* bishobora gushira umuco mu ciyumviro kanaka.

c. *Igitabu cerekana aho amajambo ari, cane cane icerekana amajambo yo mu majambo yo ndimi za mbere zo mu Kigiriki hamwe no mu Giheburayo, arerekana aho ayo majambo aboneka, n’ingene ayo majambo akoreshwa muri Bibiliya.* Akazinduzi keza ka Bibiliya canke ikindi gitabu c’ubwenge gisigura ivya Bibiliya na vyo nyene birerekana insiguro zinyuranye ayo majambo ashobora gukoreshwamwo.

2. Ijambo rishobora kugira insiguro imwe gusa bivanye n’aho rikoreshewje. Nubwo amajambo menshi ashobora kugira insiguro nyinshi, kandi ashobora gukoreshwa mu buryo bwinshi mu bice vyinshi binyuranye vya Bibiliya, kugergeza gukoresha izo nsiguro zose kw’ijambo rimwe bishobora kuvyara amakosa akomeye. Ni co gituma, muri **Ivyak 27:20**, ico yariko aravugako kirerekana neza ko gukira igihuhuta gikomeye mu kiyaga ni co kintu yariko aravugako kandi ico ni co giha insiguro iryo jambo “*gukira.*” Naho iryo jambo nyene risigura agakiza ko muri Mpwemu kuvuga yuko “*gukira*” kugizwe n’izo nsiguro zose mu **Ivyak 27:20** vyosigura mu buryo butari bwo yuko abasoza b’abanyavyaha bariko bariyumvira ku gukira kwo mu mpwemu igihe bariko baranigana n’igihuhusi c’umuyaga mbere na Paulo yarakekeranje imigenderanire y’agakiza kiwe na Yesu.

<sup>6</sup>Menya neza yuko Bibiliya yitwa NIV yahinduye “urukundo” iruvanye mw’izina irihindura izina mvarivuga, ica ibihindura “ugukundana,” hafatiwe ku ciyumviro nyamukuru, aho gufatira ku mvugo, insiguro y’uwo murongo, kandi n’uguhitamwo kubona “urukundo” nk’ikintu cabaye, atari icitiriro. Iyo nsiguro nay o si ngombwa ngo ibe iy’amakosa. Mbere, igehe tuba turiko turasigura igisomwa, guhindura ukugene ijambo rimeze kugira ngo turihwanye n’iciyumviro nyamukuru kiba kiriko kiravugwako birashobora kudufasha gutahura neza insiguro y’ico gisomwa. Ariko, aka karorero kerekana kamere k’insiguro y’ “ugushusha kw’ibuntu”, twavuganye mu kigabane ca II.C.

3. Raba neza inkomoko y'ijambo. Amajambo arahindura insiguro uko ibihe bigenda birahinduka. Ukwiga ukugene ijambo ryagiye rirahindura insiguro vyitwa “inkomoko y'ijambo.” Amajambo ya Bibiliya akeneye gusigurwa habanje kurabwa ingene yakoreshwa *igihe yandikwa*. Kahise kose k'ijambo si kubu igithe umwanditsi akoresha ijambo mu gisomwa kidasanzwe. Turavye ku Kazinduzi k'ubu atari ak’Igiheburayo ntikabe ak’Ikigiriki birashobora kutadufasha cane cane iyo tugomba kumenya insiguro y’amajambo yo muri Bibiliya. Kwiga inkomoko y'ijambo birashobora kudufasha iyo umuntu afise aho abironderera, abirabira ariko naho umuntu ategerezwa kwiyubara. “Insiguro ya mbere” y'ijambo irashobora kuba ataco ivuze na gitoya dufatiye ku co yavuga igithe yakoreshwa n’umwanditsi wa Bibiliya. Mbere ushima uyu musi abanditsi benshi ntibazi n’ico ari co inkomoko y'ijambo.

4. Ntiwibaze yuko insiguro y’amajambo ari hamwe ifatiye kw’ijambo rimwe rimwe muri ayo agize iredjambo. Hariho mu Kirundi Ijambo rigizwe n’amajambo abiri atandukanye. Insiguro y'ijambo nk’iryo kensi na kensi usanga idafatiye kuri ayo majambo abiri agize iredjambo rimwe (uburorero, “igipfa mutima”ntaco bisa bisana no gupfa kw’umutima) (Carson 1984: 28).<sup>7</sup> Insiguro zirashe zifatirwa *ku catumye umwanditsi yandika uko yanditse* hamwe n’ingene *umwanditsi kanaka* akoresha ijambo. Uburorero gakunda gutangwa k'ijambo rigizwe n’amajambo abiri ni ijambo ry’Ikigiriki “ishengero”—ekklesia: “Ijambo ry’ikigiriki ekklesia (ishengero) ni ijambo rimwe na rimwe risigurwa nka ‘ek’ + ‘klesia’; ‘uwahamagawe’ + ‘avanywe hanze’. Dufatiye kuri iyi nsiguro ishengero ni abantu bahamagawe n’Imana. Iyo ndangurajambo ya ekklesia ntishigikirwa haba n’insiguro y’iryo jambo mw’Isezerano Risha canke n’ingene ryakoreshwa imbere y’uko ritangura gukoreshwa mw’Isezerano Risha ariko kandi ubu rishobora gukoreshwa neza ‘nk’ikoraniro, iteraniro ry’abakristo, bisigura abantu bakoranira hamwe bafise ico bahuriyeko.”” (Wolvaardt 2005: 65)

## **B. Sigura amajambo ufatiye ku mvugo ifobetse yayo majambo canke ku mvugo ngereranyoyayo**

1. Abantu bose bavuga kandi bandika bakoresheje amajambo amenyerewe, azwi n’abo baba muri abo bantu bavuga urwo rurimi. Imvugo nk’iyo ni imvugo izwi na bene yo muri iyo mico kama kandi iyo mvugo iba ifobetse ntishobora gutahurwa n’abataba muri iyo mico kama kandi insiguro yayo ishobora kudatahurwa ukoreshheje ugutahura ayo amajambo asanzwe agize ayo majambo abiri agize iyo mvugo—nko muri amerika hariho ijambo bakunda gukoresha “gukubita indobo,” “kurigata isi, canke mu Kirundi kwereka umukondo ijuru” kuryamira ukuboko kw’abagabo, bisigura “gupfa, mu Kirundi hariho n’ayandi tuvuga nko gusandaba, gutaha, kuruhuka, kandi imico yose canke ibihugu vyose bifafise imico kama yavyo n’ingene bashikiriza ibintu. Ni na co kimwe abanditsi ba Biliya na bo bakoresha imvugo nk’izo. Nk’uburorero, “uruvyaro” (**Ita 22:17**) ni imvugo isigura “abazomukomokako”; “Ivyagezwe n’abavugishwa n’Imana” (raba **Mat 5:17; 7:12; 22:40; Ivyak 24:14**) bisigura, ivyanditswe mw’Isezerano rya Kera (hose “uruvyaro” hamwe n’Ivyagezwe n’abavugishwa n’Imana” ni uburorero bwo gukoresha ikintu gihagarariye ivyavuzwe canke igikorwa cavyo canke akamaro kavyo [raba aho hepfo]).

2. Abantu bose, tutabanje kuraba imico kama bavamwo canke imvugo bavuga, ururimi rwabo, bavuga kandi bandika bakoresheje imvugo ngereranyo. Imvugo ngereranyo ni ijambo canke amajambo agendera hamwe, afatirwa hamwe atandukanye n’imvugo irashe, ifobotse, uko wosigura urwo rurimi. Imvugo ngereranyo kensi na kensi zikoreshwa mu gushigikira iciyumviro, imvugo igezeweho, canke kugira ngo nyene kuvuga canke kwandika akabure, avyure ibigumbagumba, ibishika abantu babone kugira ico babikozeko. Haca habaho ugushira hamwe ibintu bishobora kuba vyaratunyegejwe, vyarahishijwe. Imvugo ngereranyo zituma abantu bahindura inyifato zimwe zimwe ku co ivyo bintu bisigura, bigatuma abantu bugurura amaso bagatangura kuraba no gufata ibintu uko batahora babifata, mu buryo batari bamenyereye, kandi bigatuma twongera kuraba mu bundi buryo busha ibigize isi, ukuri no kugushira mu ngiro, mu bikorwa mu buryo twahora twirengagiza.

3. Bibiliya ikoresha izo mvugo zose. Ubwo buryo rero canke izo mvugo dutegerezwa kubanza kuzimenya tukazitahura. Hakunda kubamwo amakosa iyo imvugo ngereranyo canke ayo majambo afobetse amenywa n’abagize iyo mico kama canke abavuga urwo rurimi, babisiguye “ijambo ku rindi” nk’uburorero urashobora kuryama ugaramye ariko ntuba weretse umukondo ijuru.” Mbere, “uburyo bwo gusigura ijambo ku rindi” kugira uvuge imvugo ngereranyo ni ugusigura imvugo uyigereranije n”iyindi” mbere no gusigura “imvugo ndenzarugero” uysigura ukoreshheje iyindi “mvugo

<sup>7</sup> Mu gitabu ca D. A. Carson, *Ukwimba mu mizi kutari kwo* (Grand Rapids: Baker, 1984; 2<sup>nd</sup> ed., Grand Rapids: BakerAcademic, 1996) yarashizemwo icirwa cerekeranye n’amajambo akunda gukoreshwa, indongoramvugo, ibica mu bwenge bitomoye, ivyo abantu biyumvira, hamwe n’ivyavuzwe muri kahise bitari ivy’ukuri. Niagatabu gatoya, kandi kabereye gusomwa ku bantu bose bipfuza kuzibukira gusobanura nabi no gukoresha nabi ivyanditswe.

ndenzarugero” nyene

4. Mu kigize akamaro kanini kuvyerekeye mu gukoresha ururimi udafatiye kw'ido n'ido hamwe n'uburyo bonyuranye bwo guserura iviyumviro mu mvugo bigira ingaruka ku nsiguro y'ikintu ni ibi bikurikira:<sup>8</sup>

a. *Imvugo y'ukwababa.* Bibiliya rimwe na rimwe ikoresha ibiharuro nk'uko n'abandi bantu babikoresha mugabo si nk'ukugene abize ibiharuro babikoresha canke ukugene abahanga n'abahinga babikoresha. Hariho inzira zibiri Bibiliya ikoresha na zo ni izi:

(1) Ururimi rw'ukugene ibantu bimeze. Ururimi rw'ukugene ibantu bivugwa nk'uko biboneka mu maso y'abavyitegerezza n'ubwo ababimogoreye boshobora kuvuga ibinyuranye n'ivyo amaso y'abantu basanzwe ashobora kubibona. Nk'uburonero, dufatitye ku kurenga kw'izuba (**Mariko 16:2**) canke uguseruka kw'izuba (**Ita 15:12**) ni ko ibantu biboneka mu maso y'abantu, mbere n'ubwo uko “guseruka” no “kurenga” bitumwa n'isi izunguruka iruhande y'izuba. Ni co kimwe, **Zab 104:5**, havuga yuko isi yashizweho “*washizeh'amatanguriro y'isi, ngo yoye kuzonyiganyizwa gushitsa ibihe bidashira*” ni imvugo y'ibantu biboneka.

(2) Ibiharuro vyikwiye. Abanditsi ba Bibiliya bakoreha imvugo y'ingereranyo hamwe n'ibiharuro vyikwiye rimwe na rimwe. Nk'uburonero, iharurwa ry'abantu, rusansuma, yo muri Isirayeli mu **Guh 1:20-46** yafatiwe ku giharuro cegereye 50. **Mat 14:21** havuga yuko abariye bababa abagabo ibihumbi “5000”. Vyoshoboka ko aboba barariye bari abagabo ibihumbi 4000 muri **Mat 15:32-38**, yamara ku bavuga ko igiharuro ari igiharuro kandi ko Bibiliya ithenda, ivyo ntibikenewe—ico giharuro gishobora kuba ari ukugereranya.

b. *Imvugo ngereranyo, imvugo ihagarariye ikintu, hamwe n'imvugo isorongotra ikintu.* Kenshi na kenshi abanditsi ba Bibiliya bagerageza kugereranya ikintu n'ikindi; canke bakerekana ikintu nk'uko giserukiye ikindi; canke na ho bakadondora ikintu mu kugisubiriza canke mu kukivuga mu majambo avuye mu kindi kintu. Vyongeye, uku ni ko abantu bavuga imisi yose mu buzima bwabo. Imvugo ngererabnyo zo muri ubwo buryo ni nk'izi:

(1) Imvugo ngereranyo ifobetse.

(A) *Imvugo ngereranyo ifobetse igereranya ibantu bibiri bitandukanye canke iviyumviro bibiri bitandukanye ikoreshsheje amajambo nk'aya: “nkuko,” “nka,” canke amajambo nk'aya “nk'uko . . . ni ko.”* Uburonero, **Zab 42:1** (“Nk'uko impongo ihuzagizwa yifuza imigezi, Ni ko umutima wanje uhuzagizwa ukwifusa, Mana”); **Ivyah 1:14-15** (“Kandi umutwe wiwe n'umushatsi vyari vyera nk'ubwoya bw'intama y'umwero, canke nka shelegi, n'inyonga ziwe zasa n'imbeya z'umuriro, ibirenge vyiwe vyasa n'umuringa w'umwakaka, utukujwe n'umuriro, n'ijwi ryiwe ryari rimeze nk'iry'amazi menshi asuma”); **Ita 22:17** (“Eka mbere no kuguha umugisha nzowuguha, kandi no kurwiza nzogwiza uruvyaro rwave, rungane n'inyenyeri zo kw'ijuru, canke n'umusenyi wo mw'isesero ry'ikiyaga”). Raba neza ako karorero ko kurwiza mw' **Ita 22:17** si imvuo ngereranyo gusa, ariko kandi ni imvugo ndenzarugero, nk'uko hariho amamiriyari n'amamiriyari y'inyenyeri nk'uko n'umusenyi utoharurika).

(B) *Imvugo ngereranyo ni ukugereranya ibantu bibiri utarinze gukoresha amajambo nka “bimeze nka” canke “nk'uko”.* Raba, uburonero, **Zab 18:2** aho harimwo mbere imvugo ndwi ngereranyo z'Imana—“igitandara, ubuhungiro, umurokozi, inkinzo, ihembe, agakiza, umunara”; **Yoh 15:5** na ho harimwo imvugo zibiri ngereranyo—iya mbere igereranya Yesu n'umuzabibu; iya kabiri igereranya abmwumviriza canke abo yariko arabarira n'amashami.

(C) *Igihe umuntu ariko arasuzuma imvugo ngereranyo n'imvugo zifobetse ni nkenerwa kwibuka ko izo mvugo imwe imwe yose igizwe n'ibantu bitatu:* (1) ico iba iriko iravugako (mu yandi majambo, uwo muntu, ico kintu, canke ikiriko kiravugwako); (2) ico cagereranijweko (mu yandi majambo, ikintu

<sup>8</sup> Isuzuma rikomeye kandi ritahurika kuruta ayandi yose ry'imvugo ngereranyo muri Bibiliya ni irya E. W. Bullinger: *Imvugo ngereranyo ikoreshwa muri Bibiliya* (Grand Rapids: Baker, 1968 [congeye kurwizwa]). Ico gitabu kirarengeje impapuro 1000. Ikindi gikomeye c'ingirakamaro cane ariko kigufi ni *Akazinduzi k'ibimenyetso vyo muri Bibiliya* (*A Dictionary of Bible Symbols*) canditswe na Owen, Grist, na Dowling (London: Grace, 1992), cerekana imvugo ngereranyo zo muri Bibiliya, uguserukira ibindi, hamwe n'ukubisubiriza (imigani, imvugo ngereranyo, ibikoko vyitirirwa abantu, imvugo nyitiriro, guftira mu rwara, ibimernyetso, n'ivyijiji).

kigereranijweko n'icariko kiravugwa); hamwe na (3) ico bashaka gushikako mu gusa kw'ivyo bintu (ibigize insiguro aho ico cavuzweko n'ico babigereranije bihuriyeko). “Ugutahura nyakuri kw'impvugo ngereranyo kuvana no kurobanura hamwe no kumeya ugusa kuri hagati y'ikivuzwe hamwe n'ico bakigereranijeko. Ikvuzweko hamwe n'ico bagishushanje ntibisa mu buryo bwose mu nsiguro zavyo ariko *agace kamwe gusa* ko mu nsiguroyavyo.” (Wolvaardt 2005: 138). Ni co gituma, muri “*Benyamini ni ibingira ry'amero*” (**Ita 49:27**): Benyamini ni we ariko aravugwako; ibingira ry'amero ni ikivyererekana, kandi kuba inkazi kandi no kwonona ni co bihuriyeko.

(2) Guha igikoko izina ry'umuntu canke ikintu izina ry'ikintu.

(A) *Ibantu bishusha n'abantu* (vyongeye n'ibantu bizwi nk'ibihagarariye abantu) *ni uburyo bw'impvugo ifobetse, ngereranyo aho ikitari umuntu* (*Imana, igikoko, ikintu, iciyumviro canke ibindi bintu udashobora gushira mu majambo*) *kivugwako nk'aho ari umuntu canke kimeze nk'umuntu bwite*. Nk'uburorero, *Imana* yerekawa nk'uko yoba ifise amaboko (**Yes 49:16**) n'amaso (**Hab 1:13**); *Inzusi zibarirwa* “*gukoma amashi*” (**Zab 98:8**); imisozi “*irumva*” kandi imitumba “*itega amatwi*” (**Mik 6:1-2**); “*Bwenge arangururira ijwi mu nzira, Ashirira ijwi hejuru ahiyaguye*” (**Imig 1:20**); “*Mamo*” (mu yandi majambo, *Itunga*) rivugwa ko ari *Imana* muri **Mat 6:24** no muri **Luka 16:13**.

(B) *Igisa n'ibantu bishusha n'abantu ni aho abantu basa n'ibikoko, iyo na yo ikaba impvugo ifobetse aho Imana ivugwa ko ifise canke igizwe n'ibrengwa canke ibigenga ibikoko*. Raba uburorero **Zab 17: 8** (“*Umpishe mu gitutu c'amababa yawe*”).

(3) Ukwitirira. Ukwitirira ni ijambo risubiriza irindi igihe ijambo rimwe canke amajambo ajanye asubirizwa n'ayandi majambo ashusha afatanye na yo, nk'uburorero ikoreshwa rya *Washington ushatse kuvuga ubutegetsi bwa Reta Zunze Ubumwe za Amerika, canke inkota ushatse kuvuga ububasha bw'abasirikari*. Uburorero, **Yes 22:22**—“*Urupfunguruzo rw'inzu ya Dawidi*” hafatiye ku ciyumviro c'ububasha canke ugcungera inzu y'ubwami; **Amosi 7:9**—*Isaka* akoreshwa, ahagarariye ighugu canke ubwoko bwa Isirayeli; **Mariko 1:5**—“*Ighugu c'i Yudaya cose n'ab'i Yerusalem bose bava i wabo baza kuri we*” hasubiriza “*ighugu*” abantu baba muri ico gihugu (raba neza ayo majambo “*ighugu c'i Yudaya cose*” ayo majambo nayo nyene ni uburorero k'impvugo ndenzarugero [raba aho hepfo]).

(4) Impvugo nyitiriro. Impvugo nyitiriro ni ikigeranyo co gusubiriza aho agace k'ico kintu gakoreshwa mu kuvuga ico kintu cose (nk'ukuboko ushaka kuvuga uwusoza), aho ico kintu cose citiririrwa agace (nk'amategeko ushaka kuvuga umupolisi), ikintu kanaka gikoreshwa ku bantu rusangi (nk' umupanga ukoreshwa mu kuvuga umwicanyi) *ukwitirira ikintu rusangi ukacita ikintu kanaka*, (uburorero *umusuma ukamwita rusenyanzugi*), canke ibigize ikintu ukavyitirira ico kintu nyene (nk'icuma citirirwa *inkota*). Uburorero, **Ivyak 5:9**—“*ibirenge vy'abahejeje guhamba umugabo* [mu yandi majambo, “*abantu, abagabo*” (ibirenge bihagarariye abantu)] *wave biri ku rugi*”; **2 Sam 17:24**—“*Abusalomo na we ajabuka Yorodani, ari kumwe n'Abisirayeli bose*”, [mu yandi majambo, “*abantu bensi*,” kubera yuko Dawidi na we yari afise abamukurikiye, na ho nyene (agace gahagarariye vyose)] *bari kumwe na we*” (ako ni uburorero k'impvugo ndenzarugero); **Abac 12:7**—Yefuta arapfa, bamuhamba *mu bisagara* [ubwinshi buhagarariye urudende] *vy'i Gileyadi*.

(5) Ibice. Ibice ni igihe ikintu cose gishikirijwe mu bice bibiri binyuranye. Uburorero, **Zab 139:2**—“*Urazi iyicara ryanje n'iya hasi ryanje*” (mu yandi majambo, “*Urazi ivyo nkora vyose*”); **Yes 45:6**—“*Kugira ngo bamenye uhoreye i burasirazuba ugashitsa i burengerezuba*” (mu yandi majambo, “*kugira abantu batahure* “*umusi wose*” n’”*igihe cose*”).

(6) Ikigereranyo. Ikigereranyo ni igihe ikintu canke igikorwa gisubirizwa kandi kigahagararira inyigisho kanaka canke ukuri kw'impwemu; ukwo kuri gushobora kuba kuri muri kahise, k'ubu, canke kazosa. Uburorero, **Yes 42:6**—*Imana yashizeho umushumba wayo “nk'umuco ku mahanga”* (mu yandi majambo, nk'uburorero, nk'uwuserukliye *Imana*; mumenyne neza kandi ko “nk'umuco ari impvugo ngereranyo”); **Ivyah 20:1-3**—Umumarayika yari afise “*urupfunguruzo rw'i kuzimu kandi afise*

*n'ikinyororo mu minwe yiwe*, "co kubohesha Satani no kumuterera i kuzimu aca ahadomako ikidodo arahugara, arahadadira (ivyo ni ibigereranyo vy'ibikorwa nya Satani bizoba bishingiwe akarimbi; ntibishobora kuba ari "ibintu bigaragara", kubera yuko Satani ari impwemu, si umuntu agaragara, yamara raba neza, ivyo bintu vyo mu buryo bugaragara, ibintu bifadika na vyo nyene birashobora kuba bifise akamaro ko mu bimenyetso, ibigereranyo kugira ngo abantu bashobore kuvyumva no kubitahura—uburorero, ingoma yerekana Ububasha).

(A) *Abavugishwa n'Imana kenshi bakoresha ibantu biboneka canke ibikorwa kanaka kugira ngio bagereranye berekane ukuri kanaka*. Uburorero, **Hos 1:2; 3:1** (Hoseya yabiriye maraya nk'umugore wiwe kugira ngo yerekana ukugene Isirayeli yabuze ubwizigirwa ku Mana, n'urukundo Imana ibakunda n'ubwo bo batayumviye, bayiryarutse); **Ivyak 21:11** (Agabo yiboshe amaboko n'amaguru akoresheje umukanda wa Paulo kugira ngo yerekana ingene Paulo azojanwa ari imbohe).

(B) *Ikintu kimwe kirashobora kuba ikigereranyo c'ikintu kirenga kimwe*. Nk'uburorero, inzoka yerekana urupfu Yesu azopfa ku musaraba aho azokwikorera ivyaha vy'abantu (**Yoh 3:14**), yamara kandi ikagereranywa na Satani (**Ivyah 20:2**).

(C) *Ibiharuro birashobora gukoreshwa mu buryo bw'ikigereranyo*. Nk'uburorero, Yesu mu gutoranya abigishwa/intumwa cumi na zibiri (raba **Mat 10:1; Ivyak 1:12-26**) vyerekana imiryango cumi n'ibiri ya Isirayeli (raba **Ita 49:28; Ivyah 21:12, 14**). Ni co gituma, Yesu yaje gushitsa ico IK ryari ryitezwe kuba, kandi ni we ashitsa amasezerano y'IK. Ingåraka y'ibimenyetso vy'ibiharuro itegerezwa kwitonderwa cane. Kenshi na kenshi, igiharuro c'ikigereranyo ntighura n'igharuro uko tubizi mu "kuri kw'ibantu, kw'ibiharuro". Nko ku vyerekeye abigishwa, ni vyo bari cumi na babiri yamara ikoreshwa ry'ico giharura ryari rifise *insiguro y'ico umuntu yofatirako agereranya*.

(D) *Iyo twofatirako kugira ngo dutange insiguro y'ibimenyetso ni nk'ibi*: i. Ingene Bibiliya ubwayo isobanura, isigura ikimenyetso, nimba ibikora mu buryo burashe, budafobetse; ii. Ico umwanditsi yafatiyeko. Hamwe ata na kimwe muri ivyo bibiri gitanze insiguro idafobetse, umuntu ategerezwa kwirinda gutanga insiguro zidafise ishingiro, mugabo akwiye kwemera ko bidasobanuritse neza, ko atavyo azi.

(7) Igishushanyo. Igishushanyo ni ikigereranyo co mw'Isezerano rya Kera cari cashizweho n'Imana kugira ngo cerekane ukuri gukomeye kwo mw'IR kandi ko ugukoresha ico gishushanyo co mw'IK (ukwo kuri kwo mw'IR kwitwa "ikinyuranye n'igishushanyo"). Ni co gituma, igishushanyo mu buryo kanaka kibangabanganye n'ikinyurane c'ico gishushanyo. Kugira ngo ikintu kibe "igishushanyo" c'ukuri, Bibiliya itegerezwa kuvyerekana neza kandi ikerekana "ikinyurane caco" ico ari co. Hamwe hamwe birasiguritse neza: **Rom 5:14** haravuga neza ko Adamu ari igishushanyo ca kristo. Ahandi na ho harashobora kudakoresha amajambo yabuwe ahantu, yamara aho Isezerano Risha rivuga ku bisomwa vyabuwe mw'Isezerano rya kera harashobora kwerekana ico gishushanyo. Muri **Yoh 3:14** ukugereranya kwa Kristo kugaragaza ukugene urupfu rwiwe ruzoba rumeze abishushanya n'inzoka y'umuringa Mose yamanitse ku giti mu bugaragwa (**Guh 21:9**) herekana iyo nzoka yacuzwe mu muringa ko ari ""igishushanyo." Hariho ibindi bigoye kurusha. Ikoreshwa ry'amajambo amwe, iviyiyumviro bimwe hamwe n'ibantu bimeze kumwe bishobora gushiraho igishushanyo. "Yosefu nk'uburorero, yabaye igikoresho mu kubandanya no kuzigama umurongo canke umuryango wasezeranywe awukiza kigoyi mu gihe c'uruzuba n'inzara, kandi ukwo kugorwa atategerezwa gucamwo kwabaye ukugize igikorwa ciwe nk'umucunguzi. Yamara ahantu honyene Isezerano Risha ryabura irya Kera rivuga kuri Yosefu ni aho rivuga kuri Yakobo ahezagira abahungu babiri ba Yosefu (Heb. 11:21). [Nubwo bimeze birtyo] ntidukwiye kwirengagiza ingorane Yosefu yaciymwo hamwe n'ingåraka ziza zakomotse muri ivyo bigoye Yosefu yaciymwo n'imiburiburi mu buryo bw'impfunyapfunyo, nk'uko cari icijiji c'imbabaro ya Yesu hamwe n'ugucungurwa muri iyo mibabaro. Yosefu ni umuntu w'urufatiro muri kahise

k'isezerano nk'uko Sitefano yabivuze mu Ivyak 7. Ubwa mbere muri Yosefu, hanyuma muri Mose, hanyuma mu bavugishwa n'Imana mu buryo busanzwe, mu nyuma, bikagaragarira mu Mugororotsi ubwiwe, ibantu bimeze birtyo biguma bigaruka.” (Johnson 2007: 214-15) Mu kugergeza kurondera imigenderanire iri hagati y'amajambo, umuntu ategerezwa kwiyubara gutamika amajambo Bibiliya, canke ivyanditswe mu kubivyaza ibitari vyo aho usanga ata rufatiro ruri mu bivugwa nk'uko vyari biri mu binjana vyahenze nk'uko tubibona mu gihe ca Origen ku vyo yavuze ku Musamariya w'Imbabazi: Urya muntu yahuye n'abambuzi ni Adamu, Yerusalem ni Paradiso, Yeriko ni isi, abambuzi ni ubutegetsi bubi, umuherezi ni ivyagezwe, Umulewi ahagarariye Abavugishwa n'Imana, Umusamariya ni Kristo, ibikomere, inguma zihagarariye ukutumvira, igikoko gihagarariye Umubiri wa Kristo, inzu y'indaro ni ishengero, amadenariyo abiri ni Data n'Umwana, nyen'indaro ni umukuru w'ishengero, isezerano ry'Umusamariya ko niyo yagaruka ryerekana ukuzogaruka, ukuzoza kwa kabiri kw'Umukiza. (Roukema 2004: 62) Ku ruhande rumwe, Kristo n'Intumwa babona Isezerano rya Kera ryose ko ari igitabu kivuga, cenena kuri Yesu (**Luka 24:25-27, 44-45; Yoh 5:39-40, 46; Ivyak 3:18, 24; 10:43; 26:22-23; 2 Kor 1:20; 1 Pet 1:10-12; Heb 1:1-3**). Kubera ivyo, “Ico umuhuza wese w'Isezerano hamwe n'uwbibamwo—ba sogokuruza, abavugishwa n'Imana, umuherezi, umucamanza, umwami, umugabo, Data, umwana, abavyeyi, abana, umushumba—ivyo vyose bitegerezwa gusobanurwa mu muco w'ivyo bigaragaza (canke ico bitagaragaza) ukwumvira isezerano rigororotse, ritunganye ryari kuzanwa na Yesu Kristo nk'Umwami w'abantu n'ubwoko bwiwe—mu nca make, ico Yesu Kristo umwana w'Imana azoshikako nk' Umuhuza mukuru akaba na mwene data w'abantu biwe. . . . Ni co gituma inyifato zitandukanye z'abarongozi b'isezerano zigira umwe umwe wese, bivanye n'ico yakora, mu buryo bumwe canke ubundi, zerekana ukuzoza kw'Umurokozi, Umucunguzi, uwo ibikorwa vy'abavugishwa n'Imana, umuherezi, umwami bizokwuzurizwamwo, bizoshikirizwamwo.” (Jonhson 2007: 216) Johnson aheraheza avuga ati: “Igisomwa cose cerekeye Yesu co mw'Isezerano rya kera gisaba ko twiyubara cane ku co cashaka gushikiriza ubwa mbere mu gihe candikwamwo n'ico cashaka kuvuga muri ico gihe. . . . ukurondera ugushusha kw'ubwoko bw'invugo (co kimwe ubudasa buri hagati y'ayo moko y'invugo) gutegerezwa gushigikirwa n'ibimenyamenya biri mu gisomwa c' Ivyanditswe, atari ibikomoka mu vyiyumviro vyacu birenze urugero gusa. Invugo canke ibisa mu mvugo, co kimwe n'ukugene abantu biyumvira hamwe n'ibindi vyinshi bigize kahise n'ivyatumye umwanditsi yandika uko yanditse, ni ibimenyetso nkenerwa bigaragaza ubugombe bw'Imana bwo gushira hamwe abantu, ibantu, ivyabay, canke ibigo bo mw'Isezerano rya Kera n'Isezerano Risha, hamwe n'ugushitswa kwa bimwe vyo mw'Isezerano Risha, vyenena kuri Yesu Kristo, kandi vyose bigahurira mw'Ishengero ryiwe.” (Ico gitabu nyene: 329, 214)

c. *Ibigereranyo, ibicapu vyo mu bwenge, mu bishika, ibishobisho hamwe n'ingaruka zo gushikiriza iciyumiyo.* Ubwoko bwose bw'amajambo bushirwaho canke bwiyumvirwa kubera ingaruka kanaka, cane cane kugira ngo bushimangire ikintu. Ibigereranyo biba biheje kuvugwa bishobora kwitwa “ibiserukiye” ikintu, kubera yuko vyakoreshejwe mu guserukira canke mu guhagarariya iciyumiyo kanaka, ikintu kanaka, hakoreshejwe amajambo yaguranywe, yakoreshwu ku kindi kintu. Ibi biggereranyo bikurikira bishobora kwitwa ibigereranyo “bidahagarariye ibindi bintu”, kubera yuko biba bishaka gushimangira inyifato canke umutima, ingeso mu bwenge canke mu mutima w'uwyumva canke uwubisoma. Ivyo biggereranyo bikunda gukoreshwa cane mu mvugo, mu majambo kurusha uko bikoreshwa mu nyandiko.

(1) Invugo ndenzarugero. Invugo ndenzarugero ni ugushikuza umuntu agira ibigirankana kugira ngo ashimangire, atsindagire ikintu kanaka. Uburorero **Zab 119:136** (“Amaso yanje asendanisha inzuzi z'amazi”); **Mat 5:29** (“Ijisho ryawwe ry'i buryo ni ryagutsitaza, urinogore, urite kure”).

(2) Ugufatira akantu mu rwara. Ugufatira akantu mu rwara ni ukugira ikintu kinini gitoya kugira ngo ikindi na co ugishire hejuru. Uburorero, **Guh 13:33**—“ku ruhande rwacu twabonye ko tubamezeko nk'inzige, nabo kandi bakabona kw ari ko tumeze” (ubu buryo bwo kuvuga ibantu kwashikirijwe n'abatasi cumi muri cumin a babiri bari barungitswe na Mose, kwerekanye ingene Abanyekanani bari ibigatanya kandi bari bakomeye; mwibuke kandi ko “nk'inzige” ari imvugo ngereranyo); **1 Sam 24:14**—

“Uteye iki? Uhiga iki? Ereg’uteye imbwa ipfuye, uhiga imbaragasa!?” Ikindi kijanye n’ivyo ni ugufatira ikintu mu ruzara, ariko ugomba kwerekana ko gifise akamaro cane. Uburorero, **Zab 51:17**—“Umutima umetse, ujanjaguritse, *Mana ntuzowukengera*” (mu yandi majambo, Imana “izokwakirana umunezero” umutima umenetse, ujanjaguritse); **Rom 1:16**—“Sinterwa *isoni* n’ubutumwa” (mu yandi majambo “numva nshize amanga kandi ndabiharura ko ari agateka ko hejuru n’icubahiro gutangaza no kuvuga ubutumwa bwiza”).

(3) Agakekezo. Agakekezo gashitsa canke kavuga ikinyuranye n’ico umuntu yagomba gushikiriza canke ikinyuranye n’ixcari citezwe. Bishopora kubonekera mu nzira zibiri:

(A) Agakekezo ni uguhikiriza iciyumiyo mu buryo bunyuranye n’ico umuntu ashaka kuvuga. Uburorero, **Yobu 12:2**—“*N’ukuri umenga ni mwebwe bantu muriho mwenyene; kandi yuk’umenga ubwenge buzojana namwe!!*”; **26:2-3**—“*Ewe kuntu uzi gufasha umunyantegenke! . . . N’ingene uzi gukiza uw’amaboko adendebutse!!*” (Incuti za Yobu ntizigeze zimuha ikintu coshobora kumufasha mu ngorane yarimwo canke ubwenge bwomufasha kuva mu ngorane yarimwo); **1 Kor 4:8**—“*Mumaze guhaga; mumaze gutunga; mwimye nk’abami, tutarimwo*” (ishengero ry’i Korinto ryari ryuzuyemwo ibice, ukutumvikana n’icaha).

(B) Agakekezo karashobora kuboneka mu buryo bwiyaguye, atari mu majambo akoreshejwe gusa, kandi mu bihe nk’ivyo nyene kubivuga aba ashaka gushikiriza ibinyuranye n’ivyo abantu bari biteze. Nk’uburorero, muri **Yona 1:1-14** turasangaho agakekezo, agahemo mu kugene umuvugishwa n’Imana atumviye Imana kandi ntiyagaragaza ko arajwe ishinga n’uko abandi bantu bokizwa canke ngo babe mu mutekano, ariko abapagani bo barazwa ishinga n’umutekano hamwe n’agakiza, n’ukumererwa neza kw’abandi bantu kandi basenga Imana bashimitse.

(4) Imvugo mbabariramatwi. Imvugo mbabariramatwi isubiriza ikijambo canke amajambo ababaza amatwi igakoresha amajambo yoroshe n’ubwo aba avuga ikintu kimwe cane cane iyo ari kibi. Uburorero, **1 Sam 24:3**—“*kwihagarika*” bisigura “kuja aho umwami agenda wenyene”; **1 Kor 7:3, 5**—“*Umugabo ahe umugore wiwe ivyo akwiye*” hamwe “*ntimukimane*” ni imvugo mbabariramatwi isigura “kurangura amabanga y’abubatse, canke kugira imibonano mpuzubitsina.”

(5) Ibibazo bituma abantu biyumvira. Haba mw’Isezerano rya kera no mw’Isezerano Risha kenshi na kenshi ibibazo birabazwa. Mw’Isezerano Risha honyene hariho nk’ibibazo vyababa nk’ighumbi vyabajije. Ibibazo bisaga 300 muri ivyo ni ibibazo vy”ukuri” birondera kuronka inyishu, no kumenya canke gutahura. Ibibazo amajana ndwi (700) bisigaye ni ibibazo “bituma abantu biyumvira” kuko bitabazwa kugira ngo habeho inyishu yamara bibazwa kugira ngo abantu bihe inyishu canke bitange inyishu, harimwo n’inkuru yerekeye uwuriko aravuga hamwe n’ivyiyumiyo vyiwe, canke ico abivugako. Ibibazo bituma umuntu iyiyumvira vyerekana ubushizi bw’amanga, ukumenya udakekeranya, kandi bishimangira iciyumiyo uwuriko aravuga aba ashaka gushikiriza. Inyishu z’ibibazo bituma umuntu iyiyumvira ntiziba agaseseshwa rumuri. Inyishu Imana yahaye Yobu muri **Yobu 38-41** zigizwe n’ibibazo bituma umuntu iyiyumvira, akiha we nyene inyishu. Yesu yabajije ibibazo bitari bike kandi asa n’uwiyishura muri **Mat 5:46-47; 7:3-4, 9-11**; na **Luka 12:25-26, 28**. Paulo yakoze ivyo nyene muri **1 Kor 1:13**; na **1 Kor 6:15-19**.

## VII. Ugushira mu ngiro inyigisho zivuye mu gisomwa

### A. Ugushira mu ngiro inyigisho zivuye mu gisomwa co muri Bibiliya bivana n’ukugene umuntu yatahuye ico gisomwa co muri Bibiliya

Ugutahura Bibiliya ntikuba guhagije igihe uwayitahuye adashize mu ngiro canke mu bikorwa ivyo aba yatahuye. “Ubuwinga umuntu akoresha mu gusigura ntibuba bukwiye iyo buhagarariye ku rwego rw’insiguro gusa” (Klein, Blomberg, na Hubbard 1993: 401). Bibiliya ntiyigeze yandikwa kugira ngo “yigwe gusa biherere ngaho, canke kugira ngo abantu bunguke ubwenge bwo mu mutwe gusa.” Ahubwo, Bibiliya yanditswe kugira ngo yerekane uguhishurwa kw’Imana kandi kugira ngo ivyo twatahuye tubishire mu ngiro mu bugingo bwacu (uburorero, **Gus 6:1-3; Zab 119; Yoh 13:13-17; 14:21-24; 2 Tim 3:16-17; Heb 5:11-14; Yak 1:22; 2:19-20**).

“Kunaniirwa gushira mu ngiro kenshi na kenshi bivana no kudatahura *neza*. Muri ivyo harimwo ukudashobora kwemerera Imana ivyo idusaba, ari na we yihishuye muri ivyo Vyanditswe. Iyo tudashoboye kubitahura canke kuvyumvira, ntidushobora kumwumvira canke ngo *tumutahure*. . . . Iyo ishengero rifise inyigisho zitari zo canke zifise amahinyu kandi rikirengagiza abashitsi bava mu yandi moko canke mu bundi buzi kanaka, ntibaba batahura vy’ukuri na gato ico ari co ishengero. Iyo abubakanye bafashe ku mutwe Abanyefeso 5 yamara umugabo akagerageza gutera igitsure no gukoresha igitugu ku mugore wiwe, na we akagerageza kwigwanirira igihe cose, ntibaba “*bazi*” ico gisomwa.” (Doriani 2001: 22, 76) Mbere, kumenya Ivyanditswe ariko *ntubishire* mu ngiro ni icaha (**Yak 4:17**; raba kandi **Yak 2:19**). Ku rundi ruhande na rwo, uko dushira mu ngiro Ivyanditswe, ugutahura kwacu ni ko gukura kugashinga imizi, gukujijwe n’uguhinduka kwacu hamwe n’ivyo twemera (raba **Zab 111:10**).

#### **B. Gushira mu ngiro gushingiye ku ntumbero yo gusa no kumera nka Kristo**

1. Gushira mu ngiro ijambo ry’Imana si ukwishesanya n’amategeko yashinzwe gusa mu buryo bw’umubiri. Gushira mu ngiro ivyo Bibiliya ivuga canke yigisha ni uburyo *bwo guhindura ubugingo bwacu*. Paulo avuga ati, “*Nuko bene Data, ndabahanura kubw imbabazi z’Imana, ngo mutange imibiri yanyu ibe ibimazi bizima vyera, bihimbara Imana, ni kwo kuyikorera kwanyu kwogira ikimazi. Ntimushushanywe n’ivy’iki gihe, yamara muhinduke rwose, mugire imitima misha, kugira ngo mumenye neza ivyo Imana igomba, ni vyo vyiza bishimwa, bitunganye rwose*” (**Rom 12:1-2**).
2. Uguhinduka kwo mu bugingo gushinze imizi mu buntu bw’Imana buducungura, budukiza, bukatwugurura iviyumviro n’imitima buvyugururira Ivyanditswe kandi kukaduha imigenderanire misha n’ Imana biciye muri Kristo. Intumbero canke ihangiro ry’ukwo guhinduka ni ukugira ngo tumenye Imana, hanyuma duse na yo—“*gushushanywa n’ishusho y’Umwana Wayo*” (**Rom 8:29**; raba kandi **Mat 5:48; Yoh 17:3; 2 Kor 3:18; Flp 1:3-6**). Guhinduka ni ukugaragaza “umuntu musha wacu, canke abo turi bo” muri Kristo (raba **Ef 4:17-24; Kol 3:9-10**). Ni co gituma bikwiriye kuva “imbere mu mutima” kandi ukwo guhinduka kukagira ingaruka mu bigize ubugingo bwacu bwose (iviyumviro, amajambo, hamwe n’ibikorwa). Bwategerezwa kuba “ubugingo bugaragaza akarangamutima, ubuntu, amahame n’ukuri kwa Bibiliya” (Stanley na Jones 2006: 95). Ni ubugingo bweranda, bushingiye ku guhinduka kwo mu mutima, kugaragarira mu rukundo dukunda Imana n’abandi bantu (raba **Mat 15:15-20; Mariko 7:14-23; Mat 7:17-18; 12:33-37; 2 Kor 7:1; 1 Pet 1:13-17; Mat 22:35-40; Yoh 13:34-35**).

#### **C. Ugushira mu ngiro kwiza gushingiye ku gutahura neza no gusigura neza**

Ugutahura neza no gusobanura neza bishikana ku gutahura neza igisomwa, ico na co kigatuma ushira mu ngiro neza ico wungutse muri ico gisomwa. Twabonye uburorero butari buke bw’ivyo, muri ivyo harimwo:

1. Kurabira ku bindi bisomwa kugira ngo dushobore gutahura neza iciyumviro. Gukora ivyo bidufasha kwirinda kwizerba bwa buzimire buvuga ngo “kivuge hanyuma ukibohoze” canke inyigisho z’“amagara, ubutunzi, n’ugutera imbere”, kandi bikadufasha gusenga mu buryo buha Imana icubahiro (raba ikigabane kigira III.B.4.b aho hejuru).
2. Gutandukanya hagati y’ukugene ikintu kimeze n’amategeko umuntu akurikiza. Mu gukora gurtuo, twiga kudashiriraho Imana amategeko (raba ikigabane ca III.D.3.b., aho hejuru).
3. Kubanza kuraba ubwoko bw’ico gisomwa. Mu gukora gurtuo ntidukubira Imana ko vyayinaniye gushitsa amasezerano yayo igihe abana bacu bakoze amakosa n’ubwo tugergeza kubarera neza no kubatoza indero nziza (raba ikigabane ca IV.C.2., aho hejuru).

#### **D. Ugushira mu ngiro kubi kuvana n’ugutahura kubi hamwe n’ugusigura nabi ijambo**

1. Gufata Bibiliya canke gukoresha Bibiliya nk’uko coba ari igitabu c’ “amareba”. Rimwe na rimwe abantu bariko bararondera ukurongorwa n’Imana mu gufata ingingo bapfa kwugurura Bibiliya aho bashikiye hose bagaca bemera ijambo ryose bashikiyeko nk’uko ryoba ari ijambo ry’Imana rijanye n’ingingo bagomba gufata. Uko ni ko twita gufata Bibiliya nk’uko ari igitabu c’ “amareba” canke igitabu co kuragurizamwo. Klein, Blomberg, na Hubbard (1993: 404) baravuga ku musore yariko ariyumvira, yibaza nimba ari vyiza ko yoja kwiga muri kaminuza. Yapfuye kwugurura Bibiliya hanyuma amaso yiwe agwa, amujana muri **Ezek 27:25** havuga ku bantu bari bavuye i Tarushishi bagiye i Tiro bari mu bwato. Nubwo muri ico gisomwa ata tegeko ririmwo ribwira umuntu ngo agende, aje aho ari ho hose mu bwato, kandi ico gisomwa ataco gisa gisana n’ingabo, abasirikari b’igihu, uwo muhungu we yasiguye, yahaye insiguro ico gisomwa ko kimusaba kwifatanya n’ingabo, abasirikare barwanira mu mazi! Imana ntigizeze ivuga ko izongora abantu muri ubwo buryo. Mbere n’iciyumviro c’uko “umurongo wa mbere amaso yanje ashikirako uzoba werekana ico Imana indongorerako gukora” ni nko

gutegeka Imana.

2. Ukwizera ivy'impwemu kutari ko—“gusigura ” Bibiliya ukoresheje “Mpwemu” aho kubanza kubaga iryo jambo ry’Imana. Abantu bamwe bafatira kuri **1 Kor 2:14** (“Ariko umuntu afise umubiri n’ubwenge gusa ntiyemera ivya Mpwemu w’Imana, . . . kuko vyitegerezwa mu buryo bw’impwemu”) hamwe na **2 Kor 3:6** (“kukw ivyandikishijwe inyuguti vyica, ariko Impwemu ihesha ubugingo”) batabanje kuraba neza icatumye Paulo yandika gurtyo n’ico yashaka gushikiriza, kuvuga yuko abantu bazima muri mpwemu badakwiye gukoresha ubwenge bwabo bwo kubanza kwimba mu mizi igisomwa, yamara ko bakwiye gukoresha “mpwemu” wabo gusa kugira ngo baronke ubwenge n’impishuro y’ivyo Bibiliya ivyuga ni ubuzimire bubi. Ubwa mbere, nta murongo n’umwe wo muri iyo uriko uratandukanya igikorwa ca Mpwemu hamwe n’uburyo bwo kwimba mu mizi canke klubaga igisomwa. **1 Kor 2:14** havuga yuko abakristo bonyene ari bo bashobora gutahura no kumenya “ivy’Imana yatugabiye” (**1 Kor 2:12**). Abantu batarakizwa ntibatahura ibi bintu, kuko iyo baba barabitahuye ntibaba barabamvye Yesu (**1 Kor 2:8**). **2 Kor 3:6** na ho hariko haratandukanya Isezerano Risha n’Isezerano rya kera iryo abigisha b’ibinyoma bamwe bumirako n’ubwo Yesu Kristo yaja yaraje. Ubwa kabiri, ubwo buryo bwa mpwemu “itari yo” bwo “gusigura Bibiliya” bituma Bibiliya ivuga ibintu bitandukanye ku bantu batandukanye. Urufatiro urwo ari rwo rwose rwotuma habaho insiguro y’ukuri y’igisomwa ruba ruvanyweho. Bibiliya rero irashobora kwitwazwa no gutamikwa amajambo kugira ngo abantu batange inzitwanzo z’ibintu vyinshi binyuranye n’ubukristo hamwe n’ibintu bobi.

3. Kunanirwa gufatira ku co umwanditsi yashatse gushikiriza n’ivyariko biraba. Abantu bensi bakoresha nabi Bibiliya kubera yuko batabanza kuraba ido n’ido hamwe n’ico umwanditsi yashatse gusigura n’ico yafatiyeko mu kwandika ivyo yanditse iyo mirongo bishimikiza. Nk’uburorero, abantu bensi bishimikiza **Flp 4:13** (“Nshobozwa vyose n’umpa inkomezi”) kugira ngo biyemeze canke batere intege abandi ko bizobagendera neza mu vyo bazogerageza vyose canke mu co bumva ko “barongowe mwo” gukora. Yamara, icatumye Paulo yandika gurtyo (cane cane **Flp 4:11-12**) herekana yuko ugukoresha uwo uwo murongo bifatiye ku kunezererwa no kubumbwa n’ivyo umuntu afise naho biba bimeze nabi mu butunzi bw’uwo muntu. Paulo yariko aranigana n’ingorane yarimwo z’ubutunzi butari bwifashe neza, canke ko mu mupfuko hatari hifashe neza kandi akaba yari mw’ihamwa rikomeye n’imbabaro myinshi, yamara ntivyamubujije kunezererwa ivyo yari yahawe, kandi yabandanije kuvuga ubutumwa bwiza naho hari inzitizi, intambamyi n’ivymurwanya vyinshi.

4. Dukwiye kwiyubara igihe twakira “ukurongorwa kanaka” canke “twumva” ko Imana iriko iravugana natwe mu buryo burashe, mu buryo bwihariye biciye mu gisomwa ca Bibiliya kidashobora gukoreshwa mu vyo uba urimwo. **Hag 2:19** havuga gurtya, “Uhoreye iri zuba nzobaha umugisha.” Umuntu ariko arasengera ibintu vyiwe akeneye ashobora kwumva ko Imana iriko irakoresha uwo murongo kugira ngo imwemeze ko izokwitwararika ivyiwe urya musi, guhera kuri riry a zuba. Uwizera canke umukristo akuze muri mpwemu aramenya yuko icatumye ivyo vyandikwa canke ico uwo mwanditsi yariko aravuga yari imigisha Imana yari itanguye guncuncubura ku bagarukanywe bavanywe i Babuloni aho bari inyambukira kubera bumviye bakubaka, bagasanura urusengero kandi ko iyo migisha muri ico gisomwa ataho itegerezwa gutandukira ku wundi muntu ngo avuge ko azohezagirwa kuri uwo musi, kuri iryo zuba. Imana nta nkeka irashobora kuvugana natwe mu buryo bwihariye biciye mw’ijambo ryayo. Yamara, abantu bensi bariy়umviriyে mu buryo butari bwo ko Imana yariko iravugana nabo muri ubwo buryo naho itariko iravugana na bo, kandi hakwirikiye ingaruka mbi zikomeye kuri bo mbere no ku bandi bantu. Wolvaardt yaduhanuye neza: “suzuma kandi ufate iciyumviro ico ari co cose kivuye mu gisomwa ca Bibiliya ariko kitakwerekeye ku gatwe kawe nk’uko wofata iciyumviro kindi cose kidakomotse muri Bibiliya. Iryo tandukaniro hagati y’ukurongorwa n’Imana gufatiye ku bisomwa vya Bibiliya ariko atari itegeko hamwe n’ivyo wofata ko ari itegeko ritegerezwa kwama ririho. Igihe tuba turiko turakoresha ikintu kimeze nk’itegeko, dutegerezwa kurifata gurtyo kuko Imana ishaka kuvugana ububasha biciye mw’Ijambo ryayo. Nimba ari ukurongorwa n’Imana kwawe, yamara kudafatiye kw’itegeko, aho rero gutegeza gufatwa ko ari ukurongorwa n’Imana mu buryo bwo kwicisha bugufi kubera yuko ushobora kuba utatahuye neza ico Imana ikurongoreyeko! Kudakora gurtyo bishobora gutuma wibaza ko Bibiliya idashobora kwizigirwa canke ko ukurongorwa n’Imana kudashobora kwhendwako.” (Wolvaardt 2005: 37)

#### E. Ivyo Bibiliya ishira imbere y’ibindi, inyigisho, n’uburorero

Gushira mu bikorwa ni co kimwe no gusigura mu buryo bw’uko nk’ukw *insiguro* iva “hejuru ija hasi” (mu yandi majambo, umutwe w’amajambo canke iciyumviro nyamukuru c’ikigabane kanaka hamwe n’amajambo agize iciyumviro ari vyo vyerekana insiguro y’umurongo n’iy’ijambo kanaka), ni na co kimwe n’uko hari ingazi canke ubusumbasumbane bwo gushira mu ngiro uhoreye ku gisanzwe ugashika ku

bidasanzwe. Ugushira mu bikorwa kwamuka ku *ntumbero* iyo na yo ikaba uguhinduka kwacu kugira ngo duse, tumere nka Kristo. Kuri ivyo, Bibiliya iraduha ubusumbasumbane bw'ivyo dutegerezwa gufatirako:

1. Ibikwiye vyose ni amahame y'urufatiro y'ubugingo Rukristo. Nk'ivyo Bibiliya ishira imbere ni vyo vyegeranye cane n'intumbero, ihangiro. Mu buryo nk'ubwo, ivyo Bibiliya ishira imbere ni ryo soko rikuru ry'ibishirwa mu bikorwa. Ni vyo "birongora inyifato zitari nke tutabanje kurobanura ibikorwa bidasanzwe" (Doriani 2001: 84). Mu vyo Bibiliya ishira imbere harimwo ivyiyumviro nk'ibi: "*Mukundishe Uhoro Imana yanyu imitima yanyu yose n'ubugingo bwanyu bwose n'ubwenge bwanyu bwose*" (**Mat 22:37; Mariko 12:28-30**); "*Mukunde bagenzi banyu nk'uko mwikunda*" (**Lew 19:18; Mat 19:19; 22:39; Mariko 12:31, 33; Luka 10:27; Rom 13:9-10; Gal 5:14; Yak 2:8**); "*Ivyo mugomba kw abantu babagirira vyose mube ari ko mubagirira namwe*" (**Mat 7:12; Luka 6:31**); "*Ariko mubanze mwitwaririke ubwami bw'Imana n'ukugororoka kwayo*" (**Mat 6:33**); "*uwahawe vyinshi wese azobazwa vyinshi,*" (**Luka 12:48b**); "*mwiyambure wa muntu wa kera mukambara wa muntu musha*" (**Ef 4:22-24**); "*ni co gituma tugira umwete wo kumunezereza, iyo turi iwacu mu mubiri , canke iyo tugerereye kure y'umubiri*" (**2 Kor 5:9**); "*inyanduruko y'ukwigisha kwacu ni ukugira ngo bagire urukundo ruva mu mutima utanduye, utarimwo ijwi ribagiriza ikibi, no ku kwizera kutari uk'uburyarya*" (**1 Tim 1:5**); "*Ntimukirundanirize ubutunzi mw'isi, ariko mwirundanirize ubutunzi mw'ijuru*" (**Mat 6:19-20; Luka 12:21**). Murabe neza ibi Bibiliya ishira imbere si amategeko. Ivyo bibiliya ishira imbere biduha urufatiro canke inyifato dukwiye kwubakirako ubugingo bwacu. Ivyo Bibiliya ishira imbere ntibivuga ku bikorwa kanaka. Bishirwa mu ngiro uko dukurikirana ivyo bintu, ivyo Bibiliya ishira imbere kandi tugakora ivyo bikorwa bijanye n'ivyo Bibiliya ishira imbere, kandi tukirinda, tukazibukira ivyo bintu n'ivyo bikorwa bitajanye n'ivyo Bibiliya ishira imbere y'ibindi vyose.

2. Inyigisho. Inyigisho ni ukuri ngenderwako kw'ukwizera Rukristo. Inyigisho si ubwoko butandukanye bw'Ivyanditswe, yamara zikomoka mu Vyanditswe vyose. Ubwoko bwose bw'Ivyanditswe vyose burigisha kandi bufise ingaruka zivanye n'izo nyigisho hamwe n'ukwo kumenya Imana. Inyigisho Rukristo zidonda kamere k'ivyo ari ukuri—kamere k'Imana, kamere k'abantu, ukuri kwo mu vy'impwemu hamwe n'ingaruka z'ivyo vyose. Inyigisho zirimwo, zigizwe n'ibintu nk'ibi: Imana yo muri Bibiliya ni yo Mana yonyene y'ukuri; Imana ni ubutatu butagatifu; Imana ni yo yaremye isi, kandi ni yo yaremye abantu mw'ishusho yayo; abantu bose baguye mu caha, kandi ububasha bw'icaha kiba mu muntu ni bwo bugize agatimatima k'ukubaho kacu; Imana yaje mw'isi biciye mu muntu yitwa Yesu Kristo; ntidushobora kwikiza ububasha n'ingaruka z'icaha, yamara dushobora kuronka agakiza biciye ku buntu bw'Imana biciye mu kwizera Kristo; Mpwemu Yera aba mu bizera; Kristo yaduhamagariye kubaho ubuzima n'ubugingo bw'ubwizigirwa no kumwumvira mu kubaho ubugingo bugaragazwa n'urukundo no gukorera canke kwitangira abandi; Kristo azogaruka, kandi azocira imanza abariho n'abapfuye; abantu bose bazobaho ibihe bidashira, rwaba urupfu rw'ibihe vyose mu muriro ku batizera canke ubugingo budashira mw'isi nsha ku bizera.

a. *Inyigisho zishirwa mu bikorwa mu kubaza ibibazo nk'ibi, "Nimba inyigisho X ari ukuri, haca hakurikira iki, haca haba iki?" na "Mbega inyifato yanzi n'ingeso zanje zohinduka gute hamwe zojana n'ivyo mvuga ko nizera?"* (Doriani 2001: 85-86). Duca rero dushira mu bikorwa izo nyigisho mu kubaho ubuzima bujanye na zo.

b. *Kubera inyigisho ziduha ishusho y'ukuri y'isi, zituma ivyiyumviro vyacu bifata umurongo mwiza.* Uko ivyizerwa vyacubihinduka, ni ko n'inyifato hamwe n'ibikorwa vyacu bitegerezwa guhinduka. Nk'uburorero:

(1) Kimwe mu ngaruka z'inyigisho ni uko Imana ari Ubutatu. Imana ni Ubutatu (Data, Umwana, na Mpwemu Yera). Ivyo bisigura yuko Imana ari Imana y'imigenderanire. Umwe umwe wese mu bagaize ubwo Butatu ari mu migenderanire myiza y'urukundo itagira agasembwa n'abo bandi babiri bagize Ubutatu. Imana yaturemye mw'ishusho yayo. Ni co gituma natwe twategerezwa kuba mu migenderanire no mu rukundo. Ntitwategerezwa kwigunga no kwikura mu bandi yamara dutegerezwa kwhata kugira ngo tube mu migenderanire myiza, itagira agasembwa, n'abandi bantu.

(2) Ingaruka imwe y'inyigisho yuko umuntu yavukanye icaha c'inyanduruko. Kubera inyigisho Rukristo zerekeye akameremere k'icaha k'umuntu, ububasha bw'icaha kiba mu muntu wese hamwe n'ugutandukana kw'umuntu n'Imana, ntitwategerezwa gutangazwa nukw abantu babesha, biba, baryarukana, bagakora ibiteye isoni, bakaturengera akarimbi. Ntitwategerezwa gutangazwa n'ukw abantu bishira hejuru, hanyuma bakishimira ivyo bashitseko. Turazi yuko batagira amahoro mu mitima, batagira umutekano, batagira ico bamaze kuko ico bari kumara kizanwa n'imigenderanire baba bafitaniye na Kristo. Ni co gituma, bagerageza kurondera

amahoro, umutekano, kwerekana ko hari ico bamaze mu bundi buryo, canke mu zindi nzira. Uko dutahura vy'ukuri ibi bintu—bikomoka mu nyigisho Rukristo—inyifato n'ingeso zacu ku bandi zizohinduka, kandi ntizokwishura ikibi ku kindi canke ingorane ku zindi nk'uko abandi babikora.

3. Uburarero. Inkuru zose z'IK n'iz'IR ziduha uburarero bw'impanuro n'ukwigisha (raba **Rom 15:4; 1 Kor 10:1-6**). Yesu yatanze uburarero mu kwishura Satani n'Abafarisayo (raba **Mat 4:4, 7; 12:1-7**). Paulo yabwiye abigishwa ko “*bakwiye kumwigana*” (**1 Kor 4:16; 11:1; Flp 3:17**). Bibiliya ivuga ukuri mbere no ku vyerekeye ivyaha vy'abizera (uburarero, ukuborerwa kwa Nowa, **Ita 9:21**; Ukubesha kwa Aburahamu n'ivyo yategetse Sara kubesha, **Ita 12:10-20**; ubusambanyi bwa Dawidi n'icaha co kwica cakwirikiye, **2 Samweli 11**). Ni co gituma, uburarero bushobora kuba kuba ubwubaka canke ubutubaka, bwiza canke bubi.

- a. *Inkuru za Bibiliya zidutumirira gusuzuma abantu hamwe n'ibikorwa vyabo, hamwe no kwifatanya n'abigenjeje neza kugira ngo twigane ukwizera kwawe, tugere ikiренge mu cabokandi twirinde no kurwa mu vyaha baguyemwo canke mu kaga baguyemwo, turagabishwa.* Igihe ibikorwa vyinshi vy'ukwizera bireme, bishiraho urufatiro, cane cane iyo Imana ihezagiye ivyo bikorwa, biraturongora uyu musi. Ibikorwa bimwe bimwe bitoratowe harya na hariya si vyo dukwiye gushingirako, cane cane iyo Imana itabihezagiye kandi bidasa n'ivyo Imana yavuze ko ari vyo dukwiye gufatirako uburarero, canke ko atariko dukwiye kwigenza. Igihe inkuru idashimye canke ngo icire urubanza umuntu, canke inebagure, inegure ibikorwa vyiwe kandi ntitubone ko biguma bigaruka canke vyofatirwako nk'urufatiro, dutegerezwa kubanza kwirinda kuvyigirako no kubifatirako nk'uburarero keza.
- b. *Mbere n'indirimbo zo muri Bibiliya hamwe n'amasesengesho ziraduhindura, uko tugenda turaziyumvirako, tukazigira izacu.* “Abantu baha agaciyo ivyo bashira hejuru. Nimba dutazira Imana kubera ukugororoka kwayo, duha agaciyo ukugorororka. Nimba dutazira Imana kubera ukugira neza n'urukundo rwayo, dushira hejuru ukugira neza n'urukundo. Mu gutazira Imana kubera ivyo biyigize, turabibungabunga, tukabiha agaciyo, kandi tukumva yuko tubikwegerwako, twokwimatanya na vyo” (Doriani 2001: 92).
- c. *Dutegerezwa kwiyubara ntiduhindure uburarero mu mategeko.* Ni *ngirakamaro* yuko dukwiye kwibuka itandukaniro rikomeye hagati y'ukwerekana ibintu ingene vyagenze no gutanga itegeko ry'ingene ibintu bigenda (raba ikigabane ca III.D, aho hejuru). Gufatira ku burarero bwa Bibiliya bisaba ko tubanza tukamenya intumbero, ihangiro, ivyo Bibiliya ishira imbere y'ibindi, hamwe n'inyigisho Rukristo. Uburarero bwategerezwa kuboneka nk'ibimenyetso bishigikira canke birwanya ivyo twokora dufatiye ku bundi bwoko bw'ibisomwa.

#### F. Ivyagezwe vya Bibiliya, amategeko, n'ivyihanikirijwe

Ivyagezwe, amategeko, ivyihanikirijwe biratomoye, bifise ico vyisangije kurusha ivyo Bibiliya ishira imbere, inyigisho hamwe n'uburarero. Mu bihe vyose, ivyagezwe bifise ibikorwa bibiri nyamukuru: (1) bicira urubanza abatizera; (2) bikora nk'indongozi ku bizera mu kugene berekana, canke bashitsa urukundo rwabo ku Mana (Lehrer 2006: 122). Co kimwe n'ibisigaye ku guhishura kwa Bibiliya, ivyagezwe vyo mw'ijuru bigenda biruguruka, bifunguruka, bihishurika bukebuke muri Bibiliya yose.

##### 1. Guca ku masonga y'ivyagezwe vya Bibiliya.

- a. *Abantu baremwe mw'ishusho y'Imana kandi kumenya Imana hamwe no kumenya ikibi n'iciza vyanditswe muri kamere k'abantu bose.* Ivyo vyari ukuri n'imbere yukw Imana iha Mose Ivyagezwe Cumi n'ayandi mabwirizwa hamwe n'ibindi vyagezwe vyo mw'Isezerano rya Kera (raba **Rom 1:18-23; 2:14-16**). Ivyagezwe vya Mose vyatanzwe kugira ngo herekanwe amahame y'ivyagezwe vyo mw'Ijuru, yamara kandi kugira ngo bibe amategeko ngenderwako n'ukugene ashirwa mu ngiro ku gihugu ca Isirayeli kuko cari igihugu categerezwa kuba mu migenderanire y'isezerano ry'Imana bisangije. Ni co gituma, “ivyagezwe vy'Imana vyabayeho n'imbere yuko Mose azana ivyagezwe ahawé n'Imana. Ahubwo ivyagezwe n'Imana n'ivyagezwe vya Mose bifise aho bihuriye ariko si fotokopi” (Wells na Zaspel 2002: 143). Ivyagezwe vya Mose bihishura ibigize Imana n'ukwera kwayo (amajambo “*Ndi Uhoro Imana yawe*” aguma agaruka kenshi mu vyagezwe vya Mose hamwe no mu vyo yashinze). Ivyagezwe vyongeye vyashiriweho guhishura, kugaragaza icaha (**Rom 3:19-20; 7:7-12**); “kwongeranya” icaha (**Rom 4:15; 5:13-14, 20**); no kubohera abantu musi y'icaha (**Rom 7:23; 8:2-3; Gal 3:10-13; 5:1; Col 2:14**). Ivyagezwe rero bishorera, bishikana abantu kuri Kristo (**Gal 3:15-4:31**; raba kandi **Rom 7:24-25**).

b. *Yesu yashikije ivyagezwe mu gishingo cacu ku musaraba (Mat 5:17-20; Yoh 19:30; Rom 10:4; Ef 2:14-15; Kol 2:13-15).* Yesu yavuze ko yaje “gushitsa” ivyagezwe (**Mat 5:17**). Iryo jambo mu bisanzwe risigura “kuzana insiguro yari igabiwe” (Hays 2001: 29). “Yesu ntayariko aravuga yuko Ivyagezwe bizoguma biboha abizera bo mw’Isezerano Risha. Iyo biba vyari uko, Abakristo b’iki gihe bari kuba basabwa gutanga ibimazi no kuzihiza amabwirizwa y’imisi mikuru co kimwe n’arya yandi mabwirizwa canke amategeko, ivyagezwe kandi ivyo vyoba binyuraniye n’ibindi bice vyinshi vyo mw’Isezerano Risha” (Ico gitabu nyene). Ahubwo, Igikorwa ca Yesu ku musaraba cashize kw’iherezo *intumbero* hamwe n’ukubohwa n’IK (Isezerano rya Mose). Ni co gituma, Abakristo batakigengwa canke batakiboshwe n’ivyagezwe vy’IK, amabwirizwa, amategeko hamwe n’ivyihanikirijwe (**Rom 6:14; 7:6; Gal 3:1-4:7; 5:18**; raba kandi **Kol 2:8-17**). “Dufatiye kuri ivyo nyene, ntidukwiye kwitega ko Isezerano rya Kera riba iryerekana itegeko ry’abakristo ry’ubuzima mw’Isezerano Risha” (Wells na Zaspel 2002: 149).

c. *Ukuza kwa Kristo kwatanguje Isezerano Risha kandi hamwe na ryo, ikiringo gisha c’ “ivyagezwe vya Kristo” (Gal 6:2; 1 Kor 9:19-21; raba kandi Rom 7:4; 8:2).* Ukuza kwa Kristo kwazanye “uguhinduka kw’ivyagezwe” (**Heb 7:11-12**). Isezerano rya Kera “ryarashaje” (**Heb 8:13**). “Akuraho ivya mbere ngw ashinge ivya kabiri” (**Heb 10:9**). Aho kugengwa n’Isezerano rya kera, ubu tugengwa n’Isezerano Risha—“ivyagezwe vya Kristo” (**Luka 22:20; 1 Kor 11:25; 2 Kor 3:6; Heb 8:8-13; 9:15**). “*Ivyagezwe vya Kristo*” si inyigisho za Yesu gusa yamara ni n’inyigisho z’abanditsi b’Isezerano Risha (raba, uburorero, **Yoh 14:24-26; 16:12-15; 17:8, 18-20; 1 Kor 14:37; Gal 1:11-12; Ef 2:20; 1 Tes 2:13; 2 Tes 2:15; 3:6, 14; Heb 2:3; Ivyah 1:11**). Dufise ivyo mu vyiyumviro, turashobora kwibaza ugushira mu ngiro ivyagezwe vyo mw’Isezerano rya Kera hamwe n’ivyagezwe vyo mw’Isezerano Risha, amategeko n’amabwirizwa.

2. Ivyagezwe vyo Mw’Isezersno rya Kera, amategeko, n’ivyihanikirijwe. Nta muntu n’umwe *mu buryo bugaragara* ari musi y’ivyagezwe *na bimwe* vyo mw’Isezerano rya Kera, amategeko hamwe n’ivyihanikirijwe muri kino gihe turi mu gihe c’Isezerano Risha kandi tukaba musi y’ivyagezwe vya Kristo. Yamara nubwo bimeze birtyo, turashobora kubigirako kugira ngo vyubake ubugingo bwacu. “Yesu kuri Mose ameze nk’ikigori kiva mu rutete. . . . Muri Kristo Mose ashiika ku gukura kandi agashika ku gushurika. Ivyagezwe vya Mose biracafise ico bisigura, biracafise akamaro, yamara ni iyo tuyvakiriye bivuye mu kuboko kw’Umwami Imana. Abakristo b’iki gihe baracakeneye gusoma ivyagezwe vya Mose, kandi bibafitiye akamaro kanini, yamara igihe basoma ivyagezwe vya Mose, bategerezwa kubisoma bacishije mu vyirore, canke mu kayungiro rukristo” (Wells na Zaspel 2002: 157). Uburyo dukwiye gufata Ivyagezwe vy’Isezerano rya Kera, amategeko n’ivyihanikirijwe biri mu buryo bukomeye bubiri.

a. *Dukwiye gufata Ivyagezwe vyo mw’Isezerano rya Kera, amategeko n’ivyihanikirijwe nk’ugushira mu ngiro kudasanzwe canke uburorerobushobora gukoreshwa mw’isi yose, canke amahame asanzwe kandi tukabikoresha, tukabikwirikiza uko nyene.*

(1) Ivyagezwe vyo Mw’Isezerano rya Kera, amategeko n’ivyihanikirijwe: “bitanga uburorero twofatirako bw’ukugene twoshira mu ngiro ayo mahame mu buryo bwiyaguye. *Ivyihanikirijwe bihagarariye, vyerekana, bigaragaza, bitomora amahame.* Ibigabane vy’amategeko vyo mu vyagezwe vya Mose bisa n’ibisobanuritse ubwa mbere, yamara uvyegereye cane ukabisuzuma, biboneka ko ari amategeko y’ikintu kimwe kimwe gitanga amahame rusangi. Aya amtegeko yatanzwe mu mico kama kanaka izwi, bigatuma bigorana kuyasigura no kuyakura mu muco umwe uyashira mu muco wundi unyuranye n’uwo yandikiwemwo. Ariko ayo mategeko atanga ukugene yoshirwa mu ngiro, hamwe n’ido n’ido ry’ayo mategeko ya Bibiliya dukeneye.” (Doriani 2001: 246)

(2) Ivyagezwe vyo mw’Isezerano rya Kera, amategeko n’ivyihanikirijwe uyu musi bikoreshwa gusa hose igihe bijanye n’amahame y’Isezerano Risha hamwe n’ibihe tugezemwo. Kubera yuko uguhinduka kw’Isezerano rya Kera mw’Isezerano Risha vyavyaye “uguhinduka kw’ivyagezwe” (**Heb 7:12**) kugeza yaho haba ivyagezwe vy’Isezerano rya Kera canke ivyo ryari ryubakiyeko bitagisa n’ivyagezwe vy’Isezerano rya Rera rya Kristo canke mu bihe tugezemwo, ugusanisha ivyagezwe vy’Isezerano rya Kera canke ivyariho ico gihe n’ivyo tugezemwo ubu bigira inkomezi nke kandi ntibiba bigikora (canke bigira ico vyoshikanako).

b. *Raba ingene Isezerano Risha rifata ivyagezwe vy’Isezerano rya Kera, amategeko*

*n'iviyhanikirijwe.*

(1) Igikorwa cacu nk'abasobanuzi canke abasiguzi ni ukumenya ingene IR ryifata canke rikoresha Ivyagezwe vy'IK. “Kubona ingene icagezwe kanaka co mu vyagezwe nya Mose gikoreshwa na Yesu canke abanditsi b'Isezerano Risha bisaba kwiyubara no kuraba ido n'ido. Yamara rero iki ni co gikorwa nyene c'umusobanuzi—ategerezwa gukoresha Bibiliya yiwe yose. Ategerezwa gusoma Bibiliya yose nk'Umukristo, afatiye ku vyo Isezerano Risha ryiwe rivuga, kugira ngo amenye neza adakekeranya, yamara kandi ndabisubiremwo ategerezwa gukoresha Bibiliya yiwe yose. Ivyagezwe nya Mose bishitswa, biheraherezwa mu vyagezwe nya Kristo, kandi dutegerezwa kuraba *ingene* ivyo ari uko biri mu co ari co cose.” (Wells na Zaspel 2002: 160)

(2) Kenshi Yesu n'abanditsi b'IR barahinduye ivyagezwe vy'IK mu:

(A) *guhindura urufatiro rwavyo*—gusonera abavyeyi bifatiye ku bizera bari mw'isi, ntibafatiye ku Bisirayeli bari mu gihugu c'i Kanani, kandi ni ikimenyamenya c'uko “ukwatura, ukwerekana ukwizera kw'ukuri kw'abana . . . [kandi iyo] bashishikaye muri ivyo, bashobora kugira amahoro n'ukumenya ko ari abakristo, abizera kandi ko bazobana n'Imana ibihe bidashira mu rukundo” (Lehrer 2006: 137-46, **Ef 6:3**).

(B) *Bibashira ku rutonde, bikababuza bimwe na bimwe*—ukwahukana (**Mat 5:31-32**).

(C) *Kubikuraho*—ivyagezwe vyerekeye ivyo kurya (**Mariko 7:19**); ugukebwa (**Gal 5:1-2**).

(D) *Kuvyagura, kubiha iyindi nsiguro nini*—mu bwicanyi harimwo inzigo (**Mat 5:21-22**); mu busambanyi harimwo ukwipfuza umugore w'uwindi (**Mat 5:27-28**).

(E) *Kuyakuraho bifatanije no kuyaha iyindi nsiguro ikomey, canke kuyahindura*—ntidukwiye kurahira na gatoya, yamara dukwiye kuba abanyakuri mu bihe vyose (**Mat 5:33-37**); aho gukurikiza “ijisho ku rindi” dukwiye gukorera ivyiza abantu bose baba beza canke babi kuri twebwe (**Mat 5:38-42**); gukunda mugenzawe harimwo no gukunda abansi bacu (**Mat 5:43-47**).

c. *Uburarero bitatu bwerekana ingene ivyagezwe vy'IK, amategeko n'iviyhanikirijwe vyafatwank'ishirwa mu ngiro ridasanze ry'amahame yokoreshwa hose mw'IR kandi agakoreshwa nk'uburarero*

(1) Ivyagezwe nya Mose vyo mw'IK mu bisanzwe. Yesu na Paulo bose barabuye ivyagezwe vyo mw'Isezerano rya Kera nk'uburarero bw'ihamwe rikomeye—icagezwe c'urukundo (**Mat 22:36-40; Rom 13:9**).

(2) Ivyagezwe vy'IK vy'Isabato. Yesu yavuze ko ivyagezwe vy'Isabato vyerekeza, vyatumbereza kuri we, kandi no kw'ihame ry'ukugira imbabazi (**Mat 12:1-8; Mariko 2:23-28; Luka 6:1-11**). Yerekanye yuko mbere n'ivyagezwe bikomeye vy'urufatiro vyo mw'Isezerano rya Mose bishobora kurengwako igihe kuvyumirako kwononera ihame rikomeye ry'urukundo n'ukugira imbabazi.

(3) Gus 25:4—“*Ntimuze murumye umunwa w'inka irikw irasekura ingano.*” Mu bihe bibiri (**1 Kor 9:9; 1 Tim 5:18**) Paulo yabuye ico cagezwe kivuga ku nka. Muri ivyo bihe vyose yafatiye ku vyagezwe *nk'uburarero canke ugushra mu ngiro kw'ihame rikomeye kurusha ico cagezwe*. Paulo yabuye, yasubiyemwo ico cagezwe agomba gushigikira ihame ry'uko *abarongozi b'ishengero kandi bakigisha ijambo ry'Imana bategerezwa guhembwa, guhabwa umushahara*. Raba neza nta na hamwe ivyo uwo murongo wo mw'IK uvuga ku vyerekeye guhemba umurongozi mu vy'impwemu. Co kimwe no ku buhanuzi, Isezerano Risha kenshi na kenshi rikoresha ibisomwa vyo mw'Isezerano rya Kera mu buryo bushasha. Ni co gituma dutegerezwa kuraba mw'Isezerano rya Kera dukoresheje amaso y' Isezerano Risha (ariko Atari mu buryo bunyuranye n'ubu).

d. *Uburarero ka Yesu k'ivyagezwe vy'Isabato n'uburarero ka Paulo k'inka vyategerezwa kuduha kwiyubara no guterwa intege, no kuremeshwa.* Abo bose bafatiye ku mahame akomeye y'ivyagezwe, yamara ntibafatiye ku nyuguti z'ivyagezwe ubwavyo. Yamara, twebwe ntituri Yesu canke intumwa. Paulo yashoboye kubona ihame atabanje gufatira kuri kahise canke ivyariko biraba mu **Gus 25:4**. Iryo hame rifatiye kw'itegeko ryo gufata neza abantu kubera

yuko abantu bose baremwe mw'ishusho y'Imana none, mbega ku Bakristo "ivyo ntibirushirije": mu yandi majambo, "Nimba Imana izigama agateka ka zina bikoko igasaba ko bihabwa ibikwiranye n'ivyo vyakoze igihe vyariko birasekura ingano z'Abisirayeli, none mbega Uhoraho ntiyokwitega yuko abantu biwe yacunguye baha abandi bantu bateye mu mitima yabo imbuto y'ubutumwa itanga ubugingo ivyo bakeneye!" (Johnson 2007: 282) Turashobora kurabira ku mahame agize ivyagezwe vy'Isezerano rya Kera, yamara dutegerezwa gushika kuri ayo mahame mu gushira mu ngiro no mu gukoresha amategeko agenga ugusigura no gutahura Bibiliya neza.

### 3. Ivyagezwe vy'Isezerano Risha, amategeko, n'ivyihanikirijwe.

a. *Ivyagezwe vy'Isezerano Risha, amategeko n'ivyihanikirijwe (mu yandi majambo, "Ivyagezwe vya Kristo") birashobora gushoka bikoreshwa ku bakristo, ku bizera b'uyu musi mu buryo bunyuranye n'uko vyakoreshwa mw'Isezerano rya Kera. Mu burorero bwinshi bw'ivyagezwe vyo mw'IR bukoreshwa uyu musi harimwo: Rom 12:9-21; 1 Kor 6:18; Ef 4:25-32; 1 Tes 5:16-18; na Heb 10:23-25.*

b. *Ivyagezwe vy'IR, amategeko n'ivyihanikirijwe ntibokoreshwa ku bintu vyose bifise ico bivuga ku bibano vyacu uyu musi hamwe no ku Mico Kama yacu. Ibitabu vy'Isezerano Risha vyandikiwe amashengero kanaka azwi n'abantu bazwi, kandi vyanditswe kugira ngo bitunganye ibintu kanaka vyariko biraba mu mashengero muri ico gihe, bafatiye ku mico kama yariho muri ico gihe nyene. Kubw'ivyo, mbere no ku vyagezwe vy'Isezerano Risha, amategeko, amabwirizwa, ivyihanikirijwe, dukwiye kuraba ku *mahame* yinyegeje inyuma y'ayo mategeko, hanyuma tukayakoreha *muri ubwo buryo* turabiye ku bihe vyacu turimwo. Mu bihe kanaka, cane cane aho umuco wahindutse, turashobora no kuja kure y'ivyo amajambo y'ivyagezwe, amategeko, amabwirizwa n'ivyihanikirijwe vy'Isezerano Risha tukayakoresha mu buryo bw "impwemu" y'ukurokora, guzungura.*

### **G. Hariho "ubudasa budasanzwe" hagati y'ivyo Bibiliya ivugako n'ivyo ducamwo, kuko Bibiliya itavuga ku bintu vyose mu buryo butomoye**

1. Si ku bintu vyose bidufitiye akamaro canke duhura imisi yose mu kibano Bibiliya ivugako mu buryo bufoboye mu bihe turimwo. Bibiliya ni indongozi ihagije ku vyerekeye ivyo dukwiye kwizera n'ukugene dukwiye kubaho. Hariho ivyo ivugako mu buryo bufoboye, burashe, ivyo abantu barikoo baracamwo igihe Bibiliya yandikwa. Ubuwinga bwa none bwarabajije ibibazo bitashobora kubazwa igihe Bibiliya yandikwa (uburorero, "ukubangurira igikoko canke igiterwa ku co bidasangije ubwoko"). Imico kama tubamwo irashobora kuba itandukanye cane n'imico yariho igihe Bibiliya yandikwa. Ni co gituma, ibibazo Bibiliya ivugako bishobora kuba bitandukanye n'ibibazo canke n'ibihe duhura uyu musi. Ikindi, Bibiliya si itegeko ngw ivuga neza ido n'ido ku bibazo vyose ikorerako canke ishaka gutorera umuti.

2. Igihe rero duhanganye n'ikibazo kanaka Bibiliya ataco ikivuga ko mu buryo butomoye, dutegerezwa kuronderera muri Bibiliya ivyo ishira imbere y'ibindi vyose, inyigisho, uburorero, ivyagezwe, amategeko, amabwirizwa, ivyihanikirijwe bifise ico bivuga dufatiye ku vyo tuba tiuriko turacamwo, tukagerageza gukuramwo amahame n' "impwemu" yo guzungura ishigikiye ivyo Bibiliya ishira imbere y'ibindi vyose, inyigisho, uburorero, ivyagezwe, amategeko, amabwirizwa n'ivyihanikirijwe tukagerageza kubisanisha n'ivyo tuba turiko turacamwo. "Isano" ni ibintu bibiri bifise ico bihuriyeko aho dusobora guhera mu kubigereranya (Uburorero, hariho isano hagati y'umutima n'ipombo). Igihe duhuye n'ikibazo Bibiliya ata co ikivugako duca dukoresha Bibiliya mu buryo bwo kugereranya ducishije: a. mu kurobanura no kurondera ibindi bintu Bibiliya ivugako hamwe n'ibindi bice, ibisomwa bishusha n'ivyo tugomba ko Bibiliya ivugakomuri ivyo na vyo hakaba (harimwo ivyo Bibiliya ishira imbere y'ibindi, inyigisho, uburorero, ivyagezwe, amategeko, amabwirizwa, ivyihanikirijwe) biboneka ko bishusha, bisa (mu yandi majambo, vyogereranya) n'ivyo twoba turimwo; b. tukaronderamwo amahame ya Bibiliya na "mpwemu" yo guzungura vyinyegeje inyuma y'ivyo bihe vya Bibiliya hamwe n'ivyo bisomwa; c. tugakoresha ayo mahame n'ivo mpwemu mu bihe tuba turimwo no mu vyo tuba turiko turacamwo.

3. Isano ni ryiza igihe conyene riba rifise ico rihuriyeko n'ivyo tuba turiko turacamwo, n'ivyo duhanganye muri iki gihe. Gushira mu ngiro no gukoresha ivyo Bibiliya ishira imbere, inyigisho, uburorero, ivyagezwe, amabwirizwa, amategeko, ivyihanikirijwe mu buryo busa bimeze nko gukoresha urubanza rwacitse muri kahise muri sentare ufatiye ku vyabayen no ku vyafatiweko mu guca urwo rubanza. Ko ibihe vya Bibiliya canke ivyariko biraba igihe Bibiliya yashira imbere y'ibindi ivyo, inyigisho, uburorero, ivyagezwe, amategeko, amabwirizwa, ivyihanikirijwe twibaza ko bifise akamaro

uyu musi *bidas* n'ibihe canke n'ivyo turiko turacamwo, ivyo twisangamwo, iryo sano usanga rifise intege nke, ridakwiriye, ridahagije, mbere usanga (atari ryo). Bibiliya ni indongozi yikwije ku vyerekeye ivyo dukwiye kwizera n'ingene dukwiye kubaho. Ni co gituma dusanga yuko ibibazo vyose duhura bifatiye ku kugene imico kama itandukanye canke ku mahame atewe n'ubutandukane bw'imico kama, mpwemu ya Bibiliya ibohora, icungura, ikiza hamwe n'ivyo Bibiliya ifata kumwe aho ari ho hose. Yamara, kubera Bibiliya itavuga ku bintu vyose canke ku bibazo vyose duhura mu buryo butomoye, turashobora kurabira kuri ayo mahame, mpwemu, hamwe n'ibidahinduka Bibiliya ifata kumwe aho ari ho cose, ige conyene tuzi neza, dutahura neza Bibiliya, tukayiyobora neza, kandi dushiobora gukuramwo insiguro itomoye, irashe, nziza.

**H. Hariho “ukudasa kw’imico” hagati y’imico ya Bibiliya—muri ivyo harimwo ivyagezwe, amategeko, amabwirizwa n’ivyihanikirijwe bifatiye kuri iyo mico—n’imico itandukanye hamwe n’ivyo ducamwo, twisangamwo, tubamwo uyu musi**

1. Ukuganira kw’Imana (Bibiliya) kwatanzwe mu bihe kanaka bizwi, mu mico izwi, ku bantu kanaka, bariko baraca mu bintu, mu bihe bisangije. Yamara, ukuganira kw’ Imana kwaravuze kwaranditswe kugira ngo bibe ubutumwa ku bantu bose bazoza, bazobaho no mu nyuma. Ingaruka y’ivyo, “ikibazo kinini ni ingene ivyanditswe bishirwa mu ngiro, bikoreshwa kugira ngo *tujabuke ikiraro kiri hagati y’imico Bibiliya yandikiwemwo n’imico tugenderamwo, tubamwo uyu musi*” (Doriani 1996: 143). Mu yandi majambo: amategeko ya Bibiliya (ivyihanikirijwe)—mbere n’ayo dusanga mw’Isezerano Risha—yerekeye abantu bose, mu bihe vyose n’ahantu hose, canke na ho yari yerekeye ivyariko biraba mu mico kama kanaka aho abo bantu vyandikiwe baba? “Vyoba bigoye cane ko dushikiriza isi yacu inzira twofata y’inyigisho tutabanje gusesangura ukugene ivyo bintu vyari bimeze mu mico kama y’ico gihe, n’ukugene ibintu bimeze uyu musi” (Webb 2001: 24). Ubwo budasa bw’imico ni bwo butuma habaho amahame yo gushishoza hamwe n’ugutanga insiguro imbere yuko umuntu akwiye gushira mu ngiro ivyo yatahuye—mbere n’ivyagezwe vyo mw’Isezerano rya Kera, amategeko n’amabwirizwa hamwe n’ivyihanikirijwe. Ikindi, mu bihe vyinshi ivyo Bibiliya yerekana uko bikwiye kugenda, usanga *binyuranye n’uko ibindi bintu bigenda mu yindi mico* kugira ngo iyo mico ihinduke hamwe no kubohora abantu bagizwe imbohe, bakaba abaja b’imico yabo. Ingaruka z’ivyo ni uko mbere n’ivyagezwe vyo mw’Isezerano rya Kera, amategeko, amabwirizwa n’ivyihanikirijwe bidategerezwa gupfa gukoreshwa “nk’aho umuntu yoba ahumirije”, yamara bishobora guhindurwa, bivanye n’amahame yatumye bibaho, kugira ngo bihwane n’ivyo abantu baba bariko baracamwo, ibiba biriho muri ico ihe. Ibi bifise akamaro kanini ku Bakristo uko bifata mu mico kama igenda irahindagurika: Turakwiriye kwibaza ibibazo ku mico yacu kama, aho inyuranye n’indangakaranga y’ubwami, yamara *tukifatanya n’imico* kama yacu aho ataco ivuga ku “bitari ivya ngombwa.”

2. Si ivyagezwe vyose, amategeko, n’ivyihanikirijwe bishobora gukoreshwa mu buryo bumwe nk’uko vyanditswe, vyatanzwe kubera yuko atari ivyagezwe vyose, amategeko, amabwirizwa n’ivyihanikirijwe vyatangajwe n’Imana nk’ukugene ibintu bitegerezwa kugenda ku bantu bose no mu mico yose.

a. *Abantu benshi, harimwo n’abapasitori benshi hamwe n’abigisha Bibiliya, badatahura yuko “ibintu vyinshi bigize ibisomwa vya Bibiliya bitanditswe kugira ngo bishireho ikibano kitagira agasembwa aho habaho ukugororoka kudasanzwe n’ukungana kudasanzwe”* (Webb 2001: 41). Ni co gituma, iyindi ngorane yo gukoresha ivyagezwe vyose vyo mw’Isezerano Risha, amategeko, amabwirizwa n’ivyihanikirijwe mu buryo burashe, bw’inyuguti ku yindi, ari uko dushobora gukoresha ivyo twokwita “indangakaranga z’ubwami” (ivyo birengeye kandi bishobora gukoreshwa aho ari ho hose no mu mico kama yose, no mu bihe vyose) co kimwe ‘n’indangakaranga y’imico’ (imico yizizijwe n’ahantu kanaka n’igihe kanaka)” (Webb 2001: 23). Ivyo ni vyo bigize igikorwa cacu co gusigura no gusobanura ibikwiye gushirwa mu ngiro hagati y’ivyo bibiri.

b. *Ni kubera gusa hariho uguhinduka kw’imico kama uko ibihe bigenda birahinduka no kubera yuko imico yacu kama itandukanye n’imico ya Bibiliya canke imico Bibiliya yandikiwemwo bidufasha kubona yuko atariam ivyagezwe vyose vya Bibiliya, amategeko, n’amabwirizwa ari ugutangaza indangakaranga z’ubwami mu yindi mico inyuranye n’iyo Bibiliya yandikiwemwo.* “Mu bisomwa bigize Bibiliya turasangamwo ibice bikoreshwa mu mico kama yose (uburonero, gukunda mugenzawe, umubanyi) hamwe n’uduce twibasiwe n’umuco kama, canke tuvuze mu mvugo itomoye, uduce turimwo ibintu bikomeye bigenga umuco (uburonero, ibisomwa vyerekeye ubuja, ubugererwa). Ku bo vyandikiwe ubwa mbere ivyo bintu bibiri—imico kama n’ibigirwa mu yindi mico kama—ntivyari binyuranye na gato. Mu buryo bwose, itandukaniro hagati y’ivyo bibiri ntiryaboneka na gato kubo vyari vyandikiwe, bigenewe ubwa mbere. Ni mu

wundi muco utandukanye n'uwo vyanditswemwo iryo tandukaniro riboneka, bitewe n'ihamer yro gutandukanya ibantu." (Webb 2001: 24)

c. *Uburorero bw'amategeko yagarukira ku mico bwanditswe, bwavuzwe muri Bibiliya.* Ibisomwa bigenga abagurano, primogeniture, ibisomwa bivuga ku bwoko bwa Reta irongowe n'umwami canke ihagaze ku burongozi bw'umuntu umwe ariko idahagatse ku burongozi bw'amategeko, ibisomwa vyerekana ko umugabo ari we ategeka vyose, ari nyene ibantu, canke ko abagabo basumba abagore, n'ibindi bimeze birtyo vyanditswe vyisunze imico abo bantu babamwo kandi bigrukira kuri iyo mico nyene.

3. Ibituma Bibiliya ivuga ku vyerekeye imigenzo n'indangakaranga hamwe n'amategeko. Hariho ibituma vyinshi Bibiliya—harimwo n'ibindi vyinshi vyavuzwe bivuye ku Mana ubwayo—vyisunze indangakaranga zisunitswe n'imico mbere harimwo n'ibindi birengeye imico kama iyo ari yo yose bikoreshwa ahantu hose. Muri ivyo harimwo ibi bikurikira:

a. *Indangagaciro zashikirijwe na Bibiliya zategerezwa kuba zijanye n'umuco wariho kugira ngo zishobore kugira agaciro kandi zitahurike.* "Isi ya Kera yari itunzwe no kurima, yategekwa n'abami, n'imiryango, barazwa ishinga no kubandanya imiryango, n'ibindi, vyaraterereye cane mu kugira ngo habeho Ivyanditswemu buryo bw'akayungiro ko gucungura. Ibantu vyinshi bigize isi ya kera si vyo bigize isi y'iki gihe. . . . Nka Data w'ubwenge, Imana kenshi na kenshi ivugana n'abana bayo mu rurimi, mu mvugo, mu vyiyumviro no mu kuri biciye mu vyo babona mw'isi, hamwe n'ivyo bacamwo mw'isi. Ibantu vyinshi vyavuzwe mu Vyanditswe bigaragaza ubu bwoko bw'ibigize imico y'abantu b'ico gihe." (Webb 2001: 64, 65)

b. *Abantu ntivyoroha ko bahindura ibigize umuco wabo ni co gituma bategerezwa kugenda buke buke, "intambuko ku yindi" kugeza bashitse zindi ndangakaranga zo hejuru.* "Abapasitori bategerezwa kumenya ibigize, biranga umupasitori mu Vyanditswe. Mu gushitsa abantu ku ntumbero n'ihangiro kanaka, abapasitori b'ubwenge baragira mu bwitonzi no mu rukundo abantu babo ku ntambuko bashobora gutambuka, ntibabahutagiza, ntibabahindagiza, nti babazigira ku vyo badashobora. Umupasitori ajanye n'ibihe amenya yuko umuntu adashobora guhindura uko uwundi muntu yiyumvira mu kanya isase. . . . Abanditsi bose baba abakomotse mw'ijuru canke mw'isi bakorera hamwe mu bwitonzi, mu migenderanire nk'iy'abapasitori ku bantu bashiriweho kurongora. Ibisomwa nya Bibiliya kenshi bihagarariye canke vyerekana ivyete vyerekanyne n'abapasitori, vyanditswe mu bwitonzi kandi vyerekana umutima kivyeyi w'umupasitori, umwungere koko. Amajambo yabo yanditswe mu buryo bwo "kwingingira"no "gukwegakwega" abantu bashiriweho kurongora kugira ngo babashikane iyo bakwiye kuja, nk'uko wokwega umugozi, ukweguka, ugaruka, ariko ntibabawukwegure ibengeye uko "wokweguka". Uguhinduka kwama imisi yose kugoye. Abantu ntibakunda guhindura imico ibagize vyoroshe. Imana ijana, irongora abantu bayo mu buryo bushoboka kandi mu buryo bw'uko ari abantu bagizwe na kamere muntu." (Webb 2001: 59, 58) Ubu buryo, iyi nzira ifise ico yigisha co kimwe n'umutima kivyeyi w'umwungere. "Ivyanditswe, co kimwe n'uburyo bwiza bwo kwigisha, vyagenewe gukura abantu aho bari, aho bageze (ibizwi) bikabafasha gushika ku bintu biri imbere vyo muri kazoza (ibitazwi) kandi ivyo bikaba ibantu bindaniriza aho ibindi vyari bigejeje kugira ngo bashobore kubona iyo bariko barava n'ijo bagomba gushika heza muri kazoza" (Ico gitabu nyene: 60). Ibi rero bigaragaza intambara twamamwo mu bugingo bwacu bwose hagati y'ivyo turi n'ivyo tugomba gushikako.

c. *Mu mico ya Bibiliya yariho, mbere n'imico ndangakaranga yo gucungura, hamwe n'ukugene ikibano cari cubatswe, harimwo ivyiza, n'indangakaranga z'ubwami.* "Nk'uburorero, abagurano cari ikintu cariho, cafasha abantu kubaho mu mico yo mw'isi ya kera. Cane cane mu buryo bw'umugurano yaguzwe kubera umwenda muri Isirayeli vyatanga uburyo bwo gufasha abari mu bihe bigoye mu buryo bw'ubutunzi. Abagurano bariho kubera ikintu ciza." (Webb 2001: 64) Ni co gituma, mbere nahoh Bibiliya itangaza, ivuga ku "mico ndangakaranga," ifatiye ku gihe n'aho ivyanditswe vyasomewe ubwa mbere, vyagumye bivuga ku gucungurwa kw'abo bantu bari muri iyo mico.

d. *Kugumiza amaso ku vyari bifise akamaro kanini muri ico gihe vyasigura yuko ibindi bigize indangakaranga nziza vyategerezwa kubanza kurindira, no gufatwa ko atari ngombwa muri ico gihe, vyaza ku rwego rwa kabiri.* Imana irafise ivyo ishira imbere, mbere no mu bintu itegeka abantu gukora, mbere no mu bibagirira akamaro ubwayyo, hariho ibiherwako, n'ibiherezwako. Ni co gituma, ubwizigirwa n'umutima ujanaguritse, umenetse, bifise akamaro kanini kurusha ugutanga ibimazi (**1 Sam 15:22; Zab 51:17; Hos 6:6**). Ugukora ibiroranye, gukunda kugira imbabazi, no kugendana n'Imana wicishije bugufi ni vyo bikuru bisabwa (**Mika 6:8**).

Amabwirizwa akomeye gusumba ayandi yose mu vyagezwe ni mukundishe Uhoraho Imana yanyu imitima yanyu yose n'ubugingo bwanyu bwose, n'ubwenge bwanyu bwose, kandi mukunde bagenzi banyu nk'uko mwikunda (**Mat 22:36-40; Mariko 12:28-34**). Ugukora ibiroranye, guca izibereye, kugira imbabazi no kuba umwizigirwa, ukwizera ni vyo bintu “*bikuru bigize amategeko y'ivyagezwe*” (**Mat 23:23**). Icongeye kuri urwo rutonde rwo mu mtageko y’Imana ubwayo, indangakaranga ngenderwako yo gukwiragiza ubutumwa bwiza vyasigura yuko ibindi bikorwa vyose bibanza bikarindira, ivyo bindi bikorwa vyose vyiza vyaza ku rwego rwa kabiri. “Kenshi na kenshi ukwigisha Ivyanditswe ntikugaragaza ko gutegerezwa kuza ubwa mbere kubera yuko bifatwa ko ari ukworohereza neza umurimo, igikorwa. Ugushitswa kw’igikorwa Rukristo kenshi na kenshi gusaba Abakristo ko bitanga ubwabo, bagatanga n’ivyabo kugira ngo bashikane abandi ku gakiza. Canke na ho, bisaba yuko ibantu biguma uko vyame bimeze mu bice vyinshi bigize ubuzima, hakabaho uguhinduka gutoya, kugira ngo bagumize amaso ku gikorwa.” (Webb 2001: 63)

4. Kunanirwa gutandukanya ibigize umuco kama “bisanzwe” n’ibigize umuco kama ariko “bikurikizwa” mu mico yose aho ari ho hose kw’isi yose ni impamu nkuru y’amakosa abantu bakora mu gushira mu ngiro iyo mico hamwe no gukoresha amategeko. “Ntidukwiriye gufata ikintu kiengeye imico yose ngo tukigire ico umuco umwe gusa. Ku rundi ruhande na rwo, ntidukwiriye gufata ikintu gisanzwe mu muco umwe ngo tukigire itegeko ngenderwako mumico yose igize isi.” (Webb 2001: 24)

a. *Ugfata ibantu uko wishakiye* ahanini ni ugfata ibantu “ngenderwako” vya Bibiliya vyavuzwe ku bo Bibiliya yandikiwe, yavuzeko ubwa mbere, mbere no ku bandi bose, yamara ukabigira “ibisanzwe”, ukabifata “ibisanzwe” ko vyerekeye uwo vyandikiwe ubwa mbere canke uwo vyavuzeko ubwa mbere yamara ko abandi bose bashobora kuvyirengagiza. Abafata ibantu uko bishakiye bagerageza kubona ibantu vyose ko bigize umuco kama umwe gusa ivyo vyanditswemwo.

b. *Abakoresha itegeko ku kantu kose* nab o banyuranije n’ivyo Abaliberale. Abahira itegeko imbere ya vyose bafata ivyo bice vya Bibiliya twokwita “ibisanzwe” vyashiriweho abo Bibiliya yandikiwe ubwa mbere, bakabibona, bakabifafa canke bakabigira nk’uko ari “itegeko” ku bantu bose niyo batoba aribo bavyandikiwe. Mu buryo bwiyaguye, abakoresha itegeko ku bantu bose barabira ku kugene *itegeko* rya Bibiliya ryubatswe, yamara ntibigera bafatira ku catumye umwanditsi yandika ivyo, hamwe n’ivyariko biraba muri ico gihe, canke ngo banafatire kw’ihame nyamukuru ryinyegeje inyuma y’ukugene umwanditsi yashikirije ivyo yanditse.

5. Gusuzuma ivyanditswe vyo muri Bibiliya bigize umuco ni nkenerwa kugira ngo twerekane igituma dukora ibantu mu buryo tubikoramwo kandi kugira ngo dushobore gusigura neza igituma hari n’ivyo turekera imico kama ibisomwa bimwe bimwe vya Bibiliya vyandikiwemwo.

a. *Gusuzuma ivyanditswe vyo muri Bibiliya bigize umuco ni nkenerwa kugira ngo twerekane igituma dukora ibantu mu buryo tubikoramwo.* “Menshi mu mashengero y’i Bulaya ntagishira mu ngiro ivyo Ivyanditswe bivuga (ku rwego rugaragara) ku gupfunga ibitambara mu mutwe, ku gusomana kwera, ku kwoza ibirenge, ku kugene bamwa imishatsi, ku bagurano, no ku bindi vyinshi. Yamara kandi ntitwigeze twerekana neza mu gusigura igituma twahagaritse ibantu bimwe bimwe yamara tukabandanya ibindi. Ukubura insiguro hamwe n’ukutabikora kumwe mu bice vyose vy’isi vyazanye ibibazo bikomeye canke vyasigiye ibibazo bikomeye urunganwe rw’Abakristo bavutse mu nyuma.” (Webb 2001: 246)

b. *Gusuzuma ivyanditswe vyo muri Bibiliya bigize umuco ni nkenerwa kugira ngo twerekane igituma tudafatira ku mategeko adakenewe dusanga mu Vyanditswe.* Kiretse iyo dushoboye kwerekana ingaruka y’umuco mu gushirwaho kw’ivyo Vyanditswe, ntitzoshobora kwishura ibibazo vy’abo babona ko ayo mategeko canke ivyo vyanditswe vyataye igihe canke bisigaye biteye isoni (dufatiye ku vyo uyu musi no mu kinjana tugezemwo) ibantu bimwe bimwe bikorwa, ivyagezwe, amategeko n’amabwirizwa dusanga muri Bibiliya. Abantu benshi banebagura Bibiliya bavuga yuko irenganya ifatiye ku gitsina abagurano canke abagore. Yamara, “ukwo ni ukuvuga ku vyerekeye Ivyanditswe ataco ufatiyeko, utabanje kuraba icatumye ivyo vyandikwa mu kibano canke utanafatiye ku muco kama wariho ico gihe. Ivyo rero tuyita ukwirengagiza ibihe [mu yandi majambo, ni uguserukira umuntu ko yabayeho canke ikintu ko cabayeho utabanje kuraba igihe cabereyeho, icatumye kibaho, n’icakibanjirije, n’icacitangiye imbire] mu gusoma ico gisomwa! Bifatiye ku gihe n’aho ayo majambo y’Ivyanditswe yasomewe ubwa mbere, yavuga ku ncungu y’abo bantu yasomewe ubwa mbere canke yandikiwe ubwa mbere.” (Webb 2001: 254) Ni co gituma, kudashobora gusuzuma ingaruka z’umuco muri Bibiliya vyica utwigoro twacu two kuvuga ubutumwa kandi

kukatuzanira intambamyi ku kwizera kw'abantu.

### I. Ibantu bidufasha kumenya ibisomwa vya Bibiliya bivuga ku mico kama, canke bigarukira kuri iyo mico kama, canke na ho birengeye iyo mico kama bigakorershwa hose

Gusuzuma ibivuga ku muco kama muri Bibiliya—mu yandi majambo, kugeragaeza gutandukanya ibisomwa vya Bibiliya bivuga “ku bintu” bikoreshwa mu mico yose canke “ku kuri kwa misi yose” canke “kurengana n’ighe kwandikiwemwo” (mu yandi majambo, ivyo bikoreshwa ku bantu bose ahantu hose no mu bihe vyose), n’ibindi bitari “ngombwa” canke “bitavuga ku muco kanaka” (mu yandi majambo, ivyo bigarukira ku muco kanaka w’igisomwa ca Bibiliya canke ku kintu umwanditsi yariko aragerageza gutorera umuti mu gihe yandika), canke bifise aho bigarukiriza mu gushirwa mu ngiro kubera izindi mpamvu—birashobora kugorana cane. Ni co gituma gushira mu ngiro neza, co kimwe no gusigura neza, ari ubuhinga, bukaba n’ubwenge. Bisaba ubumenyi. Ibi bibazo bikurikira hamwe n’ibi bindi bintu vyabuwe kuri Klein, Blomberg, na Hubbard (1993: 411-21), Doriani (2001: 249-50), Webb (2001: 69-235), na Tiessen (1993: 189-207), birashobora kudufasha gutandukanya nimba ihame rya Bibiliya canke itegeko bikoreshwa mu bihe vyose n’ahantu hose canke nimba bigarukira ku muco kama kanaka, canke ku catumye vyandikwa muri Bibiliya. Yamara, dutegerezwa kwibuka yuko naho dukoresha ubwo buhinga bwose ko budahagije. Si bwose bushobora gukoreshwa ku kintu ico ari co cose. Bimwe bishobora kwerekana iki canke kiriya. Ariko naho bimeze birtyo, mu kubaza ibi bibazo bikurikira, twategerezwa kumenya, ku co ari co cose, ibishobora kuba bifise akamaro kanini kandi tukamenya nimba nyene kwandika ubwa mbere ko yavuga ku mico kama igarukira ku bo yandikiye canke ko ivyo yanditse bikwiriye gukoreshwa hose mu mico kama yose no mu bihe vyose.

1. Mbega ico gisomwa ubwaco, canke ibivugwa muri ico gitabu aho ico gisomwa kiboneka, kiratuma canke kirerekana aho ugushirwa mu ngiro kugarukira canke ico gisomwa cerekana ko kirengeye aho candikiwe n’abo candikiwe? Amasezerano afise ico afatiyeko, yubakiyeko afise akamaro iyo ico yubakiyeko canke afatiyeko kibanje gushitswa canke gukorwa. Ni co gituma, ivyo Yesu yavuze muri **Mat 7:7** (“Musabe muzohabwa”) bfatiye, vyubakiye ahakuru ku vyari bihejeje kuvugwa kuri **Mat 6:1-15** bivuga ko amasengesho yacu adategerezwa kuba ayigungirako, ayirabishako gusa, canke ayo kwironderera icubahiro cacu, yamara ko ari ayo guhesha icubahiro izina ry’Imana, ari ayo kurondera ubwami bwayo, kandi ko ari ayarondera kudushira mu baboko yayo no mu bugombe bwayo bwiza. Yesu yaragabishije Petero igithe yamubarira ko ukwizera kwiwe kuzotuma apfa (**Yoh 21:18-19**) kwagarukira ku vyo Yesu yari ahejeje kubarira Yohana kuri kazozakiwe (**Yoh 21:20-23**). Ivyo vyose rero vyerekeye abo babibariwe gusa. Yamara, ibindi bisomwa vya Bibiliya biradufasha kubona yuko uburorero ka Petero kataraba we wenyene gusa, yamara ko ari uburorero k’amatame yagutse yerekana ko “Umushumba adasumba shebuja wiwe” (**Yoh 13:16**), kandi ko “abagomba bose kugenda bubaha Imana bari muri Kristo Yesu, bazohamwa” (**2 Tim 3:12**). Mbere n’amatageko ya Yesu asanzwe ashobora gusigurwa neza n’ibindi bisomwa n’ayandi mahame. Ni co gitua, muri **Mat 5:39** yavuze ati Ntimurwanye umunyakibi; yamara muri **Mat 10:23** na ho yavuze ati Ni babahama mu gisagara kimwe, muhungire mu kindi.

2. Mbega ibindi vyahishuwe birerekana aho ugushirwa mu ngiro kugarukira ku gisomwa kanaka mbere naho igitabu ico gisomwa kibonekamwo kiterekana aho kigarukiriza? Iki kibazo gitegerezwa kwama kibazwa ku gisomwa cose co mw’Isezerano rya Kera, yamara kandi kikanabazwa no mu bisomwa vyo mw’Isezerano Risha. Muri **Mat 10:9-10** Yesu yategetse abigishwa biwe kutitwaza amahera canke impamba, yamara ko bari bakwiriye kubeshwaho n’abo bazoba bakoreye ibikorwa, babwiye ubutumwa bwiza. Muri **Luka 22:35** Yesu yahinduye iryo tegeko, ababarira yuko bakwiye kwitwaza umupfuko n’isaho. Muri **Luka 10:1** Yesu yabwiye abigishwa biwe ko bakwiye kujana ari “babiri babiri” yamara mu **Ivyak 20:4** Paulo yaherekejwe n’abandi ndwi. Mu buryo busanzwe, muri **Mat 5:41-42** Yesu yavuze yuko ugufata ng’umurenze umusozi umwe, umurenze n’uwa kabiri, n’ugusaba umuhe. Yamara, gukoresha ivyo yavuze tutabanje kwiyumvira ku bindi bihe hamwe n’ibindi vyanditswe (uburorero, **Zab 37:21** ku vyerekeye amahera) twoba twihenze, vyoba ari bibi. “Hamwe nk’uburorero noba ndi umuganga abaga umutima ngiye kubaga umuntu ngo ndamukuremwo uwiwe mutima ndamushiremwo uw’uwundi, hakaba umuntu amfata ngo ndamurenze umusozi, sintegerezwa guca ndamurenza n’uwa kabiri. Ndamurengeje uwo musozi wa mbere ntegerezwa kumwankira kumurenza uwa kabiri ngaca ndamusezera ndamwipfuriza urugendo rwiza kandi nkamusezera nihuta. Kubera nzi yuko mfise ibindi bintu vyihuta nkwiriye gukora ntegerezwa rero guhitamwo. . . . Hamwe noba mfitiye amahera umudandaza w’iduka, ivyo yampaye nja narabiriye, sinkwiye kwumva yuko mfise umwidegemvyo wo guha “uwunsavye” ayo mahera ntarariha ideni ry’abandi,—kiretse nimbi hari ibindi bintu ntegerezwa kubanza gutunganya. . . . Rero mu bihe ivyo ari vyo vyose tuba turimwo, dutegerezwa kwibaza ibi bibazo, mbega ‘sinakoze ivyo Yesu ansaba muri ibi bihe ndimwo nk’uko Yesu abinsaba mu vyo

yavuze?" yamara "noba nkoze nk'uko Yesu yokora muri iki gihe?" (Willard 1997: 179-80)

3. Mbega iyo nyigisho hari aho "ihushanije" n'izindi nyigisho dusanga ahanti muri Bibiliya mu buryo buboneka ko aho havuga ku bintu bifise ivyo vyisangije? Itegeko Imana yahaye Aburahamu ryo gutanga kw'ikimazi umwana wiwe Isaka (**Ita 22**) na Hoseya kwabira Maraya (**Hos 1:2**) ni uburorero bubiri bw'ivyo. Kutica (raba uburorero, **Kuv 20:13; Ivyah 21:8**) hamwe n'ukutiyanduza mu vy'ubusambanyi (raba uburorero **1 Kor 6:16-20**) ni ibantu ngenderwako biranga ukutiyanduza muri Bibiliya hamwe no mu nyifato, mu ngendo Rukristo. vyongeye, ubwo burorero ni ibigaragaza ukuba umwizigirwa ku Mana mu bihe bigoye cane n'uko Imana ari umwizigirwa kuri bo.

4. Mbega ugushira mu ngiro kwa mbere kwahawé abantu kanaka bazwi? Ibigize igisomwa kenshi na kenshi biba bifise aho bigarukiriza iyo biba vyahawé abantu bamwe gusa. Kimwe mu vyo ico gisomwa candikiwe, ivyariko biraba muri ico gihe canke ikindi gisomwa kirashobora kwerekana ko ugushirwa mu ngiro kwa mbere kwari kwerekaye abo vyandikiwe ba mbere kandi ko atari ngombwa ko ukwo gushirwa mu ngiro gutandukira abandi bantu ahantu hose no mu bihe vyose kandi no ku bantu bose. Nk'uburorero, Yesu yabwiye "umusore w'umutunzi akaba n'umurongozi" ku giti ciwe, ati "*Genda ushore ivyo utunze vyose, ugaburire aboro*" (**Mariko 10:21**; raba kandi **Mat 19:21**; **Luka 18:22**). Yamara, muri **Luka 19:1-10** Zakayo ntiategetswe gushora ivyo yari afise vyose kugira ngo abifashishe aboro, mbere naho Zakayo co kimwe n'urya musore w'umutunzi, yari umutunzi cane. Ahubwo, Zakayo yibwirije, ahitamwo guha ica kabiri c'ubutunzi bwiwe aboro, kandi Yesu yarabimushimiye. Ivyo vyerekana yuko gusabwa gushora ivyo yari afise vyose kugira ngo abone gukurikira Yesu vyari ivyerekaye uwo musore w'umutunzi wenyene gusa. Ni co kimwe no muri **1 Tim 5:23** Paulo yabariye Timoteyo ati "*Uhereye none ntunywe amazi gusa, arik'uniwe n'utuvino duke kubwo mu nda hawe, kuk'urwaragurika.*" Ivyo nta nkeka biragaragara ko yariko aramugira inama y'ukugene yogenza kubera arwara mu nda, ariko ntayariko aratanga itegeko ry'ukugene ibantu bitegerezwa kumera. Mbega iyi ni "inyigisho yo ku vyerekaye inzoga ziborera"? Mbega Abakristo bose ubu basabwa kunywa inzoga ziborera, umuvinyo? Inyishu ni "oya". "Hawe" ni mu rudende, vyerekana ko Paulo ariko aravugana na Timoteyo ku gatwe kiwe, ku giti ciwe, ariko ntayariko aravuga kw'Ishengero mu bisanzwe. Vyongeye, **5:23** ni iciyumviro gipfuye kwitamwo, ni nko mu "tuzitizo" (iciyumvire kijemwo ariko ataco gisa gisana n'ivyariko biravugwa haba hepfo canke haruguru). Agace ka kabiri k'uwo murongo karerekana igituma Paulo yamubariye gurtyo, ivyo yamubariye vyerekaye ihame ry'ububwiriza bw'umubiri, n'ukwitaho umubiri wiwe. Ibigaragara nuko hariho ingorane kanaka zijanye n'amazi aho Timoteyo yaba, iyo ngorane y'amazi ni yo yariko iramutera ingorane mu nda. Ibigize umuvinyo bishobora kuba hari ico vyofasha mu kumutezurira kurwaragurika mu nda. "*Kubwo mu nda hawe*" vyerekana ko Paulo yamurangiye utuvino dukeya ko ari umuti. Utwo tuzitizo Paulo yashizemwo tugenewe Timoteyo twubakiwe ku mpuhwe no kwitwararika amagara hamwe n'ububwiriza bw'umubiri. Nta na gato Paulo yagerageje kwigisha inyigisho zerekaye "kunywa ibiboreza" ngaha na gato. Isezerano Risha riravuga ku biboreza mu bindi bice vyinshi haba nk'itegeko canke nko kugira inama abantu (uburorero, **Yoh 2:1-11**; **Rom 13:13; 14:1-23; 1 Kor 5:11; Ef 5:18; Kol 2:16; 1 Tim 3:3; 8; Tito 1:7**). Ivyo bisomwa vyose (mbere n'ibindi vyinshi), hamwe n'ivyo Isezerano rya Kera rivuga kuri ico, bitegerezwa kwigwa kugira ngo umuntu ashobore gushiraho inyigisho yerekaye ibinyobwa biberera.

5. Mbega igisomwa ubwaco kirerekana inyigisho yagutse canke ihame ry'inyifato, canke kiboneka nk'uko ari ukugaragaza canke uburorero k'ihame ryagutse? Ikgize igisomwa gishobora kuba kijanye n'umuco iyo ivyo kivuga binyuranye n'amahame asanzwe y'Ivyanditswe, canke iyo bibonetse ko ari ugushira mu ngiro kw'ihame rikuru risanzwe. Hariho ibivugwa kanaka usanga vyerekaye umuco aho kuba ibivugwa bisanzwe. Nk'uburorero, amabwirizwa yerekaye ugushwabura (**Lew 19:9-10; 23:22**) aboneka ko ari ugushirwa mu ngiro kw'ihame rusangi ryo kwitwararika aboro. Ni co gituma, amabwirizwa yerekaye ugushwabura aboneka ko ajanye n'umuco, ariko ihame nyamukuru rirengeye uwo muco vyavuzwemwo, bigakoreshwu mu mico yose. Muri **Luka 7:46** Yesu yarahambariye uwari amwakiriye mu nzu yiwe ko atamusutse amavuta ku mutwe, yamara ashima umugore yamusutseko amavuta atamirana. Gusiga amavuta biboneka ko cari ikintu kigize umuco ariko kikagaragaza ihame rirengeye uwo muco wo kwerekana ko wubashe abantu, ubahaye icubahiro.

6. Mbega impamu yo gukora ikintu iboneka ko "yerekaye uwo muco gusa" canke ko ufatiye ku bintu bifadika bidashobora gukoreshwa mu yindi mico canke naho ni amategeko agize umuco yavuzwe mu Vyanditswe canke ko ari ivyo umwanditsi yiyumvirie, bituma bigorana igehe cose gushira mu ngiro igisomwa kanaka muri ubwo buryonyene? Inzira imwe yo kugenza ico kibazo c'uko nimba ivyakorwa kanaka, imigirwa kanaka yari yerekaye umuco canke na ho ko ishobora no kwimukira mu yindi mico ni ukubanza kuraba ko ijanye n'amategeko y'"inyifato" canke ko ari ibikorwa bigaragara. Ibi birashusha ariko ntibisa n'ikibazo duhejeje kubaza. Itegeko rijanye n'inyifato kenshi na kenshi rirarengana umuco

rigakurikizwa mu mico yose. Itegeko rijanye n'ukugene ibantu bikwiye gukorwa rikunda kuba irijanye n'uwo muco nyene ryavugiwemwo. Nimba rero ivyavuzwe mu gisomwa ca Bibiliya bisa n'ivyubakiye ku muco canke k'uvyariko biraba muri ico gihe aho hantu, n'ishirwa mu ngiro rigarukira aho nyene vyavugiwe. Ni co kimwe n'iyo ibikorwa vyubakiye kw'itegeko rya Bibiliya bidashoboka kwimurwa igituwe mu wundi muco, ukwo kubura ukugene bishirwa mu bikorwa vyerekana yuko ivyo bigarukira ku muco vyavuzwemwo gusa. Nk'uburonero, aho tuvuga ku vyavuzwe muri **1 Kor 11:2-16** ku burebure bw'imishatsi y'abagore, hamwe no kuri **11:5-6** ko ukumwa umushatsi canke ukugabanya umushatsi ku bagore ari "ugutera isoni," biboneka ko vyari ivyerekanye n'umuco babamwo. Ivyariko biraba aho hantu vyerekana yuko umushatsi muke, wagabanjwe utari muremure kuko abo bantu bariko barabarirwa bari bafise imishatsi miremire nk'irya y'abazungu canke umushatsi ugabaniye canke umoye inkomvorera vyerekana yuko umugore yaburanye, agacirwa urubanza rw'uko yasambanye canke ko "yifashe nk'umugabo" mu bagore barongorana (aho umugore arongorana n'uwindi umwe akifata nk'umugaba uwundi akifata nk'umugore w'uwo mugore kandi bose ari abagore). Ivyo bintu rero vyerekanye n'imico y'ivyariho ico gihe ntibikoreshwa mu mico myishi ya kino gihe. Kwitwikira canke kwitenga igitambara mu mutwe canke uburebure bw'umushatsi bivana n'imico kama y'ibihugu canke amoko y'abantu. Ni co gituma, amategeko yo muri ico gisomwa adakwiye gukurikizwa muri burya buryo muri iki gihe. Yamara, ivyo Paulo avuga bigoye kurusha ivyo. Muri **11:3, 7-12** avuga ku kuremwa kwa mbere, n'uwatanguye kubaho (ivyo na vyo birashobora kuvana n'ingene imico ibifata), hafatira ku bamarayika, kandi hakemeza ukungana kw'ibitsina kandi ko ata n'umwe yikwije bose bakeneraniye. N'imiburiburi ntidukwiye guhindura itandukanya ry'ibitsina, yamara dutegerezwa kubikora mu buryo imico kama ivyemera, kandi no mu buryo ivyo bidakwiye gutera isoni. Muri ubwo buryo nyene, amategeko ajanye no gushwabura (**Lew 19:9-10; 23:22**) abaho mu buryo bugaragara bw'uko abantu benshi bari batunzwe no kurima kandi bakaba baba hafi y'imirima yabo. Mu buriho uyu musi, akensi na kensi ababa hafi y'imirima ni abarimi, abakene nabo baba mu bisagara. Ni co gituma, mu buryo bugaragara bw'ayo mategeko ntibukwirikizwa mu mico yose. Ivyo Yesu yavuze ko abigishwa "*bari bakwiriye kwozanya ibirenge*" (**Yoh 13:14**) vyerekana ivyakorwa ico gihe kurusha yuko bibaho uyu musi mu bice vyinshi vy'isi, kubera yuko vyari bifatiye ku kugene: ico gihe abantu biyunguruza n'amaguru; bagenda ibirenge bisa batambaye ibirato canke amasandare; nta mazi yariho mu mabomba, hari ubushuhe bwinshi, kandi inzira zarimwo umukungugu.

7. Mbega gukurikiza ico gisomwa no gukorwa uko vyakorwa muri ico gihe nk'uko nyene kuvyandika yabishikirije abo yabishikirije biracabandanya gushitsa intumbero n'inyanduruko y'icatumye vyandikwa ubwa mbere canke gushitsa intumbero yatumye vyandikwa? Igisomwa kirashobora kuba igikoreshwa mu mico kama yose mu buryo canditswe muri Bibiliya, iyo kubandanya kugikwirikiza mu mico yacu bibandanya gushitsa icatumye candikwa ubwa mbere. Ku rundi ruhande, igisomwa ca Bibiliya kirashobora kuba gigarukira ku umuco kama candikiwemwo igihe kugikurikiza bitakijanye n'ivyo cari candikiwe. Mu bihe bimwe bimwe, uwo muco candikiwemwo usanga ukibaho, yamara ubu ico usigura canke uvuga kikaba carahindutse. Mu bihe nk'ivyo rero, uburyo uwo muco wavuga canke ico ico gisomwa casigura gitegerezwa guhinduka canke guhagarikwa. Nk'uburonero, **Rom 16:16** hatubarira ko "dukwiye kuramukanisha ukugumbirana kwera (ugusomana kwera) mu rurimi rw'ikingereza." Mu mico myinshi, abagabo mu kuramukanya barasomana. Mu yindi mico, abagabo basomanye vyerekana yuko ari abagabo barongorana umugabo ku wundi. Mu mico kama imwe, abagore barasomana mu kuramukanya, ariko ntibasoma abagabo. Ahandi na ho mu yindi mico biremewe yuko abagabo n'abagore baramukanya basomana. Ni co gituma, *uburyo* bwo kuramukanya hakoreshje we ugu somana buracariho, yamara mu mico kama imwe *insiguro* yukwo kuramukanya iratandukanye n'insiguro n'insiguro ukwo kuramukanya kwari gufise muri Bibiliya. Mu mico aho ukuramukanya bakoresheje ugu somana vyasigura ko ari abagabo barongorana canke ko ari ubusambanyi, no kuramukanya ukoresheje ugu somana n'uyu musi biguma bishitsa intumbero vyari vyandikiwemwo ico gihe. Mu mico nk'ijo, kuramukanya mukoresheje ukugumbirana canke guhana amaboko, ni vyo bijanye n'ihame ry'uwo murongo werekana yuko dutegerezwa kumenya bene data muri Kristo, tugakundana nk'abavukanyi canke abagize umuryango musha wa Kristo. Mu karorero "k'amategeko y'ugushwabura" (**Lew 19:9-10; 23:22**), uyu musi na ho ababanyi b'abrimyi ni abarimi nka bo, abakene bakaba baba mu bisagara, ko abarimi badategerezwa kwimbura ibiri ku mibari y'inzira bijanye n'amategeko yo gushwabura ntibifasha aboro, ahubwo ivyo vyasigayeyo bidashwabuwe vyocca bibora. Ni co gituma, kwumira ku "nyuguti z'ivyagezwe" vyonona intumbero y'ivyagezwe. Ibisomwa vyinshi bahanura "kwumvira, kwubaha, kugamburuka" (kw'abagurano bumvira ba shebuja babo, **1 Tim 6:1; Tito 2:9-10**), (abenegihugu bumvira ababaganza, **1 Pet 2:13-15**), (abagore bumvira abagabo babo, **Tito 2:4-5; 1 Pet 3:1**), *kugira ngo naho bamwe batumvira ijambo ry'Imana, bareshwe,*

*bakwegwakwegwe n'ingeso nziza z'abandi.* Mu bihe tugezemwo canke mu biriho uyu musi, kuvuga ko uyu musi hari umuguran yokorera uwundi muntu canke ko hari ubugererwa bwobandanya, “ukwumvira” bitabanje kwumvikanwako hagati y’abakoreshwa, mbere no mu bubakanye, ntibigishitsa intumbero y’”ugukwegakwegesha” abandi izo ngeso kugira ngo bashike ku kumenya Kristo. Akazi, abaganza, Reta, hamwe n’ukwubakana mu mico myinshi y’uyu musi harimwo ukwitanaho, sekura ungarane, kurusha uko vyari biri mu mico ya kera mu bihe nya Bibiliya. Ubugurano ntibucemewe n’amategeko, bwaravanyeho. Abakoreshwa barafise uburenganzira abagurano batari bafise. Ibihugu, harimwo n’abarongozi, ubu bagengwa n’amategeko. Abantu babaho muri demokarasi barafise uburenganzira bwo kutemezanya, no kudahuriza hamwe n’ababarongora. Abagore barafise uburenganzira bahabwa n’amategeko, bariga, mbere barafise n’ubundi buryo bwinshi butariho mu mico ya kera. Ni co gituma, naho berekana ukugamburuka, no kwubaha, no kwumvira ivyo tubisanga mu mico yose (raba **Mat 20:25-28; Ef 5:21**), “kugamburuka” mu buryo nkuko vyari biri mu bihe nya Bibiliya si ko bikiri. Dutegerezwa kumenya ko ibintu vyahindutse, kugira ngo ntiturwe mu makosa aho dukora ivyo twiyumvira ko igisomwa kivuga ariko ugasanga tutariko turakora ico ico gisomwa candikiwe.

8. Mbega iryo tegeko rya Bibiliya canke ugushira mu bikorwa ico rivuga biranyuranye n’imico yariho muri ico gihe? “Igihe Ivyanditswe bivuga birwanya ibikorwa kanaka muri kahise, ubunyurane n’ico vyavuga ico gihe bwerekana ko ivyo bitari ivyo muri uwo muco gusa. . . . Ico ciyumviro twokigorora durtya: ugushoboka kw’ikintu kigize igisomwa ko kiba ikijanye n’umuco gikurana n’ukugene ibintu kanaka bigize uwo muco bijana n’imigirwa y’uwo muco wo mw’isi ya kera.” (Webb 2001: 158) Ibigize vyose iri hame vyarafatiweko turavye ugushirwaho kw’abadandajwe bakaja gukorera abandi mu bikaju no gukoreshwa ibindi bikorwa kandi batwawe baboshwe. “Nkuko Ivyanditswe bitarwanya mu buryo buboneka ubugurano nk’ikintu cemewe n’amategeko mu kibano, bituma habaho ukwibaza yuko ukugene ikibano cari cubatswe muri ico gisomwa. Ku rundi ruhande, aho Isirayeli yari itandukaniye n’imico yari ibakikije ni ukugene bafata canke bagirira abagurano babo. . . . Ibi birimwo uburyo bwinshi bwo kwerekana ko imico ishobora kwimuka, atari mu buryo bw’amajambo ari ukwa yonyene, yamara ko imico yakorwa mu gihugu kanaka ishobora no gukora no mu bindibihugu (mu yandi majambo, gushiraho ahantu h’ubuhungiro inyagano zishobora guhungira uyu musi) yamara tubifatiye mu buryo bwo gucungura no gukiza no gufasha (mu yandi majambo, kwongera gukoresha iyo mpwemu yo muri ico gisomwa kugira ngo dutezurire abantu mbere bibaye na ngombwa ubugererwa canke ubugurano bucibwe burundi). Ibigize ibinyuranye n’umuco mu vy’abagurano bibandanya kuvuza urwamo runini kurusha ibigize umuco gusa.” (Webb 2001: 158) Ni co kimwe, ko Bibiliya ikarira cane abagabo barongorana hamwe n’icaha c’ubusambanyi vyari binyuranye n’imico kama yabo. Ni co gituma, biboneka neza ko ukugene Bibiliya yafata inyifato mpuzabitsina ntivyari vyibasiye abo muri Palestine bonyene mu kinjana ca mbere, canke mu vyari bigize imico y’Abaroma mu kinjana ca mbere. Nk’akandi karorero, uko Kristo yerekanye kw’abarongozi bategerezwa kuba abakozi b’abandi (**Mat 20:20-28**) vyari binyuranye n’umuco kama barimwo. Ivyo vyerekana yuko “uburongozi rukristo bukorera abandi” vyategerezwa kuba ibirengeye umuco. Mu buryo bwinshi, Bibiliya ihamagarira Abakristo, co kimwe n’abavugishwa n’Imana bo mw’Isezerano rya Kera, kubaho mu buryo bunyuranye n’ubw’imico yabo yari imeze. Ubukristo bushobora kwerekana mu muco uwo ari wo wose, yamara ntibugengwa n’umuco n’umwe. Turi abagurano ba Kristo, ntituri abagurano b’imico kama yacu. Dukwiriye guha Yesu ikibanza ca mbere mu bugingo bwacu, ntidukwiye guha imico yacu ikibanza ca mbere mu bugingo bwacu.

9. Mbega ivyo bivugwa bifitaniye isano rya hagufi n’ico gisomwa ca Bibiliya vyerekana umuco canke birarengeye umuco kugeza yaho bishobora kwimirwa no mu yindi mico? Ikgize igisomwa kirashobora kuba cerekeye umuco iyo ivyo bivugwa bijanye n’umuco wariho ico gihe. “Ico kiba kijanye n’uwo muco gitegerezwa kuba gifatanye canke kijanye n’ico kiba kiriko kiravugwa . . . kandi (igifise akamaro kuruta) kiba gifitaniye imigenderanire ikomeye n’ico kiba cavuzweko, cagomba gutorerwa umuti” (Webb 2001: 163, 171). Nk’uburorero, dufatiye ku vyaba mu kibano mu gihe ca ba sokuruza bo muri Bibiliya yose, ibi bikurikira ni bimwe, mugabo si vyose, bifise ibibigize bikomeye vyo mu muco: (1) bavuga ko abagore ari igikoresho, ikintu (**Kuv 20:17; Gus 5:21; Abac 5:30**); (2) umugore arimurwa akavanwa musi y’ububasha bwa se wiwe agashikirizwa umugabo wiwe (**Guh 30:1-16; Gus 22:19, 28-29**); (3) gutunga ibintu n’ukuragwa ubutunzi kwahabwa abahungu gusa kiretse mu bindi bihe bidasanze (**Guh 27:5-8; 31:1-9; Gus 21:16-17**); (4) hariho ugushimika kunini ku bagore, yamara si ku bagabo, ubusugi (**Lew 21:13; Gus 22:13-21**); ubusambanyi canke ukurenga ibigo vyafatwa mu buryo vyahanwa mu buryo bunyuranye ku bagabo no ku bagore (**Lew 20:10; Guh 5:11-31; Gus 22:22-24**). Ko ibivugwa biba bijanye n’umuco vyerekana ko inkomoko y’ibisokuruza dusanga muri Bibiliya,

ahubwo, igisokuruza ubwaco kijanye n'umuco. Kimwe mu “bijanye n’ivyo” ni ugukoresha *intonde z’amazina canke imigwi* dusanga muri Bibiliya yose. Kimwe mu bigize urutonde canke umugwi usanga kirengeye umuco iyo ibindi bigize urwo rutonde bishobora gukoreshwa no mu yindi mico, canke na ho iyo bimwe bigize ibirengeye umuco ibindi biba biri mu muco. Ni co gituma, ibisomwa “bivangavanzé” (**Gus 22:9-11**) biboneka ko ibibigize ahanini biba ari ibijanye n’umuco, yamara ibigize ivyo bisomwa n’izo ntonde z’ivyaha ushobora gusanga birengeye umuco (uburorero **Yer 7:9; Hos 4:2; Mariko 7:21; Gal 5:22-23**).

10. Mbega urufatiro rw’ico gisomwa ca bibiliya rushingiye mw’irema rya mbere? Kubera yuko Imana yitegereje ivyo yaremye vyose ivuga ko ari “*vyiza cane*” ihejeje kubirema (**Ita 1:31**), kandi icaha nticari bwaze mw’isi, ikigize igisomwa ca Bibiliya kirashobora kuba kirengeye umuco iyo urufatiro rwaco rushingiye ku vyaremwe ubwa mbere. Ukuromgora umugore umwe, bishingiye kuri **Ita 2:24**, kandi bikongera bikemezwa na Yesu (**Mat 19:4-6**) hamwe na Paulo (**Ef 5:22-33**), ni kamwe mu burorero nk’ubwo (nubwo ukwahukana hamwe no kurongora abagore benshi vyirengagijwe, vyarengejweko uruhu rw’amazi mu bihe bimwe bimwe). Ni co kimwe, n’abagore nabo baremwe “mw’ishusho y’Imana” kandi nabo nyene bategetswe n’Imana kuganza ivyaremwe bafatanije n’abagabo (**Ita 1:26-28**). Yamara, ko ikintu kiba gishingiye kw’iremwa rya mbere ntibihagije ko gica kiba ikirengeye umuco, gishobora kwimurirwa no mu yindi mico. Ivyabaye mw’irema, hamwe n’urutonde rw’irema imbere y’Igwa ntibigize ubwavyo amategeko, yamara ni ukudondora ingene ibantu vyari bimeze. Si ibigize irema rya mbere vyose vyashizweho mu buryo vyashizweho kugira ngo bibe itegeko ku runganwe rwose ruzokurikira. Nk’uburorero, nubwo Adamu na Eva bari bubakanye nk’umugabo n’umugore umwe gusa, si itegeko ngo abagabo bose barongore canke ngo abagore bose barongorwe (raba **Mat 19:10-12; 1 Kor 7:7-8**), kandi nta kurongora no kurongorwa bizobaho mw’isi nsha (**Mat 22:30**). Mbere no mw’irema rya mbere, hamwe n’ivyabariwe Adamu n’ imbere y’Igwa, vyafatiwe ku “muco” w’ivyari mw’itongo rya Edeni. Ni co gituma, imigenderanire y’ibantu vyaremwe nko kurya ibiterwa gusa, kurima nk’igikorwa, no kuzirirza Isabato vyari bijanye n’umuco canke vyagarukira ku muco w’aho hantu canke w’abo bantu baba aho hantu. Ivyavuzwe ngo “*ni murondoke, mugwire, mwuzure isi*” (**Ita 1:28**), vyavuzwe mu bihe ata bandi bantu na bamwe bariho mw’isi yose. Uyu musi, abantu *baruzuye* “isi”. Hariho amamiliyari y’abantu kw’isi. Hamwe hamwe kw’isi abantu bararundanye, cane, baragiwe cane, kandi abavyeyi bafise abana benshi badashobora kurera no kwitaho. Ni co gituma, “isi yacu y’uyu musi inyuranye cane n’itongo. Ngaha rero, uburyo irema ryari rimeze ritegerezwa guhinduka bikomeye.” (Webb 2001: 125)

11. Mbega ico gisomwa ca Bibiliya gishingiye imizi kw’Igwa canke ku Muvumo? “Hari ukuntu umuvumo urengeye imico (si nk’itegeko, ‘ico ari co’) kandi mu bundi buryo na bwo aho ntibirengana umuco (nk’itegeko, ‘ivyo dutegerezwa gukora’)” (Webb 2001: 121). Igikorwa c’Abakristo si ukugumizaho umuvumo, ahubwo Abakristo barawurwanya. Ububabare mu kuvyara, urwire, hamwe n’urupfu biri kw’isi yose (**Ita 3:16-19**). Yamara nubwo bimeze gurtyo, dukoresha imiti igezweho kugira ngo turwanye ingwara n’urupfu, hamwe no gukoresha uburyo bw’ubuhinga kugira ngo turwanye urwiri, n’ivyatsi bibi bimera mu vyo twateye.

12. Mbega igisomwa ca Bibiliya gishingiye imizi ku gungura no kw’irma risha? Kigize igisomwa kenshi na kenshi usanga kirengeye umuco umwe iyo gishingiye ku bivuga kw’irema risha. Dutegerezwa rero kwiyumvira aho mu nteguro y’Imana yo gungura Bibiliya ivuga ku kintu canke ugushira mu ngiro ikintu. “Nkoko bimeze mu mategeko y’isi yose arafitaniye imigenderanire n’akamere k’Imana katagira agasembwa, kandi vyongeye bifitaniye imigenderanire n’igikorwa cayo co gungura. . . . Amategeko akwirikizwa mu mico yose ntanyuranye n’ubugombe bw’Imana canke urutonde rw’Imana rusanzwe.” (Tiessen 1993: 203) Icongeyeko, “ijo ukuntu ibantu vyubatse bifise insiguro ibandanya, bitegerezwa kuba vyubakiye ku bigize irema risha. Ukgene ivyari bigize irema rya mbere vyari bimeze, nk’uko vyari urufatiro, ntibifise ububasha bumwe bwo kwerekana ko bitegerezwa kuba mu mico kama yose nk’uko ibigize irema risha bigaragaza ububasha bumwe hose. Ni co gituma, ibigize irema rya mbere kenshi na kenshi usanga bifise ivyo vyisangije mu muco kama vyaremewemwo . . . si uko abantu bahinduka mu kugene baremwe, nk’uko ari imigenderanire mu bantu ihinduka. Imigenderanire itegerezwa gutunganywa kandi ikongera igashirwa ku rutonde gushika yaho ishika ku gusa n’urukundo rwa Kristo rutagira agasembwa. Ibikuru bigize irema rya mbere nk’ubwoko, ibitsina, ntibihinduka no mw’irema risha ry’abantu. Bigumaho, kandi bikaba mu mico yose, bikezwa, bigatunganywa, kandi bakabinezerererwa. Abantu basha bategerezwa gukoresha ubwo butandukane, ubwo budasa kugira ngo bahezagirane kandi bubakane neza, batezanye imbere aho gusamburana no kugiriranira nabi.” (Webb 2001: 147-49) Ni co gituma, “*umuntu musha*” yaremwe “*muri Kristo*” (**1 Kor 12:13; Gal 3:28; Ef 2:15; Kol 3:11**), aho ubwoko bwa kera, ibitsina, amahanga hamwe

n'ubusumbasumbane mu vy'ubutunzi bivanwaho muri Kristo, bikagira ikintu gisha, bifatira ku gucungurwa kw'imigenderanire y'abantu.

13. Hoba hariho uburyo bwo guhiganwa kugira ngo hashikweko ivyavuzwe muri Bibiliya mu mico kama yariho ico gihe? Ikigize igisomwa kenshi na kenshi kiba kirengeye uwo muco kama candikiwemwo iyo gishikirijwe mu gihe canke mu buryo bw'uko haba hariho ubundi buryo buhiganwa n'uburiho mu yindi mico kama y'ahandi. Ni co gituma, ikigize igisomwa usanga kenshi na kenshi kijanye n'umuco kama iyo ata bundi buryo bwoba bwari bwiyumviriwe n'umwanditsi wa mebere yashikirije ivyo yanditse. Nk'uburorero, mu mico kama yose ya Bibiliya, uwami canke abami b'abami aho uwami bwatera ubundi bukabunesha bagaca babugira abagurano babo, ni vyo vyariho vyonyene, ni bwo buryo bw'ubutegetsi n'amareta yariho, demokarasi ntイヤri bwaniyumvirwe mbere ntianabaho. Ni muri ubwo buryo nyene, ubugurano, ubuja yari inzira imwe yemewe y'ukubaho, igize ubuzima ku bantu ba kera, nta muco kama n'umwe wabirwanya. Izo mfatiro zigize ibibano, n'abantu—ubwami n'ubugurano—vyari ivyo mu mico kama , ariko ntivyimurwa, kandi ni vyo vyariho ige abanditsi ba Bibiliya bandika kandi baba muri uwo muco nyene umezo uko nyene.

14. Mbega ibivuzwe mu gisomwa ca Bibiliya hari aho vyoba binyuranye n'ivyabumbuwe n'abahinga mu vyerekeranye n'ubuhinga mu vy'imibano? Ikigize igisomwa kirashobora kuba gishingiye ku muco, canke kikaba kiriko kirakoresha imvugo kanaka y'ivyabaye, iyo usanze kinyuranije n'ivy'ubuhinga buvuga uyu musi. Nk'uburorero, Yes 3:12 haravuga ku kintu gikomeye ku barongozi b'abagore, aho herekana ko abagore ari abarongozi babi, habagereranya n'abana bacinyiza abandi. Kubera yuko Isirayeli itarongorwa n'abagore canke n'abana, Yesaya nta nkeka ko yariko arakoresha imvugo ndenzarugero, ururimi rware rumenyerewe muri uwo muco kama kugira ngo yerekana ko ico gihugu giteye isoni, cari gikwiye kumaramara. Dufatiye ku bumensi buke no kutarungikwa kw'ishuri kw'abagore n'abakobwa kwariho muri ico gihe, kandi tukongera tugafatira ku bikorwa no ku kamaro abagore bahabwa muri uwo muco kama hashobora kuba hariho n'ubuhinga bwo mu mibano Yesaya yarabiye, yafatiyeko mu kwandika birya yanditse. Yamara, uyu musi mu mico kama myinshi abakobwa barungikwa kw'ishuri nk'uko n'abahungu barungikwa kw'ishuri, abahungu n'abakobwa bigira hamwe kandi bakora n'ibikorwa bimwe mu kibano. Ubushakashatsi bwarerekanye yuko abakobwa bashobora kwigana n'abahungu kandi ko mu vyerekeye ubwenge ataco abahungu barushije abakobwa na kimwe mu vyerekeranye n'uburongozi canke n'ukwiga. Abagore bafise uruhara rukomeye n'intererano ikomeye mu mice yose igize ikibano, kandi abagore benshi barazwi ko ari abarongozi bakomeye. Ni co gituma, “nubwo hariho ikintu gikomeye ku bijanye n'igitsina kiboneka mu gisomwa ca Yesaya ko kigizwe n'umuco kama, hariho ihame rikomeye ribandanya no mu yindi mico uyu musi: abakiri bato canke abatarakomera mu vyiyumviro bama ari abarongozi babi” (Webb 2001: 224).

**J. Intambuko zitanu twokoresha mu gutorera umuti ingorane zitewe n'ibibazo vy'imico kama ige ivyagezwe, amabwirizwa n'amategeko vya Bibiliya ashobora gukoreshwa nk'uko yakoreshwa kera mu bihe vy'ubu**

Ibi vyiyumviro bikurikira vyafatiwe kuri Doriani (1996: 146-47) and Hays (2001: 30-35) (raba kandi IVYONGEWEKO C: J. Daniel Hays, “Gukoresha ivyagezwe vy'Isezerano rya Kera uyu musi” na IVYONGEWEKO D: T. Wayne, Dye, “Umoco kama, n'ijwi ryo mu mutima: ibitabanduka vya Bibiliya n'uguhindagurika kw'umuco kama”).

1. Rondera insiguro n'ingene vyashirwa mu ngiro ubwa mbere. Ibi bisaba yuko dukoresha uburyo bwo kurondera insiguro n'uburyo bwo kubaga igisomwa.
2. Rondera ihame ryokoreshwa mu mico kama yose ryinyegeje inyuma y'iryo tegeko rigaragara. Erekana ivyari “vyerekeye” abo bantu iryo tegeko rya Bibiliya ryahawe bonyene hamwe n'itegeko “ntabanduka kuri bose” (mu yandi majambo, ridakoreshwa gusa ku bo ryandikiwe ubwa mbere yamara rikoreshwa ku bantu bose, canke abizera bose ahantu hose n'ibihe vyose) ni wo mutima ugize ayo mategeko. Ibi bishobora gusaba yuko dutandukanya ukugene iryo tegeko ryubatswe n' ibirigize (mu yandi majambo, insiguro, ico rivuga, “ntabanduka,” canke ihame rigize iryo tegeko). “Igihe tugize amadidane ko ikintu cerekeye umoco gusa canke ko ari itegeko, ni nkenerwa gushira ico kintu mu bindi bisomwa vyagutse vya Bibiliya” (Wolvaardt 2005: 300). Gukora ivyo bidusaba kuba tuzi neza inkuru ya Bibiliya yose, Ibiza imbere y'ibindi vyose, inyigisho za Bibiliya, n'uburorero bugize Bibiliya. “Uko umuntu atahura neza ubutumwa bwa Bibiliya ni ko bimworohera gutandukanya amategeko ku bantu bose n'ibijanye n'umuco kama ku bantu vyari vyandikiwe” (Ico gitabu nyene: 28). Mu buryo bwinshi (mugabo si bwose na gato) ukugene iryo tegeko ryatanzwe hamwe n'ihame ryinyegeje inyuma y'iryo tegeko birashobora gutahurika kandi rirashobora gushirwa mu ngiro nk'uko ryavuzwe cane cane dufatiye ku mategeko yo mw'IR. Yamara, dutegerezwa kwiyubara, kugira ngo “ntiturenze urugero” iryo

tegeko, iryo hame canke ukubishira mu ngiro. Dutegerezwa kumenya urugero rw'ukuri dufise ku vyerekeye ihame ihame tuba twatoye n'ukugene twibaza ko vyoshirwa mu ngiro.

3. Kurondera ibindi vyoba bimeze nk'ivyo uyu musi. Ibi ntibidusaba kumenya ivyo bintu bibiri bivuzwe aho hejuru gusa, yamara dukwiye kubaga neza no kumenya neza imico yacu kama. Mu gukora durtyo, dukwiriye kwerekana amatandukaniro akomeye ashobora kuba ariho hagati ku babibariwe ubwa mbere n'abakristo, abizera b'uyu musi. Dukwiriye kwiyumvira cane ku *gituma* ibiriho uyu musi bisa n'ivyariho mu bihe nya Bibiliya. Amategeko yose y'IK, ivyagezwe, amabwirizwa hamwe n'amategeko yo mw'Isezerano Risha, *akoreshwa mu buryo bw'ugushushanya, nimba anakoreshw na gato*. Ugushira mu ngiro bikoreshwa ige conyene ivyariho mu gihe ca Bibiliya n'ibiriho ubu bisa.

4. Gerageza utange ingene ayo mahame yoshirwa neza mu ngiro. Mu gushira mu ngiro, mu bihe bimwe bimwe turashobora:

- a. *Kwungura amategeko ya Bibiliya.* Nk'uburorero, ntukipfuze indogoba ya mugenzawe (**Kuv 20:17**) bifaise uburyo bwinshi bw'ukugene vyoshirwa mu ngiro (nk'uburorero, ntukipfuze imodoka ya mugenzawe).
- b. *Guhindura amategeko ya Bibiliya yubakiye ku bintu binyuranye vy'imico kama.* Nk'uburorero, aho kuramukanya hakoreshejwe "ugusomana kwera" (**Rom 16:16**) ukuramukanya bakoresheje amaboko canke ukugumbirana birashobora gukoreshw.
- c. *Gira aho ugarukiriza amategeko ya Bibiliya.* Nk'uburorero, aho kunywa utuvino dukeya kubera ukurwaragurika mu nda (**1 Tim 5:23**) turashobora gukoresha imiti yo kwa muganga canke tukanya amazi yo mu macupa, canke amazi ya rusengo mezacanke ibindi binyobwa bitaborera.
- d. *Mbere no guhindura amategeko ya Bibiliya nimba ikoreshwa ryo "mu buryo ayo mategeko yatanzwe" vyonyuranya n'ukuri canke n'ihame riri inyuma y'ikoreshwa ry'ayo mategeko yatanzwe.* Nk'uburorero, muri **1 Tim 5:3-16** umupfakazi arengeje imyaka mirongo itandatu atagira abana canke abuzukuru, n'ubwo biri mu vyo Paulo yavuze, yasavye, ashobora kudafashwa nimba yararonse umurage, nimba aronka amafaranga y'abakukuruke, canke nimba RETA hari ico imufasha. Ku rundi ruhande, umupfakazi akiri muto afise abana ashobora gufashwa, nimba abana biwe badashoboye kumufasha (abo bana barashobora kuba bakiri bato, canke umuryango wiwe urashobora kuba waramwhakanye, nk'uburorero, iyo ahindutse akaba umukristo yahora ari umwisilamu), canke na ho atiyumvira kuzosubira kurongorwa (nk'uburorero arwaye, agendana umugera wa SIDA), canke kubera izindi mpamvu nyinshi.

5. Gereranya ukugene twerekana yuko vyogenda n'ibindi bisomwa vy'Ivyanditswe, cane cane vyo mu nyigisho zo mw'Isezerano Risha. Iyo ivyo tuvuga bihue n'ibindi bisomwa vyinshi dusanga muri Bibiliya, duca twumva dufise ubushizi bw'amanga muri ivyo. Turategerezwa kwiyubara ige duhura n'itegeko rya Bibiliya ataco risa risana n'ibiriho uyu musi. Uburorero bwa Bibiliya burashobora kwemeza canke guhakana ivyo tuvuga ko twokoresha, canke ukugene twobishira mu ngiro.

6. Uburorero bw'IK n'IR bugaragaza ivyo vyose bivuzwe aho hejuru:

- a. *Ita 22:1-2—Itegeko ry'Imana ko Aburahamu ategerezwa gutanga kw'ikimazi umwana wiwe Isaka.* Mu buryo iryo tegeko ryubatse, iri ryari itegeko "ridasanze" ryahawé Aburahamu, si itegeko "rusangi" ku bantu bose b'abizera canke ku b'Isirayeli bose. Ico ni kimwe mu vyerekana ko iryo tegeko ryari "tyerekeye" Aburahamu wenyene atari itegeko "ry'intahava" mu mico yose ku bantu bose. Tugeranije n'ibindi Vyanditswe ntitubona ahandi hantu na hamwe hari amategeko nk'ayo, kandi ivyo vyongeye vyerekana yuko Imana irwanya kandi ikabuza ukumena, ugusesa amaraso y'inzirakarengane (raba **Kuv 20:13; Imig 6:16-17**). Yamara 'n'iki gice ubwaco cerekana muri rusangi ihame rirengeye umuco kama umwe wo "kuba witeguye gukorera Imana uehyve ibikugirira ikimazi," si "genda wice, ucumite abana bawe."
- b. *Kuv 22:19; Lew 18:23; 20:16; Gus 27:21—Ivyagezwe vya Mose bibuza ko abantu bahuza ibitsina n'ibikoko, ibitungano, canke ko baryamana n'ibitungano.* Ayo mategeko nta ho tuyabona yasubiwemwo mw'Isezerano Risha. Ivyo ntibisigura yuko kuryamana n'ibitungano uyu musi vyemewe mw'Isezerano Risha. None ivyo tuvyubakira ku ki twobiményera ku ki? Inyishu ni uko tworabira ku vyo isezerano risha rivuga ku guhuza ibitsina. Muri **1 Kor 7:2** hamwe no muri **Heb 13:4** abanditsi b'Isezerano Risha barabuza imibonano mpuzabitsina ku bantu bose batubakanye. Ikindi, **1 Kor 6:18** na **1 Tes 4:3-5** harabuza "ibusambanyi." Ihamwe ry'Isezerano Risha riragaragara, riratomoye. Ivyagezwe vy'Isezerano rya Kera vyabuza ukuryamana n'ibitungano ni ugukwirikiza iryo hame.
- c. *Gus 22:8—Ni hagira uwubaka inzu nsha muri mwebwe; wewe uyubaka uz'uyikikuze kw igikugiro hejuru co gutangira umuntu, ntakoroke, bigahava bizanira inzu yawe guharurwa ko*

*amaraso y'uno akorotse.”* “Ubwa mbere, tubanze turabe ico vyavuga ubwa mbere bikicandikwa. Kubera yuko bakorera, bakaganirira mbere bakanarara hejuru ku bisenge, Abisirayeli bo baca batahura neza igituma bategerezwa gushiraho ikigunguzi canke igikuta iruhande yabo [*Ivyariho ico gihe* bitwerekwa igituma iryō tegeko ryabayeho, ryashizweho]. . . . Ubwa kabiri, turondera amahame, ivyo dufatirako. Kubera yuko abo I bulaya batigera burira m nzu zabo zo hejuru ku bisenge, ntibisabwa ko habaho ibigunguzi uyu musi. Yamara dutegerezwa kubanza kumenya ihame rya mbere tukaraba n’ingene ryunguruzwa rikaja no mu bindi bice vy’isi. Iryo tegeko ryari rigize ugukunda mugenzawe, umubanyi [ivyo Bibiliya *ishira imbere y’ibindi vyose*] hamwe no gukingira ubuzima mu gushiraho integakaza kabuza ko abantu bokomereka. Ni co gituma, Mose yemeye ko habaho amategeko y’integakaga. Ubu dukoresha iryō hame uyu musi mugushiraho ibikingira abanambere n’abakuze ko bakoroka ku mazu y’amagorofa, hamwe n’iyo bariko baraduga ku ngazi bja mu mazu. Iryo hame ni ryo dukwirikiza igihe dushiraho ibigunguzi mw’ibarabara kugira ngo abantu bagabanye umuvuduko aho abantu benshi canke abanyeshuri baba.” (Doriani 2001: 242-43)

d. **Rom 16:16**—“*Muramukanishe ugu somana kwera (mu Kirundi ni ukugumbirana kwera).*” Tugereranje uyu murongo n’ibindi bisomwa vyo mu Vyanditswe turabona ko iyo mpanuro vyongeye yahawe ab’**1 Kor 16:20; 2 Kor 13:12; 1 Tes 5:26;** no muri **1 Pet 5:14.** Yamara, muri iyo mirongo yose nta n’umwe utanga insiguro idasanzwe y’ubwo *buryo* bwo kuramukanya canke igituma abantu baramukanya mu buryo nk’ubwo mu buryo bunyuranye n’ukundi kuntu abantu baramukanya. N’imiburiburi ivyo bica bivyura ikindi kibazo c’uko nimba ubwo buryo bwo kuramukanya bukwiye gushirwa ku rwego rw”itegeko” mu mico yose canke ko vyari vyibasiye uwo muco wonyene kandi ko vyari ibisanzwe “bidakwiye” kubwirwa canke gutegekwa abantu bose” Igihe twiyumviriye ku butumwa bwagutse dusanga mu bindi bice vyo muri Bibiliya, “ku vyerekeye uburyo bwo kuramukanya, vyategerezwa kwumvikana neza ko itegeko ry’uko uburyo bwo kuramukanya kw’abakristo babanje gusomana ari itegeko ku bakristo bose ibihe vyose ahantu hose, ntitubisanga mu butumwa rusangi bwa Bibiliya—ubutumwa bw’agakiza ku buntu hamwe no kutiyanduza nk’inyishu ku gakiza nk’ako” (Wolvaardt 2005: 28). Nubwo gusomana vyari vyemewe mu mico y’Abaroma, hamwe no mu yindi mico canke ibindi bihugu uyu musi, mu yindi mico canke ibindi bihugu gusomana gurtyo bisigura ko ari abagabo bahuza ibitsina ubwabo canke ubusambanyi, kandi ivyo vyose Bibiliya irabirwanya. Ni co gituma vyoba bitangaje ko ubu buryo bwo kuramukanya bwoba ari “itegeko ntabanduka.” Biboneka neza ko hariho ihame ryinyegeje inyuma y’iri tegeko, y’iki cagezwe, ni ukuvuga, kuramutsa bene Data mu buryo bwo kubereka urukundo n’uko tububashe mu Mwami. Ivyo bishobora gukorwa dukoresheje ugu somana, ukugumbirana, ughana ukuboko, canke ubundi buryo bwo kuramukanya bivanye n’umuco canke n’igihugu. “Ico dushaka kuvuga ni uko amategeko ntabanduka [kuramukanya twerekana urukundo] ari nk’itegeko mu mico yose kama yamara ukugene bishirwa mu ngiro birashobora gutandukana bivanye n’ukugene ibantu bikorwa mu mico kanaka abantu baba barimwo” (Ico gitabu nyene: 29).

e. **1 Tim 5:9**—“*Ntihakagire umupfakazi yandikirwa gufashwa [guhabwa imfashanyo y’amahera ivuye mw’ishengero] ataramara imyaka mirongo itandatu y’amatuka.*” Dupfuye kubigurukirako uko vyanditswe, “imyaka 60 y’amatuka” ni ikintu muri rusangi gisabwa. Ni co gituma, amashengero menshi akwirikiza iyo myyaka nk’uko umenga ni “maji” kandi nk’uko umengo ni itegeko ntabanduka ku mashengero yose y’uyu musi. Yamara, gutahura *ivyariho n’ingene ibantu vyari bimeze ico gihe mu mico kama yabo* biduha ishusho nyamukuru ryiza. Igitigiri 60 yari imyaka izwi mw’isi ya kera ko umuntu ayishikanye yaba “ashaje” (Knight 1992: 223). Imyaka mirongo itandatu (60) kumbure yari imyaka muri kahise ka kera yerekana ko abantu bategerezwa gukora kugira ngo bibesheho” (Blomberg 1999: 209). Mu kinjana ca mbere, abari musi y’ibice 4% vy’abagore nibo babaho gushikana ku myaka 50 (Lysaught 2005: 67n.18). Bari mu bantu bakumiriwe, kandi bari bafise amikoro make yo kubasahiriza kugira ngo babebo. Ariko uyu musi, n’imiburiburi mu bihugu vy’i Bulaya, canke mu bihugu biteye imbere, imyaka 60 ntiharurwa ko umuntu ayishikanye aba “ashaje,” kandi hariho uburyo Reta zishiraho hamwe n’ubundi butunzi buriho kugira ngo bugarukire abashaje batagishobora gukora. Ni co gituma, ibisabwa ko umuntu akwiye “kuba amaze imyaka 60 avutse” ari ikintu kinini gitandukanye n’umuco Paulo yanditsemwo mi mico kama myinshi no mu bihugu vyinshi vyo muri kino gihe. Ikindi, *ikintu gikuru* mu bindi bice vya Bibiliya bisigaye ntivyerekana ko igiharuro c’imyaka 60 y’amatuka gifise insiguro kanaka cisangije (yamara raba **Lew 27:1-7** aho hariho ukugene igiciro co gucungura abantu bagize amasezerano agoye, uko begereza

imyaka mirongo itandatu ni ko n'igiciro cagabanuka). Ivyo vyerekana yuko ivyo bisabwa ko aba akwije imyaka mirongo itandatu kidakwiye gukoreshwa kw'isi yose nk' “itegeko”, yamara birashobora guhinduka bivanye n'aho umuntu aba ari hamwe n'ibiba biriko biraba.

**K. Gukoresha ugusobanura “umuhari w’ugucungura/ impwemu y’ugucungura” gutezurira abamerewe nabi igihe amategeko ya Bibiliya, ivyagezwe n’ivyihanikirijwe bidashobora gusubirizwa n’ibindi kubera yuko atari vyo Imana yari ishingiyeko ku bantu bose no mu mico kama yose**

1. “Ugusobanurira ijambo mu gutahura kutimuka” kenshi na kenshi ntibashobora kugira ico bimaze ku “ndangagaciro k’imico” tuvugwa muri Bibiliya, cane cane two mw’Isezerano Risha, “Abo rero bakoresha ukuguma ku kintu kimwe ntibacimukeko ntibashaka gusuzuma ingene ibantu bimeze uyu musi kandi babaza ibibazo bigoye kwishura. Nk’uburorero, baratinya kubaza iki kibazo, mbega indangakaranga y’igihe tugezemwo *isumba* gute ibitashitswe vyo mu Vyanditswe, nk’uko tubibona mu majambo amwe amwe mu nkaratasi zigize Bibiliya (mu yandi majambo, aho indangakaranga y’igihe tugezemwo *yinjira kure, ikarengana kure* y’ivyo indangagaciro y’Ivyanditswe itashitseko)” (Webb 2001: 254-5)
  - a. *Uburyo “bw’ugutahura butimuka” bwo “gutahura amajambo y’igisomwa coba kiri mu kazitizo kitashimikiweko cane ku vyerekeye icatumye vyandikwa bituma habaho ukugabanuka kwo gushira mu ngiro ivyo Vyanditswe uyu musi aho amajambo yatoratowe mu gisomwa ategerezwa kugumizwa mu gihe yandikiwemwo gusa ubwa mbere”* (Webb 2001: 30-31). Iyo dufise “ugusobanurira ijambo mu kibanza kimwe gusa” kugerageza gukoresha amajambo y’Ivyanditswe nk’uko vyanditswe nyene, tukabikoresha mu bihe vya none, tutabanje kwiyumvira ku catumye vyandikwa uko vyanditswe, n”impwemu” yari yinyegeje inyuma y’ukwandikwa kwavyo, canke ukugene vyari bimeze mu mico kama y’abo vyandikiwe, canke tutiyumviriye y’uko imico ihindagurika, canke ko n’amajambo y’Ivyanditswe ahinduka bijanye n’uko ibihe bikurakanwa, bizotuma dutoragura ibisomwa dukoresha, twabura, canke tukirengagiza ibisomwa bitari bike vyo mu Vyanditswe ubwavyo uko igithe kigenda kirarengana kubera yuko ivyo “bisomwa bigoye cane, bitera ibibazo cane” (uburorero, ibisomwa vyinshi bijanye n’ukugirwa abagurano, ubugurano, ubuja). Ivyo bishobora gushikana ku gukoresha nabi mbere n’ivyihanikirijwe, amategeko n’ivyagezwe vyo mw’Isezerano Risha dufatiye mu bintu bishasha bigize imico yacu kama, n’icatumye ivyo vyandikwa.
  - b. *“Gukoresha amajambo y’igisomwa avuga ku mico kama dufatiye ku gutahura kutimuka”*. “Mwiyumvire nko gufata amajambo ya Petero tugahanura abakozi b’uyu musi kwemera gukubitwa ibimoko n’abakoresha babo kugira ngo ubutumwa bwiza bumere neza (1 Pet 2:18-25). Canke, mwiyumvire ku gutegeka abakoresha ba kino gihe dufatiye ku bitabu bitanu vya Mose, ko bategerezwa gukubita abagurano canke abakozi babo niyo bobahohotera ko ata ngorane kiretsi iyo babishe, badapfuye ntaco kuko ni nk’uko abo bakozari ibantu vya ba shebuja (Kuvayo 21:20-21). Canke, kumbure isi yacu y’uno musi yategerezwa kwiyumvira ku guha ibihano biciriyen hagufi ku bijanye no gushurashuza umukozi, canke gufata ku nguvu umukozi (= ko ari umuguranokazi, canke umugurano) kurusha ugufata ku nguvu umukoresha canke umuntu yikorera utwiwe (= uwidegemvya) (Gus 22:25-27; raba kandi Lew 19:20-22). Ubu burorero, nta nkeka, bwerekana ukugene biteye isoni gushaka kuguma mu nsobanuro dufatiye k’ugutahura kutimuka.” (Webb 2001: 36-37)
2. Ugusigura “umuhari w’ugucungura/impwemu y’ugucungura” kurashobora gufatira hamwe no gutorera umuti “imico ndangagaciro” hamwe “n’indangagaciro k’ubwami” muri Bibiliya. Cane cane mu vyerekanyen n’ikibano, imibano, ubutegetsi, imigenderanire hagati y’abantu bo mu kibano, hari aho biba ngombwa kubanza kuraba “ku muhari w’ugucungura/impwemu y’ugucungura” iri ishigikiye itegeko kanaka ryo muri Bibiliya ivyagezwe, ivyihanikirijwe, hanyuma tugakoresha iyo mpwemu yo gucungra mu vyo tuba tugezemwo mu mico misha kama yacu. Hose muri Mat 5 na 9 “ingene Yesu yafata, yigenza ku Vyanditswe vyari birengeye ukuraba amajambo rimwe rimwe atandukanye, yamara yarasuzuma, akiga cane icinyegeje inyuma y’ivyo vyanditswe, impwemu yinyegeje inyuma y’ivyo vyanditswe. Vyorashe cane, Yesu yari azi impwemu ibisomwa vy’Isezerano rya Kera yanditswemwo ni na co gituma yashobora guhangana abamwumva bose mu buryo budasanzwe bwo ‘kurengera no guhingura’ amajambo yo mu migenzo yabo yera. Harimwo no gushimikira ku kugene bobishira mu ngiro mu mitima yabo, yabigishisha impwemu y’ugucungura, kubohora, mu gusoma Bibiliya no mu kuiyha insiguro.” (Webb 2001: 62) Ku rundi ruhande, iyo tubaye “imbohe y’akajambo kamwe kamwe kagize igisomwa” turashobora kutamenya ingene ayo majambo twoyakoresha mu mico yacu itandukanye “impwemu yo gucungura yatumye ico gisomwa kibaho canke candikwa ubwa mbere. . . .

Kwirengagiza gukoresha impwemu yo gucungura igize ico gisomwa vyongerako ukutagira ubushoboz i bw'ubutumwa bwiza buhindura bugahingura umuntu akabona kugira ubugingo bwategerezwa kuboneka muri iyi si yacu turimwo uyu musi." (Webb 2001: 33, 50). Ni co gituma, gukurikiza "umuhari w'ugucungura /impwemu y'ugucungura" dukoresheje Ivyanditswe bitera intege, bigahumuriza ababishira mu ngiro mu buryo bunyuranye n'ukugene ubwa mbere ivyo vyashirwa mu ngiro mw'isi ya kera, kugira ngo ingaruka y'ivyo bikorwa vyari vyavuzwe mu vyanditswe, yamara ntivyigere bisozerwa nk'uko vyari vyanditswe, bishobora gushitswa mw'isi yo muri kino gihe.

3. Gusuzuma "umuhari" wo gukiza muri Bibiliya. Mu gusuzuma umuhari w'ugucungura/n'impwemu y'u gucungura ya Bibiliya, duktiriye gusuzuma imigenderanire y'ivyagezwe, amategeko, ivyihankirijwe nya Bibiliya dufatiye mu mico kama yavyo y'ico gihe umwanditsi yandika. Rimwe na rimwe Ivyanditswe ni vyo bitanguza "umuhari w'ugucungura" kugira ngo bihindure amategeko y'umuco kama *wa mbere* mu buryo bw'uko vyerekana yuko hari ikindi gikorwa co gucungura gishoboka kandi mbere gikenewe mu *wundi* muco musha, ivya kera bikavaho. Igikorwa canke uburyo bwo gucungura ni ikintu gikomeye co kwerekana umurongo umuhari wo gucungura kindi gitegerezwa gufata, nimba ico gikorwa kiboneka ko ari ngombwa. Ni co gituma, *umurongo* ico umuhari w'ugucungura ukurikiza utegerezwa kubanza gusuzumwa dufatiye mu muco kama wagutse. Ibibimo bitatu canke intambuko zitatu z'ico gikorwa co gucungura biduha ugutahura impwemu yinyegeje inyuma y'ico gikorwa co gucungura y'ico gisomwa. Igihe rero ivyo bipimo bitatu canke izo ntambuko zitatu zihuriye hamwe ata kinyuranije n'ikindi, vyerekana y'uko ico umuntu akwiriye gufata ca nyuma aho icariko kiravugwako mw'Isezerano Risha gishobora kuba *atari ico* Imana yashaka ko kibaho mu bihe vyose, ahantu hose no mu mico yose. Mu yandi majambo, impwemu y'igisomwa ishobora kwerekana yuko hariho ikindi gikorwa gikenewe uyu musi mu mico kama yacu, dufatiye ku bindi bikorwa vyo gucungura bija vyarabaye muri Bibiliya. Ivyo bipimo bitatu vy'ibikorwa vyo gucungura ni ibi (Webb 2001: 73-83):

a. *Umuhari w'ugucungura ukomoka ahandi*—mu yandi majambo, impinduka yari ifatiye ku bihugu vyari bizungurutse isi ya Kera yo mu bihugu vyo mu buseruko bwa Isirayeli hamwe n'imico y'Abagiriki n'Abaroma. Mu buryo bunyuranye n'ubwo imico y'ibihugu vyari bibakikije, abagurano bose b'Abaheburayo bategerezwa kubohorwa, bakagirwa abidegemvyu mu mwaka wa Yubile (**Lew 25:39-42**).

b. *Igikorwa co gucungura gikomoka mu nzu*—mu yandi majambo, uguhinduka, impinduka yabaye ugereranije n'ivyahora bibaho mu bantu b'Isezerano ubwabo canke mu kibano c'Isezerano ubwaryo. Abakoresha canke ba shebuja b'abakristo bahanuwe gufata neza no kugira neza abagurano babo bakijijwe bivuye ku mutima nk'uko n'abakristo b'abagurano bafata ba shebuja babo (**Ef 6:5-9**).

c. *Ibikorwa vyo gucungura bikomoka ku vyemewe na Bibiliya*—mu yandi majambo, impinduka y'ugucungura yabayeho mu bihe binyuranye nko guhera mw'Isezerano rya Kera uja mw'Isezerano Risha. *Ukuvavanura* kuri hagati y'Isezerano Risha n'Isezerano rya Kera mu buryo twokwisunga kwerekana yuko ivyari bigize Isezerano rya Kera vyari vyerekanye n'umuco. Nk'uburorero, uburyo bwose bwo gutazira Imana mw'Isezerano rya Kera (ingoro, ubuherezi, gutanga ibimazi vy'ibikoko, n'ibindi bindi.) vyarakuweho mw'Isezerano Risha, nk'uko n'ibindi bintu bikomeye vyo mw'Isezerano rya Kera nk'ugukebwa hamwe n'amategeko ajanye n'ivyo kurya. Ikindi, mu gihe co mw'Isezerano Risha, abagabo bategerezwa gukunda no kwitangira abagore babo, nk'uko na Kristo yakunze ishengero akaryigura (**Ef 5:25**). Ayo mahindagurika ajanye n'ibihe yabaye hagati y'Isezerano rya Kera n'Isezerano Risha vyerekana yuko ivyakorwa mw'Isezerano rya Kera vyari bijanye n'umuco.

d. *Hariho ibindi bintu bibiri nya Bibiliya n'ivy'umuco vyerekana ko hari ikindi gikorwa co gucungura gikenewe igithe dukoresha impwemu ya Bibiliya mu bihe tugezemwo*. Ibi bikurikira bitegerezwa kuba vyuhirira ibijanye n'umuco nk'ikintu co gukiza kivuye hanze, ikintu co gukiza kivuye imbere mu rugo, hamwe n'ivymejwe n'amashengero nk'uko twabivuganye aho hejuru:

(1) Ivyiyumviro vy'imbuto. "Ivyiyumviro vy'imbuto" mu Vyanditswe, bifise ingaruka ku migenderanire yo mu kibano, birashobora kwerekana iyindi nzira kandi bigahimiriza abandi bantu gukora igikorwa co kubohora abantu, igithe abazobisoma mu nyuma bakuramwo ibikwiriye gukorwa. Iciyumviro c'ubungane, ukuba umwe "muri Kristo" ni uburorero (uburorero, **Gal 3:28**). Ico ciyumviro kifise ingaruka mu nyigisho menyeshamana yamara kandi bifise ingaruka mu kibano zishobora gukorerwako uko ibihe bigenda bikurakuranwa.

(2) Kuvavanura. Igize igisomwa gishobora kuba kiri muri uwo muco kama wonyene iyo amategeko y'ikibano aboneka muri ico gisomwa aba “atandukanye, anyuranye” n'ibindi bivugwa mu bindi bisomwa vy a Bibiliya. “Igihe iciyumviro c’imbuto kiba cinyegeje kandi kitarashikwako kubera ukugene cubatswe, kuvavanura kuboneka ko ari ukunyuranya n’Ivyanditswe dufatiye ku mategeko y’umuco kama” (Webb 2001: 91). Nk’uburonero, IK n’IR bivuga ku kuboko kw’i buryo gukomeye kurusha ukuboko kw’i bubamfu (raba **Ita 48:18; Kuv 15:6; 1 Ngo 6:39; Zab 11:1; Mat 22:44**). Nubwo biri gurtyo, mu kuvavanura n’amategeko y’umuco, Imana yakoresheje umunyebamfu Ehudi mu kwica Eguloni (**Abac 3:12-30; 20:16**). “Ico gisomwa c’ukuvavanura kituvunira akagohe yuko ivyanditswe vy a Bibiliya biha ubukomezi uwukoresha ukuboko kw’ukuryo, uwukoresha ukuboko kw’ukubamfu na we bikamuha ikibanza kiri musi y’ic’uwukoreha ukuboko kw’ukuryo, ari ikintu kijanye n’umuco gusa” (Ico gitabu nyene: 93). Ni co gituma, naho **1 Kor 11:4** havuga ku vyerekeye umushatsi muremure ku bagabo ari agatukisha, ibindi bisomwa vy a Bibiliya (nk’uburonero, ivyerekeye Abanaziri) vyerekana yuko abagabo bahesha Imana icubahiro mu kutimosha imishatsi yabo (**Guh 6:1-21; 1 Sam 1:11**). Hategerezwa kubaho “ukuvavanura” kujanye n’ibikorwa vy’abagore muri Bibiliya yose, harimwo: Hilukiya yarondewe n’umwami n’umuherezi kandi yababwiye ijambo ry’Uhoraho mu nkomezi no mu bubasha bwinshi (**2 Abam 22:14-20; 2 Ngo 34:22-28**); Purisikira, yigishije Apolo mbere yahamagawe n’imbere yuko umugabo wiwe Akwila ahamagarwa (**Ivyak 18:24-26**); kandi n’ukungana kw’uburenganzira bw’ibitsina hamwe no kunganya ububasha mu bubakanye (**1 Kor 7:3-5**).

e. *Ukubandanya hagati y’Isezerano rya Kera n’Isezerano Risha, canke kwongera kwemeza kw’Isezerano Risha ivyakorwa mw’Isezerano rya Kera, si ngombwa ko bigaragaza yuko ico kintu cakorwa mw’IK cemejwe ko gitegerezwa kugirwa mu mico yose kama.* Igituma ni uko Isezerano Risha rishobora kunanirwa gukuraho ibintu bimwe bimwe vyo mw’Isezerano rya Kera kubera Isezerano Risha n’Isezerano rya Kera biba bibihurijke, bibisangije. Ni co gituma, gusuzuma ibigize umuco bitegerezwa gukorwa igithe tuba turiko turiga ikibazo c’uko nimba igikorwa kanaka gitegerezwa gukoreshwa uyu musi, cane cane mu buryo bw’uko cari kimeze, kiriho mu bihe vy a Bibiliya. Nk’ uburonero, ku ruhande rumwe Isezerano Risha riremeza indangagaciro k’ivyagezwe cumi, kandi ivyo vyagezwe birengeye imico kama yose, bikoreshwa ahantu hose n’ibihe vyose, (kiretsi ibirizwa rya kane ryerekeye kuziririza umusi w’Isabato, iryo ryasubiwemwo ukundi canke rivanwaho). Ku rundi ruhande, Isezerano Risha ntiryakuyeho mu buryo bugaragara Ubugurano, canke ubwami. Ikindi, “ugusomana kwera” gushigikiwe n’Isezerano rya Kera (**Ita 27:27; 29:13; Kuv 4:27; 18:7; 1 Sam 20:41**) hamwe n’Isezerano rya Kera (**Rom 16:16; 1 Kor 16:20; 2 Kor 13:12; 1 Tes 5:26; 1 Pet 5:14**). Ni co gituma, ivyo vyakorwa vyose vyari bishingiye ku muco kandi vyagarukira kuri iyo mico nyene, ntivyimurwa ngo bije mu yindi mico.

#### 4. Gusigura “umuhari w’ugucungura/impwemu y’ugucungura”.

a. *Webb, yashize ahabona ubu buryo, abivugako, abisigura uku gukurikira: “Ihame X=>Y=>Z”* (Webb 2001: 31): “*Iyo nyifato yo hagati* (Y) ihagarariye aho amajambo adafatiwe muri rusangi ya Bibiliya yaba ariko aravuga ku kintu yerekana ingene gihindagurika. Rero, ku mpande zose z’igisomwa co muri Bibiliya, umuntu ategerezwa kubaza ikibazo cerekeranye n’uko ibintu bimeze: Mbega ico gisomwa ca Bibiliya ndagitahure gute, nimba ndagitahura mfatiye mu muco kama wa mbere candikiwemwo (X)? kandi, mbega ico gisomwa ca Bibiliya gisa gute, kimeze gute, twogifata gute dufatiye ku muco kama tugezemwo uyu musi ngaha i wacu, aho iba yerekana imico myiza mu kibano, imico myiza mu bantu—umuco woba wegeranye n’umuco mwiza wa mbere (Z) kurusha umuco wahishuwe mu majambo atoratowe hirya no hino yo mu gisomwa ca Bibiliya?”

b. *Kurondeza “impwemu y’ugucungura” yinyegeje inyuma y’igisomwa ca Bibiliya.* “Kurondeza impwemu yo gucungura yinyegeje inyuma y’igisomwa ni igikorwa, ikintu kitoroshe na gato. Si ikintu kirashe canke gisobanuritse na gato nko gusoma amajambo ari ku rukaratasi. Kugira ngo umuntu amenye, atahure impwemu y’igisomwa, umusiguzi ategerezwa gutega ugutwi ingene ico gisomwa cumvikana, gitahuritse mu mico kama inyuranye, no mu bibano binyuranye. Hariho ibintu bibiri vyo mu buzima bikomeye umuntu ategerezwa kubanza kwiyumvirako: ivyabaho, ivyariho mu kibano co mu buseruko bwa hagufi bwa Isirayeli, mu bari bakikije igihugu ca Isirayeli hamwe n’ubutegetsi bw’Abagiriki n’Abaroma, hamwe n’ivyariho ico gihe

muri Isirayeli, mu mibano, mu mico kama, ivyari vyemewe n'ibitarari vyemewe, hamwe n'ivyariho mw'ishengero. Umuntu ategerezwa kwibaza iki kibazo, ni impinduka/ akarusho akahe iki gisomwa kiriko kirazana mu buzima bw'abantu mu kibano? Kandi ico gisomwa kigira ingaruka ki mu kibano co mu buseruko bwa hagufi bwa Isirayeli, mu bari bakikije igihugu ca Isirayeli no mw'isi yaganzwa n'Abagiriki Abaroma? Biciye mu kwiyumvira kuri ivyo bibazo vyari muri iyo mico kama hamwe no muri ivyo bibano, uwusoma wese ivyo bisomwa uyu musi azoca atangura kwumva impwemu yo gucungura y'ico gisomwa. Vyongeye hariho ikindi kigira gatatu gituma umuntu avumbura impwemu yo gucungura yinyegeje inyuma y'igisomwa cose na co ni igikorwa c'ishengero mu bihe bitandukanye nya Bibiliya. Ico gikorwa hagati y'Isezerano rya Kera n'Isezerano Risha ni co kumbure kigize itandukaniro rikomeye twese tuzi." (Webb 2001: 53)

5. Itandukaniro riri hagati y' "impwemu y'ugucungura" n' "ihame" ryinyegeje inyuma y'igisomwa.  
"Umuntu ashobora kugereranya ihame n'ighuzu co ku bwato bwo mu ruzi. . . . Impwemu yo gucungura, nay o ni ikindi kintu—iyo mpwemu yo gucungura imeze nk'umuyaga ushika kuri ico gihuza kugira ngo ubwo bwato bushobore gutera buja imbere. Igihe rero tuba turiko turakoresha ibisomwa bivuga ku bagurano tukabigereranya n' abakozi b'uyu musi, insiguro itegerezwa kuba iyitari imwe, irimuka . . . kw'ihame rivuga ngo 'mwumvire /mwubahe abashizwe hejuru, abakoresha aho mukorera hose,' twibaza yuko ivyo bikwiriye ahantu hose no mw'isi hose. Dufatiye kw'ihame, ugutahura Bibiliya kutimuka ntigushobora gushika kure . . . kumenya itandukaniro ryari hagati yuko abagurano cari ikintu shebuja yiguriye amahera ni ukuvuga ko yagikoresha uko agomba kwose (iyo ni yo si barimwo, ni ko vyari biri I wabo, muri iyo mico yabo) n' isezerano ry' imigenderanire itegerezwa kubaho hagati y'umukozi n'umukoresha wiwe (isi y'uyu musi tugezemwo). Ururimi rwo kwumvira /kwubahe rutegerezwa guhebwa mu kugene dushira mu ngiro ivyabaho kera uyu musi. Ihame ritegerezwa kuba irihesha Imana icubahiro mu buryo uwo ari we wese yigenza, yifata ku bashizwe hejuru/ku kugene akora akazi kiwe aho akorera kandi ugushirwa mu ngiro kw'uyu musi kwari gushiraho itegeko rimeze nk'iri: korane ubushake n'inkomezi zanyu zose mwisunze amasezerano mwagiraniye n'uhabahaye akazi, ni ukuvuga mu buryo buhesha Imana icubahiro no mu buryo bukwegera mu bwami bw' Imana abatizera babona ingene mukora mwitanze.

Dufatiye ku mpwemu y'ugucungura, ukutimuka gutuma umuyaga w'Ivyanditswe ugumiza abantu mu bugurano. . . . Impwemu / igikorwa kiri inyuma y'ivyo bisomwa bivuga ku bagurano . . . nta nkeka ko harimwo umukozi rimwe na rimwe ahitamwo kuja kure y'ivyo isezerano rivuga. Vyoneye bifatira ku gikorwa kidasanze ca Bibiliya, tugereranje n'isi ya Kera, kuko ivy'uyu musi bitunganya neza amatyegeko y'akazi y'abakozi n'ugufata neza abagurano. Uku kubanza kuraba kuri mpwemu y'ugucungura ni vyo vyashikanye ku gukurwaho, no gusenyura ubugurano. Yamara, igihe twongeye kubikoresha mu bihe tugezemwo, iyo mpwemu nyene ya Bibiliya ivugira umukozi w'uyu musi ko akwiye gutezurirwa, agafatwa nk'abandi bantu aho akora akaronka ibimutunga n'ibitunga abiwe. . . . Hafatira ku nyungu z'umukozi, ku kwitwararika ivyogirira akamaro umukozi, gushiraho ubwa mbere agaciro k'abakozi n'umuryango kandi bakamutera integer mu kumwongera umushahara, co kimwe n'ibindi vyinshi vyerekeye umukozi mu vyo akeneye." (Webb 2001: 54-55)

6. Uburorero bw'ugutahura umuhari/ mpwemu yo gucungura ikoreshwa

a. Ubugurano n'akazi.

(1) Gukoresha "ugutahura kutimuka" ku bisomwa bivuga ku bagurano. Abisirayeli bategerezwa gukingira no guha umutekano abagurano bahunga ukugirirwa nabi n'ikindi gihuza (**Gus 23:15-16**). Ivyo vyerekana yuko, naho ubugurano bwari bwemewe, inyifato y'IK ku mugurano yari iyo *gucungura, gukingira, kurokora* tugereranje n'ibindi bihugu vyari bikikije Isirayeli. Isezerano Risha rikoresha iyi "mpwemu y'ugucungura" rikinjira rigashika kure, aho Paulo abwira Filemoni ko akwiye kwakira umugurano wiwe yari yamucitse, yamuhunze, akamwakira nka "*umukundwa mwene Se*" (**Flm 15-16**). Yamara, ryaba Isezerano rya Kera canke Isezerano Risha nta na hamwe herekana ko basavye ko ubugurano bwose buvanwaho burundi. "Ugutahura kutimuka gushobora gukoresha iki gisomwa kivuga kuri uyu mugurano yacitse agahunga mu kwemeza abantu ko bafise uburenganzira bwo gukoresha no gutunga abagurano nk'ibantu vyabo uyu musi, niyo ishengero ryaha ubuhungiro ku bantu b'abagurano babahungiyeko. . . . Inyifato nk'yo yo gukoresha Bibiliya no gushira mu ngiro iguma hafi y'amajambo y'ico gisomwa—n'imiburiburi amajambo y'igisomwa igihe atahuwe atagizwe n'insiguro y'igikorwa n'impwemu yo gucungura. . . . Mbere igikomeye kuruta ivyo ni uko abavuga ko ubugurano nk'ubwo Bibiliya ivuga uyu musi

butegerezwa kugumaho, ugutahura kutimuka gufatira ku biriho uyu musi kw'agateka ka zina muntu hamwe n'amategeko agenga akazi *basubira inyuma* cane. Hamwe vyoba uko twomaramaza ubutumwa buvuga ku kubohora imbohe, ubutumwa bwiza bufise ingaruka mu vy'impwemu no mu vyo imibano." (Webb 2001: 33-34) Dufatiye ku bijanye n'akazi k'uyu musi, "umuntu arashobora kugondoza ishengero ry'uyu musi rikizera yuko abakozi bategerezwa 'kwubaha' no 'kwumvira' abakoresha babo bafatiye ku bisomwa bivuga ku bugurano" (Webb 2001: 37).

(2) Gukoresha ugutahura "umuhari wo gucungura/impwemu y'ugucungura ku bisomwa bivuga ku bagurano. Ivyo bikorwa vyaba ivyo mw'Isezerano rya Kera canke ivyo Mw'Isezerano Risha biggereranya imico yavvo n'iy'bihugu vyari bibakijke, kwari ukwidegemvyia gukomeye. Ibikorwa vyo gucungura hagati y'Isezerano rya Kera n'Isezerano Risha vyabandanirije kuri uwo murongo. Ni co gituma, ugutahura umuhari w'ugucungura /impwemu y'ugucungura ivuga ku kuvanaho burundi ubugurano. Ivyo ni vyo vyakozwe n'Abakristo baniganiye ko ubugurano bwovanwaho mu Bwongereza no muri Reta zunze ubumwe za Amerika mu kinjana ca 19. Igihe umuntu akoresha ibisomwa bivuga ku bugurano abigereranije n'akazi k'uyu musi, umuhari wo gucungura no gukiza ntikigarukira, ntighagararira ku gusaba "kwumvira" umukoresha wiwe afatiye ku bisomwa bivuga ku bugurano. "Ugukoresha ibisomwa nk'ivyo ntikwirengagiza ibigize ico gikorwa gusa gushika ku vyemewe n'amategeko yamara kandi cirengagiza ubudasa bw'urufatiro hagati y'ubugurano n'imigenderanire y'uyu musi iri hagati y'umukoresha n'umukozi. Itandukaniro rikomeye ni uko umugurano yari nk'igikoresho canke ikintu ca nyene kumugura tugereranije n'amasezerano y'imigenderanire igenga umukozi n'umukoresha wiwe. Mu masezerano y'iki gihe hagati y'umukoresha n'umukozi wiwe, ntidukwiriye kwigisha ukwumvira n'ukwubaha, ariko dukwiriye kwigisha yuko abakozi b'Abakristo bategerezwa gukurikiza amasezerano ari mu vyo basezeranye, bumvikanyeko mu buryo bwose bushoboka kugira ngo baheshe Imana icubahiro kandi bashingire intahe ubutumwa bwiza. Icongeyeko, ugutahura umuhari wo gucungura bisaba kwongera gukoresha ibigize igikorwa canke impwemu y'ibisomwa bivuga ku bugurano vyerekeye imico kama yari ibakijke, mu bihugu bibakijke. Bibiliya ihagararana, yegamiye cane n'ikintu cose kirondera kubohora umugurano, umworo n'abahohoterwa, n'abarenganywa. Iyi mpwemu ihumekera ubugingo abantu, yipfuza kuzanira akarusho no gutezurira abagurano mw'isi ya Kera, vyateregerezwa kugira ingaruka no kworohereza ab'iki gihe muri ukwo kurondera ko amategeko agenga akazi atunganywa neza. Abakristo b' abakoresha ntibakwiye na gato guhohotera no gukoresha ububasha bwabo kugira ngo barondere ko abakozi batanga umwimbu urengeye ariko bakwiye bakwiye guteza imbere urudandazwa rwabo mu buryo buhesha icubahiro kandi bwitaho inyungu z'abakozi nk'abantu kandi bagaha agashimwe gahagije abo bakozi nk'abantu mu nzira nziza zibereye. Amategeko agenga akazi amahera umukozi ategerezwa guhembwa, n'ubusumbasumbane hagati y'abatunzi n'aboro ni ibibazo impwemu yo gucungura itegerezwa kwitaho, igaragara mu vyakozwe bifatiwe kuri Bibiliya, bitegerezwa kugira ico bishitseko uko dukoresha ibi bisomwa muri iki gihe turimwo." (Webb 2001: 37-38) "umuhari wo gucungura" wa Bibiliya canke "impwemu y'ugucungura" imeza gurtuya:

X (umuco wa mbere)	=> Y (Bibiliya)	=> (umuco wacu)	=>Z (ivyemewe gukorwa ubwa mbere)
ubugurano hamwe no guhohoterwa kudasanzwe	ubugurano bworohejwe, bwahawe amategeko yoroheje abugenga	ubugurano buvanwaho burundi kandi abantu bagahabwa amategeko meza bakoreramwo	ubugurano buvanwaho burundi; amategeko meza agenga akazi; imishahara myiza ku bakozi bose; ukwumvikana no kubana mu mahoro, ukwubahana hamwe no kugira intumbero imwe mu bakozi bo ku nzego zose bagize ishirahamwe

b. *Abagabo barongorana*. "Hamwe tuvuze ku bisomwa vyerekeye abagabo barongorana muri ubu buryo bwa X=>Y=>Z, duca tubona umuhari utandukanye, twita umuhari ngenderwako uva kuri X ukaja kuri Y. Ivyanditswe vyerekana impwemu yo gucungura ige iyo mpwemu ikwegeye abantu b'Imana ku guheba Burundi igikorwa c'abagabo bahuza ibitsina canke barongorana umugabo ku mugabo. . . . Umuco wacu w'iki gihe [n'imiburiburi i Bulaya] bashobora gushirwa ku kubandanya uhererye kuri X (ibingana n'aho umuco kama wari uri ubwa mbere) canke kumbure mbere uhereye I bubamfu bw'urudome X mu gishobora kuboneka yuko ari inyifato ya 'W'. Kugira ngo dushobore gutahura iyo mpwemu yo gucungura uyu musi,

Abakristo bategerezwa kuguma basuzuma ingaruka mbi z'imico yo guhuza ibitsina abagabo ku bagabo canke kuriongorana abagabo ku bagabo kandi bagahagarika, bagahira ivomo igikorwa nk'ico mw'ishengero, canke bakarwanya bivuye inyuma igikorwa kigayitse nk'ico mw'ishengero, mbere naho ikibano coba cemera igikorwa kigayitse canke inyifato igayitse nk'iyo." (Webb 2001: 40) "Umuhari wo gucungura" wa Bibiliya canke "impwemu yo gucungura" imeze guryta:

[W] (umuco wacu)	=> X (umuco wa mbere)	=> Y (Bibiliya)	=> Z (ivyemewe gukorwa ubwa mbere)
Usa n'uwe meza rwose abagabo bubakana nk'umugabo n'umugore kandi nta nzitizi bashiraho	abantu barahigimanga mu kuyyemera yamara nta nzitizi bashiraho ku buhuza ibitsina ari umugabo ku wundi	Ugusuzuma kutemewe na gatoya kandi bashiraho inizitizi zo kutemera na gatoya ibikorwa vy'abagabo ku bandi guhuza ibitsina	Ugusuzuma kubi no kwiyamiriza igikorwa co guhuza ibitsina abagabo ku bandi yamara hakabaho ugutahura kunini hamwe n'impuhwe; gukoresha ukwagiriza no gutsindisha ababikora, mbere hakabaho n'ugukumira gukomeye abarongorana, abubakana buhuje igitsina ni ukuvuga umugore ku wundi n'umugabo ku wundi

### AHO TWAVYABUYE

- Arthur, Kay. 1994. *How to Study Your Bible*. Eugene, OR: Harvest House.
- Beale, G. K. 1999. *The Book of Revelation* (NIGTC). Grand Rapids, MI: Eerdmans.
- \_\_\_\_\_. 2004. *The Temple and the Church's Mission* (NSBT 17). Downers Grove, IL: InterVarsity.
- Blomberg, Craig. 1990. *Interpreting the Parables*. Downers Grove, IL: InterVarsity.
- \_\_\_\_\_. 1999. *Neither Poverty nor Riches* (NSBT 7). Nottingham, England: Apollos.
- Bullinger, E. W. 1968 (reprint). *Figures of Speech Used in the Bible*. Grand Rapids, MI: Baker.
- Caird, G. B. 1980. *The Language and Imagery of the Bible*. Philadelphia: Westminster.
- Carson, D. A. 1984. *Exegetical Fallacies*. Grand Rapids, MI: Baker.
- \_\_\_\_\_. 1991. *The Gospel According to John* (PNTC). Grand Rapids, MI: Eerdmans.
- \_\_\_\_\_. 1996. *Exegetical Fallacies*. 2<sup>nd</sup> ed. Grand Rapids, MI: Baker Academic.
- \_\_\_\_\_. 2009. *Preaching Apocalyptic*. Audio mp3. Accessed 3 December 2011 at:  
[http://thegospelcoalition.org/index.php?/resources/name-index/a/DA\\_Carson/topic/End+Times](http://thegospelcoalition.org/index.php?/resources/name-index/a/DA_Carson/topic/End+Times).
- Carson, D. A., and Douglas Moo. 2005. *An Introduction to the New Testament*, 2<sup>nd</sup> ed. Grand Rapids: Zondervan.
- Doriani, Daniel. 1996. *Getting the Message*. Phillipsburg, NJ: P&R.
- \_\_\_\_\_. 2001. *Putting the Truth to Work*. Phillipsburg, NJ: P&R.
- Fee, Gordon, and Douglas Stuart. 1982. *How to Read the Bible for All its Worth*. Grand Rapids, MI: Academie.
- Garlington, Don. Not dated. "Reigning With Christ (Revelation 20:1-6 In Its Salvation-Historical Setting)." Online:  
<http://www.mountainretreatorg.net/eschatology/reigning.html>.
- Goldsworthy, Graeme. 1991. *According to Plan: The Unfolding Revelation of God in the Bible*. Downers Grove, IL: InterVarsity.
- Green, Joel. 1984. *How to Read Prophecy*. Downers Grove, IL: InterVarsity.
- Grenz, Stanley. 1992. *The Millennial Maze*. Downers Grove, IL: InterVarsity.
- Hays, J. Daniel. 2001. "Applying the Old Testament Law Today." *Bibliotheca Sacra* 158: 21-25. Online:  
[http://www.biblicalstudies.org.uk/article\\_law\\_hays.html#top](http://www.biblicalstudies.org.uk/article_law_hays.html#top).

- Holwerda, David. 1984. "Eschatology and History: A Look at Calvin's Eschatological Vision." In *Readings in Calvin's Theology*, edited by Donald Kim, 311–42. Grand Rapids: Baker.
- \_\_\_\_\_. 1995. *Jesus and Israel: One Covenant or Two?* Grand Rapids, MI: Eerdmans.
- International Council on Biblical Inerrancy. 1978. *Chicago Statement on Biblical Inerrancy with Exposition*. Online: <http://www.bible-researcher.com/chicago1.html>.
- \_\_\_\_\_. 1982. *Chicago Statement on Biblical Hermeneutics with Commentary by Norman L. Geisler*. Online: <http://www.bible-researcher.com/chicago2.html>.
- Irons, Lee. Not dated. "Prophetic Idiom." Audio mp3. Accessed 19 July 2011 at: [http://www.upper-register.com/mp3/TUM/55\\_TUM\\_Prophets.mp3](http://www.upper-register.com/mp3/TUM/55_TUM_Prophets.mp3).
- Jackson, Wayne. 2001. "Examining Premillennialism." Online: <http://www.christiancourier.com/articles/322-examining-premillennialism>.
- Johnson, Dennis. 2007. *Him We Proclaim: Preaching Christ from All the Scriptures*. Phillipsburg, NJ: P&R.
- Kaiser, Walter, Peter Davids, F. F. Bruce, and Manfred Brauch, eds. 1996. *Hard Sayings of the Bible*. Downers Grove, IL: InterVarsity.
- Kevan, E. F. 1954. "The Covenants and the Interpretation of the Old Testament." *Evangelical Quarterly* 26: 19-28. Online: [www.biblicalstudies.org.uk/pdf/eq/1954-1\\_kevan.pdf](http://www.biblicalstudies.org.uk/pdf/eq/1954-1_kevan.pdf).
- Klein, William, Craig Blomberg, and Robert Hubbard. 1993. *Introduction to Biblical Interpretation*. Dallas, TX: Word.
- Knight III, George. 1992. *The Pastoral Epistles* (NIGTC). Grand Rapids, MI: Eerdmans.
- Koukl, Gregory. 2001. *Never Read a Bible Verse*. Online: <http://www.str.org/site/News2?page=NewsArticle&id=5466>.
- Ladd, George Eldon. 1972. *A Commentary On The Revelation Of Yohana*. Grand Rapids, MI: Eerdmans.
- \_\_\_\_\_. 1977. "Historic Premillennialism." In *The Meaning of the Millennium: Four Views*, edited by Robert Clouse, 17–40. Downers Grove, IL: InterVarsity.
- Lehrer, Steve. 2006. *New Covenant Theology: Questions Answered*. Steve Lehrer.
- Lysaught, M. Therese. 2005. "Practicing the Order of Widows: A New Call for an Old Vocation." *Christian Bioethics* 11: 51-68.
- Metzger, Bruce, and Michael Coogan, eds. 1993. *The Oxford Companion to the Bible*. New York: Oxford University Press.
- Oropeza, B. J. 1994. *99 Reasons Why No One Knows When Christ Will Return*. Downers Grove, IL: InterVarsity.
- Osborne, Grant. 1991. *The Hermeneutical Spiral*. Downers Grove, IL: InterVarsity.
- \_\_\_\_\_. 2002. *Revelation*. Grand Rapids, MI: Baker Academic.
- Owen, W. Stuart, P. A. Grist, and R. Dowling. 1992. *A Dictionary of Bible Symbols*. London: Grace.
- Payne, J. Barton. 1980 (reprint). *Encyclopedia of Biblical Prophecy*. Grand Rapids, MI: Baker.
- Poythress, Vern. 1993. "Genre and Hermeneutics in Rev 20:1-6," *Journal of the Evangelical Theological Society* 36: 41-54. Online: [http://www.etsjets.org/files/JETS-PDFs/36/36-1/JETS\\_36-1\\_041-054\\_Poythress.pdf](http://www.etsjets.org/files/JETS-PDFs/36/36-1/JETS_36-1_041-054_Poythress.pdf).
- Ramm, Bernard. 1970. *Protestant Biblical Interpretation*, 3<sup>rd</sup> rev. ed. Grand Rapids, MI: Baker.
- Ramsay, William. 1875. "Triumphus." In *A Dictionary of Greek and Roman Antiquities*, ed. William Smith, 1163-67. London: Yohana Murray. Online: [http://penelope.uchicago.edu/Thayer/E/Roman/Texts/secondary/SMIGRA\\*/Triumphus.html](http://penelope.uchicago.edu/Thayer/E/Roman/Texts/secondary/SMIGRA*/Triumphus.html).

- Roukema, Riemer. 2004. "The Good Samaritan in Ancient Christianity." *Vigiliae Christianae* 58: 56-74.
- Ryken, Leland. 2002. *The Word of God in English*. Wheaton, IL: Crossway.
- Stanley, Andy, and Lane Jones. 2006. *Communicating for a Change*. Colorado Springs, CO: Multnomah.
- Tegart, Brian. 1999. "Literal or Spiritual?" Accessed 5 June 2000 at:  
<http://www.tegart.com/brian/bibl/prophecy/spiritual.html>.
- Tiessen, Terrance. 1993. "Toward a Hermeneutic for Discerning Universal Moral Absolutes." *Journal of the Evangelical Theological Society* 36: 189-207. Online: [http://www.etsjets.org/files/JETS-PDFs/36/36-2/JETS\\_36-2\\_189-207\\_Tiessen.pdf](http://www.etsjets.org/files/JETS-PDFs/36/36-2/JETS_36-2_189-207_Tiessen.pdf).
- Travis, Intambuko hen. 1982. *I Believe in the Second Coming of Jesus*. Grand Rapids, MI: Eerdmans.
- Ulfgard, Håkan. 1989. *Feast and Future: Revelation 7:9–17 and the Feast of Tabernacles*. Stockholm: Almqvist & Wiksell.
- VanGemeren, Willem. 1990. *Interpreting the Prophetic Word*. Grand Rapids, MI: Zondervan.
- Walker, P. W. L. 1996. *Jesus and the Holy City: New Testament Perspectives on Jerusalem*. Grand Rapids, MI: Eerdmans.
- Waltke, Bruce. 1988. "Kingdom Promises as Spiritual." In *Continuity and Discontinuity: Perspectives on the Relationship Between the Old and New Testaments*, ed. Yohana Feinberg, 263-87. Westchester, IL: Crossway.
- Webb, William. 2001. *Slaves, Women & Homosexuals: Exploring the Hermeneutics of Cultural Analysis*. Downers Grove, IL: IVP Academic.
- Wells, Tom, and Fred Zaspel. 2002. *New Covenant Theology*. Frederick, MD: New Covenant Media.
- Willard, Dallas. 1997. *The Divine Conspiracy*. New York: HarperSanFrancisco.
- Wolvaardt, Bennie. 2005. *How to Interpret the Bible: A Do-It-Yourself Manual*. London: Veritas College.
- Young, Edward. 1952. *My Servants the Prophets*. Grand Rapids: Eerdmans.

### UMWANDITSI



Jonathan Menn aba I Appleton, WI, muri Reta zunze ubumwe za Amerika. Yaronse urupapuro rw'umutsindo mu vyirwa nya Politike muri kaminuza yo muri Wisconsin-Madison, aheza afise amaonta menshi cane, mu mwaka wa 1974, hanyuma aca ashirwa mu murwi witwa Phi Beta Kappa honor society. Hanyuma aronka ico bita J.D. kiva mw'ishuri y'amategeko y'I Kornell Law School, magna cum laude, mu mwaka wa 1977, hanyuma aca ashirwa mu murwi witwa Coif legal honor society. Yamaze imyaka 28 ari umushingwamaza, nk'uwwuserukira wa Reta, muri Chicago hanyuma ashinga ishirahamwe ryitwa Menn Law Firm muri Appleton, WI. Inyuma yaho yaciye akizwa aba intumwa, umwigishwa wa Yesu Kristo mu mwaka wa 1982. Yumva yipfuza kumenya vyinshi mu vyerekeye ijambo ry'Imana kandi no kugira ico akoze mu gikorwa c'Imana vyamutumye aja kunonosora amashuri y'ivyerekeye ijambo ry'Imana aho yaronse urupapuro ry'umutsindo muri nyigisho ndoramana muri kaminuza yo muri Trinity Evangelical Divinity School muri Deerfield, IL. Yaronse urwo rupapuro rw'umutsindo muri TEDS, summa cum laude, muri Rusama mu mwaka wa 2007. Hagati y'imyaka ya 2007-2013 yari umuyobozi w'ishirahamwe ryitwa Gushoboza abapasitori mw'isi yose. Ubu na ho Now Jonathan ni umuyobozi wo gushoboza abapasitori mu muryango wo muri Afirika y'Ubuseruko ([www.eclea.net](http://www.eclea.net)). Ibikorwa vyiwe vyinshi yanditse bikoreshwa mu gushoboza abapasitori mushobora kubisanga kuri uru rubuga ngurukanabumenyi [www.eclea.net](http://www.eclea.net). Jonathan ashobora kuboneka aha hakurikira kuwoshaka kuvugana na we: [jonathanmenn@yahoo.com](mailto:jonathanmenn@yahoo.com).

## IVYONGEWEKO A

<http://www.str.org/site/News2?page=NewsArticle&id=5466>

### ***Ntukigere usoma umurongo umwe gusa wa Bibiliya, Gregory Koukl***

Iyo haba hariho ubwenge na bukeya, itegeko rimwe gusa nokoresha, ubwenge bumwe notanga ku bantu, ikintu kimwe gusa nosigira abantu kizobagirira akamaro mu myaka yose basigaje kubaho coba ari igiki? Ni ubwenge ubuhe bufadika, bwoshirwa mu ngiro nize nk'Umukristo?

Ng'ubu hano: *Ntuze wigere usoma umurongo umwe gusa wa Bibiliya*. Ukwo ni ukuri, ntuze wigere usoma *umurongo* umwe gusa wa Bibiliya. Ahubwo, igihe cose pfuma usoma igice, ikigabane cose n'imiburiburi.

#### **Akenge nkoresha ndiko ndavugira kw'iradiyo**

Igihe ndiko ndavugira kuri Radiyo, nkoresha iri tegeko ryoroshe kugira ngo rimfashe kwishura ibibazo vyinshi nya Bibiliya mba mbajijwe, mbere n'igihe ntaba menyereye uwo murongo mba m, bajijwe. Nasanze bitangaje ingene ako kenge n'ubwo buhinga butanga inyishu nziza na we ushobora gukoresha.

Soma ico kigabane cose, sinsoma umurongo umwe gusa. Nca mfata ivyabanje kuvugwa hejuru n'ibivugwa hepfo y'aho uwo murongo uboneka. Kubera yuko ivyariko biraba n'ivyariho ari vyo bituma umurongo wandikwa uko wanditswe kandi bikawuha insiguro yawo, wisangije, nca ndawareka ukambarira ivyariko biraba.

Ibi birakora kubera iri ari itegeko ry'urufatiro mu guhanahana iviyumviro no kuganira kwose: insiguro iva hejuru ija hasi, ugahera ku vyiyumviro binini uja ku vyiyumviro bito bito, ariko ntibigenda mu buryo bunyuranye n'ubwo. Urupfunguruizo rw'insiguro iyo ari yo yose y'umurongo uwo ari wo wose iva mu kigabane kirimwo uwo murongo, ntivana n'utujambo dufatiwe utwakwonyene.

Ibiharuro biza imbere y'amungana bikanga abantu yuko imirongo yikwije ubwayo mu nsiguro yayo. Iyo mirongo ubwa mbere mu vyanditswe nya mbere ntiyarimwo na gato naho bovyiyumvira gurtyo. Ivyo biharuro vyagiye gushirwamwo haheze imyaka amajana n'amajana. Ikigabane n'umurongo usanga babihimburiye ahatar ho na gato, ugasanga bitandukanya, ibice, ibintu vyategerezwa gufatirwa hamwe.

Ubwa mbere, banza wihoze iyo mirongo canke ivyo biharuro biza imbere y'imirongo hanyuma ugerageze kurondera ivciyumviro nyamukuru udafatiye ku mirongo. Hanyuma ugerageze kugabanya ico urabirako. Ntibigoye kandi ntibitwara umwanya muremure. Bifata umwanya mutoya n'ukwiweza ingene ico gisomwa cubatswe.

Hera ubwa mbere ku co igitabu cose kivuga, ku ciyumviro nyamukuru c'ico gitabu. Mbega ico gitabu ni bwoko ki, kivuga kuri kahise, ni imvugo ndoheramatwi, canke ni umugani? Mbega ico gisomwa mu bisanzwe kivuga ku biki? Mbega iciyumviro nyamukuru umwanditsi yanditse ni ikihe?

Banza wirengagize imirongo hanyuma urabe aho wohagararira muri iyo nkuru herekana ingene iviyumviro nyamukuru bikurikirana. Baza, "muri iki kigabane canke muri uyu murwi w'ibigabane ni iki kituvunira akagohe ku nsiguro y'umurongo?"

Hariho igituma uwu mwimenyerezo mutoya ari nkenerwa, ngirakamaro. Amajambo afise insiguro zitandukanye bivanye n'ibiriko biravugwa (ibi ni vyo Bizana imvugo ndyoheramatwi). Igihe dufashe umurongo tuwukuye mu yindi, insiguro imwe ishobora kuba ari yo twumva canke tubona. Yamara none insiguro y'ukuri twoyibona twoyimenza gute? Imfashanyo ntishobora kuva mu kazinduzi. Utuzinduzi kenshi dutera habaho ibindi bibazo; tukaduha insiguro nyinshi n'ivyo tworondereramwo insiguro vyinshi, ntituduha insiguro nke. Imfashanyo itegerezwa kuva ahanti hegereye: ikigabane kibonekamwo iryo jambo.

Dufatiye ku vyariko biravugwa muri ico kigabane, urashobora kugabanya uko wahora ubibona, uko wahora ubifata, hanyuma ukagerageza kurondera insiguro y'uwo murongo ubwawo. Uwo murongo gerageza kuwuvuga mu majambo yawe.

Ubwa nyuma, kandi ibi ni simusiga, raba yuko ivyo wavuze mu majambo yawe vyosubirira uwo murongo muri ico gisomwa. Mbega ivyo wavuze birajanye, birahuye n'iciyumviro nyamukuru?

Aka ni uburorero keza k'ukugene hariho ubuhinga bwo kuvuga umurongo mu majambo yawe.

## Yesu, Umuremyi ataremwe

Muri Yohana 1:1 umwanditsi yavuze mu buryo bufobotse yuko “Jambo yari Imana.” Ku murongo wa gatatu ashiraho ikindi kintu co gushigikira ivyo yavuze. Yohana yanditse ati, “vyose vyaremwe na we, mu vyaremwe vyose nta kintu na kimwe kitaremwe na we.”

Yohana avuga ibantu bimwe mu nzira zibiri zinyuranye kugira ngo ashimangire iciyumviro ciwe kandi ashire mwo n’umuco, abantu babitahure neza: ikintu cose cigeze kubaho cakomotse kuri Jambo ari na we yatumye kibaho. Nimba Jambo ari we yatumye ivyaremwe vyose bibaho, nta nkeka ko yabayeho *imbere* yuko ivyo vyose vyaremwe bibaho. Ni co gituma, Jambo ataremwe. Yesu ni umuremyi ataremwe, ni Imana.

Abo bahakana ubumana bwa Kristo batanga urwo rwitwazo nubwo biri uko. “Rindira gatoya, Greg. Ntiwasomye uwo murongo neza witonze. Hari ico utabonye muri ico gisomwa. Raba ayo majambo avuga ngo ‘nta kintu na kimwe kitaremwe na we.’ Intumwa yakuyemwo Yesu mu vyaremwe. Iyo uvuga uti, ‘nkuyemwo, canke ndetse Billy, umuryango wose ugiye i Disneyland’ ntiwoba usiguye yuko Billy Atari muri uwo muryango, kiretsye yuko ataharuwe mu bagiye i disneyland. Abantu bose bagize uwo muryango bagiye i Disneyland *ndetse, canke havuyemwo* Billy wenylene. Muri iyo nzira nyene, ivyaremwe vyose vyaremwe na Yesu *ndetse* Yesu Ubwiwe. Yehova yaremye Yesu ubwa mbere, hanyuma Yesu arema ibindi bantu vyose. Yesu si Imana.”

Raba neza urwo rwitwazo rufatiye ku gusubiriza “nta kintu na kimwe kitaremwe na we” n’amajambo “ndetse Yesu wenylene.” Tuvuge yuko vyose bivuga kimwe. nta ngorane, reka tugerageze kubisubiririza turabe ikivamwo, turabe ingene bigenda. Uwo murongo rero uca uvuga ibisa gurtaya: “*Ndetse Yesu wenylene*, nta na kimwe cabayeho cabayeho.”

Hamwe ubwonko bwawe bwoba buriko buriyumvira kuri ibi ingene bimenana umutwe ntivyontangaza. Iryo ryungane duhejeje kwubaka iredy ryungane duhejeje kwubaka nta na kimwe rivuze. Mu vy’ukuri, bisigura yuko Yesu ari we kintu caremwe yabayeho. Ongera usome uwo murongo wirabire. Uko biboneka, iredyngane “nta kintu na kimwe” ntirishobora gusigura “ndetse Yesu wenylene.” Aya mungane ntavuga ibantu bimwe, ntasigura ibantu bimwe.

“Ndetse Yesu wenylene” gisigura ikintu gitandukanye rwose. Risigura “nta kintu na kimwe.” Ni co kimwe no kuvuga, “Tutari kumwe ntimushobora gushika i Disneyland. Ni jewe mfise umuduga.” Ndetsye ivyavuye kuri Yesu nta kindi kintu na kimwe kiriho cabayeho. Kubera iki? Kubera yuko Yesu ari Umuremyi. Yesu ni Imana. Ivyo ni vyo bifise insiguro irashe.

Reka ndabahe ubundi burorero.

## Kubigiramwo “amahoro”

Kol 3:15 ni igisomwa kenshi Abakristo badatahura na gato. Paulo yandika ati, “Kandi amahoro ya Kristo aganze mu mitima yanyu.” Bamwe baravuze yuko ijambu ry’Ikigiriki “aganze” risigura ko ari ugukora nk’umuhagarikizi w’urukino canke umucamanza. Babona uwu murongo nk’igikoresho co kumenya no gusuzuma ubugombe bw’Imana mu bugingo bwacu.

Ukwiyumvira tumenyereye kugenda gurtaya. Igihé umuntu ari imberé y’ibantu bibiri canke birenga ategerezwa guhitamwo, akwiye kubanza gusenga. Hamwe yumvise “amahoro” mu mutima wiwe, aca abandanya akabikora. Hamwe atumvise amahoro mu gukora ico kintu, ntakwiye kubandanya canke gufata iyo nzira. Uku kwumva amahoro y’imberé mu mutima gukora nk’umucamanza bigufasha gufata ingingo bijanye n’ubugombe bw’Imana. Mu yandi majambo twobivuga durtya: “Kandi mureke ibishobisho vy’amahoro yanyu mu mitima yanyu abe ari vyo bibacira urubanza ku vyerekeye ubugombe bw’Imana ku bugingo bwanyu.” None Paulo ico ni co cari icipfuzo ciwe, ni co yasigura?

Aka ni uburorero k’ukugene ukumenya Ikigiriki bishobora gutera ingorane iyo tutabanje kumenya no gutahura igituma ivyanditswe vyanditswe uko vyanditswe. Ijambo “amahoro” mu bisanzwe rifise insiguro zibiri zitandukanye. Rirashobora gusigura amahoro y’imberé mu mutima no kugira umutima uri hamwe, uri mu nda no mu bihe bigoye. Paulo asa n’uwari afise iki ciyumviro mu mutwe igihe yandikira Flp 4:7: “Maz’amahoro y’Imana aruta uko yomenywa n’umuntu wese, azoshibamira imitima yanyu n’ivyiyumviro vyanyu muri Kristo Yesu.” Aya ni yo mahoro rero avugwa.

Iryo jambo kandi rirafise ico risigura mu buryo bwumvikana. Rimwe na rimwe risigura ko ata ngorane canke imivurungano canke ukutumvikana kuriho hagati y’imirwi ibiri yahora irwana. Iyi ndangurakintu y’ijambo amahoro ni yo Paulo afise mu mutwe muri Rom 5:1: “None rero, ko twatsindanishirijwe n’ukwizera, dufise amahoro ku Mana kubw’Umwami wacu Yesu Kristo.” (raba neza itandukaniro riri hagati y’amahoro y’Imana n’amahoro n’Imana muri iyo mirongo ibiri.)

None Paulo yavuga amahoro ameze gute igihe yandikira ab'I Kolosayi? Ikigiriki ntikiduha ikintu na kimwe kubera iryo jambo nyene ni ryo ryakoreshejwe muri ivyo bice vyose bitatu bitandukanye. Ubugira kandi, ico yafatiyeko ni co gikuru. Insiguro y'ukuri, nyamukuru nta handi ishobora kuva atari mu bigize iyo mirongo ikikuje iryo jambo ryavuzwe.

Ku murorngwa 11, Paulo avuga yuko mu mubiri wa Yesu Kristo nta macakubiri ariho hagati y'Abagiriki n'Abayudaumugurano n'uwidegemvya. Yahanuye abantu ko bakwiye kuba umwe mu mubiri wa Yesu ugengwa n'uguharirana , uguca bugufi kandi n'ubwitonzi. Yongera akongerako yuko ukwumvikana ("amahoro") ari vyo bitegerezwa kuba itegeko rigenga imigenderanire yacu.

Paulo yari afise ihangiro ry'amahoro mu mutwe wiwe ngaha bisigura ko ata gukwegana kurimwo, ko ari amahoro, ko ata mburano ziri hagati y'Abakristo ntiyavuga kwiyumanganya no kwiremarema ko hari amahoro m haima w'umukristo w'umuntu.

Ibi bica bicika ibigaragara igehe dushize hamwe ayo majambo yavuzwe mu bundi buryo n'ibizungurutse, icatumye, ivyariho vyatume umwanditsi yandika:

Mwambare umutima w'ikigongwe, w'imbabazi, w'uguca bugufi, w'ubwitonzi n'ukwihangana; mwihanganirana kandi muharirana uwufise ico apfa na mugenzi we; nk'uko Umwami yabahariye abe ariko namwe mubarirana, muharirana. Kandi inyuma y'ivyo vyose mwambare urukundo, ari wo mugozu uzana ubumwe. Kandi mureke ibishobisho vy'amahoro yanyu mu mitima yanyu abe ari vyo bibacira urubanza ku vyerekeye ubugombe bw'Imana ku bgingo bwanyu, ayo mwahamagariwe mu mubiri umwe kandi mufatanije no gukenguruka.

n'uyu wundi murongo

Mwambare umutima w'imbabazi, ikigongwe, uguca bugufi, ubwitonzi n'ukwihangana; mwihanganirana, muharirana, uwufise ico apfa na mugenzi we; nk'uko Uhoro, Umwami yabahariye, namwe abe ariko muharirana. Kandi inyuma y'ibi bintu vyose, mwambare urukundo, ari rwo mugozu w'ubumwe, kandi mureke ukubana neza, atari umuryano, kube ari kwo kubagenga, ukwo mwahamagariwe mu mubiri umwe, kandi mwame mukenguruka.

Ivyo vya mbere binyuranye neza n'ivyariko biravugwa hamwe n'icatumye umwanditsi yandika; ico ca kabiri kiremezanya kandi kirahwana neza n'ibantu vyose biza imbire n'ibiza inyuma. Dufatiye ku b'i Kolosayi 3, nta hantu na hamwe hatuvunira urugohe rwo gukoresha ibishobisho, ibishika canke ibigumbagumba vy'imbire mu mutima nk'ikidodo c'ijuru co kwemeza ivyo tuba duhisemwo. Guhitamwo kw'umuntu ku giti ciwe si co ico gisomwacanke ico gice kivuga. Amahoro, n'umubiri umwe ni vyo bigize ico gisomwa.

### **"Ni nashirwa hejuru"**

Yohana 12:32 ni uwundi murongo aho amajambo ashobora kugira insiguro zibiri zinyuranye cane. Si ikidasanzwe ku barongozi b'ugutzira no guhimbaza ko bafatira kuri aya majambo ya Yesu: "Nanje ni namanikwa hejuru y'isi, nzokwikwegerako bose."

Dushira "hejuru" Umwami igehe tumuhaye icubahiro, tukatura ubwiza bwiwe. Igihe duhanze amaso Yesu tukamuha icubahiro, ububasha bwa Kristo buca burekurwa kugira ngo buhingure, buhindure imitima y'abariko barumviriza, y'abateze amatwi kandi baca bakwegerwa kuri we. Iyi ni yo nsiguro umurongozi w'abaririmvyi aba afise mu mutwe yamara ivyo si vyo Yesu yariko aravuga.

Igihe dukoresheje ico gipimisho c'ayo majambo mu kwongerako umurongo uca ukurikira, duca turonka ibintu bimeze gertya: "'Kandi, ni nashirwa hejuru imbire y'abantu, bizokwegera abantu bose kuri Jewe.' Yamara yariko aravuga ibi kugira ngo yerekane urupfu yari agiye gupfa" (Yohana 12:32-33).

Ahaaa. Gushira hejuru Yesu bizotuma apfa? Si ko ndavyibaza. Aha ntitwobikekeranya na gato. Muri iki gihe,gushirwa "hejuru" vyasigura ata nkekakubambwa.

Gutahura iri ryungane canke aya majambo dufatiye ku catumye umwanditsi yandika bishira mwo umuco ku yandi majambo nyene tumenyereye, Yohana 3:14-15: "Kandi nk'uko Mose yamanitsw inzoka ku giti [akayimanika mu kirere] mu bugararwa,ni ko n'Umwana w'Umuntu akwiye kumanikwa [kumanikwa mu kirere] kugira ngo uwumwizera wese ahabwe ubugingo budashira."

Dukoresheje ca gipimisho cacu vyoca Bizana ibisa gertya: "Kandi nk'uko Mose yamanitse inzoka mu bugararwa, ni ko n'Umwana w'Umuntu akwiye kubambwa kugira ngo uwumwizera wese ahabwe, aronke ubugingo budashira."

Ibi ni vyo bifise insiguro irashe. Yesu yategerezwa kubambwa imbere yuko agakiza gashobora gutangwa, kuboneka, ikintu codushikana neza ku murongo ukurikira, umurongo uzwi cane n'abantu benshi mw'isi werekeye agakiza: Yohana 3:16.

Reka tugerageze uwundi murongo.

### **“Intama zanje zumva ijwi ryanje”**

Abantu benshi barakoreshheje uwu murongo Yesu yavuze muri Yohana 10 kugira ngo berekane ubushobozi abakristo baronse bwo “kwumva” ico Imana ibabarira. “Kwumva ijwi ry’Imana” birafatirwako cane ko ari ikintu canke ubwenge bukomeye cane bufasha abakristo kubaho. Tuvuge yuko, iki ari ikintu cirwa, cimenyerezwa uko abantu bakura muri Kristo Yesu. Bituma umuntu yumva ubugombe bwa Yesu mu bihe ivyo ari vyo vyose uko abandanya, agenda “yumva” ijwi rya Yesu.

Yesu ntiyigeze agira iciyumviro nk’ico mu mutwe wiwe igihe yavuga ayo majambo. Ivyo ndabizi kubera amajambo hamwe n’ivyariko biraba imbere n’inyuma y’ayo majambo ya Yesu n’insiguro irashe Yohana yatanze mu ntango y’iki gice. Ku murongo wa 6, Yohana avuga neza ko igihe Yesu avuga ko intama ziwe “zumva ijwi ryiwe” ariko arakoresha imvugo ngereranyo.

Ijambo “ijwi,” rero, ntirishobora kuba risiguro akajwi k’imbere mu mutima kubera ikintu nticigera gikoreshwa ubwaco nk’ikigereranyo. Ni ishusho y’ *ikindi kintu*. Yesu ategerezwa kuba yariko aravuga ku mvugo ngereranyo, ku kindi kintu kanaka iryungane “zumva ijwi ryanje” riagarariye. Ico na co ni igiki?

Ico yafatiyeko ni co cerekana iyo nkuru. Yesu avuga ati, “Intama zanje zirumva ijwi ryanje, kandi ndazizi, na zo zikankurikira,” hanyuma yongerako ati, “kandi ndaziha ubugingo budashira” (27-28). Raba ingene bigenda birakurikirana: Intama ziwe zumva ijwi ryiwe. Ziramukurikira iyo azihamagaye. Na we aca azisha ubugingo budashira. Kwumva ijwi rya Yesu ni imvugo ngereranyo yerekana igikorwa ca Mpwemu Yera adukwegera ku gakiza. Ivyo bidushikana ku gakiza si ingaruka y’agakiza. Ibi bikoreshwa hano kubatari abakristo batandikiwe ubwami, si abakristo baja barashitse mu bwami.

Ibi ni vyo vyumvikana neza dufatiye ku vyariko biravugwa muri ico gice cose. Abayuda ntibari bafise ingorane zo *kwumva* amajambo ya Yesu. Barazi ivyo Yesu ariko *aravuga*. Ingorene zabo ni uko batamwakirana *ukwizera*. Kubera iki Abayuda “batumva” Yesu ngo bamwakirane *ukwizera*? Yesu arbitubarira neza. “Ntibumva” kubera ko Imana itariko “iravugana” na bo. Ntibari mu ntama Imana yahaye Umwana (26).

Ijwi rivugwa ngaha si ka kajwi kongorera, akajwi gatoya kerekeye iyo Imana igomba gutumbereza abakristo, yamara ni umuhamagaro wa Mpwemu Yera uhamagara abanyavyaha ubahamagarira ku gakiza.

Iryungane ryacu ry’igipimo ryodufasha ubugira kandi risa guryta:

Ntimwizera, kuko mutari intama zanje. Abakristo bakuze mu kwizera barafise ububasha bwo kwumva iyo ndabarongorera mu bugingo bwabo bwite kandi bakavyubaha, bakavyubahiriza, kandi ingaruka ni uko ndabaha ubugingo budashira kandi ntibazokwigera bapfa rubi, kandi nta n’umwe ashobora kubashikura mu maboko yanje. Data yabampay, arengeye bose na vyose....

n’uyu wundi murongo

Ntimwizera, kuko mutari intama zanje. Abo Data yampaye, intama zanje ni abo bumva bakumvira ubutumwa bwanje kandi bakanyizera kandi nk’ingaruka, ndabaha ubugingo budashira kandi ntibazokwigera bapfa rubi; kandi nta n’umwe ashobora kubashikura mu kuboko kwanje. Data, yabampaye, arakomeye kurusha bose....

Abashigikiye ico ciyumviro ca mbere babona ko agakiza gakomoka ku bubasha bwo kuganira n’Imana. Abashigikiye iciyumviro ca kabiri babona ko agakiza gakomoka kuri Data ari na co Yesu avuga muri iki gisomwa.

Kuri Yesu, “kwumva ijwi” ry’ Imana si ubwenge buhanitse umuntu ategerezwa kuronka kugira ngo yugurure imihora bavuganiramwo na Data. Ni imvugo ngereranyo. Kwumva ijwi rya Yesu si kwo gutuma umuntu amenya ico Imana igomba ku muntu. Ni ugukizwa. Ni ingaruka z’uko Data akwegera abanyavyaha mu maboko ya Yesu.

### **Umukate w’imisi yose?**

Ibi bitera kwibaza ibibazo vyerekeye ugu soma ijambo ry’Imana umusi ku musi ryubaka ubutumwa bwubakiye ku murongo umwe gusa. Mu vyiyumviro vyanje, imfashanyo nk’izo birashobora kutwugurura amaso, yamara birafise aho bigarukira.

Yamara iciza, izo ngorane zirashobora gutorerwa umuti twibutse itegeko ngenderwakoryacu: *Ntukigere usoma umurongo*

*umwe gusa wa Bibiliya.* Ahubwo, soma igice cose n'imiburiburi. Imisi yose wame wiyumvira ku vyariko biraba muri ico gihe, n'icatumye uwandika yandika ivyo yanditse. Raba ingene iciyumviro gikura n'ingene agishikiriza. Hanyuma rero ubone kwiyumvira no kumara umwanya kuri iryo jambo canke kuri uwo murongo.

Wibuke yuko iciyumviro kiva hejuru kikamanuka, uhoreye ku gikuru ukamanuka ku gito. Ukwiyumvira ku gisomwa ca Bibiliya bivuye mu butumwa bwavuzwe canke ku kuganira n'Imana mu masengesho birashobora kwubaka umuntu, bikamutera intenge, bikamukomeza. Si ubutumwa bw'ico gisomwa bubimutera, ubwo butumwa bushobora kuba bubuze ububasha bwa Bibiliya naho ivyo uwo muvuga butumwa yoba yavuze, canke yasubiyemwo amajambo avuye mw'ijambo ry'Imana.

Hamwe wokora iki kintu kimwe, hamwe wosoma neza ufatiye ku vyariko biraba ukoreshheje ihame ry'ayandi majambo mu majambo yawe uzoca utangura gutahura Bibiliya nk'uko Imana ivyipfuza, yabigenye. Udafatiye ayo majambo muri rusangi, ukayafatira ku kajambo kamwe gusa nta nkeka ko uzoyoba, uzozimira.

Igihe conyene uba uzi ingene ijambo ry'Imana ryanditswe bafatiye ku vyari biriho mu mico kama no mu gihugu vyandikiwemwo ico gihe ni ho ushobora guhindurwa no guhingurwa na vyo. Agace kose gaca kagira inkomezi igihe gakoranye na Bibiliya yose.

Ico ni co cirwa nyamukuru nize ...kandi ni co kintu conyene numva nokwigisha.

**Ku bindi vyo gusoma muri kazoz:**

Russell, Walt Playing with Fire How the Bible Ignites Change in Your Soul. Colorado Springs: NavPress, 2000.

Koukl, Gregory "The Perils of Prooftexting," *Solid Ground*, Sept-Oct 1999.

Sire, James *Scripture Twisting*. Downers Grove: InterVarsity Press, 1980.

Carson, D.A. *Exegetical Fallacies*. Grand Rapids: Baker, 1984.

Fee, Gordon, & Stuart, Douglas *How to Read the Bible for All It's Worth*. Grand Rapids: Zondervan, 1982.

©2001 Gregory Koukl. Reproduction permitted for non-commercial use only. For more information, contact Stand to Reason at 1438 East 33<sup>rd</sup> St., Signal Hill, CA 90755. (800) 2-REASON (562) 595-7333. www.str.org

## **IVYONGEWEKO B**

### **KWIGA BIBILIYA UKORESHEJE IBIBAZO KUGIRA NGO USHOBORE KUVUGA UBUTUMWA UKORESHEJE BIBILIYA**

Greg Scharf, Associate Professor of Pastoral Theology,  
Trinity Evangelical Divinity School<sup>9</sup>

"Ntumbaze ikibazo na kimwe, nanje sinzokubwira ukuri na kumwe."

**Ivyiyumvirwa:**

- kwiga neza igisomwa ni ikintu kiza imbere ya vyose iyo umuntu agomba kwigisha mu bwizigirwa afatiye ku vyanditswe muri ico gisomwa. Ingene twiga igisomwa bigira ingaruka ku kugene twigisha.
- kuraba neza ivyariko biraba mu gisomwa birashobora kworoshwa no kubaza ibibazo vyo gutahura ico gisomwa. Ibibazo vyinshi birashobora kudufasha gutahura igisomwa; bimwe biradufasha cane iyo turiko turategura kwigisha ku gisomwa.
- Ntidushobora kwigisha mu bwizigirwa igisomwa kiretse iyo tuzi ibirengeye ivyo ico gisomwa kivuga. Dutegerezwa kugerageza kuvumbura, kumenya ico ico gisomwa kigomba gushikako n'ukugene ico gisomwa kizoshika ku co kigomba gushikako.

**Ibibazo twohanura abantu ko bobaza (harimwo n'ibibazo bibiri ngenderwako Haddon Robinson yabajije)  
vyungiriza ivyo na we ushobora kuba uriko uribaza:**

<sup>9</sup> Dr. Scharf ni we arongoye igisata ca Department of Pastoral Theology at Trinity Evangelical Divinity School, Deerfield, IL. Ni we yanditse *Prepared to Preach (Kwitegurira Kwigisha)* (Christian Focus, 2005). Ibi biri muri iki gitabu vyakoreshejwe hamaze kuba uruhusha rukomoka kuri Dr. Scharf. Hariho utuntu duto duto twahinduwe na Jonathan Menn abanje guhabwa uruhusha na Dr. Scharf.

### 1. Ngaha dufise iki? (mbega iki gisomwa kiriko kirakora iki?)

- Itegeko
- gushikiriza ivyabaye, ukuganira, isengesho
- gusubiramwo ibantu ku mutwe vyerekeye ugucungura kw'Imana
- ukugabisha
- Imburi, "Uku ni ko Uhoraho agize"
- insiguro yo mw'ijuru
- Uburorero
- Igishingantahe•
- . Ukwatura
- Ugutakamba
- Ibiba hagati
- Icerekana kahise k'ugucungurwa
- ugucura intimba
- ugutera intege canke uguhanura
- ukuronda ibisekuruza, inkomoko y'umuntu
- indamukanyo canke umuhezagiro
- Indirimbo

### 2. Iki gice kivuga ku ki, cerekeye iki?<sup>10</sup> (Iciyumviro canke icipfuzo nyamukuru muri iki gisomwa ni ikihe?)

Nk'uburorero, iki gisomwa ahanini cerekeye:

- ugusenga
- ukwizera
- ukwumvira
- inyigisho
- ubugumutsi
- ugusenga ibigirwamana, ibishushanyo
- ubwoba
- umunezero
- ubutegetsi, reta
- inzira z'Imana
- canke ibindi vyiyumviro vyinshi

### 3. Umwanditsi ariko aravuga iki kuri iki kintu?

Mu kwishura ico kibazo dukwiye:

- Kwitegereza no kuraba ikindi kintu (conger ku co twibaza ko umwanditsi yariiko aravugako) canditswe muri iki gisomwa.
- Vuga mu ncamake ivyariho igihe ico gisomwa candikwa ubifatiye ku bivugwa muri ico gisomwa.
- Rondera ingene ibindi bintu bivugwa muri ico gisomwa bijanye n'ivyo ubona ko bigize ico ugomba kwigishako.

### 4. Mbega Mpwemu Yera yipfuza ko abasoma ico gisomwa bokuramwo iki, bokwifata gute? (Kubera iki Mpwemu Yera yabonye ko ari vyiza ko iki gisomwa candikwa mw'Ijambo ry'Imana?)

Nk'uburorero, Mpwemu Yera arashobora kugomba gusigura ibantu kanaka:

- Kwihana
- Kwizeria Imana
- Kwatura ivyaha; kwatura Kristo
- Ikintu cose c'ibantu kanaka vyo kwumvira.

### 5. None iki gisomwa gikwegera gute umusomyi canke uwugisoma ku kugira inyifato gishaka ko agira?

Iki kibazo gishingiye ku kutwerekeza guhangamaso ku kugene igisomwa kiri imbere y'amaso yacu canditswe mu buryo bw'uko kidushikana ku ntumbero candikiwe. Tumaze kumenya ivyo, turashobora gutegura insiguro n'ubutumwa bwacu dukoresheje uduce tugize ico gisomwa ubwaco kugira ngo dushike ku ntumbero yatumye ico gisomwa candikwa. Nk'uburorero, turashobora kubona:

- amajambo avugwa aguma agaruka
- ingene umuntu atsindagira iciyumviro ciwe
- uburorero, bwiza na bubi
- gutinya Imana gufatiye ku ngaruka mbi zoshikira uwutokwubaha ibivuzwe
- kwerekana inyungu z'ukwizera zishikana ku kwumvira
- bivugwa, uburorero, **1 Abam 12:15**
- guhamagara no kwiningira abantu

<sup>10</sup>Haddon Robinson muri *Kwigishiriza muri Bibiliya: Umutumba*.

- gukoresha bimwe mu mvugo kanaka. Nk'uburorero, imvugo ndyoheramatwi irashobora gukoresha ikigereranyo canke uburorero canke iryungane, amajambo adashobora kwibagirwa kugira ngo ubwenge bw'abavyumva ntibuzogere buvyibagira, uburorero, **Zab 84:3**, havuga ku kanyoni kironkeye inzu ku bicaniro vy'Uhoraho, nyen'Ingabo.

**6. None iki gisomwa giterera iki kw'ishusho nini yo gucungura, y'agakiza?**

- vyerekeza kuri Kristo gute?
- Biboneka he mu nkuru ya Bibiliya?
- vyagize ingaruka izihe ku bavyumvise ubwa mbere, ku babisomye ubwa mbere?

**VYONGEWEKO C**

[http://www.biblicalstudies.org.uk/article\\_law\\_hays.html#top](http://www.biblicalstudies.org.uk/article_law_hays.html#top)—*Bibliotheca Sacra* 158: 629 (2001): 21-35

**Gukoresha Ivyagezwe vyo mw'Isezerano rya Kera uyu musi, J. Daniel Hays<sup>a</sup>**

[p.21]

Abakristo bokoresha gute ivyagezwe vyo mw'Isezerano rya Kera? Nta nkeka ko ivyagezwe n'amabwirizwa nya Mose ari ngirakamaro, kuko bigize igice gikomeye c'ivyahishuwe vy'Imana vyanditswe. Ariko Isezerano rya Kera ririmwo ivyagezwe vyinshi n'amategeko menshi atangaje abasoma muri iki gihe, uyu musi (uburorero, "ntimuze mutekeshe umwagazi w'impene amata ya nyina," Kuvayo. 34:26; "Ntihaze hagire uwambara impuzu ijishwe mu nyuzi z'ubwoko bubiri," Abalewi. 19:19; "Impuzu zanyu mwambara muze muzitere ubuyonga mu mitwe yazo uko ari ine," Gus. 22:12).<sup>1</sup>

Abakristo bararenga kensi ivyagezwe vyo mw'Isezerano rya Kera (uburorero, "Ntihaze hagire izinamukoba yamabarana impuzu n'izinamuhungu, canke ngo hagire izinamuhungu yambarana n'izinamukoba: kuko ukoze ivyo wese aba abaye ikizira k'Uhoraho Imana yanyu," Gus. 22:5; "Umuntu wese muri mwebwe aze avire hasi umaze kuyenzura imvi, yubahe umutama, antinye jewe Imana yiwe: ni jewe Uhoraho" Abalewi. 19:32; "Injurube, kuko naho ifise inzara ziri n'umwanya hagati, ariko ntijuza: nay o ni igihumanya kuri mwebwe, inyama zavyo ntimuze muzirye, n'imivimba yavyo ntimuze muyikoreko," Gus. 14:8).

Ikindi, naho abizera bagerageza kwirengagiza amabwirizwa n'ivyagezwe vyinsghi vyo mw'Isezerano rya Kera, harimwo ayandi bemera, cane cane ivyagezwe cumi, nk'ivyagezwe ngenderwako ku myifato y'abakristo (uburorero, "Kunda mugenzawe nk'uko wikunda," Abalewi. 19:18; "Ntukice," Kuv. 20:13; "Ntugasambane," Gus. 5:18).

Kubera iki Abakristo bemera bakumira ku vyagezwe bimwe ariko ibindi bakavyirengagiza? None ni ivyagezwe ibihe bigikurikizwa kandi ni ibihe bitagikurikizwa? Abakristo bensi ba kin gihe bahitamwo ivyo bakwirikiza n'ivyo birengagiza bafatiye ku kugene itegeko canke icagezwe kanaka kigifise akamaro canke ko ata kamaro kigifise. Nta nkeka ko ukwo guta batora ata kintu na kimwe bafatiyeko canke ihame bafatiyeko mu gusigura ivyagezwe vyo mw'Isezerano rya Kera ntibafashe na gato. None abakristo bakwiye gusigura bate ivyagezwe?

[p. 22]

**Uko bahora babikora kera**

Abanyabwenge bensi b'abavugabutumwa basigura Ivyagezwe nya Mose mu gutandukanya amategeko agenga imibereho y'abantu, umwifato hamwe n'ayagenga imigenzo. Budondora bukerekana amategeko ajanye n'inyifato, ingeso co kimwe n'ayo yerekana ukuri kw'ibihe vyose ku bijanye n'intumbero y'imana y'ukugene umuntu yategerezwa kwifata no kwigenza. "Kunda mugenzawe nk'uko wikunda" ni uburorokeza kerekana ingene abantu bakwiye kwifata, kwigenza no kubaho. Ivyagezwe bigenga imibereho y'abantu ni ayo mategeko yerekana ingene Abisirayeli bategerezwa kugengwa n'ayo mategeko, harimwo n'ikibazo c'amatongo, ubutunzi, hamwe n'abagiriraniye nabi. Uburorero k'icagezwe kigenga imibereho y'abantu ni Gus 15:1 , "Uk'umwaka ugira indwi wose utashe, muze mwame muheberanira imyenda." Amategeko y'imisi mikuru yerekeye ibimazi, imisi mikuru, hamwe n'ibikorwa vy'abaherezi. Uburorero ni Gusubira mu Vyagezwe 16:13, hagegeka Abisirayeli "kugira imisi mikuruy'insago kumara imisi ndwi, ni mwaheza kubika imihure mwahuriye ku mbuga, no kwengura vino zo mu mato yanyu."<sup>2</sup>

Dufatiye ku vyo abo basomyi bavuze, amatandukaniro ariho hagati y'amategeko agenga imiziro, igihugu hamwe n'ayagenga imigirwa ni nkenerwa cane kubera yuko ukwo kubitandukanya bituma abizera bamenya nimba itegeko, ibwirizwa canke icagezwe kanaka kibaraba, kiberekeye. Amategeko agenga igihugu, dufatiye ku vyaba no ku kubisigura, vyari ivyo gukwirikizwa n'abantu bose, kandi n'ibihe vyose. Ayo mategeko aracakwirikizwa n'abakristo bose n'uyu musi. Amategeko agenga abantu n'ibantu hamwe n'amategeko agenga imisi mikuru ku rundi ruhande, yakoreswa ku gihugu ca Isirayeli ya Kera yonyene. Ntakoreshwa ku bakristo bose uyu musi.<sup>3</sup>

Yamara, ukwo gusigura bibiliya kwa kera kurafise ivyo guhajije bitari bike, kandi ntikwerakana ukugene babaga igisomwa kugira ngo bagikuremwo ivyangombwa.<sup>4</sup> Iyo nzira ifise ivyo ihajije kubera ibi bikurikira.

## Ayo matandukaniro ntiyisunga uburyo kanaka

Amatandukaniro ari hgati y' amategeko yerekeye imiziro, igihugu n'imisi mikuru ariho ataco yisunze, ashirwa ku gisomwa nk'ivyaduka, atabanje guitarirwa. Isezerano rya Kera ubwaryo ntiryerekana na gato amatandukaniro nk'ayo. Nk'uburorero "kunda mugenzawe nk'uko wikunda" (Abalewi. 19:18) hakwirikirwa atakibanje gucamwo n'umurongo ukurikiraw'icagezwe canke itegeko rivuga rit "Ntihaze hagire uwambara impuzu ijishwe mu nyuzi z'ubwoko bubiri" (19:19).<sup>5</sup> Hamwe umurongo wa 18 utegerewza gukoreshwa gurtyo nyene kandi ni ko biri, umurongo wa 19 wo nta kibanza ugifise uyu musi? Ico gisomwa nta na hamwe cerekana ko habayeyo ukwimuka ku kugene amategeko asobanurwa kuri iyo mirongo ibiri. Umuntu yofatira ku ki mu guhitamwo canke mu kuvuga ko umurongo canke itegeko canke icagezwe kanaka gikoreshwa ku bantu bose canke ibihe vyose mbere no ku bakristo muri iki gihe rukristo igehe itegeko rikurikira uwo murongo nyene ridakwirikizwa? Amategeko menshi yerekeye imiziro, igihugu n'imisi mikuru arabangabanganywe, agakurikirana muri iyo mirongo atabanje guitarirwa canke ngo yerekane iyo akorotse ava, canke ngo yerekane ko yerekeye ivyo twavuze, nta tandukaniro ririho ryerekanye n'uko akwiye gukurikizwa uyu musi canke ko adakwiye gukurikizwa uyu musi.

Vyongeye, biragoye kenshi na kenshi kumenya aho canke urwego itegeko kanaka ririmwo, aho itegeko kanaka ryegukira.<sup>6</sup> Kubera ivyagezwe vya Mose vyagenga imigenderanire y'Imana na Isirayeli, nta nkekka ko vyari bigize ukumenyesha, n'ugutahuza Imana. Ivyagezwe vyose vyarimwo ibituma abantu b'ico gihe batahura Imana. None itegeko kanaka ryoba ryerekeye ryerekeye umuziro ariko ataco gutahuza Imana ririmwo? Nk'uburorero itegeko dusanga mu Balewi 19:19 "Ntihaze hagire usukiranya imbuto z'imryango ibiri mu ndimiro yiwe, ntihaze hagire uwambara impuzu ijishwe mu nyuzi z'ubwoko bubiri". Kimwe mu vyiyumviro nyamukuru dusanga mu gitabu c'Abalewi ni ukwera kw'Imana. Ivyo Imana yavuze mu gitabu c'Abalewi igice ca 19 bibanzirizwa n'icagezwe kivuga kiti, "Mube abera kuko Uhoraho Imana yanyu na we ari uwera." Kimwe mu bintu nyamukuru bigize iki ciyumviro ni inyigisho z'uko ivyera bitegerezwa kuvangurwa no kudasukiranya n'ivyanduye. Naho insiguro y'ibi vyagezwe vyo kudasukiranya imbuto z'ubwoko bubiri hamwe no kudasukiranya inyuzi z'ubwoko budasa mu kujisha impuzu vyoba bidasobanuritse, bidatahuritse canke ngo bisigurike nez, nta mkekka ko bifatiye ku kwera kw'Imana. Ahubwo mbere amategeko yose yerekeye Abalewi yo gutandukanya ivyera n'ibitera bifatiye ahanini kw'ihame rikomeye ry'ukwera kw'Imana no gutandukanya ivyera n'ibitera kubera ukwo kwera kw'Imana. None iryo tegeko ryoshobora gute kuba ridafatiye ku muziro, ku mugenzo?<sup>7</sup>

[p.24]

Mbere no mu vyagezwe cumi, uburorero bugaragara kurusha ubundi bwose bw'amategeko agenga abantu, bugizwe n'ugutandukanya ingorane z'imibano, amategeko agenga abantu n'ivyabo, n'amategeko agenga imisi mikuru. Nk'uburorero, mbega itegeko rigenga isabato rijanye n'amategeko agenga abantu n'ivyabo canke ayerekeye I misi mikuru? Nimba ibiri muri ayo mategeko ari vyo bifatirwako kugira ngo tuyashire muri iyo mirwi itatu, itegeko ryerekeye isabato, ari na ryo ryagenga ingene Abisirayeli batazira Imana, ni itegeko ryerekeye imisi mikuru ariko ntiryerekene abantu n'ibantu. Yamara nimba ibigize ayo mategeko atarico gifatirwako kugira ngo dutandukanya ayo mategeko, none twoca dufatira ku ki?? Nimba aho iryo tegeko riri muri ayo mabwirizwa cumi ari co twofatirako ku vyerekanyne n'amategeko agenga abantu n'ibantu, rero hategerezwa kuba hariho ubwoko bubiri bw'amategeko: (a) ivyagezwe cumi, ayo na yo akaba ategerezwa gukurikizwa hose kw'isi yose kandi ibihe vyose kandi agakoreshwa ku bakristo bose nk'amategeko agenga abantu n'ibantu, hamwe (b) n'ibindi vyose bisigaye vyerekanyne n'Ivyagezwe, bidashobora gukoreshwa uyu musi. Ni ibinyakuri ibi na vyo nyene ntibikunda, ntivyemerwa kuko bitemerera abizera kudakoresha Abalewi 19:18, "Kunda mugenzawe nk'uko wikunda," ico Yesu yavuze ko ari ibwirizwa rya kabiri rikomeye. Kuvana Abalewi 19:18 mu yindi mirongo iyikikuje hanyuma ukavuga yuko ari itegeko rigenga abantu n'ibantu bisaba yuko ibigize ibwirizwa bifise uruhara rukomeye mu gutandukanya ayo mabwirizwa. Nimba rero ibigize ibwirizwa ari co dukwiye gufatirako, ni uko amategeko ajanye n'Isabato ategerezwa kuba ay'imisi mikuru.

Ikindi, naho abakristo benshi bavuga yuko amategeko ajanye n'Isabato ari amategeko agenga abantu n' ibantu vyabo ni nk'uko vy'ukuri ata n'umwe ayubaha canke ngo ayashire mu ngiro. Kuja gusenga ku w'Imana, ku wa Mungu, uwa mbere w'imisi ndwi, ntibishobora na gato kuvugwa ko ari ukwubaha ivyagezwe vy'Isabato. Mose ntiyari kuba yaremeye ko uwa mbere w'imisi ndwi usubirira umusi ugira indwi. Icongeyeko, kwumvira ivyasabwa ku musi w'isabato kwari ukugira ico ukoze kurusha ukuja gusenga gusa mw'isengero. Mu gitabu co Guharura umuntu yarishwe kubera yegeranije udukwi ku musi w'Isabato (Guh. 15:32–36). Ni co gituma itandukaniro riri hagati y'amategeko agenga abantu n'ivyabo, amategeko yerekanyne imisi mikuru hamwe n'amategeko yerekeye imibano asa n'ayaboneka nk'uko yapfuye gushirwaho yamara adafatiye ku biba vyanditswe. None Abakristo bakwiye gukoresha ayo matandukaniro ataho ashingiye kugira ngo bamenye ingene bayashira mu ngiro kandi ari ibantu bihambaye?

### **Ivyo dufatirako vy'amategeko bitegerezwa kuba biri muri ivyo bisomwa bibivugako kandi bitegerezwa gusobanurwa, gusigurwa uko nyene**

Ivyerekanyne ibivugwa ku mategeko y'Isezerano rya Kera ntibipfa kuza kamwe kamwe kirebanga. Ahubwo, Ivyagezwe vya Mose vyubakiye kuri kahise ka Isirayelui ko kumenya Imana. Ahubwo bigize iyo nkuru nyene ubwayo guhera mw'Itanguriro 12 gushika muri 2 Abami 25. Ivyagezwe vyerekanyne n'ivyagezwe ubwavyo, bimwe usanga umengo ntaco bisa bisana, ariko ugasanga ari ingeso n'inyifato ifata abantu bose kw'isi yose. Ahubwo, vyerekanyne nk'ibigize inkuru

y'ukugene Imana yacunguye Abisirayeli ibakuye mu gihugu ca Egiputa hanyuma ikabashira mu gihugu c'Isezerano nk'abantu bayo.

Nk'uburorero ibifatirwako nk'amategeko ngenderwako mu gitabu co Kuvayo vyanditswe mu bice vya 20–23. Iki kigabane, iki gice, ni co usangamwo Ivyagezwe Cumi. Yamara, ibivugwa bikikuje ivyo bice, canke iyafatiweko muri ivyo bice bitegerezwa kubanza kwiyumvirwako. Ibice vya mbere cumi n'icenda vyose bivuga ku nkuru y'Abisirayeli bari mu [p.25] buja mu gihugu ca Egiputa n'ugucungurwa kwabo guciye mu bikorwa bikomeye, bihambaye Uhoraho yakoze. Iki gice kivuga ku guhamagarwa, umuhamagarwa wa Mose, n'ukugene yahangaye mu buryo budasanzwe Farawo. Cerekana inkuru y'ivyago vyabaye muri Egiputa, vyasozerewe n'ugupfa kw'icitwa impfura cose c'Abanyegiputa. Hanyuma Mose akura Abisirayeli muri Egiputa abacisha mu kiyaga Gitukura, abajabukana ikiyaga Gitukura. Iyo nkuru ivuga ku rugendo rwabo rwo mu bugararwa gushika ku kwezi kwa gatatu inyuma yo kuvayo, kuva muri Egiputa, Abisirayeli bashika ku musozi Sinayi, aho Imana yabahamagariye kwinjira mu migenderanire y'isezerano (Kuv. 19). Ivyagezwe Cumi mu Kuvayo 20 hamwe n'amategeko n'ivyagezwe vyakwirikiye mu Kuvayo 21–23 na vyo biri mu bigize iyi nkuru nini.<sup>8</sup>

Igitabu c'Abalewi na co nyene kivugwa mu buryo bw'inkuru ishingiye ku kugene bahwanye n'Imana ku musozi Sinayi (Abalewi. 26:46; 27:34). Ivyagezwe vyo mu gitabu c'Abalewi vyerekana wa nk'ibigize ikiganiro cabaye hagati y'Imana na Mose. Gukoresha ico kiganiro ni kwo kugize urufatiro rw'yo nkuru. Ico gitabu gitangurirwa na, "Uhoraho ari mw'Ihemery'Ibonaniro ahamagara Mose." Amajambo "Uhoraho abarira Mose" aguma agaruka kenshi muri ico gitabu cose. Vyongeye Abalewi hagizwe n'ibiringo vyerekana ukugene ibantu vyagiye bikurikirana,<sup>9</sup> vyerekana ingene inkuru yabandanje, ari na co cerekana ukubara inkuru.

Igitabu co Guharura candurira iyo nkuru mu mwaka ugira kabiri bamaze kuva mu gihugu ca Egiputa (Guh. 1:1) kandi kikerekana urugendo rw'Abisirayeli n'ukuyerera, kujuragirika mu bugararwa kwabo mu myaka 40 yakurikiye (33:38). Ikintu nyamukuru kigize ico gitabu ni Abisirayeli bashiburira kure isezerano ry'Imana, isezerano ry'Uhoraho mu bice vya 13 na 14. Uku kutumvira ni kwo kwatumye bajuragirika, bayerera mu bugararwa nk'uko vyanditswe muri ico gitabu. Ahantu henshi muri iyo nkuru Imana ishikiriza Isirayeli ayandi mategeko canke ibindi vyagezwe vyongera ku vyo yaja yarabahaye. Nk'uko biri mu Kuvayo no mu Balewi, Ivyagezwe biri mu guharura na vyo bifatiye ku bigize iyo nkuru.

Inkuru itangurira igitabu co Gusubira mu Vyagezwe itangurana n'ukwezi kwa cumi na rimwe kw'umwaka wa 40 inyuma yo kuvayo, kuva mu gihugu ca Egiputa (Gus. 1:3), imbere yuko Abisirayeli binjira, bashika i Kanani. Ico kibanza barimwo kiravugwa neza ico ari co,—hakuno y'uruzi Yorodani (1:1, 5). Isirayeli yari ahejeje imyaka mirongo ine y'ukujuragirika no kuyerera mu bugararwa nk'ighano kubera ukwanka kwinjira mu gihugu. Ubu rero urunganwe rusha rware rumaze gukura, kwaruka, kandi Imana ica yongera kubabwira isezerano yari yagiriraniye n'abavyeyi babo mu myaka mirongo ine yari iheze, ihaciye. Vyinshi mu bigize Gusubira mu Vyagezwe ni amajambo Mose yabariye Abisirayeli ayatumwe n'Imana. Ayo majambo afatanye n'iyo nkuru kubera yuko yerekanyo n'ico gihe nyene, n'aho hantu bari bari kandi n'ababarirwa nk'uko iyo nkuru ibibara. Vyongeye, impera y'igitabu irimwo ibantu bitagizwe n'amategeko, ahubwo ibigize inkuru: ugushirwaho kwa Yosuwa nk'umurongozi (31:1–8), indirimbo ya Mose (32:1–47), umuhezagiro wa Mose ahezagira imiryango (33:1–29), hamwe n'urupfu rwa Mose (34:1–12). Ikirenzeko, ivyabaye mu Gusubira mu Vyagezwe birabandanya no gushika mu gitabu ca Yosuwa, aho inkuru ibandanya atakiyahagaritse.

Ivyagezwe, nta nkeka ko ari inkuru yo mu bitabu bitanu vya Mose kandi ahanini ifatiye ku kuvayo kw'Abisirayeli, ukuyerera mu bugararwa, hamwe n'ukugene barwaniye ighugu. Kimwe mu gusigura Ivyagezwe categerezwa gufatira kuri ibi. Gushira hamwe ibisomwa n'ivyariko biraba ni uburyo bukomeye mu gusigura. Ivyagezwe ni igice c'yo nkuru kandi iyo nkuru ni yo itanga ukugene ibantu vyari bimeze mu gusigura Ivyagezwe. Uburyo bwo gusigura Ivyagezwe vyo mw'Isezerano rya Kera bwategerezwa kuba bumwe n'ubwo gusigura inkuru zo mw'Isezerano rya Kera kuko Ivyagezwe bigize iyo nkuru.

Mbega ibi biragabanya ububasha n'ubushobozi bw'igisomwa? Mbega abakristo barakwiriye kwishira musi y'Ivyagezwe imbere yuko biyumva ko bahamagarirwa kwumvira ivyanditswe? Mbega inkuru mu vyanditswe zirafise ububasha nk'ubwo Ivyagezwe? Guha Ivyagezwe vya Mose ububasha burengeye ubw'ibigenga abantu n'ivyabo bw'abakristo kurusha ibindi bice vyo mu nkuru zo mw'Isezerano rya Kera ni nko kwishiriraho igitabu mu kindi. Ni co kimwe no kuvuga yuko ibigize amategeko bitegerezwa gusobanurwa no gusigurwa mu buryo bumwe n'ibigize inkuru nta nkeka ko bitagabanya ububasha, ubushobozi bw'ijuru bw'Ivyanditswe. Igihe abigishwa bamyoza ingano kw'Isabato, Abafarisayo bareze abigishwa ko barenze Ivyagezwe vy'Isabato (Mariko 2:23–28), kubera yuko kwimbura kw'Isabato canke kumyoza ingano kw'Isabato vyari bibujijwe mu Kuvayo 34:21. Yamara, Yesu yarashigikiye ukwo kurenga ivyagezwe vy'Isabato mu kuvuga igice c'inkuru muri 1 Samweli 21:1–9. Mu vy'ukuri Abafarisayo baramunebaguye bakoresheje ido n'ido ry'Ivyagezwe, yamara Yesu yabishuye aokesheje amahame akomoka mu nkuru.

## **Uburyo bwo gusigura bwa kera irirengagiza ico ivyagezwe vyari bishingiyeko**

Imana nta nkeka yashizeho ivyagezwe mu buryo bw' imigenderanire ivuga iti, “None rero ni mwamwumvira vy’ukuri, mukitondera isezerano ryiwe, muzomubera inyegu yiharije” (Kuv. 19:5). Abantu baremera ko ivyo Uhoraho avuze vyose bazobikora (24:3), maze Mose yemeza iryo sezerano ariterako igikumu akoreshheje kumija amaraso abantu, ababarira ati Ngayo amaraso y’isezerano Uhoraho asezeranye namwe, nk’uko ayo majambo yose ari (24:8). [p.27] Igice gikomeye c’iri sezerano ryari isezerano ry’Imana, camnke ukwiyemerera kw’Imana kwo kuzogerera no kuzoba hagati y’Abisirayeli. Ibi birashimikirwako kenshi cane mu gice ca nyuma c’igitabu co Kuvayo (25:8; 29:45; 33:14–17; 40:34–38). Icongeyeko c’uko Imana izobana n’abantu ni inyigisho canke ukubarira Mose kwubaka Isandugu n’ihema, aho Imana izogerera, ikibanza Imana izobamwo hagati mu bantu bayo (Kuv. 25–31, 35–40). Igitabu c’Abalewi rero ni urukurikirane rw’igice ca nyuma co Kuvayo, kubera Abalewi herekana ukugene Isirayeli itegerezwa kubana n’Imana iri hagati mu b’Isirayeli, mu bantu bayo, bakaba inyegu yiharije. Mbega bakwiye kuyifatako gute, kuyigtwarako gute, kuyegera gute? Mbega bakwiriye kugenza gute icaha co ku giti c’umuntu n’icaha c’igihugu cose imbere y’Imana year igerereye hagati muri bo? Mbega bakwiye gutazira gute iyo Mana Yera, Igorotse, ihambaye, igerereye hagati muri bo? Igitabu c’Abalewi kiratanga inyishu kuri ivyo bibazo, kigatanga ingendo nziza n’intumbero nziza zo kubana n’Imana biciye mw’Isezerano rya Mose.

Inyuma yuko Isirayeli yanse kwinjira mu Gihugu c’Isezerano (Guh. 13–14), Imana yaremereye urwo runganwe ko rupfa. Hanyuma yongera arongorera abantu muri Kanani. Yamara imbere yuko binjira yabahamagariye gusubira kugaruka kw’isezerano bagiriraniye n’Imana. Gusubira mu Vyagezwe havuga kuri uwo muhamagaro musha wo kugaruka kw’Isezerano Imana yagiraniye na Isirayeli imbere yo kwinjira mu Gihugu c’Isezerano. Gusubira mu vyagezwe havuga ido n’ido y’ivymvikanywe bizotuma Isirayeli iba mu Gihugu c’Isezerano neza kandi kigahezagirwa n’Imana.

Nta nkeka rero ko Ivyagezwe bifatiye ku Vyagezwe vya Mose. Hariho ibintu vyinshi vyiza ku vyerekeye Isezerano rya Mose, ni na co gituma dukwiye kubihanahanako iviyumviro.

*Ubwa mbere, Isezerano rya Mose ryerekereye n’Abisirayeli barwanira Igihugu c’Isezerano bakacegukira bakakigereramwo, bakakibamwo. Isezerano rya Mose si isezerano riri mu kirere, rifise ahantu ryabereye kandi si isezerano ry’isi yose, canke ry’abantu bose bo kw’isi yose. Ryerekana ukugene ibintu bitegerezwa kugenda no gukurikizwa, rikerekana n’ukugene Abisirayeli bategerezwa kwegukira no kugerera mu gihugu c’Isezerano bakamererwa neza, bakabaho neza, Imana igerereye hagati muri bo, muri ico Gihugu c’Isezerano. Hariho isano rinini riri hagati y’Isezerano n’Igihugu kandi ivyo birashimikirwako cane kenshi mu Gitabu co Gusubira mu Vyagezwe.<sup>10</sup> uku gusa kuri hagati y’Ivyagezwe n’Igihugu kuguma kugaruka mu kwerekana itandukaniro riri hagati y’amategeko agenga abantu n’ibintu, imyifato n’ingendo, ingeso hamwe n’amabwirizwa, amategeko canke ivyihanikirijwe bigenga imisi mikuru. Ikindi, ugutakaza ico gihugu mu mwaka wa 587 imbere y’Ivuka rya Yesu kurafise ingaruka zikomeye nyinshi z’ukugene Ivyagezwe vyateregezwa gusigurwa no gufatwa, kubera yuko ivyo Vyagezwe vyasigura ingene imigisha izoba ku bantu bari mu Gihugu c’Isezerano. Ikindi, igihe Isirayeli yajanwa ari inyagano mu gihugu c’i Babuloni, Abisirayeli baciye batakaza ukugerera kw’Imana mu ngoro (Ezk. 10). Kugumana igihugu hamwe n’ubugerero bw’Imana mw’Ihema no mu Ngoro ni ibintu bibiri bikomeye bigize Isezerano rya Mose. Igihe abari bajanywe ari inyagano bagaruka mu gihugu cabu [p.28], ntibasubiye mu gihugu cabu ibintu bikimeze uko vyari bimeze imbere yuko bambukanwa ari inyagano. Imigisha yavugwa mu Gusubira mu Vyagezwe 28 ntiyorongeye kubaho mu buryo bw’uko yasigurwa, yashikirijwe canke yavuzwe mu gice ca 28 co Gusubira mu Vyagezwe – ukwihira no kwizana mu vya politiki, mu ntwaro, mu gusumba abandi mu buryo bw’ubutunzi ku mahanga yandi abakikuje, mu buryo bwo kuruta abandi mu vya gisirikare babakikuje mu karere barimwo, hamwe n’ibindi vyinshi—vyongeye mbere nta nahe tubona havugwa ko Imana yoba yaragarutse kugerera mu ngoro, mu buryo bunyuranye n’ibice bitari bike imbere yahoo vyavuga ku kugene Imana yari igerereye mw’Ihema, Itaberakuro (Kuv. 40:34–38) hamwe n’Ingoro (1 Abami 8:9–10; 2 Ngo. 7:1–2). Nta nkeka ko ibintu bitari bikimeze uko vyari bimeze imbere yuko bajanwa ari inyagano, bakambukanwa.*

*Ubwa kabiri, imigisha tubona mu Vyagezwe vya Mose yari ifise ico ishingiyeko. Mu Gusubira mu Vyagezwe Imana yaramenesheje Abisirayeli ko kwumvira no kuyoboka isezerano arivyo bizozana, bikabahesha imigisha, yamara ko kutumvira iryo sezerano bizobakwegera guhanwa, n’imivumo. Gusubira mu Vyagezwe 28 ni igice nyamukuru cerekana ingene Ivyagezwe bitegerezwa kwitonderwa. Imirongo ya 1–14 ivuga ku migisha izoba kuri Isirayeli ni yumvira, ikitonderra ibivugwa mu majambo agize iryo Sezerano (Ivyagezwe vya Mose), imirongo ihera kuri 15–68 yerekana ingaruka zikomeye n’ amakuba akomeye canke ibihano bikomeye bizobashikira niyo batumvira amajambo agize iryo Sezerano. Icongeyeko ni uko urwo rufatangane ruri hagati y’Isezerano n’Igihugu hamwe n’ukugene imigisha ifatiye kuri iryo Sezerano biri hamwe nk’uruvange rudashobora gusobanurwa mu Gusubira mu Vyagezwe (30:15–18).*

*Ubwa gatatu, Isezerano rya Mose ni isezerano ritagikoreshwa. Isezerano Risha riremeza yuko Isezerano rya Mose ritagikoreshwa nk’isezerano rigifise ico rivuga. Abaheburayo 8–9 haravyerekana neza yuko Yesu yaje nk’Umuhuza w’Isezerano ryasubiriye, ryavanyeho isezerano rya Kera, isezerano ryashaje. “Mu kwita iri sezerano ‘risha,’ yari asazishije irya mbere” (Heb. 8:13). Ni co gituma Isezerano rya Mose ritagikoreshwa canke ngo ribe rigifise ico rivuga nk’Isezerano. Ibi bifafise ingaruka zikomeye ku muntu mu gutahura Ivyagezwe. Ivyagezwe vy’Isezerano rya Kera vyarerekana ukugene Isirayeli yashobora kuronka no kwakira imigisha mu gihugu biciye mw’Isezerano rya Kera rya (Mose). Rero nimba*

Isezerano rya Kera ritagifise ico rivuga, ritagikoreshwa, none vyoshoboka gute ko ivyagezwe, amabwirizwa n'amategeko yaryo yoba agikoreshwa gute, canke agifise ivyo avuga? Nimba isezerano rya Kera ryarashaje, mbega n'amabwirizwa, amategeko, ivyagezwe canke ivyhanikirijwe vyaryo vyovyo ntibitegerezwa guca bibonwa nk'ibishaje?

Paulo aravuga kenshi yuko abakristo batakiri musi y'Ivyagezwe vy'Isezerano rya Kera. Nk'uburorero mu b'i Galatiya 2:15-16 yanditse ati, "Ariko tuzi yuko umuntu adatsindanishirizwa n'ibikorwa bishinzwe n'ivyagezwe, ariko atsindanishirizwa no kwizera Yesu Kristo." Mu ba Roma 7:4 Paulo avuga ati, "Gukoranywa n'umubiri wa Kristo kwatumye mucika abapfuye ku vyagezwe." Muri Galatiya 3:25 avuga ati, "Arik' ukwizera ko kwaje, ntitukirerwa n'umurezi ari vyo vyagezwe." Paulo arahambarira cane abakristo basubira ku vyagezwe vy'Isezerano rya Kera, Isezerano ryashaje. Nimba rero hariho itandukaniro hagati y'ivyagezwe, amabwirizwa n'ivitonderwa bijanye n'abantu n'ivyabo, inyifato, ingeso hamwe n'imisi mikuru, ntivyari kuba ibisanzwe ko Paulo avyirengagiza. Ikindi, iyo amategeko agenga abantu n'ibantu yategerezwa gutahurwa nk'uko afatiye ku biba mw'isi yose, nta nkeka ko Paulo na we ari yo yategerezwa gukoresha n'imiburiburi nk'urufatiro rw'inyifato n'ingeso y'abakristo. Yamara nk'uko Goldingay avyerekana, [p.29] Paulo "mu bisanzwe ntatifa ku nyigisho yiwe yerekeye inyifato n'ingeso kuri uru rufatiro yamara abifatira ku kamere k'ubutumwa bwiza, ku kurongorwa na Mpwemu Yera, hamwe n'imigirwa canke ivyo amashengero akora."<sup>11</sup>

None amajambo ya Yesu yo muri Matayo 5:17 yotahurwa canke yosobanurwa gute? Yavuze ati, "Ntimugire ngo naje gusenyura ivyagezwe canke amajambo y'abavugishwa n'Imana. Sinaje kubisenyura, naje kubishitsa." Mbega Yesu na Paulo baranyuraniye, bavuze ibinyuranye, ibidas? Na mba na gato, haba na gato. Ubwa mbere, amajambo "ivyagezwe n'abavugishwa n'Imana" bifatiye kw'Isezerano rya Kera ryose. Ni co gituma muri uyu murongo Yesu ntayariko aravuga ku Vyagezwe vya Mose gusa. Ubugira kabiri, ukwo kunyuranya ntikuri hagati yo "gusenyura" no "kuvyitondera," yamara ni hagati yo "gusenyura" no "kubishitsa." Yesu ntiyigeze avuga yuko aje kwitondera Ivyagezwe canke gukurikiza Ivyagezwe; ahubwo yaje kubishitsa. Ijambo *plērōō* ("gushitsa") riboneka incuro nyinshi muri Matayo, kandi mu bisanzwe risigura, "kubishitsa ku nsiguro yavyo vyari bifise bigitangwa." Yesu ntayariko aravuga yuko Ivyagezwe vyategerezwa kuboherwa ku bizera b'isezerano risha. Iyo vyaba bimeze birtyo, Abakristo b'uyu musi bari gusabwa gukurikiza ivyagezwe n'amategeko yerekeye ibimazi hamwe n'amategeko yerekeye imisi mikuru co kimwe n'amategeko ajanye n'abantu n'ivyab, kandi ivyo nta nkeka ko vyokwonona ibindi bice vyo mw'Isezerano Risha.

Yesu yariko aravuga yuko ataje gukuraho ivyiza vy'ukugororoka vyasabwa n'Ivyagezwe, yamara yaje gushitsa ivyo vyiza vy'ukugororoka vyasabwa n'ivyagezwe. Nk'ikiringo nyamukuru c'iki kintu ca kahise k'agakiza canke ko gucungura, Yesu yashikije ivy'ubugororotsi vyose vyasabwa n'ivyagezwe hamwe n'ivy'ivijiji vy'ubuhanuzi bwose hamwe n'abavugishwa n'Imana. Vyongeye, Yesu yari umusiguzi, Umusobanuzi wa nyuma kandi akaba Nyenububasha hejuru y'Ivyagezwe hamwe n'insiguro yavyo, nk'uko ibindi bice canke ibisomwa vyo muri Matayo bivyerekana. Yesu yongeye kuvuga kuri bimwe vyo mu vyagezwe vyo mw'Isezerano rya Kera (19:18-19), kandi ibindi na vyo yarabihinduye, aravyungurako (5:31-32). Ibindi na vyo arabikomeza (5:21-22, 27-28), kandi ibindi na vyo arabihindura cane (5:33-37, 38-42, 43-47). Ivyagezwe bimwe yarabivanyeho burundu (Mariko 7:15-19). Yesu ntayariko aravugira ukubandanya kw'imigenzo y'Abayuda ku kugene bagenza ibantu n'ingene bita ku Vyagezwe. Vyongeye ntayariko arasaba ko Ivyagezwe vyovanwaho burundu. Yariko aratangaza ko insiguro y'Ivyagezwe yosigurwa mu muco w'umuzo wiwe kandi no mu muco w'impinduka zikomeye zazanywe n'Isezerano Risha.<sup>12</sup>

[p.30]

### Indunduro

Ivyagezwe bibohewe kw'Isezerano rya Mose, iryo na ryo rikaba rijanye n'ubuzima bwa Isirayeli ari mu gihu c'isezerano hamwe n'imigisha ivana nuko babayeho bumvira Uhoro mu gihu. Abakristo ntaco basa basana n'ighugu, kandi ntaco basa basana no guhezagirirwa mu gihu c'isezerano c'i Kanani yo mw'isi. Vyongeye Isezerano rya Mose ryarashaje, ryasubirijwe n'Isezerano Risha. Ni co gituma Ivyagezwe vya Mose, ikintu kinini kigize Isezerano rya Kera, kitagifise akamaro nk'Ivyagezwe ku bakristo, ku bizera muri iki c'ishengero.

Ni co gituma uburyo bwa kera bwo gusigura Ivyagezwe vya Mose, bwagabanganya ivyagezwe mu turwi turwi; amategeko agenga abantu n'ivyab, amategeko agenga imisi mikuru n'amategeko agenga inyifato, ingeso bifise ivyo bihajije bitatu: ubwa mbere ntaco bishingyeko, bapfa kubishira mu mirwi ataco bisunze, kandi nta gisomwa na kimwe gishigikiye iyo mirwi babishiramwo, vyiyobagiza icatumye vyandikwa n'igihe vyanditswe hamwe n'ico vyandikiwe, kandi ubwa nyuma ntibishobora kugaragaza ingaruka zikomeye z'ihinduka ry'Isezerano rya Kera mw'Isezerano Risha. Ubu buryo rero bwo gusigura Ivyagezwe si bwiza nk'inzira irashe yo gusobanura, gukoresha no gushira mu ngiro ivyagezwe.

### Inzira twotanga

None Abakristo bokoresha, bokwirikiza uburyo, inzira iyahé mu gusigura no gusobanura Ivyagezwe vyo mw'Isezerano rya Kera? Dufatiye kuri ubwo buryo bwo gusobanura, inzira bokoresha itegerezwa (a) idahushagirika, ifata ivyanditswe vyo mw'Isezerano rya Kera vyose nk'Ijambo ry'Imana, (b) idashingiye kugupfa gushira ibisomwa mu mirwi ataco ifatiyeko, itari yo, (c) igaragaza ivyariko biraba n'ukugene Ivyagezwe vyanditswe, kukabishira mu nkuru idonda ivyabaye mu bitabu bitanu vya Mose, (d) bugaragaza ukugene Ivyagezwe vyari yerekeye ukumenyesha Imana, kandi ko (e) butanyuranye,

bujanye n'inyigisho z'Isezerano Risha.

Inzira yose iza ishiramwo ivyo vyose tuvuze zitwa ukugendera ku *mahame*. Abantu benshi b'abavugabutumwa barakoresheje ubu buryo bwo gusigura Ivyagezwe cane nk'inzira batoye yo gusigura Isezerano rya Kera.<sup>13</sup> Akamaro k'ubu buryo ni uko bushoboza canke butuma abanyeshuriba Bibiliya canke abasomyi ba Bibiliya badahushagirika igehe bariko barasigura ibisomwa vyo mw'Isezerano rya Kera. Nta kamaro ko gushira mu mirwi ivyagezwe mu buryo buhushagirika, mu buryo bw'ibikunda n'ibidakunda.

[urupapuro rwa 31]

Iyi si inzira yo mu vyiyumviro gusa, Yamara ni inzira ishoboka ishobora gukoreshwa n'abanyabwenge, abantu basanzwe, co kimwe n'abanyeshuri. Inguvu zayo aho zihagaze ni uko yoroshe kandi idahushagirika. Ukujogajoga kwayo na kwo ni uko ishobora kworosha ibantu ibitoroshe mu gutanga insiguro itari yo. Mbega hoba hariho uburyo bwo kugira habe icokwongerwako kuri ubu buryo ngo bugabanye intege nke zabwo canke bugabanye ukujogajoga kwabwo? Neza cane. Mugabo n'ubwo biri uko ni intambuko tuja imbere mu kuvavanura n'ukugene ivyagezwe vyagabanganywamwo ibice bakoresheje ibantu ataco bishingiyeko mu mirwi y'ivyagezwe vyerekeye ibantu n'ivyabo, ingeso, hamwe n'ivyagezwe vyerekeye imisi mikuru.

Ukugendera ku mahame, ubundi buryo bwo gukoresha ivyagezwe, bugizwe n'intambuko zitanu.

### Rondera ico Icagezwe Kanaka gisigura ku bacumvise canke abo cabariwe ubwa mbere

Tahura kandi umenye icatumye ico cagezwe turiko turaraba candikwa n'ingene canditswe. Mbega Abisirayeli bari hakurya ya Yorodani bariko baritegurira kwinjira mu Gihugu c'Isezerano (Gusubira mu Vyagezwe) igehe ico cagezwe catangwa canke na ho bari ku musozi Sinayi bamaze kuva muri Egiputa (Kuvayo, Abalewi)? Mbega ivyo vyagezwe catanzwe kubera ikintu kanaka cari cabaye canke na ho ico cagezwe canke icro bwirizwa ryerekana ibisabwa kuri Isirayeli bamaze kwinjira mu Gihugu c'Isezerano? Mbega ni ayandi mategeko ayahe ameze nk'ayo ajanye n'ivyariko biraba ico gihe? Hoba hariho isano hagati yayo mategeko? Mbega iri tegeko kanaka rifitaniye ubucuti ubuhe n'Isezerano rya Kera? Mbega ryoba ryerekanye n'ingene abantu bitwara canke bagiranira imigenderanire n'Imana, canke begera Imana? Mbega ryoba ryerekanye n'ingene bagira imigenderanire hagati y'abo? Mbega ryoba ryerekanye n'ubucuruzi canke n'uburimyi? Ryoba ryerekanye mu buryo budasanzwe n'ubuzima bwo mu Gihugu c'Isezerano? Mbega iryo tegeko ridasananzwe risigura iki ku bantu bo mw'Isezerano rya Kera?

### Menya, tahura ubudasa buri hagati y'ababibariwe ubwa mbere n'abizera b'iki gihe

Erekana ido n'ido mu vyo kumenyesha Imana n'ivyo barimwo hagati y'abakristo b'uyu musi n'abavyandikiwe ubwa mbere. Nk'uburonero abizera b'iki gihe mw'ishengero ry'uyu musi bagengwa, bari musi y'Isezerano Risha, ntibagengwa n'Isezerano rya Kera. Ni co gituma batari musi y'ivyagezwe vyo mw'Isezerano rya kera. Si Abisirayeli bariko baritegurira kwinjira no kugerera mu Gihugu c'Isezerano kandi vyongeye ntibegera Imana biciye mu gutanga ibimazi vy'ibikoko. Vyongeye Abakristo baba mu bihugu bidakijjwe kandi ntibatwarwa n'Imana nk'Umwami nkuko vyari biri kuri Isirayeli ya kera. Vyongeye Abakristo ntibahura, ntibahangana n'amadini y'Abanyekanani yamara bahangana n'imyizerere inyuranye hamwe n'iviyumviro vy'abantu binyuranye.

### Gerageza ushireho amahame akoreshwa hose ku Gisomwa

Inyuma y'amategeko ya Mose canke ivyagezwe vya Mose kubabibariwe canke babihawe ubwa mbere, harimwo amahame akoreshwa mw'isi yose, ibihe vyose. Itegeko ryose ryo mu mategeko y'Isezerano rya Kera ryari rifise insiguro ku bantu ba mbere babibariwe, insiguro ijanye n'Isezerano rya Kera. Yamara iyo nsiguro kenshi na kenshi ihagaze, ifatiye ku kuri kunini kwagutse, kw'isi yose, ukuri gukurikizwa ku bantu bose b'Imana, batabanje kuraba igehe [urupapuro rwa 32] babayeho n'isezerano barimwo. Muri iyi ntambuko ni ho umuntu abaza iki kibazo, "Ni ihame iryafe rikwiriye, rikoreshwa kw'isi yose rigaragarira muri iki cagezwe canke muri iri tegekoridasanzwe? None ni ihame ryagutse irihe ryokoreshwa uyu musi?"

Iryo hame ritegerezwa kwiyumvirwa hakwirikijwe ibantu vyinshi: (a) bitegerezwa kugaragara, kuba vyavuzwe muri ico gisomwa, (b) Ritegerezwa kuba ivyo ibihe vyose, (c) ritegerezwa kuba ritanyuranye n'ukumenyesha Imana kugaragara mu bindi vyanditswe vyose bisigaye, (d) ntiritegerezwa kuba ryibasiye canke rirabana n'umuco kama umwe gusa, ica nyuma (e) ritegerezwa kuba rifise ico rivuga ku bizera bo mw'Isezerano rya Kera no ku bizera b'Isezerano Risha b'uyu musi. Aya mahame akwirikizwa kw'isi yose usanga yerekanye n'Imana n'Ukwera kwayo, akamere k'icaha, ibijanye no kwumvira, canke n'ukubabarana, ukwitwararika abandi bantu.

### Huza iryo hame n'inyigisho z'Isezerano Risha

Yungurura iryo hame rikoreshwa kw'isi yose biciye mu nyigisho z'Isezerano Risha ku vyerekeye iryo hame cane ku

vyerekeye ico cagezwe canke iryo tegeko ridasanze uba uriko uriga canke ufatiyeko.

Amategeko canke ivyagezwe bimwe vyo mw'Isezerano rya Kera, nk'uburorero, vyaravuzweko ukundi mw'isezerano risha nk'amategeko ku bizera b'Isezerano Risha. Igihe Isezerano rya Kera ryavanwaho, ryasaza, Ivyagezwe vy'Isezerano rya Kera vyaciye bireka kuba Ivyagezwe ku bakristo. Yamara, igihe Isezerano Risha risubiyemwo icagezwe, gica kiba itegeko ku bizera, ku bakristo, rikwiye kwumvirwa no kwubahwa nk'icagezwe, n'itegeko rya Kristo. Yamara igihe iryo tegeko ryagenewe gukoreshwa n'ububasha bwaryo nk'itegeko biva mw'Isezerano Risha ariko ntibikomoka mw'Isezerano rya kera. Rimwe na rimwe kandi Isezerano Risha riha ubushobozi icagezwe co mw'Isezerano rya Kera, haba mu kurihindura canke mu kuryagura. Nk'uburorero icagezwe co mu Kuvayo 20:14, "Ntugasambane," ihame rikwiye isi yose rijanye n'ukwezwa kw'ukubakana kandi na nkenerwa yo kutaryarukana mu bubakanye hamwe no kutarenga ibigo. Uko iri hame riyungururwa canke rica mu kayungiro k'Isezerano Risha, inyisho za Yesu kuri ivyo zitegerezwa gushiramwo iryo hame. Yesu yavuze ati, "Ariko jeho ndababwira uk'umuntu wese araba umugore akamwipfuza, aba amaze gusambana na we mu mutima wiwe" (Mat. 5:28), muru ubwo buryo yunguye, yaguye ico cagezwe. Ntiyagikoresheje ku gikorwa c'ugusambana gusa yamara no ku vyiyumviro vyo gusambana. Ni co gituma, icagezwe canke itegeko ku bakristo b'iki gihe rica rihinduka gurtya "Ntugasambane, ntukarenge ibigo haba mu vyiyumviro canke mu bikorwa." Yamara Abakristo bategerezwa kurondera kwumvira iki cagezwe, iri tegeko kuko rigaragaza ihame rikwirikizwa kw'isi yose ryakomejwe n'Isezerano Risha, atari uko ari icagezwe co mw'Isezerano rya Kera gusa.

### **Koresha iryo hame ry'isi yose ryahinduwe ku buzima bw'uyu musi**

Muri iyi ntambuko, iryo hame rikoreshwa mw'isi yose ryashitsweko mu ntambuko iheze rica rikoreshwa mu bihe kanaka mu bugingo mu buzima bw'abakristo b'iki gihe. Ibibenyamenya vy' amahame bishobora kuboneka mw'Isezerano Risha. Nkuko twabibonye ngaho hejuru, [urupapuro rwa 33] Ivyo Yesu yabuye muri 1 Samweli 21 mu kwerekana amakosa y'Abafarisayo rikwirikiza iyo ngendo. Muri 1 Korinto 9:9 Paulo asubiramwo ibivugwa mu Gusubira mu Vyagezwe 25:4 ("Ntimuze murumye umunwa inka irikw irasekura ingano") mu kwerekana ko akwiriye gushigikirwa mu buryo bw'ivyo akwiriye guhabwa n'Abikorinto (1 Kor. 9:4, 11-12). Mu buryo bwa kera bwo gusigura Bibiliya, iki cagezwe co mu Gusubira mu Vyagezwe nticashirwa mw'itegeko ry' "ingeso, inyifato", yamara Paulo ararivuga ko rikwiye gukurikizwa no gushirwa mu ngoro. Kubera Paulo yerekanye neza ahandi hantu ko abizera batakiganza canke batakiri musi y'Ivyagezwe vy'Isezerano rya Kera (Rom. 6:14-15; 7:1-6; 1 Kor. 9:20; Gal. 2:15-16; 5:18; Ef 2:15), ntiyariko arabura, canke asubiramwo Gusubira mu Vyagezwe 25:4 nk'icagezwe cafata ishengero ry'Ab'i Korinto. Ahubwo, yakoresheje iki cagezwe mu buryo bw'ukwimuka canke mu buryo bw'ikigereranyo.<sup>14</sup> Intumwa yavuze, yasubiyemwo icagezwe, itegeko rifise ihame rishobora gukoreshwa mu bihe bindi binyuranye n'ivyo ryakoreshewjemwo ubwa mbere, hamwe mbere n'ivyariko biraba.

Abalewi 5:2 haratanga uburorero k'ukugene uburyo bwo kurondera ihame bushobora gukoreshwa n'abakristo b'uyu musi kugira ngo bakoreshe amategeko y'ibisomwa batarinze kuba musi y'ivyagezwe. Uwo murongo uvuga uku, "Canke ni hagira umntu akora ku kintu kizira ico ari co cose, namb'ari umuvyimba w'igikoko kizira cank'umuvyimba w'igitunzwe kizira, cank'umuvyimba w'icikwega hasi kizira nyene, ariko ntabimenye, agahumana, kizoba kimubereye icaha." Icasabwa kwari ugukosora ubwo buhumane muri uyu murongo kubonekera mu mirongo yakurikiye. Rero imirongo ya 5-6 na yo nyene itegerezwa kubamwo: "Nuk'umuntu ni yaramuka atsinzwe na kimwe muri ivyo bidonzwe, aze yature icaha yakoze, anzanire ikimazi ciwe c'impongano y'icaha yakoze, c'inyana y'intama, canke y'impene, ayikuye mu mukuku, ngw'ibe ikimazi gitangirwa ivyaha; umuherezi azoba amuhongeye ku caha ciwe." Uburyo bwa kera bushira iyi mirongo mu mategeko yerekeryane n'imisi mikuru atagikurikizwa na gatoya ku bakristo b'iki gihe. Yamara, dukoresheje uburyo bwa Principlism, umuntu arashobora gusigura, gusobanura no gukoresha iki gisomwa mu buryo bumwe n'uko yosobanura inkuru.

1) *Igisomwa casobanura iki ku bacumvise ubwa mbere, canke ku bo candikiwe ubwa mbere?* Ivyo Abalewi barimwo canke ivyariko biiraba mu gihe c'Abalewi bivuga ku kugene Abisirayeli bategerezwa kubaho, babana n'Imana igorotse, Yera, iteye ubwoba, yari igerereye hagati muri bo. Bategerezwa kwegera Imana gute? Mbega bategerezwa kugenza gute icaha hamwe n'ivyanduye mu nyonga z'Imana yari igereye hagati muri bo? Iyo mirongo ikurikirana na 4:1-5:13 ivuga ku mashikanwa yari ngombwa inyuma y'icaha cakozwe umuntu atari abigabiye, icaha kitakozwe ku bigirankana. Abalewi 4 ubwa mbere havuga ku barongozi; Abalewi 5 na ho hakavuga ku bantu basanzwe. Abalewi 5:2 habwira Abisirayeli [p.34] yuko niyo bakora ku kintu cose gihuanye (ibikoko vyapfuye canke ibikoko vyanduye), baba banduye. Uku kwari ukuri mbere niyo bari gukora ku kintu canduye batabiri bagabiye kugikorako. Kuba banduye, ntibashobora kwegera Imana no kuyisenga, kuyitazira. Kugira ngo bezwe, (bahumanuke), bategerezwa kwatura ivyaha vyabo bakazanira umuherezi umwagazi w'intama canke impene kw'ikimazi (5:5-6). Umuherezi yategerezwa kubatangira ikimazi c'igikoko nabo bakabona kuba abejewe, bagashobora kwegera Imana no kuyisenga.

2) *Amatandukaniro ariho hagati y'abavyumvise, ababibariwe ubwa mbere n'abakristo, abizera b'uyu musi ni ayahe?* Abakristo ntibari musi y'Isezerano rya Kera, kandi ivyaha vyabo vyaratwikeriwe n'urupfu rwa Kristo. Kandi kubera bashobora gushikira Imana biciye muri Yesu Kristo, ntibagikeneye abaherezi b'abantu kw'abahuza.

3) *None ihame ryokoreshwa kw'isi yose muri iki gisomwa ni iryahe?* Ihame ngenderwako nyamukuru muri iyi mirongo rijanye n'iciyumiyo c'uko Imana yera. Igihe Imana yera igerereye mu bantu bayo, ukwera kwayo gusaba yuko bitandukanya n'icaha hamwe n'ivyanduye. Iyo banduyebategerezwa kwihumanura hakoreshejwe amaraso y'ikimazi catanzwe. Iri hame rifatira ku kumenyesha Imana kw'Abalewi hamwe n'ibindi vyose vyerekeye Ivyanditswe. Bigaragarira, biokoreshwa mu buryo buzwi kw'isi yose ku bantu b'Imana haba mw'Isezerano rya Kera no mu bihe vy'Isezerano Risha.

4) *Mbega inyigisho z'Isezerano Risha zihindura canke ziha intumbero nsha gute iri hame?* Dufatiye kw'Isezerano Risha, Imana ntikigerereye hagati mu bizera biciye mw'Ihema, itaberunakuro canke mu ngoro ubu igerereye; iba mu bizera biciye muri Mpwemu Yera aba mu mitima y'abizera. Ukuba mu bantu kw'Imana gusaba ko baba abera ku ruhande rwabo. Imana isaba yuko badacumura kandi ko bitandukanya n'ivyanduye. Yamara, Isezerano Risha ritanga insiguro nsha ku majambo "kudahuman"" no "guhumana." "Nta kintu kiri inyuma, iyo kigiye imbere mu muntu gishobora 'kumuhumanya'. Arikw ibivuye mu muntu ni vyo 'bimuhumanya.' ... Ibiva imbere mu muntu, ni vyo 'bimuhumanya'. Kukw imbere mu mitima y'abantu havamw' iviyiyumiyo bibi, ubushakanyi, ubwivyi, ubgicanyi, ubusambanyi, ukwipfuza, kugira nabi, ubugunge, ivy'isoni nke, ijisho ribi, ibututsi, ubwibone, ubupfu. Ivyo bibi vyose biva imbere ni vyo 'bihumanya'" umuntu (Mariko 7:15, 20-23). Abakristo, abizera bo mw'Isezerano Risha ntibahumanywa no gukora ku bikoko vyapfuye. Bahumanywa n'iviyiyumiyo bibi canke ibikorwa vy'ivyaha.

Isezerano Risha vyongeye ryarahinduye uburyo abantu b'Imana bakwiriye kugenza icaha hamwe n' ubuhumane. Aho kuzana umwagazi w'intama canke umwagazi w'impene kugira ngo bahongere ivyaha, ivyaha vy'uwizera biratwikirwa mu gihe co gukizwa bigatwikirwa n'amaraso y'ikimazi ca Yesu Kristo. Urupfu rwa Kristo rwoza ivyaha vyose kandi rugahindura uwahora ahumanye rukamugira uwuhumanutse. Kwatura ivyaha yamara biracari ngirakamaro mw'Isezerano Risha (1 Yohana 1:9), nk'uko vyari biri no mw'Isezerano rya Kera. [p.35] Rero kugaragaza ihame rusangi ku bantu bo mw'Isezerano Risha uyu musi ryategerezwa kuba, "gerera kure y'ibikorwa vy'ivyaha n'iviyiyumiyo bibi kubera Imana Yera igerereye, iba muri wewe. Ni yo wakora ibikorwa bihumanye canke ukiyumvira iviyiyumiyo bibi, ukwiye guca watura ico caha, maze ukagirirwa imbabazi n'ikigongwe biciye mu rupfu rwa Kristo."

5) *None Abakristo b'iki gihe bokoresha gute iri hame ryahinduve mu bugingo bwabo?* Hariho buryo bwinshi, yamara uburyo bumwe burashe bujanye no kuraba ibicapu vy'isoni nke ku buhinga ngurukanabumenyi. Abakristo benshi ubu barashobora kuja ku buhinga ngurukanabumenyi aho baraba ibicapu n'amashusho y'ivy'isoni nke mu mazu yabo canke mu mashuri aho baryama mw'ijoro ku mariri yabo ata wundi muntu ababona. Iki gisomwa cigisha yuko ukwera kw'Imana, iba mu mitima y'abizera, isaba yuko bagira, babaho ubgingo butanduye, butunganye. Kuraba amashusho y'ivy'isoni nke bigwa mu vyo Isezerano Risha ryita ivyanduye. Igikorwa nk'ico ni ukurenga ukwera kw'Imana kandi kibuza umuntu gusenga no kubana n'Imana, hamwe no kugiranira imigenderanire n'Imana. Ni co gituma abizera bategerezwa kwitandukanya n'ibicapu vy'isoni nke bibonekera ku ngurukanabumenyi, bamaze kubona ko bibanduza mu mutima, bikababaza Ukwera kw'Imana, kandi bigatum ubumwe n'Imana buvaho. Yamara, iyo umuntu aguye mu caha nk'ico, ategerezwa kucatura, kandi biciye mu rupfu rwa Yesu Kristo araharirwa, akagirirwa imbabazi kandi ubumwe n'Imana bukongera bukagaruka, bugasubiraho.

### Gusozerwa

Uburyo bwa kera bwo kugabanganya mw'imigwi Ivyagezwe vya Mose mu mategeko yerekeye abantu n'ibantu, amategeko agenga imico n'akaranga, amategeko agenga imisi mikuru vyonona ubuhinga bwiza bwo gusigura, kubera ubwo buryo buhushagirika kandi ataco bufatiyeko, kandi n'Isezerano rya Kera nta na hamwe ryerekana ayo matandukaniro canke ubwo budasa. Ubu buryo rero bwhendera ku bintu bibiri. Ku ruhande rumwe, bwerekana yuko amategeko yerekeye ibantu n'abantu hamwe n'ayerekanyi n'imisi mikuru ko atagikoreshwa. Ku rundi ruhande na rwo, ubwo buryo bukoresha amategeko twokwita ayagenga imico n'akaranga nk'itegeko rirashe, rigorotse. Ikibirengeye, uburyo bwa kera bugerageza kwirengagiza ido n'ido ry'ivyariko biravugwa hamwe n'Ivyariho igihe c'iryo Sezerano ryo mw'Isezerano rya Kera, ivyo bakorerako vyabagenga nk'amategeko.

Ukugendera ku mahame, ubundi buryo bukoreshwa, bugerageza kurondera amahame yokoreshwa hose mu bigize Isezerano rya Kera kandi igakoresha ayo mahame ku bakristo b'uyu musi. Ubu buryo bwo ntibuhushagirika nk'ubwo bwa kera, kandi ni bwo buryo bugeragaza ugusobanura n'ugusigura kwiza. Ubwo buryo kandi bwemerera Abizera kuraba no kubona yuko Ivyanditswe vyose vyahumetswe n'Imana, kandi "bigira ikimazi co kwigisha umuntu, no kumuhana, no kumutunganya, no kumutoza indero nziza mu kugororoka" (2 Tim. 3:16).

### Aho vyabuwe

a J. Daniel Hays ni umuhinga karuhariwe mu kwigisha inyigisho zijanye na Bibiliya hamwe n'inyigisho Menyeshamana, Ouachita Baptist University, Arkadelphia, Arkansas.

<sup>1</sup> Kiretse bivuzwe ukundi, ivyanditswe vyose vyavanywe muri Bibiliya yo mu Congereza yitwa New International Version.

<sup>2</sup> Christopher J. H. Wright avuga yuko hari imirwi itanu: ubwicanyi, amategeko agenga ibantu n'abantu, amategeko agenga imiryango, amategeko agenga ugusenga, n'amategeko agenga ivy'ubuntu (*Ijisho ku rindi: ikibanza c'Ibiroranye vyo mw'Isezerano rya Kera uyu musi* [Downers Grove, IL: InterVarsity, 1983], 15259). Wright ntafata ayo mategeko nk'aho akoreshwa hose, canke ko ari amategeko agenga imico n'akaranga.

<sup>3</sup> Gukoresha iryo tandukaniro nk'ikiranga amategeko y'inifato, umuco n'akaranga akomoka kuri John Calvin. Yerekana itandukaniro riri hagati y'amategeko agenga imico n'akaranga hamwe n'ayagenga imisi mikuru, akavuga yuko igihe ubutumwa bwiza bwahinduye ubusa amategeko agenga imisi mikuru, amategeko agenga imico n'akaranga, ku rundi ruhande na rwo akabandanya nk'icagezwe ku mukristo (*Institutes of the Christian Religion*, trans. Henry Beveridge [reprint, Grand Rapids: Eerdmans, 1975], 2.7-8). Ku vyerekeye ugushigikira no kurwanira ubu buryo ronderera kwa Willem A. VanGemeren, *The Law Is the Perfection of Righteousness in Jesus Christ: A Reformed Perspective*, in *The Law, the Gospel, and the Modern Christian*, ed. Wayne C. Strickland (Grand Rapids: Zondervan, 1993), 1358.

<sup>4</sup> Abandi bavuga butumwa ntibanezererewe n'ubu buryo bwa Kera nabwo nyene. Nk'uburorero raba David Dorsey, *The Law of Moses and the Christian: A Compromise*, *Journal of the Evangelical Theological Society* 34 (1991): 321-34.

<sup>5</sup> Uguhushagirika kw'iryo tandukaniro hagati y'amategeko agenga imico n'akaranga hamwe n'amategeko agenga ibantu n'abantu akomezwa n'ukugene ibantu bakorerako bipanzwe mu Balewi. Ugukunda mugenzawe biza imbere y'irindi tegeko ribuza kuvanga imbuto mu murima umwe, itegeko ryo kuba abera riza imbere y'itegeko ryo guhana abana b'intumva (19:18-19; 20:9) (Gordon J. Wenham, *The Book of Leviticus*, New International Commentary on the Old Testament [Grand Rapids: Eerdmans, 1979], 34).

<sup>6</sup> Ico gitabu nyene, 32.

<sup>7</sup> Akandi karorero keza k'ivvagezwe kagoye gushira mu murwi muri iyi nzira yafashwe ni Guharura 5:11-31. Iki gisomwa kivuga ku kugene umugore yikekwako ubusambanyi ategerezwa gusuzumwa n'umuherezi. Nta nkeka ko ubusambanyi ari icaha kijanye n'imico n'akaranga. None iri tegeko canke iki vcagezwe ryoba ari itegeko rikoreshwa hose uyu musi? None abikekwako ubusambanyi muri Amerika basuzumwa muri ubu buryo nk'uko bivuzwe ngaha muri iki gisomwa? Kugira ngo bamenye ko yasambanye canke ko yeze, canke ko abesherwa, umuherezi yategerezwa kumuha kunywa amazi arura. Iyo ayo mazi amurwaje, vyaca biboneka ko yasambanye. Iyo atamurwaje, yaba yeze, yaba atasambanye. Mbega ibi vyokoreshwa uyu musi? Oya na mba. Ku rundi ruhande, nimba ubu buryo budakoreshwa, vyoca bisigura ko atari itegeko rigenga imico n'akaranga, ko ubusambanyi buterekeranye n'ingeso, imico n'akaranga?

<sup>8</sup> Nk'uburorero ivyagezwe cumi bivugwa mu Kuvayo 20:1-17, yamara ico gisomwa gifatanye n'ibivugwa ku murongo wa 18, uvuga ibi, abantu bose bumvise ya mituragaro, babonye ya miravyo, bumvise n'ijwi rya ya nzamba, babonye na wa musozi upfunduka umwotsi, baterwa n'ubwoba bahinda agashitsi, barasuha bahagarara kure. Vyongeye Imana itanga ayandi mategeko menshi ku b'Isirayeli mu Kuvayo 21-23, yamara kandi na yo nyene yashikirijwe mu buryo bw'inkuru kuko agizwe n'ikiganiro cabaye hagati y'Imana na Isirayeli. Abantu bose bamwishurira icarimwe bati Ivy'Uhoraho avuze vyose tuzobikora (24:3).

<sup>9</sup> "Hanyuma Mose yabira" (Abalewi. 8:10), "Araheza azana ya masa y'ikimazi" (8:14), "Maze Mose abarira" (8:31), "Ku musi ugira umunani, Mose ahamagara" (9:1), "Nuko Aroni yegera igicaniro" (9:8), "Haza umuriro uvuye imbere y'Uhoraho, urabica barwa aho imbere yiwe" (10:2), "Uhoraho abarira Mose hanyuma yo gupfa kwa ba bana ba Aroni bomp" (16:1).

<sup>10</sup> Ijambo ry'Igiheburayo "igihugu" riboneka nk'incuro amajana abiri mu gitabu co Gusubira mu vyagezwe. Ivyo twatoye twovugako bijanye n'amajambo y'Isezerano mu buzima bazogira mu gihugu harimwo 4:1, 5, 14, 40; 5:16; 6:1, 18, 20-25; 8:1; 11:8; 12:1; 15:4-5; 26:1-2; 27:1-3; 30:5, 17-18; na 31:13.

<sup>11</sup> John Goldingay, *Models for Interpretation of Scripture* (Grand Rapids: Eerdmans, 1995), 103.

<sup>12</sup> Ku bindi nk'ivyo muri Matayo 5:17-47 raba D. A. Carson, "Matthew," muri *The Expositor's Bible Commentary* (Grand Rapids: Zondervan, 1984), 8:142-44; R. T. France, *Matayo: Evangelist and Teacher* (Grand Rapids: Zondervan, 1989), 194-95; na Donald Hagner, Matayo 1-13, *Word Biblical Commentary* (Dallas: Word, 1993), 104-6.

<sup>13</sup> Raba Roy B. Zuck, *Basic Biblical Interpretation* (Wheaton, IL: Victor, 1991), 28689; Goldingay, *Models for Interpretation of Scripture*, 92; na Robert Chisholm, *From Exegesis to Exposition: A Practical Guide to Using Biblical Hebrew* (Grand Rapids: Baker, 1998), 22324, 255. Wright akoresha ijambo uguhindagurika aho gukoresha amahame, yamara na we akoresha ubwo buryo nyene bw'urufatiro (*Ijisho ku rindi*, 16263). William Klein, Craig Blomberg, na Robert Hubbard Jr. basubiramwo, babura Wright bakavuga yuko Ivyagezwe bikora nk'amahame y'ibihe vyose mu vyerekeye

ukumenya Imana, amategeko agenga ibantu n'abantu, amategeko agenga inyifato kandi ko umusobanuzi ategerezwa kwihata kurondera ukuri kw'ibihe vyose mu mico n'akaranga biba biriho (*Introduction to Biblical Interpretation* [Dallas: Word, 1993], 279). Ugufata ibantu mu buryo nk'ubwo ni kwo Wenham yakoresheje mu gitabu ciwe, *Igitabu c'Abalewi* (*The Book of Leviticus*), 3335; hamwe na John E. Hartley, *Abalewi*, Word Biblical Commentary (Dallas: Word, 1992), lxxiii.

<sup>14</sup> Gordon D. Fee, *Ice te ca mbere Paulo yandikiye ab'i Korinto*, New International Commentary on the New Testament (Grand Rapids: Eerdmans, 1987), 408. Raba kandi guhanahana iviyumviro kuri uwu murongo vyashizwe ahabona na Zuck, *Basic Bible Interpretation*, 263-65.

## **IVYONGEWEKO D**

International Journal of Frontier Missiology 31:1 Spring 2014: 5-14

### **[urupapuro rwa 5] Umuco kama, n'ijwi ryo mu mutima: ibitabanduka vy a Bibiliya n'uguhindagurika kw'umuco kama, T. Wayne Dye**

#### ***Ingorane***

Nubwo habayeho impari nyinshi n'ukutumvikana ku vyerekeranye n'ivymemerwa mu mico kama itandukanye n'ibitemerwa mu vyaranze abamisiyoneri mu buzima bwabo bwa misi yose ahantu hose bagiye, iyo basubiye i wabo babaza ibibazo vyinshi n'ukutumvikana kwinshi ku vyerekeranye n'ibigirwa mu mico kama itandukanye vyokwihanganirwa n'ibitokwihanganirwa. Ibibazo nk'ivyo n'ukutumvikana nk'uko ku vyerekeranye n'ingeso, inyifato vyattumye habaho ukudatahura ku giti ca muntu hamwe n'ukwiburanya mu mutima, kandi kenshi na kenshi nyavaraterereye, bituma ikibano kivuga yuko ibijnye n'ivymewe mu muco kama bivana n'umuntu ku bintu kanaka.

Nk'uko umugore wanje, Sally, na jewe ubwanje twaniganaye n'izo ngorane mu myaka myinshi, twashitse ahantu dutahura yuko hariho inyishu mu vyanditswe z'urufatiro zikuraho ingorane nyinshi mu zo twari dufise. Mu cirwa ciwe kuri izo ngorane yashize ahabona mu kimenyeshamakuru *IJFM* (impapuro ziva kuri 15–25) “guhindagurika kw'imico mu gatima muntu: ikigize ico Imana yateguye,” Sally yaranditse ukugene umuco kama n'agatimamuntu bigira ingaruka ku kugene Abakristo bakwiye kwubaha no kwumvira Imana. Iki kimenyeshamakuru kirasisura igituma abakristo bakuze mu kwizera badakurikiza amategeko ya bibiliya mu buryo bumwe.

Habaye imyaka myinshi twama twibaza ko hari inzira imwe rudende yo kwemera no kwumvira amategeko y'Imana—inzira twigishijwe ubwa mbere ko ari yo yo kwumvira Imana.<sup>1</sup> Nk'abasiguzi ba Bibiliya, ni ukuvuga abakura mu rurimi rumwe Bibiliya bakarushira mu rundi rurimi, twategerezwa guha umurwi w'abantu Bibiliya yose. Bamaze kuyironka, twibaza yuko bategerezwa kwumvira insiguro igaragara y'amajambo y'ayo mu kubaho mu buryo nk'ubwo na twe twagerageza kubaho. Nubwo abamisiyoneri n'abigisha muri za Kaminuza bigishije uburyo biyumvra bwabo nk'aho ari bwo bwonyene bubaho bwemewe (kandi bakitega yuko uwo ari we wese ategerezwa kwumvira amategeko y'Imana muri ubwo buryo), hariho ugutandukana kunini ku kugene amategeko y'Imana ategerezwa gukwirikizwa.

Ingorane imwe ni uko twebwe abanyabulaya tutumvira amategeko yose y'Imana mu buryo bumwe. Dufata ibisomwa bimwe bimwe urudome ku rundi tukavyumvira mw'ido n'ido twiyubaye, ariko tukiyobagiza ibindi bisomwa. Ntituramukanya dukortesheje “ugusomana kwera” (Abaroma 16:16, NIV<sup>2</sup>). Ntitunywa umuvinyo kugira ngo dufashe ko ivyokurya bimera neza mu nda, bisekuka neza mu nda (1 Timoteyo 5:23). Ntidusenga imisi yose isaha 9 zo ku mugoroba, “igihe co gusenga” (Ivyak 3:1). Ntitwoza ibirenge vy'abandi, kiretse ku misi imwe imwe gusa idasaznwe (Yohana 13:14). Umugore wanje ntityitenga igitambara mu mutwe iyo ari mw'isengero igihe ari muri Reta zunze Ubumwe za Amerika (1 Kor 11:2–16).<sup>3</sup>

Kanatsinda, hariho amategeko menshi nk'ayo mw'Isezerano Risha.<sup>4</sup>

[Urupapuro rwa 6] Uku “kurobanura ivyo twumvira” si ikintu kiranga amasshengero yo muri Amerika gusa. Abakristo bose twahuye mw'isi yose na bo nyene baratoranje, bararobanura ivyo bumvira. Ibi bica bituma twibaza iki kibazo: Mbega dukurikiza ihame ry'ivyo Bibiliya irobanura cnke na ho dukora amakosa?

Ukutaguma ku kintu kimwe, ukaja urahindagura biragaragara cane csne iyo dufatiye mw'Isezerano rya kera, rikaba ari na ryo ryari “Bibiliya” ry'Ishengero ryo mw'Isezerano Risha. Igihe Yesu n'Intumwa Babura Ivyanditswe bavyabura ige cose bivuye mw'Isezerano rya Kera. Isezerano Risha mu buryo bugaragara ryigisha yuko Isezerano rya Kera ritegerezwa kwumvirwa. 2 Timoteyo 3:16–17 havuga gurtya:

Ivyanditswe vyose vyahumetswe n'Imana kandi bigira ikimazi co kwigiusha umuntu, no kumuhana, no kumutunganya, no kumutoza indero nziza mu kugororoka kugira ngo umuntu w'Imana abe ushitse afise ibimukwiye vyose ngo akore igikorwa ciza cose.

Igihe Paulo yandika ivyo ku bijanye n'Isezerano rya Kera yariko aremezanya n'Isezerano rya kera ubwaryo. Amategeko n'iviyihanikirijwe vyaryo aratomoye neza, kandi akamaro ko kuyemera no kuyumvira karashimikirwako cane. Nk'uburorero, Gus 10:12–13 havuga gurtya:

None rero, yemwe Bisirayeli mbega hari ikindi Uhoraho Imana yanyu abagombako atari ukumwubaha n'ukugendera mu nzira ziwe zose, no kumukunda, no kumukorera n'imtima yanyu yose, n'ubugingo bwanyu bwose, no kwitondera ivyagezwe vyiwe n'amabwirizwa yiwe, ivyo mbageze uyu musi kugira ngo mumererwe neza?

Hariho ibisomwa vyinshi nk'ivyo. Ariko tugaca duhindukirira ku Vyagezwe nya Mose, dusangamwo ivyagezwe, amabwirizwa n'ivyihanikirje vyari ivya bose ahantu hose kandi bivanganywe n'amabwirizwa akwirikizwa na bake uyu musi. Abalewi 19 haratanga uburorero bumwe bumwe. Umurongo wa 13 uvuga gurtya, "Ntihaze hagire uhahaza mugenzi we canke ngo amwambure." Vy'ukuri ivyo bitegerezwa gukurikizwa n'yu musi. Uwo murongo nyene urabandanya ukuvuga ibi, "ntihaze hagire urarana ingero umucangero yakoreye." Nta shirahamwe na rimwe ry'Abakristo mu gihugu mbamwo rikurikiza iringo tegeko. Umurongo wa 18 uvuga gurtya, "... ariko mukunde bagenzi banyu nk'uko mwikunda" vy'ukuri iri ni itegeko ku bantu bose no kw'isi yose. Umurongo ukurikira aho nyene uvuga ibi bikurikira, "Ntihaze hagire uwubangurira ivyo atunze ivyo bidahwanije ubwoko.... Canke ngo hagire uwambara impuzu ijishwe mu nyuzi z'ubwoko bubiri." None ga abamisiyoneri bo mu mihingo iri ahantu hashushe bokwambara iki batambaye impzu zakozwe mw'ipampa?

Umurongo wa 26 , "Ntimuze mutere amabara canke ngo mupfumuze." Ivyo twipfuza kuvyigisha abagenzi bacu basenga ibishushanyo. Ariko none hamwe babandanije gusoma umurongo ukurikira na ho? Uvuga ngo, "Ntimuze mukebere umushatsi wo mu misaya , canke ngo mucacure imitwe y'ubwanwa bwanyu." Ni gake kabaho abamisiyoneri b'Abakristo bakurikiza iri bwirizwa. Hariho amategeko menshi ameze nk'ayo, nk'ayerekeranye n'ugusigira ivyo kwimbura abzoza gusorongoza, abazoza gushwabura, gutanga ingurane zitazorihanwa inyungu, kureka itongo rikaba umusito, hamwe no kwongera kugurisha itongo kwa nyenergyo w'ubwa mbere inyuma y'imyaka 50; ntidukwirikiza na rimwe muri ayo mategeko uyu musi.

### ***Ibisomwa ngenderwako kuri kanere k'ukwumvira nyakuri***

Ubu twarashitse ahantu twizera yuko ubuhinga abakristo bakoresheje mu myaka myinshi bwabaye bwiza kuri bo. Abakristo bo mu madini menshi atandukanye barasomye Bibiliya bacisghije mu ndoreramwo y'imico yabo kama maze basigura amategeko ya Bibiliya bacishije mu ndoreramwo y'imico kama yabo. Ugutahura nk'ukwo kwari kwiza mu bihe vy'imico kama imwe isangiwe n'igihugu cose. Ivyo binanirana igehe abantu bava mu mico kama itandukanye bariko baravugana canke bariko barakorana. Ingorane y'abamisiyoneri yabayeho kubera tutatahuye mu vy'ukuri ico abantu bashingirako mu gufata ingingo kandi kubw'ivyo tugaca dukoresha inyigisho za Bibiliya nk'aho abizera bakomoka mu yindi mico kama boba bameze nka twe. Muri izi nkaratasi zikurikira, nizere yuko nja kwerekana ingene twebwe abavugabutumwa dusigura Bibiliya dufatiye ku mico kama yacu tukipfuza yuko abandi bose badukurikira. Hamwe twotahura ingene bigenda, twobigaragaza neza kugira ngo abakristo bo mu yindi mico kama inyuranye n'iyacu na bo bashobore gukoresha Bibiliya no kuyishira mu ngiro mu buryo buhwanye n'ico kama yabo.

### **Mbega abantu barashobora kwumvira itegeko rimwe mu buryo butandukanye**

Mu bisomwa bibiri simusiga mu vyete, Paulo yerekana yuko abakristo bumvira Imana mu vy'ukuri bakomoka mu mico kama itandukanye bashobora rimwe na rimwe gukora ibintu bitandukanye kandi bakoresheje igisomwa kimwe ca Bibiliya . 1 Korinto 8–10 n'Abaroma 14 ni ibisomwa dukwiye gusuzuma neza no gusoma neza cane cane mu bijanye no gutwara ubutumwa mu wundi muco kama unyuranye n'ubo uwujanye ubutumwa akomokamwo.

I Korinto hari umurwa mukuru w'aho basenga ibishushanyo. Uwasenga ibishushanyo muri ico gihe n'aho hantu yategerezwa gutanga ibimazi abishikaniye ivyo bishusahnyo basenga, bahejeje gushikanira ivyo bigirwamana ibimazi bakabona kwicara bakarya izo nyama z'ivyo bimazi bashikaniye ibishushanyo. Inyama zisigaye bakazidandaza, haba mu tunyabugoro canke mu kibuga c'isengero canke mu masoko. Rero umuntu asanzwe muri ico kibano kitari bwabemwo amahinguriro ntiyashobra kugura inyama vyoroshe. Ariko kubera ibimazi vyinshi vyatangwa umusi ku musi bicumiwi ivyo bigirwamana, vyagaragara yuko inyama zatangwa, zaboneka zari zikwiranye n'uburyo ab'ico gihe bashobora kuronka, zari nyinshi bihagie muri ico kibano.

Ibintu n'igihe nk'ico rero vyateye ikibazo ku bizera bashaka kurya inyama ariko batabanje kwifatanya n'ugusenga ibigirwamana. Abakristo bakuze mu kwizera b'abanyamahanga (canke abizera bakomoka mu Bayuda) bahirira bavuga yuko ukurya inyama nk'izo zabanje guterekerwa ibigirwamana ata ngorane n'imwe biteye. Abandi na bo, cane cane abo ari ho bari bagikizwa, abashasha mu kwizera bakomotse mu bahora baterekera, batanga ibimazi ku bigirwamana, biyumva yuko batsinzwe, bakiyagiriza bakabona yuko badakwiye gusubira kurya inyama nk'izo zaterekerewe ibigirwamana. Kubera ivyo, Abizera b'i Korinto babajije Paulo bamusaba ko yogira ico abivuzeko. Inyishu yiwe kuri ico kibazo ntiyari yoroshe na gato, kandi aioresha imvugo tutamenyereye uyu musi, yayubatse mu buryo butamenyereye uyu musi, rero intambuko yakurikije mu kwiyumvira kwiwe rimwe na rimwe ntituzikwirikiza zose.

### ***Ibigirwanana ntaco bimaze kubw'ivyo kurya inyama vyaterejwe nta ngorane, ntaco bitwaye***

Paulo atangura ashimangira urukundo akarushira hejuru y'ukumenya gusanzwe, hanyuma agaca abandanya avuga yuko ibigirwanmana, ibishushanyo atari ibintu bidasanwe na gatoya, si ibintu birengeye abantu na gatoya.

Nimba rero bimeze birtyo, ku bijanye n'ukurya ivyo kurya vyaterekerejwe ibigirwamana: Turazi yuko "Ikigirwamana ari ubusa mw'isi, ntaco kimaze na gato mw'isi" kandi ko [urupapuro rwa ndwi 7]. "Hariho Imana imwe rudende."

Mbere n'ubwo hoba hariho ivyitwa imana haba mw'ijuru canke kw'isi (nk'uko mbere hariho "ibigirwamana",

“imana”n “abami” benshi), ariko kuri twebwe abizera hari Imana imwe rudende, Data, uwo vyose vyakomotseko kandi uwo muri we tubayeho kandi hari Umwami umwe rudende, Yesu Kristo, uwo vyose vyaremewemwo kandi bikomokako kandi uwutuma tubaho. (1 Kor 8:4-6)

Paulo aremeza yuko ivyo vyahaye umwidegemvyo “abakomeye mu kwizera,” abo vy’ukuri babona ko kurya inyama nk’izo zaterekerejwe ibigirwamana ata kibazo na kimwe co kuzirya. Mbere yarabandaniye avuga yuko mu guha impanuro abizera ko bakwiye mbere kugura ivyo kurya vyose n’inyama zose bishowe n’abatizera. Biragaragara dufatiye kuri ivyo ko ata kintu na kimwe kibi kibaho mu kurya imfungurwa nk’izo, nta na kimwe cogirira nabi, cobabaza uwizera akomeye muri mpwemu muri ivyo.

Ariko ibifungurwa si vyo bitwegereza Imana; ntiduca tuba ruhebwa hamwe twobirya canke ngotube beza kubera tutabiriye. (1 Kori 8:8) Rya ikintu cose kidandajwe mw’isoko ry’inyama utabanje kubaza ibibazo vy’agatimamuntu, kubera yuko, “isi ari iy’Uhoraho, kandi ko ikintu cose kiri mw’isi ari ic’Uhoraho.” Nimba rero uwutizera agutumiye kurya kandi ugashaka kuja kurya no kuja ku butumire yagutumiriye, rya ivyo vyose agushize imbere utabanje kubaza ikibazo na kimwe cerekeranye n’agatimamuntu. (1 Kor 10:25-27)

### **Iyo umuntu yizeye ko ikigirwamana hari ico kimaze ntakarye inyama zaterekerejwe ico kigirwamana**

Ariko hariho ikindi kintu dukwiye kwitonderra. Paulo yavuze yuko abafise “ijwi ryo mu mutima ribagiriza,” mu yandi majambo, badafise ugutahura kwa Bibiliya ku vyo ivuga ku bigirwamana, baba bacumuye iyo bariye inyama zaterekerejwe ibigirwamana.

Ariko si abantu bose batahura ivyo. Abantu bamwe baja baramenyereye ibigirwamana kugeza yaho igihe bariye ivyaterekerejwe ibigirwamana bavyibaza ko nk’aho vyaterekerewe imana, kandfi kubera agatima muntu kabo kari n’intege nke, bibaza yuko izo nyama zanduye.... Mwiybare ariko kugira ngo ugukoresha uburenganzira bwanyu n’umwidegemvyo wanyu ntibihinduke igitsitaza ku badakomeye. Kubera yuko hamwe uwudakomeye mu kwizera youbona, hamwe n’ubwenge n’ugutahura kwave ufise, kurira mu kanyabugoro k’ikigirwamana, mbega uwo muntu ntiyoca yubahuka kurya ivyaterekerejwe ibigirwamana? Ni ko uwo mwene data w’intege nke, uwo Kristo yapfiriye, aba asambuwe n’ukumenya n’ubwenge vyawe. Igihe ucumuye kuri bene data muri ubwo buryo maze ugakomeretsa agatima muntu kabo kadakomeye, uba ucumuye kuri Kristo. Ni co gituma rero, hamwe ico norya cotuma mwene data atsitara akarwa mu caha, sinzokwigera ndya inyama, kugira ngo sintume arwa. (1 Kor 8:7-13)

Paulo yabonye ko iyo ngorane ikomeye cane kugeza yaho yinginze abakristo bakomeye mu kwizera ko bakwiye kwiyubara no kumenya abariko barabitegerezwa n’ukugene bashobora gufata no gusigura ibikorwa vyabo. Ugushinga intahe mu mico kama itandukanye gutegerezwa kurondera inyungu n’ineza y’abandi, kandi muri ivyo harimwo ukwirinda n’ukuzibukira igikorwa ico ari co cose gishobora kubatuma bacumura hamwe bogira uguhitamwo nk’ukwo batarinze kwiyumvira cane.

“Ndafise uburenganzira bwo gukora ico ngomba cose,” ni ko muvuga–ariko si vyose bimfitiye, bingirira akamaro.

“Ndafise uburenganzira bwo gukora ico ngomba cose”—ariko si vyose vyubaka. Nta n’umwe akwiriye kurondera inyungu ziwe gusa, ariko akwiye kurondera inyungu z’abandi.. Ariko hamwe hogira umuntu akubarira ati, “Ibi vyaterekerejwe ibigirwamana,” aho rero ntubiryre, kubera uwo yabikubariye hamwe no kubera agatima muntu, aha mfatiye ku gatima muntu ka nyene kubimbarira, si agatimamuntu kawe.... Rero nimba urya canke um=nywa canke ico ukora ico ari co cose, gikore kubw’icubahiro c’Imana. Ntutume habaho umuntu n’umwe atsitara kubwawe, yaba Umuyuda canke Umugiriki, canke ishengero ry’Imana—mbere naho nogerageza kunezereza bose mu buryo bwose. Kuko ntarondera inyungu zanje gusa ariko ndondera inyungu za benshi, kugira ngo bashobore gukizwa. (1 Kor 10: 23, 28-29, 31-33)

### **Si inzira imwe gusa igororotse ahubwo ni zibiri**

Ngaha hariho inyigisho ihambaye. Igikorwa kidasanze (kurya inyama zaterekerejwe ibigirwamana) ni vyiza nta ngorane—mbere aranabihimiriza—kuri abo bose babona ko ata ngorane kandi rero bafise ugutahura kanaka kw’ibibi n’ivyiza. Kubw’abantu bafise imbono inyuranye n’iyo, ico gikorwa ni icaha gishobora gusambura ukwizera kwabo bizeye Kristo.

Ikindi, nta n’umwe afise uburenganzira bwo gucira imanza ibikorwa vy’abandi.

Ni iki gituma ukwidegemvyo kwanje guhinyurwa n’umutima w’uwundi? Ko ndya mbishimiye Imana, ni iki gituma ntukirwa ivyo nashimiye Imana? (1 Kor 10:29b-30)

Mu vy’ukuri, abizera barafise uruhara rwo kutaba “ibitsitaza” mu gutuma uwundi muntu akora amakosa n’ibitatorotse kuri we. Ariko, ivyo ni vyo bishigikiye ico ciyumviro; ibiri vyiza ku muntu umwe bishobora kuba ari bibi ku wundi. Ni co gituma dushobora kubabaza abandi iyo dukoze ikintu naho twoba tugikoze ata mutima utwagiriza ikibi. Kugira ngo tubone ingene vyogenda, dutegerezwa kuraba igituma kurya ivyo kurya vyaterekerejwe ibigirwamana vyari bibi ku bantu bamwe. 1 Kor 10:18-21 haratanga inyishu .

Murabe Abisirayeli ku rukoba: abarya ikimazi mbega ntibasangira n’igicaniro? Nuko ico mvuga ni igiki? Mbega mvuga yuko icaterekerejwe ikigirwanana ari ikintu canke yuko ikigirwamana ari ikintu? Ariko mvuga yuko ibimazi abanyamahanga batanga babiha abadayimoni, babiterekereza abadayimoni, ntibabiha Imana, nan je singomba yuko musangira n’abadayimoni. Nti mushobora kunywera ku gikombe c’umwami wacu no ku gikombe c’abadayimoni ntimushobora gusangira ivyo ku meza y’umwami wacu n’ivyo ku meza y’abadayimoni.

Mu mico y’ico gihe y’Abayuda n’abanyamahanga bo muri Asiya yo hagati, umuntu yasenga imana mu buryo bwo kurya ivyo kurya vyaterekerejwe iyo mana. Abayahudi n’abanyamahanga na bo nyene basenga biciye mu kurya ku kimazi caterekerejwe imana, ibigirwamana—ariko bafise intumbero zitandukanye z’ivyo basenga. Igihe abanyamahanga basenga

ibigirwamana baba bacumuye kubera baba bahisemwo gusenga ikindi kintu kitari imana y'ukuri. Satani n'abadayimoni biwe no bo ukwo gusenga kuba kwerekeye kuko ni ugusenga kw'abagarariji.

Ariko Paulo yarabigaragaje neza yuko ibikorwa vy'Abanyakorinto igithe bariko baraterekera ibigirwamana [urupapuro rwa 8] ata kintu na kimwe vyasigura kubwabo, kubera yuko ikigirwamana kitari imana na gato. Nk'iki gisomwa hamwe n'ibindi bisomwa vyose vyo muri Bibiliya bibishimangira, ikigirwamana si ikintu, nta na kimwe kivuze, ni igiti capfuye, canke ibuye, canke izahabu. Ni intumbero y'icipfuzo canke iciyumviro c'uwusenga gituma igikorwa kanaka kiba igikorwa c'ugusenga. Ugusenga ni insiguro umuntu aha ikintu. Ni igikorwa umuntu akora kugira ngo ahe icubahiro imana. Uwutizera Imana yifatanije n'abariko bararimbba batazira Imana mu rusengero ntala ariko arasenga, ntala ariko aratazira Imana nk'abakristo bari iruhande yiwe nubwo we yoba ariko ararimba nka bo canke akanabarusha guhibongoza. Abantu bacizera ibishushanyo, ibigirwanana yuko ari imana igithe bariye inyama zaterekerejwe ivyo bigirwamana, baba bariko barasenga ico kigirwamana. Ariko, iyo bamaze gushika ahantu bagatahura yuko ikigirwamana atari ikintu, ko ata co kimaze, ko ari igishushanyo gusa, ntibaba bagishobora kugisenga kuko bataba bizera ko hariho imana ikwiye gusengwa. Igihe rero bariye inyama ntibaba bariko baraterekera, baba bariko baririra inyama gusa.

Twafashe umwanya uhagije kuri iki kibazo kubera gifise ingaruka zikomeye, nyinshi. Abizera b'Abanyakorinto bari mu kibazo mu mw'igeragezwa ku kibazo gikomeye c'ivyizerwa n'ibikorwa, ibigirwa mu mico kama itandukanye. Ku rwego kanaka igikorwa c'umuntu wese cerekana imigenderanire yiwe n'Imana n'ivyagezwe vyayo, haba mu kuyumvira canke mu kutayumvira; io ni yo nsiguro yemewe kandi y'impwemu. Abantu babona ibintu mu buryo bumwe bashobora kwumvira Imana biciye mu bikorwa vyabo, kubera yuko bataba baciye kubiri n'ivyagezwe vy'Imana. Uwundi muntu abona ibintu mu buryo bunyuranye ashobora kuba atumvira Imana mu gukora ibisa n'ikintu kimwe kubera yuko ku rwego rw'ivyo yipfuza gukora ivyo bikorwa bibiri binyuranye cane.

Murabe neza mw'isuzuma rya Paulo: umukristo akuze mu kwizera ni we afise umwidegemvo wo kurya ku nyama zaterekerejwe ibigirwamana. Turazi yuko Imana idahutagiza abakiri bato mu kwizera, abo ari ho bacihana, ariko uko bagenda barakura Imana iguma igenda irabereka uburyo bwiza kandi bubereye bwo kuyumvira. Umuntu ashobora kwitega yuko ukwhangana kw'Imana yihanganira abacihanye, abihanye bashasha ko ari yo nsiguro y'iki gisomwa, ariko muri iki gihe abihanye bashasha bacizera yuko ibigirwamana ari ikintu c'ukuri basa n'abashingiwe imipaka n'akarimbi k'aho batarenga n'ivyo bashobora gukora. Abizera bakuze muri mpwemu batacizera yuko ikigirwamana ari ikintu bafise umwidegemvo munini.<sup>5</sup> Abaroma 14 hatanga uburorero ko muri rusangi.

### Gukora ivyiza, ibigorotse i Roma

Ishengero rya mbere ry'i Roma ritegerezwa kuba ryariyuviriye ku bintu bijanye n'imico kama itandukanye y'igisagara ubwaco. Abakristo b'Abayuda n'abanyamahanga bari bishize hamwe bavuye mu mihingo myinshi itandukanye y'ubwami bw'abami. Bariko baragerageza kumenyerana no kwhanganirana, ariko mu buryo bwiza kuri bo babaho mu buryo butandukanye cane. Abakristo bamwe barya ibirimwa gusa, kumbure bagerageza kuzibukira ukurya inyama zaterekerejwe ibigirwamana. Abandi na bo barya vyose. Abakristo bamwe baraziririza imisi mikuru y'Abayuda; abanda na bo ntibayiziririza. Inyishu ya Paulo yakwirikije ukwiyumvira nk'ukwo nk'uko yabigize no ku Bakorinto.

Udakomeye mu vyizerwa, mumwemere, ariko si ukumuhaririza ku vyo akekeranya. Umuntu umwe afise ukwizera kwo kumurisha vyose, ariko udakomeye ary ibirimwa gusa. Urya inyama yoye gukengera utazirya, kandi utazirya yoye guhinyura uzirya, kukw'Imana yamwemeye. Wewe uri nde uhinyura umushumba w'abandi? Kukw imbere ya shebuja ari ho ahagarara canke agatemb; mbere ushime azohagarara, kuk'Umwami wacu ashobora kumuagarika. Umuntu umwe Ashima umusi umwe kuwurutisha iyindi, uwundi agashima imisi yose. Umuntu wese ni ashirwe mu mutima wiwe. (Abaroma 14:1-5)

### Uwo ari we wese akwiriye gukora ico yumva ko Imana imugoberera gukora

Uwizera wese akwiriye gukurikiza ivyo yibaza ko bigorotse, "avyemera neza mu mutima wiwe bwite." Kandi akwiriye kubikora atarinze guhinyura no gucira imanza abandi, atarinze kubakengera canke kubatsindisha no kubanebagura kubera yuk obo babibona mu buryo bunyuranye n'ubwiwe. Abo bandi bantu na bo nyene ni abasuku, abashumba b'Imana, kandi ni insiguro y'ibikorwa vyabo yerekana imigenderanire yabo n'Imana bifise ico bimaze imbere yayo mu vy'ukuri. Muri ubwo buryo, "...Umwami ni we azotuma bahagarara." Abaroma 14, guhera ku murongo wa 6 gushika ku wa 9 harabisobanura neza.

Uwiyumvira umusi awiyumvira kubw'Umwami wacu; urya inyama azirya kubw'Umwami, kukw Ashima Iman, kandi utazirya yanka kuzirya kubw'Umwami, na we Ashima Iman. Kukw ata muntu muri twebwe ariho kubwiwe; canke apfa kubwiwe: Namba turiho, turiho kuba ab'Umwami, kandi namba dupfa, dupfira kuba ab'Umwami. Kukw'icatumye Kristo apfa akazuka ari ukugira ngo abe Umwami w'abapfuye kandi n'uw'abariho. (Abaroma 14:6-9)

Mu yandi majambo, umwe umwe wese muri twebwe aguma ari mu migenderanire n'Imana; nta na rimwe twigera tuba turi twenyene. Ni "Umwami" wacu, umukuru wacu, umutegetsi wacu, uwufise uburenganzira bwo kutubarira ivyo dukwiriye gukora mu bugingo bwacu bwose. Igikorwa ico ari co cose kigizwe n'imigenderanire, kandi ni kubera ico nyene (nta kindi kiriho) ko ukuri n'ibitari ukuri bimenyekana. Paulo yarabandanije avuga yuko ivyo kurya turya bitagira akamaro ubwavyo. Nimba ariko umuntu umwe yizera yuko adakwiriye kurya imfungurwa kanaka, rero aba ariko aragarariza mu kurya ivyo bifungurwa kubera yuko aba anyuranje n'iciyumviro ciwe c'ubugombe bw'Imana.

Ndabizi kandi nemejwe neza n'Umwami Yesu yuko ata gihumanya ubwaco shiti uwiyumvira kw'ikintu gihumanye ni we cohumanya. Yamara nimba hari umuntu abona ko ikintu gihumanye, kuri we ico kintu kiba gihumanye.... Ukwizera ufise ukugumane mu mutima wawe imbere y'Imana. Hahirwa utihinyura ku vyo yemeye. Ariko ukekeranya wese iyo ariye aba atsinzwe (Urukaratasi rugira 9) kuko bitaba bivuye ku kwizera: ikitava ku kwizera cose ni icaha. (Abaroma 14:14, 22-23)

### **Ntugatume abandi gukora ivyo babona ko atari ukuri, ivyo babona ko ari amakosa**

Paulo yarerekanye vyongeye ivyerekeranye n'ukugiranira imigenderanire n'abafise ugutahura kudahuje n'ukwacu ku bijanye n'ibigororotse. Dutegerezwa kwiyubara kugira ngo ntiducire imanza abandi, kubera yuko "umwe wese muri twebwe azorenguka imbere y'intebe y'Imana abazwe ivyo yakoze" (Abaroma 14:12). Muri uwo mwanya nyene, ntidukwiriye gukora ikintu na kimwe cotuma abandi batsitara mu gukora ibigororotse kuri twebwe ariko bikaba bitagororotse kuri bo.

Ariko weho ni igiki gituma uhinyura mwene so kandi na we ni iki gituma ukengera mwene so? Kuko twese tuzohagarara imbere y'intebe y'imanza y'Imana. Uherye none rero twoye guhinyurana yamara tugire iyi migabo ngo hoye kugira ushira igitsitaza canke ikigwisha imbere ya mwene se.... Iyo mwene so ababajwe n'ivy'urya ntuba ukigendera mu rukundo. Uwo Kristo yapfiriye ntumuranduze ivyo kurya vyawe. Iciza canyu coye gutukwa, kuko ubwami bw'Imana atari ukurya no kunywa ariko ni ukugororoka n'amahoro n'umunezero, vyo muri Mpwemu Yera, ukorera Kristo artyo ahimbara Imana kandi n'abantu baramwemera. Nuko dukurikire ivy'amahoro n'ivyop gukomezanya. Ntimusenyure igikorwa c'Imana kubw'ivyo kurya. Vyose ntibihumanya koko, ariko uwo muntu arya ibimutsitaza azobona ibara. Ni ciza kutarya inyama canke kutanywa vino, canke kudakora ikindi cose gitsitaza mwene so, canke kimurwisha, canke kimutera intege nke. (Abaroma 14:10, 13, 15-21)

Hamwe Abakristo bose bo kw'isi yose bosabwa gukora kumwe no gukora bimwe—hamwe ivyoba ari vyiza mu muco kama umwe vyoca biba vyiza no mu yindi mico kama yose yo kw'isi yose —ico kibazo nticokwigera kibaho. Ntivyoshoboka gutsitaza abandi ngo barwe mu kwigana inyifato n'ingeso vyemerwa ku wundi muntu mu bihe bimwe. Iciyumviro nyamukuru ca Paulo ni uko hariho amatandukaniro akomeye mu nyifato, mu ngeso rimwe na rimwe. Ikibazo co kutazimiza abandi kivana n'ayo matandukaniro, n'ubwo budasa.

Ico Paulo ashikiriza ngaha ntighushaniye na gato n'ubuhinga bwiwe yagumye akurikiza mu gukorana n'Abanyamahanga. Imana isaba yuko abantu bose bumvira ivyagezwe bimwe; ariko, mu buryo bumwe bufobetse ariko bw'ingirakamaro bw'ukugene ukwo kwumvira kugenda n'ukugene abantu bawkifatamwo kuratandukanye ku bantu batandukanye kandi baba ahatandukanye. None ivyo bishoboka gute, hatabayeho akajagari? Ico amahame ya Bibiliya atanga kuri ukwo gatandukana n'ubwo budasa ku mategeko n'ivyagezwe vyategerezwa gukurikizwa kumwe kw'isi yose? Muiri iki kigabane gikurikira, nashaka kugerageza gushiraho ayo mahame yokwisungwa.

### **Uburyo bwo kwumvira Imana mu muco kama uwo ari wo wose**

Dufatiye hamwe ayo mahame ane akurikira aho hepfo turashobora kumenya no gutahura ububasha bwose ntasubirwamwo bwa Bibiliya n'igikorwa kidasanze c'ubudasa bw'imico kama mu kurobanura ingene icagezwe kanaka gitegerezwa gushirwa mu bikorwa, gitegerezwa gukurikizwa no kwitonderwa. Ayo mahame ane ashikana ku ntambuko zitatu zitegerezwa gukurikizwa mu gushira mu bikorwa no mu gusuzuma igisomwa kanaka.

### **Ihame rya 1. Ivyanditswe vyose, Ivyo mw'Isezerano rya Kera n'ivyo mw'Isezerano Risha bifise ububasha ku bantu bose mu runganwe rwose, mu bihe vyose no mu mico kama yose.**

Ivyanditswe vyose vyandikiwe kutugirira akamaro. Nta vyagezwe na bimwe dukwiye kwirengagiza; nta burorero bukwiye kurenzwako uruho rw'amazi. Ivyanditswe birarengeye ukutwereka ivyo dukwiye gukora; ahubwo ni "igitabu c'ihinguriro ryacu" kitwereka ingene dukwiriye kubaho.<sup>6</sup>

### **Ihame rya 2. Nubwo ivyanditswe vyose vyandikiwe abantu bose, ntivyandikiwe umuntu wese ku giti ciwe.**

Umwanditsi wese w'ivyanditswe vyose yariko arashikiriza ubutumwa cane cane ku wo yavyandikiye wa mbere kandi ni ubwo butumwa nyene bugize insiguro ya mbere. Uwundi uwo ari we wese ni umurorerezi ategerezwa gukuramwo isomo mu vyavuzwe, vyabariwe uwavyumvise ubwa mbere canke uwabibariwe ubwa mbere ico Imana iriko iramubarira muri aka kanya icishije mu vyabariwe uwavyumvise ubwa mbere.

Hariho ibisomwa bibiri yvo mw'Isezerano Risha, vyerekana ingene abizera bo muri iki gihe bakwiriye kwiga bafatiye mw'Isezerano rya Kera, bishira umuco muri iri hame. 1 Kor 10:6–11 havuga ku bintu bibiri vyabayeye vyo mw'Isezerano rya Kera, "biboneka nk'uburorero budukingira, butubuza gushira imitima yacu ku bintu bibi nk'uko babikoze." Abaheburayo 11 havuga ku burorero bwinshi bwo mw'Isezerano rya Kera dutegerezwa gukurikiza. Abizera b'un o musi bategerezwa guhitamwo nimba ako karorero ari ko dukwiriye gukurikiza canke kuzibukira, kwiyubara, canke dukwiriye kugira icitegererezo mu kuraba ico uwo muntu yakoze mu bihe yarimwo no mu vyo yariko aracamwo n'ukugene bibiliya ivuga ku bikorwa yakoze. Duca rero turaba ico ivyo bikorwa bisigura kuri twebwe mu bihe turimwo uyu musi. Biradufasha kubona ingene ishengero rya mbere ryasigura Isezerano rya Kera, kubera yuko amashengero atandukanye yo mw'ishengero rya mbere batari mu bihe imwe na gato, canke batariko baraca mu bihe bimwe. Bamwe bari batunze abanda bari aboro, kiandi bari bafise imico itandukanye bivanye n'amoko bakomokamwo, bamwe bari mu kaga gakomeye abandi na bo vyaratwarika, bamwe bari mw'ihamwa abandi na bo baridegemvy, no mu bundi buryo bwinshi bari batandukanyemwo.

### **Ihame rya 3. Ni insiguro ya mbere, inyigisho yo kw'isi yose, y'igisomwa ico ari co cose c'Ivyanditswe ikurikizwa kumwe mu mico kama yose.**

Icagezwe ico ari co cose n'uburorero kose bifafise insiguro ya mbere. Ibisomwa vyanditswe ubwa mbere kugira ngo bigire insiguro imwe kw'isi yose bifafise insiguro ya mbere imwe nk'uko ico gisomwa kiyifise. "Ntukibe" ni icagezwe gifise insiguro imwe mu mico kama yose n'ahantu hose kandi ku wo ari we wese. Ariko ibisomwa vyinshi usanga bivuga ku bintu bidasanzwe canke bigatanga urukurikirane, urufatangane rw'impanuro ku bantu kanaka kandi izo mpanuro zikaba zidafata abantu bose, kandi zitokurikizwa ahantu hose n'abantu bose. Muri ivyo bisomwa, insiguro nyakuri ya mbere itegerezwa kuvanwa mu vyariko biraba hamwe no muri ico gisomwa nyene. Inyigisho ya mbere yamye ikurikizwa igihe cose ku bantu bose kandi mu bihe vyose muri kahise, nubwo ugushirwa mu bikorwa no mu ngiro gushobora gutandukana bivanye n'ibihe bitandukanye abantu barimwo, canke ivyariko biraba bitandukanye. Ni iyo nsiguro ya mbere twita neza "ibitimuka vya Bibiliya, ibidahinduka vya Bibiliya." [urupapuro rwa 10] Iki ciyumviro kiraja gusobanurika neza kurusha dufatiye ku ntambuko zitatu dutegerezwa gukurikiza mu kumenya insiguro ya mbere no mu kuyikurikiza, hamwe no mu kuyishira mu bikorwa, mu ngiro.

Kubera ihame rya kane ritandukanye n'ayandi mu huryo ryubatse, dukwiye kwongera gusubiramwo urugendo rusanzwe umuntu acamwo mu kurobanura no gushira mu ngiro insiguro y'igisomwa ca Bibiliya imbere yuko tukivugako. Intambuko ziratomoye, ziragorortse kandi ziroroshe gukurikiza. Dukwiye gusubira kuzicamwo neza, nubwo, kubera ukugene ayo mahame ashirwa mu ngiro mu buryo butandukanye mu mico kama itandukanye bishobora kugorana cane.

### **Ugukurikiza intambuko zitatu mu gutahura n' ugushira mu ngiro insiguro ya mbere y'igisomwa ico ari co cose**

**Intambuko ya 1. Menya "Ico ico gisomwa cabariye abacumvise ubwa mbere?"** mbega abo candikiwe ubwa mbere bari ba nde, abategerezwa kugisoma ubwa mbere bari ba nde, "abacakiriye" ubwa mbere Bari ba nde? Bari mu bihe bimeze gute, ivyariko birababako vyari ibiki? Insiguro umwanditsi yashaka kubashikiriza ni iyihe?

**Intambuko ya 2. Menya, tahura "Ico ivyo bisigura?"** None insiguro ku bantu bose basoma iki gisomwa ni iyihe? Insiguro ya mbere canke isomo rya mbere twokuramwo ni irihe? Twobivuga mu majambo ayahe yumvikana kuri bose? Kubera yuko abantu bose hariho ibantu bimwe bikomeye bahurizako (Dye, T. W. 1987, 42-43), ibihe barimwo vyarasa rimwe na rimwe kuri bose. Ni vyiza kugergeza kuvuga iyo nsiguro kuri bose mu majambo adafofetse, mu majambo yumvikana.

**Intambuko ya 3. Baza iki kibazo "None ibi bisigura iki kuri jewe?"** none iyi nsiguro kuri bose ikoreshwa gute kuri twebwe no kubariko barayumviriza, ku bagenzi bacu, no kubo dukorana ubu muri iki gihe turimwo ngaha? Aha rero ni ho hagoye cane. Iyi ntambuko ni yo yoroshe gukurikiza kurusha izindi zose nimba turiko turirabishako insiguro kuri twebwe ubwacu hamwe no ku muntu ameze nka twe, asa na twe.<sup>7</sup> Hamwe ugushirwa mu ngiro kwoba gutandukanye mu wundi muco kama, aho rero twoca tugira ingorane yo kumenya ingene twobishira mu ngiro, twobikoresha, twobishira mu bikorwa. Abakozi bakorera mu mico kama itandukanye n'iyabo kenshi na kenshi bifashisha ukubaza abasanzwe bavukiye muri uwo muco kugira ngo na bo bashobore kubikurikiza.

Ibi bica bidushikana kw'ihame rya kane.

### **Ihame rya 4. Ivyagezwe vya Bibiliya biriho kugira ngo bidufashe gukunda Imana no gukunda abandi bantu.**

Iri hame ni ryo rikomeye kurusha ayandi kandi ni na ryo rikwiye gukoreshwa inyuma y'ayandi yose. Paulo yerekana imigenderanire yaryo n'ibindi vyagezwe vyosemuri ubu buryo:

Ntihakagire uwo mugirira umwenda, atari ugukundana: kuko ukunda uwundi aba ashikije ivyagezwe. Kukw'ibi, ngo ntugasambane, ntukice, ntukibe, ntukipfuze, n'ikindi cagezwe cose, bipoperanirijwe muri iri jambo, ng' "Ukunde mugenzawe nk'uko wikunda." Ufise urukundo ntagirira mugenzi we nabi: Ni co gituma, urukundo ari rwo rushitsa ivyagezwe. (Abaroma 13: 8-10)

Intumbero y'ivyo vyagezwe vyose yerekanyre n'imigenderanire abantu bagiriranira ni iyo kudufasha kumenya ingene dukunda abandi ata buryarya. Mu buryo kanaka, hariho ivyagezwe bibiri gusa vyinjiranamwo: Kunda Imana ubwa mbere kandi ukunde mugenzawe nk'uko wikunda. Ibisigaye vyose ni ido n'ido ry'ukugene ushobora kwumvira ivyo vyagezwe bibiri vyinjiranamwo.

### **Ugutahura ukugene wokunda abandi biragoye**

Twebwe abantu ntituzi ingene dukwiye gukunda abandi mu buryo bugorotse, ni co gituma ubwo buryo dukwiye gukundamwo abandi bwanditswe ngahamu nyigisho za Bibiliya . Paulo yerekana neza ico ari co urukundo muri 1 Kor 13. Urukundo rurihanganarukundo ntirugira ishari, urukundo ntirwihayagiza, ntirwihimbaza, ntirukora ibiteye isoni, ntirurondera ivyarwo, ntirwiciraho, ntirwiyumvira ikibi ku bantu, ntirunezererwa ukugabitanya kw'abandi, ariko runezeranwa n'ukuri, rurenzako muri vyose, rwizigira vyose, rwihanganira vyose..

Uru rukundo rumeze rurtyo rutegerezwa kugaragara mu buzima bwa misi yose mu migenderanire yo mu miryang hamwe no mu migenderanire y'ikibano kirimwo abantu batandukanye. Uru rukundo ntirwigera rworoha, ariko rukomoka gusa "mu mutima utanduye n'umutima utatwagiriza ikibi hamwe n'ukwizera kw'ukuri" (1 Timoteyo 1:5). Urwo rukundo ruroroha gatoya ku bo musangije imico aho umuntu aba azi amategeko aba muri uwo muco yo gukunda abandi; urwo rukundo

ruragoye kurushiriza mu wundi muco aho ibigirwa bitandukanye. Mbere, hariho ibantu vyinshi vy'urukundo bizazanira abantu kandi batahura nabi kenshi.

## 1. Urukundo rw'abantu bose n'inyigisho y'ido n'ido

Mu bisanzwe, hariho ubwoko bubiri bw'ivyagezwe bwo gukunda abandi mu Vyanditswe: itegeko, ivyagezwe vyerekerany na bose hamwe n'ibigize ido n'ido. Abantu bakeneye ivyo vyoseuko ari bibiri. Ntidukwiye kwihenda no kwibesha yuko dushobora kubaho mu rukundo hanyuma tukiyobagiza izindi nyigisho dusanga mu masezerano yose irya Kera na risha (ariko cane cane Isezerano Risha). Imana yari izi ko abantu bayakeneye yose, ari na co gituma yose arimwo. Twebwe abantu tubaho mw'isi igoye kandi itoroshe; ntituzi uburyo dukwiriye gukundamwo abandi tutabifashijwemwo n'izindi nyigisho nyinshi n'uburorero bwinshi bwo mu Vyanditswe.

Muri uwo mwanya nyene, ntitumenya kenshi na kenshi ingene dusigura izo nyigisho nyinshi z'ido n'ido ry'ukugene dukwiye gukunda abandi, ni co gituma ihame ry'urukundo rishiraho umuco mwinshi ku vyo dukwiye gukora. Igihe ugushira mu ngoro ivyagezwe bibiri guhakwa gusa n'ukutumvikana, umengo kuravuguruzanya, canke ige imico ibiri ishizwe hamwe kugira ngo haboneke ikibereye gukorwa, ihame ry'urukundo ni ryo ryonyene ridutorera inzira vyokorwamwo.

## 2. Ubutandukane bw'imico ku rukundo nyakuri rw'Abakristo

Igihe abantu bo mu kibano kanaka bumvise Bibiliya ivuga iti, "Mukunde bagenzi banyu nk'uko mwikunda," baba bafise iciyumiyo c'ukugene urwo rukundo rutegerezwa kumera; umuco wabo ni wo utegeka agatima muntu ukabereka ivyo bakwiye gukora kuri urwo rukundo. Ayandi majambo asa n'ayo "ivyo ugomba ko abandi bagukorera ba na we ari vyo ubakorera" ni amajambo yo gusigura ico ari co gukunda abandi nk'uko na we wikunda. Ayo majambo yashiriweho gusigurira umuntu no kumuha iciyumiyo c'ico uwundi muntu ashobora kwipfuza. Urukundo rubaza iki kibazo, "Nipfuza yuko uwundi muntu yonkorera iki iyo nari kuba ndi nko mu bihe arimwo, iyo mba ndi mu kibanza arimwo?"

Iryo tegeko ritanga umuco ufise aho ugarukira mu yindi mirwi y'abantu idasangije imico n'aho iryo tegeko ryatangiwe. Igihe umuntu agerageje kwerekana urukundo [urukaratasi rugira 11] kuri mugenzi we wo mu muco kama unyuranye n'uwiwe, iryo jambo "nk'uko wikunda" ntiryererekana na gato urukundo. Nk'uburorero, hamwe umugore wanje yogabura ivyo kurya birimwo inyama z'ingurube, ku banyamerika benshi bobona yuko yikokoye, yabakunze cane, bobibona ko ari igikorwa c'urukundo. Hamwe yogabura izo ndya nyene zirimwo inyama y'ingurube akaziha Umuyahudi, Umuyuda canke umuisilamu canke uwurya ibirimwa gusa, ivyo vyobatsitaza cane, ni nk'uko kwoba ari ukubasotora, vyobatsitaza cane.

Twibaza yuko tweretse urukundo abantu b'i Bahinemos mu kubarerura tukabajana mu bwato ikitere kingana ibirometero 32 tukabona kubashikana ku bitaro. Nubwo twashoboye kurokora ubuzima bw'abantu batari bake, ibitaro vyasa n'agasho, uburoko kuri bo, cane cane kubera ivyizerwa vyabo ku rupfu, ivyo bizera ku rupfu. Bizera yuko iyo umuntu apfiriye kure y'i muhira iwe, umuzimu ntuzoshobora kumuherekeza gushika aho bazomuhamba, kandi bakizera yuko atari gupfa gusa ariko hazoca habaho n'ibindi bintu bibi cane ku basigaye mu muryango wagutse kubera uwo muzimu utaherekeje uwo yapfuye kuja guhambwa no kugirirwa imihango yose ikenewe bakorera uwapfuye.

Ibikorwa umuntu umuntu ashobora kubona nk'aho ari ivy'urukundo mu muco kama umwe bishobora gutera ingorane n'akaga ku ncuti canke ku mubanyi mu wundi muco. Ibikorwa kanaka bishobora mbere gutuma batsitara bakanatakaza ukwizerwa kwabo. Bisaba ko umuntu abanza kugira ubushakashatsi imbire yuko amenya ico abantu bo mu micungararo, abantu baba ngaho bipfuza yuko umuntu yobakorera kugira ngo abereke urukundo aho hantu baba bari. Kenshi na kenshi bifatira ku rukundo ruvugwa muri 1 Kor 13, rurihangana, rugira neza, ntirwihayagiza, ntirwiimbaza, ntirwiyumvira ikibi ku bantu, ntirunezererwa ukugabitanya kw'abandi, rwihanganira vyose.

Nubwo tuvuze gurtuo, Ivyanditswe birafise aho bigarukiriza ku ho umuntu ashobora gushitsa mu guhindura ingendo n'ingeso ziwe mu kwerekana urukundo ku bandi. Twebwe Abakristo ntidushobora gukora ivyo twiyumvira yuko ari ivy'urukundo ngo twirengagize ico ivyanditswe vyigisha, bivuga. Ahubwo, dutegerezwa gukunda abandi mu buryo bugaragaza urukundo ariko kandi mu buryo twumvira ivyagezwe vyose vya Bibiliya. Ivyagezwe vyo gukunda abandi vyerekana ingene dushobora gushira mu bikorwa ayo mategeko: ahubwo ntibiyasubirira.

### *Gukoresha intambuko zo gusigura: Uburorero bubiri bwo muri Bibiliya*

#### **Kwoza ibirenge**

Imbere yo kurya ingaburo yera, imbere y'Isangira Ryeranda rya Nyuma Yesu yasangije n'abigishwa biwe, yogeje ibirenge abigishwa biwe aca avuga ati,

Nuko rero, ko jewe mbogeje ibirenge, ndi Shobuja n'Umwigisha, namwe mukwiye kwozanya ibirenge. Kuko mbahaye uburorero, kugira ngo nk'uko jewe mbagiriye, abe ari ko na mwe mugira. (Yohana 13:14-15)

Amashengero make y'iki gihe ni yo akurikiza nk'uko ivyo vyavuzwe na Yesu. Mbere nayo mashengero yitwa ko abikurikiza abigira mu bihe bidasanze gusa nk'igikorwa c'ikigereranyo, n'ikimenyetso. Hariho ibituma vyinshi; kwoza ibirenge nk'uko Yesu yabitegetse ubwa mbere ntaco vyoshikako mu muco kama kanaka aho abantu Bambara ibirato n'amashesheti, bagaca ahantu hatagira umukungungu, hasukuye hasize isima kandi baguma boga umubiri wose.

None ivyo bisigura yuko iryo tegeko ryoca ryirengagizwa? Oya na gato! Ihame rya mbere ry'ugusigura ikintu ni uko ivyanditswe vyose vyandikiwe kutugirira akamaro kandi vyanditswe kugira ngo tuyumvire. Hariho insiguro y'ivyo yumvikana kandi yemewe henshi yuu musi, insiguro igaragara igehe umuntu abikwirikije.

Reka tuje mu ntambuko zitatu zikoreshwa mu gushira mu ngiro icagezwe.

### ***Intambuko ya 1: Ibi vyababwira, vyavuga iki kuri bo?***

Kwozanya ibirenge. Icatumye iki cagezwe gitangwa hari kubera ico gisagara cari cuzuye ivumbi ata mazi ahari kandi n'isuku ryaho ritari ikirenga, hariho ibikoko vyinshi mu mabarabara, kandi abantu bagenda ata birato bambaye, abishoboye na bo bakambara amasandare. Mbere iyo umuntu yoze umubiri wose imbere yuko agendera, atemeberera mu rugo rw'umugenzi, yaja gushikayo ibirenge vyiwe vyongeye kwandura no gucafura. Ni co gituma, umuntu mwiza yagendewe yaca ategeka umushumba wiwe kwoza ibirenge vy'uwo mushitsi imbere yuko ashobora kuja ku meza kurya (Luka 7:44). Cari ico gikorwa kigayitse, gicisha bugufi umuntu, gicafuye, kibi, ariko cumvikana kandi gikenewe Yesu Kristo yigishije abigishwa biwe kwama bakorieranirana. Iyi ni yo nsiguro yatanze ku bo vyagiriwe ubwa mbere , ku babisomye ubwa mbere no ku bavyumvise ubwa mbere.

### ***Intambuko ya 2: Ibi bisigura iki?***

Ikitimuka ca Bibiliya gitegerezwa kuvugwa muri ubu buryo, “Uko biri kwose nta makuru igikorwa gikomeye ico ari co cose ufise mu kibano n'icubahiro ufise mu kibano c'Abakristo, igehe cose ukwiriyekwama wipfuza gukora ibiciriye hagufi, ibigayitse abandi batipfuza gukora kugira ngo bigirire akamaro uwizerwa mwene so, canke icaremwe muntu.”

### ***Intambuko ya 3: Ibi bisigura iki kuri jewe?***

Isi y'uju musi nta neke ko itanga akaryo ku guca bugufi no gukorera abandi. (Aha rero ni ho ihame ry'insiguro ya kane riwa, ribereye gukoreshwa.) Hariho uburyo bwinshi cane bwoo gushira mu bikorwa iri tegeko, iki cagezwe. Abarwaye n'abari ku mpfiro, harimwo n'Abagendana umugera, bakwiye kwitwararika. Abanyororo bakwiriyekutembererwa no kurabwa kandi n'abagira amakosa na bo nyene barafise uburenganzira bwo kubaho, no gufashwa. Ibikorwa nya misi yose vyo guteka, gukubura, kurera abana hamwe no kwitwararika abageze mu za bukuru ni ngombwa. Urwo rutonde rurabandanya. Ishengero rishobora kubandanya kubaho kubera abakira abandi, abereka abandi aho bicara, abigisha abana canke abafatira abana abandi igehe bari mu misa, co kimwe n'abavugabutumwa n'abigisha. Abakristo bakora ibijanye n'ingabire bahawebagakora igikorwa cabonaho coba kigayitse mu maso y'abandi baba bariko barashitsa icagezwe baba boza ibirenge abandi canke batavyoza, ukwoza ibirenge ni ikimenyetso gusa.

### ***Kurumya umunwa w'inka iriko irasekura ingano***

Intumwa Paulo aha insiguro ibisomwa vyo mw'Isezerano rya Kera muri ubwo buryo muri 1 Kor 9:9-10 na 1 Timoteyo 5:17-18. Yariko arerekana yuko abakozi b'abakristo babereye,bakwiriyekuhembwa, guhabwa ingerayo, yabigaragaje yabuye itegeko, icagezwe gikomoka mu Gus 25:4, “Ntimuze murumye umunwa w'inka iriko irasekura ingano.”

Nome Paulo yavuye gute ku nka agasimbira ku bantu? Kurikiza ugushira mu ngiro intambuko (Intambuko ya 1: ivuga iki?) “Ntimuze murumye umunwa w'inka iriko irasekura ingano.” Mu gisomwa ca 1 Kor yabandanije abaza iki kibazo, “mbega inkani zo Imana ibabaye? Canke se yabivuze kubwacu ego me vyanditswe ku bwacu?” Inyishu y'iki kibazo ni oya, si mu gisomwa ca mbere. Insiguro yashatse gutanga ku bavyumvise ubwa mbere mu vy'ukuri kwari ukwiriyekukorwa ibikoko bakoresha.

Ariko Paulo yabonye inyishu nyamukuru (Intambuko ya 2: bisigura iki?) iciyumiyo nyamukuru c'ico gisomwa ni uko umurimyi akwiriyekutembere impembo y'igikorwa yakoze, umukozi akwiriyekutembere impembo y'igikorwa yakoze. (Intambuko 3: mbega ivyo bisigura iki mkuri jewe?) ico ciyumiyo gifise uburyo bwinshi gishirwa mu ngiro. [urupapuro rwa 12] Akoresha ivyo kugira ngo asigure yuko abantu bo mu kibano c'abakristo bategerezwa guhemba abapasitoribabo. Ikindi, kubera yuko abantu bafise akamaro kurusha ibikoko, Paulo yerekana yuko ivyo yariyo ntumbero nyamukuru y'ico cagezwe. Yesu vyongeye yariko aravugana n'abantu bariko barumviriza ivyo bisomwa vyerekeranye n'inka zisekura ingano mw'Isezeranorya Kera (Luka 13:15; 14:5).

Ibi rero ntibishirwa mu ngiro mu buryo bica bigaragara kuri bose ku gisomwa kivuga ku kugene bogenza , bofata inka, ariko Yes una Paulo bakurikije ugushira mu ngiro izo ntambuko kubwacu.

### ***Ubundi burorero butagaragara cane***

Rimwe na rimwe ayo mahame ane y'ugusigura aroroshe gushira mu bikorwa. Abakristo b'uyu musi barumva yuko bakwiriyekuhembwa gusukura no gukora ibikorwa abandi bita ko bicafuye bakabikorera abandi bakristo batazi ko bariko “baroza ibirenge.” Mu bindi bihe na ho, iyo ngendo ntiyoroha. Muri bimwe hari aho haduka ingorane zivanye n'ukwirengagiza canke gusimba imwe mu ntambuko zitatu zituma utora iniguro nyamukuru y'igisomwa ico ari co cose cerekeranye n'icagezwe canke itegeko. Mu bindi bihe na vyo, umurwi w'Abakristo ushabora kwiyumvira yuko ishirwa mu ngiro ry'ikintu kanaka ari ibisanzwe kuri bose. Igihe ivyo bibaye, ihame n'ishirwa mu ngiro ryaryo bica biba mu mitwe yabono mu mitima yabo, kugira ngo iryo shirwa mu ngiro ribe ari ryo ricika insiguro. Mu yandi majambo, abo Bakristo baba barazazaniwe n'ugushirwa mu ngiro kw'ikintu kanaka mu muco kanaka kw'icagezwe ca Bibiliya kitimuka,

kidahinduka. Ingaruka y'ivyo ni uko baca bakuramwo ugushira mu ngiro gutandukanye n'ukwa mbere ico cagezwe iyo ibihebihindutse.

Ivyagezwe bimwe bimwe muri Bibiliya vyanditswe nk'aho vyerekeye abantu bose, rero intambuko ya kabiri ntiba igikenewe. "Ntukibe," nk'uburorero, cari icagezwe kigaragara, kidasanze ku BIIsirayeli ba kera, ariko kandi ni icagezwe ku bantu bose ahantu hose. Ivyagezwe vyo mw'Isezerano Risha nka "mutange indaro" canke "mugiriranire neza" vyahabwa abantu kanaka, yamara ukuntu ivyo vyagezwe vyanditswe, vyashizwe mu majambo vyerekeranye n'abantu bose. Ukgira neza, gutanga indaro, n'ukwiba vyose biratahurika mu mico kama yose, aho ari ho hose. Ukwandika ivyagezwe mu buryo bw'uko atawisanga yuko atarimwo vyashikanye Abakristo ku gukora ibidakorwa mu kwiyumvira yuko bashobora kwikorera ivyo bashaka vyose kubera umuco kama. Dushobora kubona ivyo hamwe twosuzuma ingene ivyagezwe bimwe bimwe vyumvirwa mw'Isezerano Risha, harimwo n'aka karorero gakurikira ko mu buzima bwa Kristo.

### **Umuntu aba yivye iyo bigenze gute?**

Reka turabe ku busuma, ku kwiba dukoresheje ugushira mu ngiro intambuko zitatu. (Intambuko ya 1): Mbega ibi vyababarira iki? "Ntukibe." Kubera ayo majambo yanditswe nk'aho yerekeranye n'abantu bose ata wuvuyemwo, ihame ryo ku bantu bose ni rimwe nk'uko vyavuzwe ubwa mbere, "ntutware ivyo udafitiye uburenganzira gutwara, ntiwihe ivyo udafitiye uruhusha, uburenganzira kwiha." Intambuko ya mbere n'izo ntambuko zindi zibiri zisigaye ni zimwe. Ugushirwa mu ngiro kwazo ariko, kuratandukanye bivanye n'imico kama. Iyo Yesu yaba yabaye muri Amerika kandi agakora nk'ivyo yakoze ubutumwa bwiza butubarira ko yakoze, yari kuba umusuma. Yaraca mu ndimo z'abandi zitari rwiwe akamura ivyamwa akirira atabanje gusaba uruhusha nyene kubitera, kandi mbere n'abafarisayo ntibamwidodombe, ntibabimufatiyeko, ntibabonye ko ari ikosa.<sup>8</sup> Ariko hamwe jewe nohirahira ngaca mu murima w'ivyamwa vy'uwundi muntu ngaha muri Amerika hanyuma ngahirahira nkamura icamwa nsobora guca mpagarikwa aho nyene kuko mba nivye. Hamwe nogerageza kwisigura muri sentare mu kuvuga yuko na Yesu yabikoze, vyoca vyandikwa mu binyamakuru vyose vyo muri Amerika, ariko ivyo ntivyotuma baca bandekura.

Itandukaniro riri mw'ishirwa mu ngiro. (Intambuko ya 3): ivyo bisigura iki kuri jewe? Yesu yabaye mu muco kama no mu migenzo yari yashizeho mu bitabu bitanu vya Mose uburenganzira ku bantu n'ivyo bemerewe gukora harimwo ukwamura ivyamwa umuntu akabirya naho atoba ari we yabirimye, igihe cose ico camwa caririrwa aho nyene camuriwe. Kubera yuko Reta Yesu yabamwo yamuha uburenganzira bwo kwamura icamwa akakirya, ntiyariko ariba. Umuco wanje, canke imigenzo y'Abanyamerika ntiha umuntu uburenganzira bwo kurya icamwa wamuye mu ndimo y'uwundi muntu, mu ndimo udafitiye uburenganzira. Ntegerezwa kubanza gusaba uruhusha kugira ngo namure icamwa mu ndimo itari rwanje, mu ndimo ntateye, canke na ho noba ndi umusuma.

Ubushakashatsi budasanzwe burakenewe kugira ngo umuntu ashobore gutahura ico abantu kanaka mu muco kanaka bafise uburenganzira gukora. Amoko y'abantu bensi bo muri Irian Jaya afise amategeko atandukanye ku vyerekeranye n'ico umuntu afise uburenganzira bwo gukora no gutwara. *Inkuru y'Inanasi* yashizwe ababona na (Gothard na Koning 1978) yerekana ukutumvikana kw'imico kama nk'ingaruka y'amategeko atandukanye kuri nyene ibiterwa, ku wo ibiterwa vyegukira. Hamwe umumisiyoneri yaba yarabajije iki kibazo, "Ni nde afise uburenganzira bwo gutwara inanasi?" hanyuma akizera ivyo yabariwe, yashobora kuzibukira no kwirinda imyaka myinshi atatahuwe, canke igishingantahe ciwe kitumvirijwe, ivugabutumwa ryiwe ritumvirijwe, ngo rishirwe mu bikorwa. Abantu bo muri Irian muri iyi nkuru bari bafise itegeko ryumvikana, "Uwabirimye ni we abirya, uwazirimye ni we azirya (inanasi)." Ivyarimwe, ivyeze mu ndimiro ni vyo rero bikoreshwa mu gutanga kugira ngo hubakwe amategeko yerekanyen n'uburongozi bwo muri kazoz. Bene indimo barashobora kurembeka indimo zabo kugira ngo bazikingire abasuma, mu guhamagara ubundi bubasha burengeye ubwa mbere, cane cane imizimu y'abakurambere baja barapfuye. Abantu bo muri ico kibano canke bo muri ico gihugu ntibazi ico ari co, ntibatahura ico ari co guhemberwa ibikorwa wakoze. Abamisiyoneri bibaza yuko umukozi akwiriye impembo y'ivyo yakoreye, "Nimba narishe, nahemvye umukozi, ndafise uburenganzira bwose ku vyo uwo mukozi yakoze canke ndafise uburenganzira bwose ku mwimbu uvuye muri ico cuya c'uwo mukozi kuko nabirishe."

### **Indangurakintu y'ugutanga dufatiye ku muco**

Itegeko ryo "gutanga indaro" (Abaroma 12:13) ritahurwa ahantu hose, ariko ntiritahurwa m,u buryo bumwe. Igihe umukobwa wanje na jewe twatemberera abantu bitwa Tboli b'i Mindanao, muri Philippine mu mwaka wa 1974, Abakristo baduhaye ingabire baduha n'indaro vyose bigiye hamwe wari umushahara w'ukwezi kwose. Umuco wabo kama uremeza cane ugutanga indaro kandi uru ni rwo rukundo bibajije ko bokwereka abagenzi babo bariko barahindura Bibiliya mu rurimi rwabo.

Nk'abamisiyoneri twama duhabwa indaro n'abantu b'abakristo muri Reta zunze ubumwe za Amerika. Abantu bensi baratwuguriye inzu zabo kandi batwereka ukugira neza kwabo nubwo twari ba kavantara kuri bo. Nta muntu n'umwe yigeze ashika nk'aho bashitse mu kuduha ingabire ishika nk'umushahara wacu twaronka ku kwezi mu kuduha indaro no mu kutwitwararika. Nta kintu nk'ico twokwitega mu muco wo muri Amerika ya ruguru. Itegeko ryo kw'isi yose [urupapuro rwa 13] ritegerezwa gushirwa mu ngiro rifatiye ku muco kama w'igihugu cose.

### **Urugero rw'umuco kama ku vyerekeranye n'ugutanga**

Icagezwe ca Bibiliya (Intambuko ya 1) kivuga yuko "abantu bakwiriye kuba abanyabuntu bakunda gutanga, bakunda gusangira n'abandi" (1 Timoteyo 6:18). Insiguro ya mbere ni imwe nyene irigaragaza (Intambuko ya 2). Ariko ishirwa mu

ngiro riratandukanye n'ibigirwa n'umuntu wo ku mutumba wa Isneg muri Philippine ya ruguru kurusha uko biri kuri twebwe (Intambuko ya 3). Hamwe umuntu yitwa umuIsneg yoza mu gisagara cabu afise igitunga cuzuye inanasi yasoromye, yamuye mu ndimo i we, hanyuma agatanga 2/3 vy'izo nanasi, bomubona ko ari maboko, ataco yikura. Umuco w'ico gihugu witega yuko batanga 3/4. Hamwe jewe noba mvuye kugura ibantu mw'iduka ridandaza ivyamwa hanyuma ku vyo naguze ngatanga 2/3 nkabiha ababanyi, boca banyibazako ikibazo—bokwibaza yuko nsara, ntakomeye mu mutwe, ntakwije mu mutwe.

Tuba mu mico kama itandukanye, n'uburyo butandukanye bw'ugusangira ibantu. Icagezwe ni ic'isi yose, ariko ugushirwa mu ngiro kwaco kujanye n'umuco kama. Dutegerezwa gukurikiza intambuko zitatu mu kurishira mu ngiro kandi tukigisha abantu bo mu yindi mico kama gukora gurtwo.

### **Ugusomana kwera**

Akandi karorero ko kwumvira dufatiye ku muco no kuvyariko biravugwako ni ukugene mu mico kama itandukanye bakurikiza inyigisho n'ibisabwa ku (Intambuko ya 1) "Muramukanishe kugumbiranana "gusomana" kwera" (Abaroma 16:16, 1 Ab'I Kor 16:20, 2 Kor 13:12, 1 Tes 5:26, 1 Petero 5:14). (Intambuko ya 2) Muramukanye ata buryarya, mu buryo bugororotse, mwarekane urukundo mu kuramukanya kwanyu. Igihe abantu bo mu mico kama itandukanye bakwirikije ivyo vyavuzwe (Intambuko ya 3), imico kama imwe mu vy'ukuri iremura gusomana. Iyindi mico kama na yo irahindura iring tegeko ikemera ukugumbiranana, abandi na bo bagahana kamashu, yambu mu maboko, abandi na bo bakunamanirana, canke na ho bakongoreranirana mu kuramukanya canke na ho bagatwengeranirana. Uko babikora kwose, urukundo, ukwubahana, hamwe n'ukwerekana ko bakundanye vyerekana mu buryo butagira amakemwa, amahinyu.

### **Kwitwararika abashaje—uburyo bw'i Bulaya**

Fata akandi karorero, itegeko, icagezwe co "kwubaha so na nyoko" (Intambuko ya 1 n'iya 2). Ishengero rya mbere ryabona neza ko kwumvira abavyeyi kwari kugizwe no kubitaho no kubitwararika igihe baba bashaje. Ishengero ryaritwararika abashaje batari bafise abana babitaho. Yesu yanebaguye Abafarisayo ko bava mu vyagezwe vyo gufasha abavyeyi babo mu guha Imana ivyari bigenewe abavyeyi babo, canke ivyategerezwa guhabawa abavyeyi babo (Matayo 15:1-9). Narigeze kwumva umukenguza mateka wo muri Fiji avuga mu bantu yuko ibibano vy'i Bulaya ari ibibano vy"ubukoko", vyarenzwe n'igihe kubera yuko ukwitwararika abashaje bakurekera amashirahamwe. Mu ciyumiyo ciwe, abageze mu za bukuru bategerezwa kwitwararikwa n'imiryango yabo, kandi bategerezwa kubana n'imiryango. Nta nkeka yuko ubuhinga bwiwe busa n'ubwo ishengero rya mbere ryakoresha.

Twebwe Abakristo b'Abanyamerika, harimwo n'abageze mu za bukuru benshi, tubona ico kibazo mu buryo butandukanye (Intambuko ya 3: Ivyo bisigura iki kuri jewe?). tubona insiguro ya mbere nk'aho itigeze ihinduka, ariko tukavuga yuko mu gushira mu ngiro iviyumviro vy'abenegihugu bitanga umutekano ku bantu hamwe no mu vyo ikibano gikorerwa, tuba turiko turashitsa ivyo dusabwa n'amategeko. Nk'uko Abanyamerika benshi babona ibantu, mu mihiro yacu ntihemera kwakira uwundi muntu n'umwe atari uwo mu muryango, kandi mbere n'abageze mu zabukuru ntibagomba kuguma bari musi y'imiryango yabo, bashaka kwidegemvya no kwikorera ivyabo, no kwibera ukwabo. Kiretse iyo hari urundi rutonde n'ibindi bintu vyapanzwe ni ho honyene twitega yuko imiryango yakira abageze mu zabukuru. Aka ni uburorero k'ukwumvira kajanye n'ibiba mu kibano no mu mico kanaka ku bantu bamwe bo muri Reta zunze ubumwe za Amerika.

### **Umukristo aremerewe kunywa itabi?**

Mu burorero bw'aho hejuru, umuco w'ubwoko wafashe itegeko rikomeye kurusha Abanyamerika. Kiretse dusozereye tuvuga yuko ico kibazo kivana n'uko Abanyamerika batagira mpwemu canke badakomeye mu kwizera, ngaha dufise uburorero kanyuranye. Nk'uko biri ku bavugabutumwa benshi b'Abanyamerika, umugore wanje na jewe ntitunywa itabi, ntidusogota itabi. Twafatiye kw'itegeko riri muri 1 Kor 6:19-20 ko risigura yuko dutegerezwa kwitwararika imibiri yacu no kutayononera, tuyononesheje ico ari co cose. Turazi yuko kunywa itabi, gusogota itabi bishobora gukwegera umubiri ingwara nyinshi. Muri iyi misi Abanyamerika benshi baremezanya n'uko ukunywa itabi bikwega ingwara nyinshi, kugeza yaho bashobora kuduza amakori kw'itabi no kutorohereza abarinya kugira ngo barabe yuko boca burundi itabi mu biro n'ahantu abantu batemberera, bakunda kuba bari, no mu bibanza bikoraniramwo abantu.

Abakristo b'i Bahinemo twamaranye imyaka myinshi muri Papua New Guinea baripfuza cane kwumvira Imana n'amabwirizwa, n'ivyagezwe vyayo. Twabigishije kuja kuronderera mw'ijambo ry'Imana aho kurondera kwigishwa na twe ku bibazo bijanye n'ubugingo bwabo. Kuko twavuga yuko twebwe tuzomarana na bo igihe gito, imyaka mike kandi tukipfuza yuko bokwunamurira amaso kuri Yesu igihe cose bakeneye imfashanyo. Icaduteje urubwa ni uko abamisiyoneri twakorana batabona itegeko na rimwe muri Bibiliya rigwanya ukunywa itabi kandi ko batemera ko kunywa itabi ari icaha. Ibi vyakomotse mu kugene Imana ubwayo yabiymereje ko kunywa itabi ari icaha mu bugingo bwabo, ntibategerezwa kurabira kuri abo bamisiyoneri bahushije inzira.

Ababahinemo bari bazi neza ko ivyagezwe vyo muri Bibiliya twahawwe ari vyiza ku mibiri yacu, ariko ntibabona imigenderanire iri hagati y'ukunywa itabi n'ukurwara, ntibamenya yuko kunywa itabi bishobora gukwegera ingwara. Iciyumiyo c'uko ingwara iza bukebuke igakura buke buke cari iciyumiyo gisha kuri bo mu vyo bizera no mu kugene babona ibantu. Kiretse dushoboye kubereka ingene ukunywa itabi gukwegera ingwara, nayo ahandi ho ntibari bitemeriyi kwemera iciyumiyo cacu c'uko ingwara y'amahaha n'ugukorora bari bafise ari ingaruka y'ukunywa itabi. Icongeyeko,

itabi ryarimwa mu micungararo ni ryo ryabaha umunezero no kwiryohera mw'isi yuzuye ubukoko n'ingorane. Vyongeye ni imwe mu nzira nyinshi bashobora kwerekana ko bakunda ababagendera, agateka gahambaye. Abantu bakeya gusa bari barwaye ingwara y'amahaha nib o bahevye kunywa itabi kubera muganga yababujije kunywa itabi, nubwo nari ngarageje uko nshoboye kwose kubigisha ko kunywa itabi ari ikintu kibi.<sup>9</sup>

Mu myaka ya mbere y'ishengero rya mbere twari kuba twababariye ibi gusa, "ntimushobora kunywa itabi ngo muteko mube Abakristo." Kanatsinda, ni twebwe ba mbere twabaye ababashikiriza ubutumwa bwiza kandi ni twebwe twari icitegererezo cabu, kandi ivyo bamenya vyose vyava kuri twebwe ku bijanye n'izo nyigisho nsha. Gukora gurtuo ntikwari kuba kwubakiye ku nyigisho z'ivyanditswe. Vyari gushobora kubemeza yuko hariho ibantu bimwe bidasaba yuko ubanza kuja kubironderera mu Vyanditswe, muri Bibiliya na gato. Ingaruka zari kuba yuko batari gushaka kwishikanira ubugombe bw'Imana na gato, n'ijambo ry'Imana na gato nk'isoko rya mbere ry'ukumenya ubugombe bw'Imana. Vyari gushobora [urupapuro rwa 14] kwongereza akaryo kabu ko kwemezanya "n'umuvugishwa" uwo ari we wese yigungirako, yikwegerako babona.

### ***Gusozerwa n'inca make***

Iki cirwa cagerageje gusigura igituma ari ngombwa kandi vyiza ku Bakristo gusigura no gukoresha hamwe no gushira mu ngiro inyigisho za Bibiliya kugira ngo bigire insiguro mu mico kama yabo. Mu binjana biheze, abizera baragerageje gushira mu ngiro ayo mahame ariko batabizi, batazi ko bariko barayashira mu ngiro. Kanatsinda, iviyumviro vyabo ku vyo Ivyanditswe vyabasaba gukora vyari bishingiye, bifatiye ku vyo imico kama yabo ivuga kugeza yaho amahame n'ishirwa mu ngiro ryayo vyinjiranamwo, bitashobora gutandukanya. Ivyete mu buryo budasanzwe bitwigisha yuko ikibano c'Abakristo gitegerezwa gutahura ingene Bibiliya itegerezwa gukoreshwa no gushirwa mu bikorwa. Mbere naho abakristo mu mu bibano binyuranye boba bakuze mu kwizera, hazokwama habaho amatandukaniro, ubudasa mu kugene bashira mu ngiro no mu bikorwa hamwe n'ukugene bumvira Bibiliya canke bubaha ibivugwa muri Bibiliya.

Twerekanye amahame ane dukoresha mu kume nya ingene icagezwe canke itegeko ryokoreshwa.

1. Ivyanditswe vyose, ivyo mw'Isezerano rya Kera n'ivyo mw'Isezerano Risha, bifise ububasha ku bantu bose, mu bihe vyose no mu mico kama yose.
2. Hariho abantu bensi ba mbere bategerezwa gusoma ivyo vyanditswe n'abategerezwa kuvyumviriza igitomwa ico ari co cose bandikiwe.
3. Insiguro ya mbere y'icagezwe ico ari co cose co mu Vyanditswe irakoreshwa mu mico kama yose, iki ni co kintu c'ukuri ca Bibiliya kitimuka.
4. Ibwirizwa ryo gukunda abandi nk'uko wikunda ryerekana intumbero y'ibindi vyagezwe, kandi muri ubwo buryo ritanga inzira yo gutorera umuti ibindi bibazo bijanye n'imico kama hamwe n'insiguro zisobanye.

Ugukoresha Intambuko zitatu bifasha umuntu kuronka insiguro nyamukuru n'ukugene ico cagezwe gikoreshwa mu gihe ico ari co cose.

Intambuko ya 1. Ibi vyababariye iki? (Insiguro ya mbere)

Intambuko ya 2. Ibi bisigura iki? (insiguro ngenderwako)

Intambuko ya 3. Ibi bisigura iki kuri jewe? (Insiguro ku gatwe kawe canke ku mugenzi wanje wo mu yindi mico kama

Aya amahame ane yokwirikizwa n' -Intambuko zitatu z'ugushira mu bikorwa bigaragaza insiguro ngenderwako y'itegeko.

### ***Amajambo yo guherezako***

<sup>1</sup> Si kubera niyumvira ko ivyanje bigenda neza mu kubaho mu buzima bugororotse, ariko niyumvira yuko nimba nkeneye gutera imbere no kubaho neza bizoca mu gukora mu vy'ukuri ivyo nigishijwe ko ari vyo bibereye ku muntu wese.

<sup>2</sup> Ivaybuwe vyose muri Bibiliya muri iki cirwa vyakuwe muri Bibiliya yitwa New International Version.

<sup>3</sup> Abahindi n'Abanyafirika kenshi na kenshi barashimangira yuko ategerezwa kwipfunga igitambara mu mutwe mw'ishengero inyuma yuko twaba duhejeje kubasigurira yuko dukwiye gukora ibigorotse.

<sup>4</sup> Ku rundi ruhande, Munyonyo -Kigarama 1975 kuri ivyo no ku bundi burorero.

<sup>5</sup> Nubwo biri uko, abakristo bakuze mu kwizera basabwa kwirengagiza no guheba uwo mwidegemvyo kugira ngo ntibatsitaze abatarakomera mu kwizera nka bo, abari bamaze igihe gito bakijijwe.

<sup>6</sup> Ku kundi guhanahana iviyumviro gukomeye kuri iki ciyumviro hamwe n'ibihishijwe vyose bigoye, bisobanye raba Geisler 1989. Ubuwinga ndiko ndakoresha bushobora kuboneka nk'aho ari "ukutimuka kwo ku rwego rwo hejuru" (Geisler, 113-132).

<sup>7</sup> Ku rundi ruhande na rwo, nimba ivyo vyandikiwe twebwe, kandi bikanyuranye n'ibantu vyemerwa mu muco kama wacu ku vyerekeranye n'ivyemerwa, indanga karanga, bizotugora kubona insiguro nyakuri y'ico cagezwe hamwe no kugishira mu ngiro.

<sup>8</sup> Yesu yarenze ivyagezwe igehe conyene yakoze ikintu kw'Isabato. (Mariko 11:12-33). Igihe bariko baramusambisha Abafarisayo ntiberekanye ivyo nk'aho ari ikosa.

<sup>9</sup> Mu misi iheze igitigiri kinini c'abantu carongerekanye muri iki gisagara igehe batahura isano riri hagati yo kunywa itabi n'ukugira amagara meza, n'ukurwara, kugeza yaho bensi bahevye kunywa itabi ariko kare bahora barinywa.

**Aho navyabuye**

Barrett, David.

1968. *Schism and Renewal in Africa: An Analysis of Six Thousand Contemporary Religious Movements*. Nairobi, Kenya: Oxford University Press.

Biblica, Inc.

2011. *The Holy Bible, New International Version*. Grand Rapids, MI: Zondervan.

Dye, Sally F.

1983. "Conflicting Standards of Goodness." *Notes on Scripture in Use* 6: 23-37.

2014. "Cultural Variation in Conscience: Part of God's Design." *International Journal of Frontier Missiology*, 31:1, Spring 2014.

Dye, T. Wayne.

1976. "Toward a Cross-Cultural Definition of Sin." *Missiology: An International Review* 4 (1): 27-41.

1987. "Hermeneutics and the SMR Model of Communication." *Journal of Translation and Text Linguistics*, formerly called *Occasional Papers in Translation and Textlinguistics* 1(2): 37-65.

2009. "Discovering the Holy Spirit's Work in a Community." In *Perspectives on the World Christian Movement: A Reader*. 4<sup>th</sup> Edition, edited by Ralph D. Winter and Intambuko hen C. Hawthorne. Pasadena, CA: William Carey Library 493-496.

Geisler, Norman L.

1989. *Christian Ethics: Options and Issues*. Grand Rapids, MI: Baker Book House.

Gothard, Bill and Otto Koning.

1978. *The Pineapple Story*. Oak Brook, IL: Institute in Basic Youth Conflicts.

Henry, Carl F. H.

1957. *Christian Personal Ethics*. Grand Rapids, MI: Eerdmans.

McQuilkin, Robertson.

1995. *An Introduction to Biblical Ethics*. Wheaton, IL: Tyndale House.

Murchison, William.

1994. *Reclaiming Morality in America*. Nashville, TN: Thomas Nelson.

Naroll, Raoul.

1983. *The Moral Order*. Beverly Hills, CA: Sage Publications.

Priest, Robert J.

1993. "Cultural Anthropology, Sin and the Missionary." In *God and Culture*, edited by Carson, D. A. and John D. Woodbridge, 85-105. Grand Rapids, MI: Eerdmans.

1994. "Missionary Elenctics: Conscience and Culture." *Missiology* 22 (3): 291-315.

1997. "Christian Theology, Sin, and Anthropology." In *Explorations in Anthropology and Theology*, edited by Salamone, Frank A. and Walter Randolph Adams, 23-37. Lanham, MD: University Press of America.

T. Wayne Dye ni uwufatanya n'umwigisha karuhariwe mu kwigisha ibijanye n'imibereho y'abantu muri kaminuza yigisha indimi i Dallas, muri Texas. We, akoranye n'umugore wiwe, Sally, bakoranye n'Ishirahamwe ryo guhindura Bibiliya mu zindi ndimi ryitwa Wycliffe Bible Translators na SIL imyaka 25 basobanura Bibiliya mu zindi ndimi kandi bigisha abakuze gusoma no kwandika no guharura mu bwoko bw'anbantu bitwa Bahinemo muri Papua New Guinea. Wayne afise impamyabushobozi yo mu rwego rw'iviygwa vyo hejuru y'imyaka ine yo muri kaminuza mu vyerekeranye n'ukumenya abantu yakuye muri kaminuza y'i Michigan kandi akagira dogitora mu yigwa vy'imico kama yakuye muri kaminuza y'ahitwa Fuller Theological Seminary. Yakoze nk'uwikorwako igahe bikenewe, igahe bamurondye akora nk'umwigisha wo muri SIL guhera mu mwaka wa 1973, ubwa mbere muri Papua New Guinea, hanyuamaba uwukora mu bihugu vyinshi. Yigishije mu bihugu birenga cumi na bitatu mw'isi yose.

## **IVYONGEWEKO E**

Vyakoreshejwe habanje kuboneka uruhusha rw'ibikoreshwa ku burongozi

### **Imba cane uvumbure amahame yo gusigura ibisomwa vya Bibiliya: amahame ngenderwako**

*Menya, iga vyinshi!*

Ubutunzi ku burongozi ni igikorwa gitera integer kandi gishoboa abapasitori n'abarongozi b'amashengero mw'isi yose. Imirwi twigishamwo ifasha abapasitori mu kwigisha Ijambo ry'Imana n'umutima w'Imana. Ibitabo vyacu n'ibikorane vyacu bitera intege ishengero kugira ngo rigaragaze umutima wa Data, kugira ngo ashobore kudukoresha kwuzuza isi ubwiza bwiwe.

#### **Fatanya natwe mu Gikorwa**

- Kwiga ukugene wewe canke ishengero ryawe mushobora gufatanya natwe mu gukoeza ishengero ryose mw'isi yose mu gikorwa co kumenyesha no kwigisha bibiliya, ronderera kuri: [www.leadershipresources.org/getinvolved](http://www.leadershipresources.org/getinvolved)
- Bapasitori, cukura muri vyanditswe mufashanje n'abandi bapasitori bari mu bice mubamwo kugira ngo mugaburaniranire ibifungurwa vy'umutima kandi mwungurane ubwenge biciye mw'Ijambo ry'Imana. Iga vyinshi urondereye ngaha: [www.leadershipresources.org/FOW](http://www.leadershipresources.org/FOW)

#### **Rondera n'ibindi vyobafasha**

- Ubutunzi bw'uburongozi vyongeye butera intege abarongozi bufatiye ku vyanditswe, biciye mu bikorane, ibitabo. Amakasete. Temberera iyi ngurukanabumenyi yacu: [www.encouragementoftheword.org](http://www.encouragementoftheword.org)

#### **Fatanya natwe**

- Ku vyerekeye inkuru z'ukugene Imana iriko irakorera mu nyigisho zacu n'igikorwa cacu, co kimwe n'ubutunzi dukoresha mu kwigisha gusoma Bibiliya, hamwe no kuhindura abantu abigishwa, fatanya natwe ngaha kuri ubu buhinga ngurukanabumenyi.
  - FuseLine E-mail Newsletter*: [www.leadershipresources.org/fuseline](http://www.leadershipresources.org/fuseline)
  - Blog*: [www.leadershipresources.org/blog](http://www.leadershipresources.org/blog)
  - Facebook*: Leadership Resources International ([facebook.com/LRInews](https://facebook.com/LRInews))
  - Twitter*: @LRI\_News ([twitter.com/lri\\_news](https://twitter.com/lri_news))
  - YouTube*: Leadership Resources ([youtube.com/user/lrinews](https://youtube.com/user/lrinews))

**Impusha no gukwiragiza**

Nubwo tugusaba kudakopororagushira ahabona canke gukwiragiza ibi bikurikira, cane cane biciye mu buryo bw'imashini nyabwonko, ubutunzi bw'uburongozi butanga ibi bikoresho kugira ngo abantu babirondere babisome baciye kuri iyi ngurukana bumenyi [www.leadershipresources.org/resources](http://www.leadershipresources.org/resources) canke uturondere utabanje guca ku ruhande.

*Cukura usobanukirwe amahame y'ugusigura: amahame nyamukuru yashizwe ahabona na*

Leadership Resources International  
12575 S. Ridgeland Ave.  
Palos Heights, IL 60463  
United States of America  
[www.leadershipresources.org](http://www.leadershipresources.org)

Copyright © 2014 Leadership Resources International

All rights reserved.

**Ibirimwo**

Kaze.....106

**Amahame ngenderwako**

Kuguma ku murongo.....107

Igisomwa n'ukugene c'ubatswe.....108

Imero.....109

Kubaza ibibazo vyiza.....110

Kurongora abari mu rugendo.....111

Ukugene.....112

Kurobanura iciyumviro nyamukuru n'ukugene umuntu yovyifatamwo.....113

Inyigisho za Bibiliya.....114

## *Kaze!*

Mu ntoke zawe ufise agatabu karimwo “cukura kandi umenye” amahame yo gusigura no gusobanura yigishijwe na Leadership Resources International as part of TNT (Kwigisha abigisha kavukire bazokwigisha abandi), urutonde rwo kwigisha rwatunganijwe kugira ngo “rutere intäge kandi rushoboze abapasitori bo mw’isi yose kugira ngo bigishe Ijambo ry’Imana bafise umutima w’Imana.”

Nubwo aka gitabu kanditswe kugira ngo gasigure amahame yo gusigura, ico tukwipfuriza ni ugutahura yuko ibirengeye amahame yo gusigura ari ivyanditswe ubwavyo. Wibuke yuko amahame y’ugusigura ari ibikoresho gusa. Turasigura tugasobanura ayo mahame gusa kugira ngo tugufahe gusoma bikworoheye, wige bikworoheye, kandi utahure igitomwa n’ubutumwa bw’ijambo ry’Imana uko urongorwa n’ukumurikirwa na Mpwemu wayo biciye mu gusenga.


Kandi uko usoma ukiga ijambo ry’Imana, gumiza mu mutwe yuko intumbero nyamukuru n’ihangiro ryo gusoma Bibiliya no kwiga Bibiliya atari ukurondera ubwenge yamara ni ugusenga, ugutazira. Intumbero yacu si ukwuzuza umutwe wawe inkuru zerekeye Bibiliya. Ahubwo, isengesho ryanje ni uko umutima wawe wohindurwa, ugahingurwa n’ubutumwa bwayo biciye muri Mpwemu Yera kandi bigaserukira mu gusenga uko ukomeza kumenya no kwiyegereza Imana kurushiriza Yesu Kristo.

Isengesho ryanje ni uko Imana yokora ivyo mu mutima wawe. Iman a ihezagire uko w i g a i j a m b o r y a y o , atume umukunda kurushiriza imisi yose kandi igufashe kubaho ukurikije ijambo ryayo ukenguruka, umwizigira, umwumvira, mu cubahiro cose umuhesha icubahiro.

## Kuguma ku murongo

### Bisigura iki “kuguma ku murongo”?

- Kuguma ku murongo vyerekana igikorwa c’umwigisha canke umusiguzi co kuronka, no kumenya ico ijambo ry’Imana rivuga no kuba umwizigirwa ku co iringo jambo rivuga.
- Uwo murongo ubwawo uhagarariye ico Imana iriko iravuga mw’ijambo ryayo:



- Kujahejuru y’umurongo bisigura kwongerako ikintu kitari kirimwo – kuvuga ibirengeye ivyo Imana ivuga mw’ijambo ryayo. Ivyo bishikana ku makosa, cane cane mu buryo bwo kugengwa n’amategeko.
- Kuja musi y’umurongo bisigura gukuramwo ibantu kanaka vyari bisanzwe birimwo – kutaba umunyakuri kwose kandi no kutaba umwizigirwa ku vyo Ijambo ry’Imana rivuga. Kenshi na kenshi bishikana ku kwumira ku mategeko.
- Kuguma ku murongo birashobora kugereranya n’indahiro amasura ategerezwa kurahira mu masentare amwe: “Ndarahiye ko njia kuvuga ukuri, ukuri kwose [sinja musi y’umurongo], kandi nta co ndenzako atari ukuri [sinja hejuru y’umurongo].”

### None ibi ni ngirakamaro ku Mana gute?

- Kuva mu gihe ca Mose, Imana yarerekanye neza ko abavugizi bayobategerezwa kuvuga ivyo yabatumye, ivyo yavuze – ata na kimwe bongeyeko kandi ata na kimwe bagabanjeko (Kuvayo 4:10-16; Gus 4:1-2; 1 Samweli 3:1-4:1; Imig 30:5-6; Ezekieli 3:1-11; Yeremiya 1:4-19; 23:9-40; Yohana 7:16ff; 8:28-29; 12:29-50; Ivyah 22:18-19).

### Ibi ni ngirakamaro gute ku kwigisha kwacu?

- Ijambo ry’Imana nta co twrigereranya. Muri Bibiliya yose, tubona ko amajambo yayo afise ubushobozi bukomeye, vy’ukuri kandi vyiza; amajambo yayo ashobora gutanga ubugingo. Twipfuza yuko abantu bumva ijwi ry’Imana kurusha uko bumva iringo – ukuri kw’Imana aho kwumva iviyumviro vy’abantu n’ukugene babona ibantu. Dukene ye ko habaho uguhinduka n’uguhingurwa gukomeye kuzanwan’ijambo ry’Imana ryonyene.

### Mbega kuguma ku murongo bisaba iki?

- Kwishikanira no kwishikiriza Imana
- Kumenya neza no gutahura neza ico ijambo ry’Imana rivuga mu vy’ukuri
- Kurishikiriza mu bwizigirwa uko riri mu kwigisha kwacu, mu kuvuga ubutumwa kwacu no mu kubaho kwacu

# Igisomwa n'ukugene c'ubatswe

**Ihame:** dutegerezwa kureka Bibiliya igahindura iviyumviro vyacu kurusha yuko iviyumviro vyacu n'ivyo dufatirako ari vyo twubakirako kugira ngo duhe insiguro Bibiliya.<sup>1</sup>

**Dushaka kuvuga iki iyo tuvuze “Igisomwa” n’ “uburyo twiyumvira”?**

- **Igisomwa** ni agace kose ko muri Bibiliya tuba tugomba kwiga tukigisha canke tukavugako ubutumwa.
- **Uburyo twiyumvira** ni urufatiro rwo gutahura ibantu. Dutahura ibantu dufatiye kuki. Uburyo twiyumvira burafise ingaruka ku kugene dusoma n'ukugene dutahura igisomwa.

**Ibindi vyinshi “Ku co ari co ukugene twiyumvira?”**

- Ukugene twiyumvira ni urufatiro rw'ukugene umuntu atahura ivyo azi. Ni ukugene umuntu yiyumvira vyubatse bituma dutahura ibantu vyose. Ukugene twiyumvira ni kwo gutunganya iviyumviro vyacu vyose kandi kukabishira hamwe vyose mu buryo butahuritse kuri twebwe.
- Uwo ari we wese arafise uko yiyumvira. Uko umuntu yiyumvira kugenda kurakura gukujijwe n'inyigisho z'abavyeyi bacu, amashuri twize, ivyo twacyemwo, umuco wacu, imico kama, ivyo umuntu yaciemwo, aho tuba, ivyo twakoze muri kahise, ikibanza twabayemwo muri kahise, mbere n'ugusoma Bibiliya kwacu.
- Mu buzima bwacu duhura n'amakuru mashasha. Dutegerezwa kwiyumvira ingene ahwana n'ukugene twahora dutahura ibantu. Mu mperuka,, duhitamwo nimba twakira ico ciyumviro canke iyo nkuru nsha canke na ho tukayamirira kure, canke tukemera ko iduhindura ikaduha iforoma yindi canke igahindura ukugene twahora twiyumvira.

**Ukugene twiyumvira kurafise ingaruka ku kugene dusoma Bibiliya.**

- Igihe twicaye gusoma bibiliya canke kwiga Bibiliya, tuzanana ukugene twiyumvira, canke twigana ukugene twiyumvira, – harimwo n'ukugene tubona kandi dutahura Imana, umuntu, icaaha, Kristo, imibabaro, agakiza, hamwe n'ibindi bintu vyinshi vy'ingirakamaro.
- Ukugene abantu biyumvira ubwakwo si ngombwa ngo kube kubi. Ni nkenerwa iyo umuntu ariko arasoma canke yiga, atahura, no kuganira canke gushikiriza ibivugwa muri Bibiliya. Yamara, birashobora kugira ingaruka mbi ku kugene dutahura igisomwa.


**Igisomwa gitegerezwa kuganza no gutegeka kandi akaba ari na co kiganza ukugene twiyumvira.**

- Twizera yuko Bibiliya yakomotse ku Mana (2 Petero 1:21), yahumetswe n'Imana (2 Timoteyo 3:16a), ari iy'ukuri kandi yo kwizigirwa (Matayo 5:17-18), kandi ihagije ku kwizera kwacu no ku bikorwa vyacu (2 Timoteyo 3:16b).

Yamara, ntitumenya kenshi igihe ukwiyumvira kwacu kurengera ukugene dutahura igisomwa, kandi rimwe na rimwe, mbere n'igihe tutaba tubizi, bikatunanira kuvavanura n'ivyo twahora twiyumvira canke n'ukugene twahora twiyumvira.

- Kugira ngo dutahure neza ijambo ry'Imana, dushobore kuryigisha mu bwizigirwa, dutegerezwa kureka igisomwa kikatuganza, kikaba ari co kidutegeka ingene dukwiye kwiyumvira.
- Aho hari itandukaniro hagati y'igisomwa n'ukugene twiyumvira, dutegerezwa gusaba Imana ikadufasha kubimenya kandi tukemerera igisomwa ko gihindura ugutahura kwacu.

**Ibikunda kuba  
kenshi:  
ukwiyumvira  
kwacu kugira  
ingaruka kandi  
kugaha iforoma  
ugutahura kwacu  
igisomwa.**



**Ingene bitemezwa  
kumera: Igisomwa  
kirategeka, kiganza  
iforoma  
ry'ukugene  
twiyumvira.**



\* Based on original material © The Proclamation Trust with kind permission. www.proctrust.org.uk

<sup>1</sup>The Charles Simeon Trust, "Principles of Exposition," http://www.simeontrust.org/media/wbe-principles.pdf

## Imero y'igisomwa ni iki?

“Ubwoko bw’igisomwa” ni ijambo rifatiye ku kugene ikintu cubatse, canke ku kugene igisomwa cubatse, amajambo yakoreshejwe ingene ameze, yanditswe, dusanga muri Bibiliya. Turazi ubwoko bunyuranye bw’ibisomwa nk’ukugene umuntu yandika, iforoma aha ivyo yanditse, ibiri mu vyo yanditse, ibigize ivyo yanditse, n’intumbero y’ivyo yanditse.

## Mbega gutahura ubwoko bw’ibisomwa bidufasha gute?

- Kumenya ubwoko bw’igisomwa bidufasha kumenya ibigize, ibiri mu gisomwa tuba turiko turasoma, turiga. Kandi kumenya ibigize ivyo turiko turasoma bidufasha gusoma no guha insiguro y’intumbero y’umwanditsi iyo ari yo n’ubutumwa canke ico yashatse gushikiriza.

## Kubera iki ubwoko bw’igisomwa ari nkenerwa?

- “Ubwoko bw’igisomwa ni urupfunguruzo, urufatiro rwo gutahura inkuru canke ubutumwa umwanditsi wa Bibiliya aba ariko aragerageza gushikiriza.”
- “Igihe cose uba utaramenya intumbero y’umwanditsi n’ubwoko bw’igisomwa canke ivyanditswe, ico ivyo vyanditswe bishaka kuvuga canke gushikiriza, ntushobora kumenya ingene ugisoma canke uciga neza mu buryo bukwiye” (C. S. Lewis).
- Kumenya canke gutahura ubwoko bw’igisomwa n’ibigize igisomwa biduha akenge kanaka, mbere tukanamenya amategeko agenga ico gisomwa, y’ukugene tugisoma kandi tugaha insiguro ico gisomwa.

## Ubwoko butandukanye bw’ibisomwa vyo muri Bibiliya

Hariho ubwoko bwinshi bw’ibisomwa dusanga muri Bibiliya. Aha hepfo dusangamwo ubwoko bunyuranye bw’ibisomwa dusanga bizwi muri Bibiliya. Nubwo ibitabu vyose vyo muri Bibiliya usanga vyubakiye ku bwoko kanaka, igitabu cose co muri Bibiliya kirashobora kuba kirimwo ubwoko butandukanye bw’ivyanditswe muri co – reka rero tubijeko kimwe kimwe mu buryo bwagutse.

## Uburyo bunyuranye bwo gukoresha ururimi

Itandukaniro rimwe rikomeye tubona mu bwoko bw’ibisomwa canke bw’ibitabu ni ukugene umwanditsi wese akoresha ururimi canke imvugo kugira ngo ashikirize ubutumwa bwiwe canke ubutumwa buri mu gitabu ciwe. Aha hepfo dufise urutonde rugereranya ubwoko butandukanye bw’ivyanditswe hamwe n’ibigenga n’ibigize ubwoko bw’imvugo canke ururimi umwe umwe wese yakoreshejje canke akoresha.

*Amahame  
Bishimishije  
Ivyoshikirizwa  
Amajambo  
menshi*




## Ubwoko bw’inkere



*Gutahura no gusigura ubwoko butandukanye bw’ibisomwa vya Bibiliyan iko gutahura ubwoko butandukanye bw’ivyamwa.  
Wiyumvire uri imbere y’ubwoko butatu bw’inkere butandukanye.  
Bumwe burashobora kuribwa nk’icamwa, ubundi bugakoreshwu nk’umuti, ubundi bugakoreshwu mu gutunganya umushatsi. Mu kwhiweza ukugene izo nkere zimeze, zibumvye, imbuto zizigize, amababi azigize, hamwe n’ibara ry’izo nkere, urashobora kumenya ata nkeka zimwe zimwe zose kandi ukazikoresha ico zagenewe ukiyubara nturye ibitarika kandi ntukoreshe zimwe mu gishingo c’izindi.*

*Ibicapu  
Kwiyumvira  
Imvugo  
ngereranyo  
Ibishobisho  
Amajambo  
make*

# Kubaza Ibibazo vyiza



## Akamaro ko kubaza ibibazo vyiza

kubaza ibibazo vyiza bidufasha, ubwa mbere, kwihiweza no gutahura ico Bibiliya iba iriko iravuga vy'ukuri. Ubwa kabiri, ibibazo vyiza bidufasha kwimba kugira ngo tubone umutima w'ubutumwa bw'ijambo ry'Imana kugira ngo dushobore kuba abizigirwa kuri iryo jambo kandi kugira ngo iryo jambo riduhindure.

## Ikibazo ciza ni ikihe?

- Ikibazo ciza kibaza ibidashoka biboneka mu gisomwa yamara kiri ngirakamaro ku gutahura ico umwanditsi yashatse gushikako, yashatse gusigura.
- Ikibazo ciza ni ikibazo kidushikana ku nzira umwanditsi yashatse ko ducamwo.



## Mbega twobaza dute ibibazo vyiza?

Tangurana no kubaza ibibazo vyoroshe vyo gusuzuma, bijanye n'ivyo ubona, wihweza. Inyuma yahoo, baza ibibazo vyinjira no mu mizi y'gisomwa bigufasha gutahura intumbero, n'insiguro y'ubutumwa bw'uwo mwanditsi.

### ➤ **Ibibazo vy'urufatiro dukwiye kubanza kwibaza**

Tangurana no kubaza ibibazo bitwugurura amaso tukabona mu vy'ukuri ivyo igisomwa kivuga:

- Igisomwa ubwaco kivuga iki? (guma ubaza iki kibazo ngenderwako coroshe.)
- Ivyo vyabaye ryari? Mbega nui ba nde ibi bivugwako? Ibi vyabereye he?
- Ni amajambo ayahe ashira iviyumviro hamwe?
- Mbega hoba harimwo ibigereranyo canke ugutandukanya iviyumviro?
- Hoba harimwo iviyumviro canke amajambo agaruka muri ico gisomwa?

### ➤ **Ibibazo nyamukuru vyinjira no mu mizi**

Ntubaze utubazo twa nciyaho ubaze ibibazo vyiza bidufasha gutahura igituma umwanditsi yanditse ivyo yanditse.


- Umwanditsi avuga iki?
- Umwanditsi abishikiriza mu buryo ubwahe?
- Abivuga gute?
- Ni kubera iki abivuga hano? Kubera iki muri ubu buryo?
- Ni iki gitangaje kuri ivyo?
- Mbega yerekeje kuri Kristo canke ivuga kuri Kristo gute?
- Ivuga iki mu buryo bwose?
- Kubera iki umwanditsi avuga ibi? Umwanditsi yitega ko ababisoma bifata gute?
- Imana yitega ko tuyifatamwo gute mu mitima yacu no mu bugingo bwacu uyu musi?

## Ingene dukwiriye kuba tumeze mu mutima mu kubaza ibibazo

Hariho inyifato z'uburyo butatu zo mu mutima ngombwa iyo tugomba kumenya ico ijambo ry'Imana ribaririko riratubarira kandi bikadufasha kubaza ibibazo vyiza bidushikana ku gutahura.

- **Urusaku.** Baza ibibazo nk'umwana afise urusaku, ashaka kumenya ibinyegezwa:
- **Gira ubwenge, shishoza.** Iga kubaza ibibazo bidatanga inyushu zimenyerewe.
- **Shishikara nturambirwe.** Bandanya ukora, kandi ubaza ibibazo kugira ngo ushobore gutahura.

## Kurongora abari mu rugendo \*



### Ihame:


- Kugira ngo dutahure ingene dukoresha Ijambo ry'Imana mu bugingo bwacu uyu musi, dukwiye ubwa mbere gusubiza amaso inyuma tugatahura ubutumwa bwashikirije bukiye mu mwanditsi igihe yandika ubwa mbere.

### Mbega kwereka umuntu aho aca bigenda gute?

- **Kutajana inzira igororotse.** Kenshi na kenshi tugerageza gusoma ijambo ry'Imana tukagerageza kurishira mu ngiro mu bugingo bwacu. Yamara dukwiye kumenya ko Imana yavugiyе mu mutima w'umwanditsi na we akabishikiriza ababisoma mu bihe bitandukanye no mu turere dutandukanye. Kubw'ivyo, aho gufata inzira irashe ku kuva kw'ijambo ry'Imana no mu gushira iryo jambo ryayo mu mutima wacu uyu musi, dukwiye kwongera gusubiza amaso inyuma kugira ngo tubanze turabe ico umwanditsi yariko aravuga, yariko arashikiriza ku basomyi ba mbere, ku bo yariko arabarira ubwa mbere n'igituma yababariye ivyo yababariye.
- (2) **Kwumva ico umwanditsi yari atumbereye gushikiriza.** Dutegeerezwa gusubira inyuma tugatega ugutwi, tukumviriza ico Imana yariko iravuga icishije mu mwanditsi mu gihe uwo mwanditsi yariko arandika ubwa mbere – ico yashikirije mu majambo y'ico gisomwa kiri mu gitabu kanaka, ivyariko biraba muri ico gihe, ivyariho muri ico gihe, icatumye yandika uko yanditse, mbere n'ivyo Bibiliya ivuga ku nkuru nyamukuru hamwe n'ubutumwa bwa Bibiliya. Kandi n'ubwo hari vyinshi umuntu yovuga ku vyerekeryane n'ivyariko biraba dushobora gusuzuma, dukwiye kwibanga cane kuri ivyo bintu bidufasha gutahura ico umwanditsi yariko arashikiriza, aravuga, icatumye abo yandikiye abawira ivyo yababariye, kandi n'ico yitega kuri abo yariko arabarira, bategerezwa kwifata gute, bategerezwa kwakira gute ivyo yariko arababarira muri ico gisomwa.
- (3) **Gukoresha ubwo butumwa bw'ico gisomwa uyu musi kuri twebwe.** Intumbero nyamukuru yo gukoreha igisomwa ni ugushira mu ngiro. Tumaze kubona ico umwanditsi yashaka gushikako mu kwandika ubutumwa yanditse, turashobora rero kumenya ingene tubigenza uyu musi kandi tukabaza ingene iyo nyifato izoshika mu bugingo bwacu hamwe no mu buzima bw'abatwumviriza, n'abo tubana eka mbere n'abo dukoreramwo.

### Kubera iki kubwirwa, kwerekwa iyo tuja ari ngirakamaro?

- Iyo dufashe inzira ya hagufi hanyuma tukagerageza ako kanya nyene gushira mu ngiro ijambo ry'Imana mu bugingo bwacu, duhakwa gusanga twasiguye, twatahuye nabi ico Imana yariko iravuga mw'ijambo ryayo, tukananirwa gutahura uburyo Imana yashaka ko twifata, n'ingeso yashaka kubona muri twebwe, kandi mbere ugasanga tunazimije abo turiko turarongora, abo turiko turakorera.
- Yamara, igihe dufashe umwanya wo guca ahakwiye, ntiduce mu nzira ya hagufi, ntitwironderere ivyroshe, ni ho tubona umutima w'Imana utangaje ubonekera mu vyariko biraba ico gihe, tukongera tukabona ububasha bw'ijambo ryayo butangaje bwo guhindura no guhingura ubugingo bwacu uyu musi.
- Ukwereka umuntu iyo aja: Bifatiye ku gitabu ca mbere © Gutanga unuhusha two Gutangaza. www.proctrust.org.uk



### Ukugene ikintu cubatswe ni ukuvuga iki?

- Ukugene igisomwa cubatswe (canke igitabu) harimwo: (1) **ibice bigize igisomwa** – uduce duto duto tugize iciyumviro turimwo iviyumviro nyamukuru vy'ico gisomwa, hamwe
- (2) **n'ukugene iciyumviro gishirwa hamwe** ari na vyo bituma ivyo bice n'iviyumviro nyamukuru vy'ico gisomwa bishirwa hamwe.

### Kubera iki ukugene ibintu vyubatswe ari ngirakamaro?

- Kubona ingene ikintu cubatswe bidufasha kumenya iviyumviro nyamukuru bigize igisomwa n'ukugene umwanditsi yatunganije iviyumviro vyiwe. Kubona ukugene ibintu vyubatswe bidufasha gutahura iyo iviyumviro vy'umwanditsi vyerekeye n'yo ariko aratujana.
- Ukugene ibintu vyubatswe ni ngirakamaro ku kwigisha kwacu no kuvuga ubutumwa kwacu kubera yuko tuba dushaka ko ukugene dushira hamwe iviyumviro mu kwigisha no mu kuvuga ubutumwa kwacu vyerekana ingene umwanditsi yashize hamwe iviyumviro vyiwe muri ico gisomwa. Kumenya no gutahura ukugene ikintu cubatswe muri Bibiliya bitanga ububasha bwo kwigisha.

### Umenya gute ingene igisomwa cubatswe?

1. **Rondera umeny ingene ibintu vyubatswe bisa n'ingene iviyumviro bigenda vyimuka.** Uko usoma igisomwa, ubona ico gisomwa gihurije ku biki bitumbereye canke bifatiye ku vyiyumviro nyamukuru umwanditsi ariko aragerageza gushikiriza? Kandi vyongeye uko usoma, raba ingene iviyumviro vyimuka canke ingene umwanditse ahindura iyo yariko araja, atumbereye. Ibi dushobora kubishikako turavye ingene iviyumviro bihinduka

Rondera cane cane ibi bikurikira:

- UguSubiramwo
- Kuja imbere
- Kugereranya no gutanga itandukaniro
- Ingene igisomwa gitangura kigahera
- Infatakanza canke amajambo y'impunyapfunyo

Vyongeye rondera:

- Amategeko
- Aho inkuru igeria kw'isonga n'ivyashitsweko
- Ibibazo vyabajijwe kandi bikishurwa

2. **Kugabanganya igisomwa.** Umaze kubona ingene ibintu vyubatswe n'ingene iviyumviro bikurikirana kimwe kikinjiza ku kindi, gabanya ico gisomwa mu duce duce turimwo iviyumviro nyamukuru. Andika imirongo yagufashije y'igice cose.
3. **Vuga iviyumviro nyamukuru.** Erekana uvuge iciyumviro nyamukuru c'igice cose c'igisomwa mu ryungane rimwe rikwiye.
4. **Rondera amajambo afatanya iviyumviro nyamukuru.** Mbega iciyumviro kimwe nyamukuru gifatanye gute canke gishikana gute ku kindi ciyumviro nyamukuru? Mbega ivyo vyiyumviro vyose bifatanye gute kandi bishikana gute ku vyiyumviro vy'umwanditsi?

(Gusobanukirwa ingene ikintu cubatswe bituma dushika ku kumenya iciyumviro nyamukuru. Ufatiye ku vyo wagunduye ku kugene ibintu vyubatswe, baza iki kibazo gikurikira, "Iciyumviro nyamukuru c'iki gisomwa ni ikihe?")

# Kurobanura iciyumviro nyamukuru n'ukugene umuntu yovyifatamwo

## Iciyumviro nyamukuru ni ikihe?

- Iciyumviro nyamukuru ni iciyumviro ngenderwako canke ubutumwa amukuru buri mu gisomwa kanaka (canke mu gitabu).

## Kubera iki kurondera iciyumviro nyamukuru ari ngirakamaro?

Mu Vyanditswe:

- Bidufasha gutahura no kumenya ubutumwa Imana ishaka ko twumva mu biutumwa vy'Ivyanditswe.
- Bidufasha kubona iciyumviro nyamukuru ibindi vyiyumviro vyenenako.

Mu kuvuga ubutumwa no kwigisha:

- Bidufasha kuguma turi abizigirwa ku vy'Imana ivuga mw'Ijambo ryayo.
- Bitubera iciyumviro nyamukuru ibindi vyose vyenenako haba mu kuvuga ubutumwa canke icirwa.

## Mu kurondera iciyumviro nyamukuru harimwo . . .

- Kurondera iviyumviro nyamukuru canke amajambo y'inege mu gisomwa.  
Ronderera:
  - mu majambo ashira hamwe ingene iciyumviro gitangura n'ingene gihera
  - mw'igaruka garuka ry'amajambo ngirakamaro canke iviyumviro ngirakamaro ashingiyeko
  - Umurongo upfunyapfunya ivyo yavuze vyose
  - Indunduro, uwanzuro canke amajambo avuga intumbero (atangurirwa n'amajambo nk'aya “ni co gituma” canke “so kugira ngo”)
- Gutora ingene igisomwa cubatswe.  
–Raba canke wiyumvire ingene umwanditsi yapanze iviyumviro vyiwe kandi n'ukugene yabipanze vyerekeza ku ciyumviro nyamukuru.
- Baza ibibazo bibiri vyo kwegeranya ico gisomwa:
  1. Iciyumviro nyamukuru umwanditsi ariko aravugako, yashatse gushikako ni icahe?
  2. Avuga iki mu buryo burashe kuri ico ciyumviro?

## Gutora ico yipfuzako abantu bashikako mu gusoma ivyo yanditse

Gushaka kumenya iciyumviro nyamukuru bituma tubaza iki kibazo, “mbega umwanditsi yavuze iki?” Kumenya ico yipfuza ko dushikako tubisomye bituma tubaza iki kibazo gikurikira, “*Kubera iki uwu mwanditsi yabivuze?*”

- Mu nca make baza iki kibazo: Dufatiye ku bivuzwe muri iki gisomwa, umwanditsi yipfuza ko abasomye ico gisomwa bokwigenza gute, bokwifata gute, canke yipfuza ko vyohindura iki mu babisomye, mu bavyumvirije? Mu yandi majambo: Imana yashaka ko abantu bavyumviriza, babisoma bahinduka, bahingurwa gute, bashika kuki biciye mu majambo canke mu butumwa bw'iki gisomwa? . . . Imana yashaka ko haba iki, ko abavyumva bogitra inyifato ki?

## Iciyumviro nyamukuru tukivuga, tucerekana dute?

Iciyumviro nyamukuru gishobora kuvugwa mu buryo bubiri:

- “Kudondora” iciyumviro nyamukuru –mu majambo kiba cashiklirijwemwo muri ico gisomwa
- “Kwigisha” iciyumviro nyamukuru – mu buryo bw'amajambo y'ihame ritagira imbiibe n'imipaka hamwe n'ibihe rigaragaza ubutumwa kanaka buri mu gisomwa yamara kandi tugashiramwo impinduka no guhingurwa gukenewe mu bugingo bwacu uyu musi tumaze kwigishwa


Ukwerekana iciyumviro nyamukuru gutegerezwa kuba kurimwo ibi bikurikira:

- gukwiye –si umutwe w'amajambo gusa, yamara ni iryungane rikwiye, ryose (harimwo rukozi n'irivuga)
- ritahuritse – rigufi bihagije kugira ngo abaryumviriza bashobore kuryibuka
- Rifise ico rishingiyeko – harimwo iviyumviro binyuranye vy muri ico gisomwa

*Umurya w'amajwi*



*Iciyumviro nyamukuru c'igisomwa canke igitabu n'ico gikwiye gukorwako c'igikorwa gishobora kugereranywa n'umurya w'ijiwi ry'ururirimbo rwahimbwe n'uwarushize ahabona, twama turirimba canke tukagira ico turukozeko nk'uko nyene kuruhimba no kurwandika yavipfuza.*



## Inyigisho za Bibiliya

### Inyigisho za Bibiliya ni iki?

- Inyigisho za Bibiliya ni uburyo bwo kuraba muri Bibiliya budufasha kubona . . .
  - (1) Ishusho canke icapu ry'inkuru nyamukuru ya Bibiliya n'ukugene uduce duto duto (igisomwa canke agace tuba turiko turasoma, turiga, igitabu) cinjira muri iyo nkuru nyamukuru
  - (2) Ingene igice cose mu bigize iyo nkuru kigana kuri Kristo, kubera yuko inkuru nyamukuru ku Mana hamwe n'integuro, intumbero, n'inyanduruko vyashikijwe muri Kristo

#### (1) Inkuru nyamukuru

- Ubwa mbere, inyigisho za Bibiliya zidufasha kubora aho uduce duto duto duhurira (igisomwa canke igitabu tuba turiko turiga, dusoma,) na Bibiliya yose, canke n'ibigize inkuru yose.

#### Umugozi



Bibiliya imeze nk'umugozi, ikiziriko. Ikiziriko kigizwe n'imihiro myinshi, yamara ni ikiziriko kimwe, ni umugozi umwe. Bibiliya ifise ibintu vyinshi ivugako, kandi inyigisho za Bibiliya zidufasha kubona no gutahura ingene iciyumviro cose muri ivyo vyose kibohewe hamwe n'ibindi mu nkuru imwe kandi izo nkuru zose zikaba zigizwe n'ubutumwa bumwe.

## Inyigisho za Bibiliya

- Inyigisho Ndoramana, Inyigisho za Bibiliya
- Inyigisho za Bibiliya zidufasha kubona ingene inkuru yagiye ikurikirana, zikatwereka ubutumwa dusanga muri Bibiliya, kugeza vyose bishitse kandi bishikijwe na kristo.

### (2) Ugushitswa muri Kristo


- Inyigisho za Bibiliya na zo zidufasha kubona ingene agace kose ka Bibiliya, – si Isezerano Risha gusa, yamara n'Isezerano rya kera ririmwo, –ayo masezerano yose yubakiye ku gushitswa muri Kristo.

#### ➤ Isezerano rya Kera ryerekeza kuri Kristo

- Muri Luka 24, Yesu yasiguye yuko “ivyanditswe kuri jewe vyose mu vyagezwe nya Mose, no mu majambo y'abavugishwa n'Imana no muri Zaburi bikwiye gushika” (24:44). Ni co gituma, igihe cose dusigura, twigisha ibivuye mw'Isezerano rya Kera, dushobora kwigisha Kristo, no gusigura kristo kubera yuko isezerano rya kera ryoze ata kivuyemwo ryasasira Kristo, ryerekeza kuri Kristo.

#### Inzira nkuru nkuru z'iroro kw'ikarata

Turashobora kwiyumvira ko Bibiliya ari ikarata, kandi ko kuri iyo karata tubonako amabarabara yose yo mw'Isezerano rya Kera yatumberezza, yashikira kuri Kristo. Kandi si amabarabara yose ari amabarabara y'iroro. Amabarabara makuru makuru y'iroro ni ivyo bisomwa usanga bivugwamwo ivya Kristo mu buryo bweruye, buboneka. Yamara hariho utubarabara duto duto, utuyira duto duto, n'utundi dukomoka tugashamika tuvuye ku mabarabara makuru makuru, nubwo na two nyene dushobora gushikira kuri Yesu Kristo.



Turashobora kuba turiko turiga igisomwa kuri ku ruhande rw'inzira y'iroro. Ibibazo nyamukuru twobaza ni iki: *ni gute iki gisomwa kinshikana ku nzira y'iroro?* Canke, *ni gute iki gisomwa gishikana ku ciyumviro nyamukuru kinshikana kuri Kristo?* Ni gute iki gisomwa kimfasha gutahura Kristo n'ico yakoze? Ibibazo nk'ibi bizodufasha kumenya no gutahura ivyanditswe bivuga kuri Kristo.

#### ➤ Isezerano Rishasha risigura Kristo

- Igihe Isezerano rya Kera ritegura inzira kandi rikerekeza kuri Kristo, Isezerano Risha rihihura kandi rigasigura Kristo uwo ari we.
- Baza iki kibazo: Mbega umwanditsi w'Isezerano Risha yanditse asubiza amaso inyuma kw'Isezerano ry'Isezerano rya Kera ku vyerekeye Yesu Kristo? Nimba bimeze birtyo, none umwanditsi abitahura gute? Mbega umwanditsi abona gute ingaruka z'ukuza kwa Kristo hamwe n'igikorwa yakoze ku musaraba hamwe n'ukuzuka kwiwe? Mbega umwanditsi yoba atwerekeza, aturabisha kw'isezerano ryo kuzogaruka kwa Kristo na kazozza k'ubwami bwiwe? Nimba bimeze birtyo, uwo mwanditsi abivugako iki?